# МАХ ДУГ

*Нацийы фидæн мадæлты къухы ис*

Оноре де Бальзак



**7**

**2001**





# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ
ХУДОЖЕСТВЕННОЙ ЛИТЕРАТУРЫ, ПУБЛИЦИСТИКИ

**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция:**

Ответственный секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет:**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ, Фариза ДЗАСОХОВА, Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ, Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2001

# МАХ ДУГ

7 '01

Джиппы уагъд цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

АИВ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ,
ПУБЛИЦИСТИКÆЙЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**


**Редакци:**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæйы лæгтæ:**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
ДЗАСОХТЫ Фаризæт, КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал



Дзæуджыхъæу, 2001

## *НОМЫРЫ ИС:*

*АЙЛАРТЫ Измаил. Амонды фæндагыл. Уацау. Кæрон* 5

*ТЫДЖЫТЫ Юри. Зынджы стъæлфæнтæ. Цыппаррæнхъонтæ* 72

*РÆМОНТЫ Геор. Æмдзæвгæтæ, тæлмацтæ* 75

*ГИБИЗТИ Руслан. Дыуурæ радзырды* 81

*БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег. Маст æмæ сагъæстæ. Æмдзæвгæтæ* 98

*АСАТЫ РЕУАЗ: 80 АЗЫ*

*АСАТЫ Реуаз: Поэттæ, дам, зæронд нæ кæнынц... Æмдзæвгæтæ* 101

*ТЕМЫРХАНТЫ СОСЛАН: 120 АЗЫ*

*ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Иры кадгæнæг* 107

*АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД*

*ХЪАЗИТЫ Мелитон. Ирон хæзна. Дарддæр* 117

*УИДÆГТÆ*

*СОТАТЫ Людмилæ. Ирæттæ Кæсæджы* 143

*«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ* 147

*АРВИСТОН* 153

ISSN-02-06-41-62

© Мах дуг № 7, 2001

*АЙЛАРТЫ Измаил*

# АМОНДЫ ФÆНДАГЫЛ

## *Уацау*

Гæвдийæн йæ фыд æгас нал уыди, фæлæ сын цы фарн ныууагъта, уый цудын нæ бауагътой бинонтæ сæ мады æмæ хистæр фырты хъусдардæй. Сæ афæдзы бæлццоны къух кæй нæ райстой бинонты хистæртæ, уый дæр сын, æвæццæгæн, фыдæй баззад, æндæр æм чи у уыдонæй хæстæгдæр, кæмæн у уыдонæй уарзондæр?

Къуызгæ æфсарм чындзы, хоты, æфсымæрты раз бирæ цæуылдæрты дзуры, æмæ уыдонмæ кæсгæйæ æнахъом сывæллæттæ дæр сæхи дарын базыдтой æнæ уæлдай хивæнд митæй. Гъемæ, уыдæттæ дзурæг сты бинонты фæрнджын цардыуагыл хистæрæй кæстæрмæ. Ахæм бинонтыл зыны бæрæг фæзминагдæрæй фæлтæрты бастдзинад...

Изæры зылдтыты фæстæ фысымтæ æфсæйнаг пецы цырен арт скодтой. Аргæвстой сæ афæдзы бæлццон æмæ æхсызгон уазæджы номыл нæлвыс. Скодтой кувинаджы æртæ кæрдзыны, физонæг æмæ фæдзырдтой сыхбæсты æртæ хистæрмæ. Фæбадтысты стыр æмбисæхсæвмæ æгъдауыл-уагыл, æмæ уый дæр уыди дзурæг хæдзары фæтк, хъæубæсты æгъдауыл ирон фарны фæлгæтты æвæрдæй...

[1] Кæрон. Райдайæн кæс журналы ацы азы 6 чиныджы

Бæлццоныл бацин кæнын, уазæгæн ‘гас цу зæгъын быдыры цæрджытæй дæр рох бæргæ нæ вæййы, фæлæ зæрдæйы цинимæ армы хъарм дæр хъæуы, æмæ цæмæй? Сур ныхæстæй? Фыс — нæ, карк аргæвдын дæр бирæты къухы нал æфты быдыры цæргæйæ бæлццонæн, уазæгæн. Зæрдæйы рæсугъд фæндæттæ æмæ бæллицтæн армы фæллæйттæй хъомыс куынæ цæуа, уæд сæ тых нæй, æмæ афтид голлаг хъен нæ лæууы, хъарм фынтæй цард нæ рæзы... Зæрдæйæ — сæрмæ, сæрæй — зæрдæмæ, гуыбынæй — рагъмæ, рагъæй — гуыбынмæ, æндæр хуыздæр æмæ растдæр фæндаг нæй адæймаджы царды йæ бирæ хæрзтимæ...

Хохы чи райгуыры æмæ бирæ рæстæг чи ацæры, уый быдыры иунæг аз куы фæуа сæрысуангæй, уæддæр ын æваст бацæугæйæ хæххон уæлдæф зын улæфæн вæййы иугæндзоны сыгъдæг æмæ рогæй, хæххон хæринаг — зын хæрæн сойджын æмæ уæззауæй. Æппынкъаддæр хъæуы быдираг цæрæгæн хохы йе ‘муд æрцæуынмæ къуыри кæнæ гыццыл фылдæр. Уæдмæ йæ уæнгтæ вæййынц уæззау, зæрдæ дон фæцагуры, сойаг хæринаг та нæ исы. Рог уæлдæф ын вæййы зын улæфæн æмæ комхæлиуæй аззайы, гыццыл хæрды цæугæйæ дæр. Уыцы бæрæг миниуджытæ Гæвдийы мад хатыдта æмæ лæгъзтæгæнæгау алы райсом-изæр дыууæ æмбалмæ дзырдта: «Уæ нывонд фæуон! Зивæг дæр ма кæнут, уæлдай æфсæрмы дæр, фæлæ фысы хъарм æхсырæй фæйнæ къусы нуазут хæрды размæ, æмæ уæ туг бацæуа, науæд æгæр ихсыд стут тыхахуырæй...»

— Омæ, Чабæ, æгæр нæ нуазæм фысы æхсырæй?! — æфсæрмы бацæуы Хасан, æмæ та уæд хæдзары æфсин йæ хъуыды фæбæлвырддæр кæны:

— Нæ нуазут, нæ! Уæдæ ма хуыздæр цæмæн хъæуы?.. Сæрды дыууæ боны уæддæр баназат æмæ бахæрат уæ урсаджы хæйттæ, стæй та ацæудзыстут, æмæ сымахтæм зæрдæхсайгæйæ афæдзы дæргъы махæн дæр урсаг ад нал фæкæны... Бинонты, хиуæтты, зонгæты хъуагæй хорз царды бæркад дæр къаддæр вæййы, ад дæр...

Изæр-райсом хъарм æхсыры ноземæ Чабæ иугъæдонæй архайы урсаг, сойаг хæринæгтæ кæныныл æмæ æфсонмæ-æфсонты хибарæй дæр абадын кæны дыууæ ахуырдзауы хъæубæстæй æрбауайджытимæ. Ныййарæг мады зæрдæ зонаг æмæ æхсайаг у, фæзæгъынц, фæлæ цæст кæдæм не ‘ххæссы, уыцы фæсвæд къуымтæм дæр бакæсы, байхъусы мады рæдау фæлмæн зæрдæ.

Фæсаходæн æмæ фæссихæртты бонæй-бонмæ æрдзы хъæбысмæ куыд фылдæр æфтынц, афтæ Хасаны цæстыты раз

æнæзонгæ комбæстæ йæ хуыз равдыста æмбисонды рæсугъд æмæ хъæздыгæй. Хъæуы алыварс чердæмфæнды ма фæзил, уæддæр райдайынц къахдзæфæй-къахдзæфмæ фыццаг æртæрдыгæйы тъæпæн хуымтæ, стæй сæрвæттæ æмæ уыгæрдæнтæ хъæдбынтæй суанг фугæджынты рæгътæм. Уымыты хæхбæсты хæрыны кæрдæджытæй, гагадыргътæй, халсартæй цынæ зайы, ахæм, æвæццæгæн, нæй. Уымæй дæр диссаджы арæх æмæ задæй. Хасан сæ цастæ зоны æрыхъусæггагæй уæлдай. Фæлæ сын Гæвди тонгæ-хæргæйæ сæ нæмттæ дзурын куы райдайы, уæд дисы бацæуы. Ноджы тæккæ хурхæтæны сæ рæзыныл, цæттæгæныныл сты куыдбынмæты æмæ губакгай мæнæмæнæ кæнынц. Дæсгай нæмттæ, æмæ сæ Хасан йæхимæ афыссы зæрдыл дарынæн. Хæхбæсты халсартæ æмæ гагадыргътæй быдырты дæр цыдæртæ зайы: пысыра æмæ хъæды гæнгæлы, кæрог æмæ мæнтæг, дзындзалæг æмæ хуырхæг, давон æмæ сæнк, уагъылы æмæ дурвæткъуы, æрыскъæф æмæ дзедырæг, мыртгæ æмæ æхсæр. Фæлæ — бæрæг къаддæрæй æмæ æнаддæрæй. Амы кæрдæджытæ-халсартæ æмæ гагадыргътæн æмбал нæй нæдæр хуызæй, нæдæр адæй. Гæвди сæ нымайын куы райдайы, уæд бæстæ иууылдæр бæркад свæййы: хæрыны кæрдæджытæ, халсартæ — пысыра æмæ дзындзалæг, хуырхæг æмæ хуычъыйысæр, хъуымбулæг æмæ гæнгæлы, цъоза æмæ сæнк, æхсæвæрæг æмæ хуырзæнг, хъоппæг æмæ хада, цæвæгхос æмæ галывзаг, залм æмæ цъил, такъуындела æмæ хъæндæл, дзæлæу æмæ цæхгæр, лæджирттæг æмæ дугъысыф, хъоло æмæ хъысхъысаг, æрзачъела æмæ æрсмыд, диси æмæ мæдзæрæу, гогодзæг æмæ сыкъамо; гагадыргътæ — æрыскъæф æмæ саунæмыг, мæнæргъы æмæ дзедырæг, хъæлæрдзы æмæ къабузæг, сыхсы æмæ къæбырттæг, рагъысис æмæ зныгъ, цъуй æмæ æрсмыд, тæрс æмæ æхсæр. Уыдонимæ хæрыны уидæгтæ — хохаг хуымы хуыскъæл æмæ мæкæрæз, хуычъы æмæ стъæлха, къацциу æмæ уири, сындзгæрдæджы уидаг цалдæр хуызæй.

Халсартæ æмæ гагадыргътæ кæм куыд арæхдæр сты, афтæ бæстывæрды хицæн бынæттæн ис диссаджы нæмттæ: Цъозаджыны адаг, Скъудаджын, Хъæндæлджын, Дисиджын, Æрыскъæфджын, Хъæлæрдзыджын, Саунæмыгджын, Къабузæгджын, Мæнæргъыджын, Хададжын, Хъыцъыджын, Къæбырттæгджын... Æнæхъæн æрдзон-гуырдзтон гагадыргътæ æмæ халсарты дуне æвæлмонæй, сыгъдæгæй, рæдауæй. Ма дын сæ садзын хъæуа, ма æхгæнын æмæ рувын, афтæмæй тон æмæ хæр

æгъдауыл, уагыл Хуыцауы иумæйаг цæхæрадонæй. Гæвдимæ цас йæ хъус дары Хасан, уымæй архайы, æвналы уыцы диссаджы арæх халсартæ æмæ гагадыргътæм арæхстгай. Нæдæр сыл къахæй ныллæудзæни уынгæ-уынын, нæдæр бæласæй уæлдай къалиу расæтдзæни. Цыфæнды зад халсары губаккыл куы бамбæла, уæддæр ма дзы æнæтындæй фæуадздзæни фæстауæрцæн. Ног халсарæй, гагадыргъæй ахæрыны размæ гыццыл ратоны æмæ сæ ссары, сыгъдæг ран æрæвæргæйæ, йæ мæрдты нæмттæ иумæйагæй, æмæ йын уый дæр хæдзары, бинонты бæрæг æгъдау у, æвæццæгæн...

Удæн конд и, фæзæгъынц... Фæлæ удыкондæн ахуыр бирæ цæмæйдæрты æххуысты бацæуы. Гæвди йæ хистæрты дары иугæндзоны æвдисæнæй хъуыддаджы ныхасы: «Фыдæлты загъдау», «Фыдæлтæ-иу цæйау бакодтой», «Нæ фыды загъдау», «Нæ мады загъдау». Фæлæ йæ хистæрты хорзæй фæзмгæйæ æрвылбоны змæлды, архайды кодта йæхи хъуыдыйæ бæрæг хатдзæгтæ, къуыхцытæ-рæдыдтæ æмæ æнтыстытæ хынцгæйæ, æмæ уым уыди йæ уды хъару. Уымæн ауæрста райгуырæн æрдзы бæркæдтыл. Уымæн дзырдта æдзух, зæронд лæгау, фыдæлты хъæлæсыуагæй, цыма ивгъуыд æнустæй минæвар уыди, афтæ: «Фыдгул хъæдбыны дæр æнæуагæй йæхи æвдисæд! Ӕрдз цæрынæн цы скодта, уыдонæй алы цæрæгой дæр хайджын у, æмæ адæймагæн баруагъдæй уыцы хæрзтæ сафын тæригъæд у. Ӕмбаргæ адæймаг тархъæды дæр йæ фæстæ æвзæр фæд хъуамæ ма ныууадза»...

Ӕмæ уыцы хъуыдытæ Гæвдийæн цуроны, цæстмæхъусы ныхæстæ нæ уыдысты йæхи сдауынæн. Куыд дзырдта, ахæм фæлгæтты йæхи дардта иугъæдоны æфснайд æмæ цæрдхъомæй. Хорзæй цы домдта алыварсы адæмæй, уый æххæст кодта фыццагдæр йæхæдæг, æмæ йæ æваст ныхстуаты дæр ронбæгъдæй, ныфссастæй не 'рыййæфтаис...

Цыфæнды æхсызгон, кадджын уазæгæн дæр — æртæ бонмæ уазæггæдтæ, стæй фысымæггады хæрзты анығъуылы сабыргай. Дыууæ æмбалæй бæстывæрдыл дарддæрæй дарддæрмæ куыд зилынц, афтæ семæ куы цы æрхæссынц, куы — цы, хæдзары бинонтау, стæй куыстæгтæм дæр ауайынц куыд æвважсдæртæй. Ахæм у адæймаджы сыгъдæг удыхъæд: хъыгтæ æмæ æхсызгæттæй цæры, хъыгты æмæ æхсызгæтты лæггад кæны алыварсы уæвджытæн дæр фосæй, адæмæй. Рувæгæн — къæпи, хъæддзауæн — фæрæт, хосдзауæн — цæвæг, ссивæгæн — са-

гой æмæ халамæрзæн. Рæвдз, аив арæзтæй кусæндзаумæттæ удæнцойы хос куыннæ сты бахъуыды бонты, фæлæ къаддæр æхсызгондзинад нæ хæссынц сæ саразджытæн. Гæвди дзы æхсызгонæй цæмæ нал бавнæлдта аразгæйæ, ахæм кусæнгарз нал баззади, æвæццæгæн, Нæзыджыны хъæубæсты, æмæ та йæм дзы куы чи бадзуры тыргъмæ, куы чи, семæ архайгæйæ:

— Дæ уарзон куыстытæ та кæныс, нæ?

— Искæмæн сæ кæнын хъæуы, уæдæ куыд, — иугъæдонæй сын фæзæгъы.

Æппæт кусæнгæрзтæ æмæ куыстæгтæм æмхуызон разæнгардæй кæй æвнæлдта Гæвди, уымæй ифтонггонд æрцыд йæ ахуыры фæндаг дæр, æвæццæгæн, æмæ Хасанмæ уый диссагау кæсы: куыстæй, ахуырæй фæстагмæ цæуыл тынгдæр ныххæцдзæни? Æниу, куыстæгтæм райгондæй тырнын дæр ацы хъæубæстæн фыдæлтæй баззад, æмæ сæ ахуыр нæ халынц, бынатæн табу кæнгæйæ. Йæ хъус сæм цас дары Хасан, уымæй хъæубæсты кусгæ бонтæ æнгом баст сты бæрæгбæттимæ къуырийы дæргъы. Хуыцаубоны баулæфынц. Сабаты фæссихормæ бакусынц, стæй сын йæ изæр у Хуыцауы номыл. Къуырисæры хæдзарæй дард фæндагыл нæ цæуынц, æмæ бирæ æндæр диссæгтæ...

Нæзыджыны хъæубæстæ æхсæны кодтой хуым, карстой хос, дардтой хъомвос, фыстой афæдзы фиддонтæ, фæлæ æнæ хицауады тыхмитæй, æрвылбоны æнæ химидæг быцæутæй. Нæдæр хæдзары фæтк хæлдтой, нæдæр хъæуы æгъдау, афтæмæй æмзонд, æмвæндæй иу бинонтау цыдысты сæ иумæйаг куыстæгтæм, æмæ уый уæлдай дисы æфтыдта Хасаны. Нæдæр сын уæхст сыгъди, нæдæр физонæг, кæй загъдæуыд.

Иу хуыцаубоны фæссихоры хурауæтты хъæды кæвдæсаумæ схызтысты сæхи ирхæфсгæ дыууæйæ, æрбадтысты нæудзар былыл æмæ хъæубæсты æвæрдмæ уæлæуæзæй бынмæ фæкастысты. Цæгатæй хуссармæ комбæстæ хурауæттæй хъазыд. Хъæуы бынат, барæй арæзтау, æртæ комы астæу уæлбыл фæзуаты диссаджы фидыд кæны. Фæзуаты дæргъæлвæс къуыбырыл — хъæуы дзуар æмдымбыл сисамадæй, уый фарсмæ — уæлмæрд. Уыдоны алыварс — уæладзыг хъæдын бæстыхæйттæ æрхъула сты, наййаг хоры мæкъуылтæ мусы зиллачы куыд æрæмбырд уой, афтæ.

— Ахæм ма дзы рæсугъд цæрæнбынат уа! — æхсызгонæй дзуры Хасан, хъæуы æвæрдыл цæстæнгас æрхæсгæйæ.

— Рæсугъдимæ æрдзы хорзæхтæй æххæст, — бафиппайдта Гæвди, — фæлæ æгæр иппæрд у нæ хъæубæстæ Ирыстоны иннæ

хъæутæй, æмæ нæ уыцы уавæр тыхсын кæны. Раджы кæддæр, — амоны Уæллагбæстæм, — уыцы хурварсы тъæпæнты царди дыууæ хъæуы æндæр мыггæгтæй, фæлæ цыдæр æфсонæй фæлыгъдысты цæгатмæ, æндæр уыдонимæ бирæ уыдаиккам. Зæхх та — фаг хуымæн дæр, сæрвæт æмæ уыгæрдæнæн дæр.

— Æмæ дзы цæмæй тынгдæр тыхсут? — фæрсы Хасан.

— Бирæ цæмæйдæрты. Иуæй нæм ирон хъæутæй æввахс ничи и, хуссарæй цæгатмæ не 'хсæнты — дыгай, æртыгай æфцгуытæ. Цæмæй нæ хъæусоветмæ ныццæуай, уый тыххæй хъæуы дыууæ боны фистæг лæгæн. Районмæ та — ноджы дарддæр, æмæ гыццыл хъуыддаджы гæххæтт дæр махæн уыдонæй исгæ вæййы. Иннæмæй, фæсивæдæн нæхи райдайæн скъолайы фæстæ цæугæ æрцæуы быдыры хъæутæм, æмæ искæй хæдзарæй скъоламæ цæуын æнцон нæу цалдæр азы. Раздæр ма фæсæфцæджы ирон хъæуты авдазыккон скъолатæ уыди, ныр федзæрæг сты, æмæ бынтон иппæрдæй аззадыстæм: налдæр хæстæджытæ — хицон, зонгæ, налдæр скъола, æмæ æнæ дарддæры ахуырæй фæсивæдæн куыд и ныууадзæн? Уыдæттæ хынцгæйæ фæлмæцынц хъæуы хистæртæ дыууæрдæмы катайæ, æмæ дзы ныридæгæн дыууæ хæдзары лидзыныл ныллæууыдысты.

— Хуыцау бахизæд уыцы бæллæхæй, фæлæ ма сымах дæр куы фæлидзат быдырмæ, уæд ацы диссæгтæ кæмæн баззайдзысты?

— Гуырдзыстоны попхихор хицауадæн, æндæр ма кæмæн! Рын куыста, æмæ — сауджынæн. Сæ фыны æнхъæл кæмæн нæ уыдысты, уый хъалæй фендзысты. Цæрæнбонты сæ дæндæгтæ ацы æвæлмоны уæлхох зæххытæм даудтой, æмæ суанг æфцгуытæм сæхи бауыдзæни...

— Уыдæттæ хъуыдыйаг сты, æмæ цы фæзæгъынц уæ хъæубæсты хистæртæ?

— Хистæрты ардыгæй ничердæм фæнды лидзын, фæлæ даргъ зымæджы тыхсынц, сæ ахуырдзау фæсивæдмæ зæрдæ æхсайгæйæ, æмæ тæссаг у, сæ фæндон куы аивой, уымæй...

Уыцы катайаджы ныхæстæм хъæуæй сывæллæтты къорд рахызти æмæ се 'ргом сарæзтой нæусаст хуымтæм цæгатварсæй. Уисæйбыд æмбонды сæрты бахызтысты æмæ картофы хуымы кæрон гæзæмæ дæрддзæфтæй рæнхъ алæууыдысты, афтæ Хасан фæрсы:

— Цы сæ зæрды и уыдонæн та?

— Картофы хуым дыккаг рывдæн губакк кæнын зиуы хуы-

зы. Хъæубæсты ахуырдзау сывæллæттæм ахæм фæтк и: амбырд вæййынц æмæ куы кæй хуым барувынц фæкæсинаг хæдзæрттæй, куы — кæй æнæ уæлдай радзур-бадзурæй. Хуымтæ хайгай уæрст сты, æмæ сæм уыйæппæтæй цыфæнды егъау хайы дæр фæйнæ рæгъæй фылдæр нæ хауы. Ыртæккæ иу хайыл кæронмæ уыциу лæуд акæндзысты, стæй та — иннæуыл.

— Æнæ сæ хицæутты бафæрсгæйæ?

— Æмæ хуымты хицæутты цы фæрсой? Лæвары бæх дæндагæй ничи сгары, уæдæ мыздыл дæр нæ кусынц. Æгайтма сæм уыцы æрхъуыды и. Кæй хуымтæ бабæстон кæнынц, уыдоны æфсинтæй чи дзыкка акæны, чи уæливыхтæ, æмæ тымбылæй абадынц искуы дæлбазыр.

— Хæдзары æфсин бынат не 'рыййæфта, уæд та? — сцымыдис и Хасан.

— Уæддæр дзы хъæстагæй ницы вæййы. Хъæубæсты фæсивæд сæрды дыууæ, æртæ мæйы сæ уазæг æмбæлттимæ урсаг æмæ сойаг хъуаг нæ вæййынц.

— Ласæггаг хорæй диссаджы æххæст кæнут уæ бирæ уазджытыл.

— Раст зæгъгæйæ, æнцон æххæссæн нæу уазæгарæхæй, фæлæ æнæ уазджытæй та хъæу хасты хуызæн вæййы. Æхсызгоны уазæг та хæдзармæ, хъæумæ бæркæдтæ хæссæг кæй у, ууыл нæ хъæубæстæ дызæрдыг никуы кодтой.

— Хъæубæсты иннæ куыстæгтæм дæр цæуынц зиуæй?

— Цæуынц алы куыстагмæ дæр, уæлдай тынгдæр та хос кæрдгæйæ, ссивгæйæ, фæндæгтæ аразгæйæ.

— Уыдæттæ быдырты цæрджытæн сты аргъæутты дзуринаг, — къæхтыбынæй ныуулæфыди Хасан, йæ фысымты цардыуаджы хъæрмæ лæмбынæг хъусгæйæ...

Хасаны цæстыты раз Нæзыджыны æрдз бонæй бонмæ йæ хуыз ивта, цыма аргъæутты бæсты æмбисондæн дзуринаг фынтæ уыдта. Куыдфæстагмæ йæм уынгæг кæмттæ уæрæхæй зынын байдыдтой. Уæлæндыг айнæг хæхтæ, аргъæутты æргъæуæй конд галуантау, сæхимæ сайынц æбæрæг хæзнатæй. Хихджын тар хъæдмæ куы афты, уæд æнусон наз æмæ заз бæлæстæм кæсынтыл фæвæййы: даргъ æмæ рæхснæгæй сæ къæбæлдзыг цъуппытæй арвы цъæхтыл æмбæлынц. Бынæй ахæм ставд сты, æмæ сыл æртæ лæджы сæ ивазынтæй не 'рбаххæссиккой...

Куыдуæлæмæ халсартæ — ногдзыддæр. Компæбынты зæйтæ бынтон нæма батадысты æмæ урсхъулæттæй зынынц. Нæухæст

фæхстæ æмæ адæгтæ ногдзыд кæрдæгæй цъæх дарынц цъититы фæрсты... Дзæвгар цымыдисаг фæлгонцтæ быдираг адæймагæн хæхты хъæбысы... Хурхæтæнмæ гагадыргътæй чи гæзæмæ фæнæмыг, чи та ма дидинæг калы... Халсарæй, кæрдæгæй хæрынмæ чи бæззы, уыдонæн сæ фылдæр сты стигътæ. Æнæстыгъдæй дзы цытæ хæрынц, уыдон — скъуда æмæ дзындзалæг, хуырхæг æмæ лæджирттæг, хъысхъысаг æмæ галывзаг, цæвæгхос æмæ хъоппæг, пысыра æмæ хуычъийысæр, æртæ хуызы хуымы (хуыскъæлы) гæнгæлытæ, стæй уыгæрдæны сырх гæнгæлы. Стыгъдæй хæрынц хъуымбулæг æмæ залм, сæгъы (хъæды) гæнгæлы æмæ сæнк, такъуындела æмæ хуырзæнг, хъæндæл æмæ цæхгæр, диси æмæ дзæлæу, мæнтæг æмæ кæрог, скъæлдзой æмæ арзачъела, цъил æмæ сыкъамо. Уыдонимæ — хæрыны уидæгтæ: хуычъы, хуыскъæл, стъæлха, уизза, къацциу, уири, дзыджына... Уыцы халсартæ уалдзæджы цъæхæй суанг сæрды фæудмæ ахадынц кæмтты бынæй уæлæмæ ногдæрæй ивгæйæ, цыма æвидийгæ вæййынц.

Халсарты арæхимæ сабыргай баиу вæййынц гагадыргътæ тæккæ сусæны мæйы тæвды, æмæ фыццаг фæзыны æрыскъæф, стæй — саунæмыг, хъæлæрдзы, мæнæргъы, къабузæг, сыхсы, дзедырæг, къæбырттæг, знығъ, рагъысис, мæцкъуы, цъуй, уагъылы, æрсмыд... Сойаг, урсаджы фагимæ ногæй-ногмæ халсарты æмæ гагадыргъты арæх — диссаджы хæрзадæй. Уыцы æрдзонгуырдзон хъæздыг уавæрты хæххон сывæллæттæ рæз куыннæ хæссой, туг куыннæ æфтауой буары фидаримæ?!

Райсом-изæр арт кæнынц, фæлæ тавынæн нæ, хæринаг фыцынæн, стæй хæдзары фæтк, хъæуы æгъдауæн, æмæ сын уый дæр фыдæлтæй хорзæн баззад. Фæткыл, уагыл нымад сæм у райсомæй раджы стын, изæрæй афоныл хуыссын. Хурыскастыл æмбæлынц хъæубæстæ чысылæй стырмæ æмæ тæнæг сæрдыгон дарæсы уазал нæ хатынц. Хасан, йæ гæды ныхас цы у, райсом-изæр уазал æнкъары æмæ дисы бацæуы фысымты фæразоныл. Суанг гыццыл сывæллæттæн дæр ницы у бæгъæмвадæй ауайын райсомы уазал æртæхыл, æмæ уый дæр, æвæццæгæн, ахуырæй у. Боны æнтæфыл дæр хæххон цъитидон уазал у, быдираг лæгæн дзы нуазгæйæ йæ дæндæгтæ æндзыг кæнынц ихæнæй. Бынæттон сывæллæттæ дзы сæхи бон цалдæр хатты найынц, æмæ хуыфгæ дæр не скæндзысты, фæлæ уый дæр ахуырæй у. Ахуыр — бæрæг æрдзон уавæрты рæстæгыл, афоныл, бæрцыл. Ахуыр фæзминагæй дæр æмæ фауинагæй дæр,

æндæр уагæн дзы уæвæн нæй хæхбæсты цæргæйæ, æвæццæгæн, æмæ уыцы уавæр быдырты цæрджытæ не ‘мбарынц...

Куыд дарддæр æфтыди хъæуæй æрдзы хъæбысмæ Хасан, афтæ хæстæгдæр иста йæ зæрдæмæ комбæсты улæфт диссаджы æрдзон царды хостимæ кæрдæджы халæй суары онг. Бонæй-бонмæ уæнгтæ куыд рогдæр кодтой, зæрдæ цас тынгдæр ради, уыйбæрц йæ хъуыдытæ ирддæрæй тындзыдтой уæлмонцдæр бæрзæндтæм. Иу цыдæн хъæды рагъæй кæмттæм дывæлдахæй фæкастысты. иннæ цыдæн фугæджыны саргъауыл абадтысты æмæ федтой сырддон мæргъты диссæгтæ. Дзыгъуыр бурбын хуыргæрчытæн сæ бадæнтæ — пыхсбынты, саугæрчытæн — уæлæуæзы фугæджынтæ. Зымтæ бадынц хæхты нæудзар тæгты æмæ æхситтæй зарынц райсом-изæр. Егъау хъæндзæргæстæ айнæджы тæгты ахстæттæ скодтой æмæ арвы цъæхмæ искуы иу хатт стæхынц бынæй бæсты хуыз исгæйæ. Гæвди сын диссаджы хорз зоны сæ миниуджытæ, цыма йæ комбæсты цæрæгойтæн æвзонджы бонты гæсæй фæцыди. Амонын райдайы сæ бадæн, хизæн бынæттæм. Æйчытæ кæмыты æфтауынц, къуыртты кæмыты фæбадынц, лæппынтæн хæринаг куыд хæссынц, сæ тас цы у сырддон уагæй. Хасан æй цымыдисæй куыд афæрсы, афтæ амонын райдайы райгонд хъæлæсæй:

— Сырддон дуне иу бакастæн зын бамбарæн у. Иуæй, адæймагмæ кæсынц фосау æгомыг, æнæмбаргæ. Иннæмæй, уæгъдибарæй цæрынц алырæтты. Нæ сæ хæринаджы сагъæс и, нæ — цæрæнуаты. Бæстæ иууылдæр — сæхи... Фæлæ адæмы дунейæ сырдты дуне вазыгджындæр æмæ мидисджындæр у. Махмæ афтæ кæсы, æмæ дзурын нæ зонынц, афтæмæй сырддон æвзагæн ис сæдæгай алыхуызон мыртæ æмæ хъæлæстæ кæм цины, кæм та масты равгæй, æмæ уый у хъуыдыйаг. Куыддæр хъæды кæрон алæууай, афтæ хиуатæ, цъойтæ, гæркъæрæгтæ фæдисы дзæнгæрджытæ цæгъдын райдайынц, алырдæмыты удаистæй тæхгæйæ, æмæ уыдоны хъæрмæ сырдтæ, мæргътæ бацæуынц тасы сæхи аууæттæм исгæйæ. Уыцы удаист хъæр кæнынц адæймаджы змæлдмæ, уындмæ тынгдæр, уымæн æмæ се ‘ппæтæн дæр у знаг, никæуыл дзы ауæрды амал уæвгæйæ, æмæ сырдæй хуыздæр ничи хаты  зæрдыуаг. Цуанон комы дымæгыл куы алæууы æд гæрзтæ, уæд æй æхстбæрцмæ, зæгъон, æмæ фылдæрмæ уæлæуæзты сырдтæ базонынц кæнæ йæ тæфæй, науæд та фæдисон мæргъты сидæн уынæрæй. Адæймагæй уæлдай мæргътæ æмæ сырдтæй сæхи  мидæг знаг кæмæн нæй, ахæм стæм разындзæни, уымæн æмæ сæ бирæ фылдæр хай сты тугдзыхтæ.

— Хъæддаг кæрчытæ æмæ зымтæй дæр ис тугдзыхтæ? — цымыдисæй афæрсы Хасан.

— Се 'ппæт дæр — тугдзыхтæ, уæдæ цæмæй цæрынц? Кæрдæг æмæ гагадыргъты уæлдай хæрынц уаллæттæ, зулчъытæ, гæккуыритæ, сæтæлджытæ. Иннæ мæргътæ та кæрæдзийы æйчытæ æмæ лæппынтыл дæр нæ ауæрдынц. Уыдоны астæу бæрæг тугмондагдæр сты цæргæстæ, цъиусуртæ, халæттæ æмæ цъиахтæ. Дзæмбыджын сырдтæй кæд зыгъарæг уæздандæр у, æндæр лæбурынæй нæ ауæрдынц суанг хæдзарон фосмæ дæр. Æнæтæригъæдæй, æнæхъыгдарæгæй сырддон кæрдæгыл чи хизы, уыдон сычъитæ, сæгуыттæ, дзæбидыртæ æмæ сагтæ. Æфсатийы сæфтæгджын фос... Уыдонæй хæрзуддæр, сабырдæр, фæрнджындæр цæрæгойтæ Хуыцау йæ быны не скодта, æмæ нывондау кувинагæн уымæн баззадысты.

— Сæфтæгджын сырдтæй ацы кæмтты цытæ ис?

— Фылдæр — сычъитæ. Кæмдæрты ма дзы фæзыны сæгуыттæ дæр, фæлæ сагтæн сæ кой дæр нал и, фæцагътой сæ адæм. Хъæуы дзуары бæласыл цы саджы сыкъатæ æвæрд и, уыдон, уым хæстæг кæй амардтой, ахæмæй баззадысты, æндæр ацы æнусы райдайæнмæ комы иунæг саг дæр нал баззад, ахæм хæрзудыбæстæ сты цуанæттæ.

— Дæхæдæг нæ цуан кодтай?

— Кодтон, фæлæ æдзух сырдтæ марыны фæдыл нæ.

— Дзæбидыртæ дæр ис уæ хæхты?

— Ис, æфцæджы рахизфарс сырх хæхты, фæлæ сæм дардмæ цæуын хъæуы. Ам хæстæгдæр хæхты та — сычъитæ æмæ арс.

— Уыдон иу уынд уæддæр ма фæкæн! — сцыбæл кодта йæхи Хасан, æмæ Гæвди бахудти, стæй йæ цæнгтæ æхсызгонæй аивæзта æмæ амоны уæлæуæзæй комы рæбын цъитимæ:

— Изæры ауæтты далæ цъитийы хуссарварс нæухæст адæгты сычъитæ хиздзысты æмæ, кæд нæ бафæлладтæ, уæд уыцырдæм нæхи ныйисæм сабыргай. Чи зоны, ацы хурбоны арс дæр цъитийы уазалы бонасадæн кæны, æмæ уый дæр феникkам.

— Æнæ гæрзтæй — арсмæ?! — фесхъиуæгау кодта Хасан.

— Æмæ дзы цæмæй тæрсыс? Арсы хъыгдарæг куынæ уа, уæд сабырæй иуварс йæхи айсы. Дардæй сæм бакæсдзыстæм, стæй комы хъæумæ æвvахсдæр у фæндаг, — бæстон бамбарын кодта Гæвди уавæртæ.

Цæгатварсыл цъитимæ куыд хæстæгдæр цæуынц дыууæ æмба-

лы лæдзджыты æнцæйтты, афтæ хуссарварсы аууæттæ галы æвзагау донмæ æрæвнæлдтой. Чысбынты къах ныхсы, стæй нæудзар цъæхадагыл цæхгæрмæ куыд бауадысты, афтæ цъитийы сæрмæ айнæджы нæудзарыл хæрз хæстæгмæ бауыдтой фондз сычъийы. Иу дзы бæрæг къаддæрæй зыны, æвæццæгæн — уалзыгон сæныкк. Се ʻргом лæгты ʻрдæм, афтæмæй гыццыл алæууыдысты, стæй сонт æхситмæ фæпырх сты æмæ дыууæ дихæй фæйнæрдæм сæхи айстой. Сæныкджын къорд айнæджы аууæтты хæрдмæ сфардæг æмæ уæлæуæз былæй ракасти, иннæ дыууæ цъитимæ багæппытæ кодтой æмæ хуссары айнæг фахсæн йæ рагъыл алæууыдысты æнæрынцайгæйæ...

Дыууæ ʻмбалы сæм кæсынтыл фесты, стæй Хасан диссагæн дзуры:

— Цъусдугмæ цы митæ акодтой!

— Афтæ кæны мæлæты тас, — бафиппайдта Гæвди. — Уыдоныл цуаноны гæрæхтæ æрцыд, чи зоны, цæф дæр дзы исчи фæци, æмæ уæд дарддæрмæ лидзынц пырхытæй... Ныр арс бынтон хæстæг кæд ис, уæддæр йæхи нал равдисдзæни æнæ изæрмилтæм, фæлæ цæуæм сабыргай хъæумæ, стæй уый дæр фендзыстæм. Изæры сатæгыл хъæумæ хæстæг хъæды æрдузтыл дæр разилы, æмæ уыцы бынæттæй искæдæм ауайдзыстæм иу изæр...

— Арсы митæм бакæсын дæр бæргæ хорз уаид, фæлæ æгæр афæстиат дæн уазæгуаты, зæрдæйы дзæбæхæн улæфгæйæ, æмæ бинонтæ цы  зæгъдзысты. Дыууæ къуырийы æмгъуыдæй рацыдтæн æмæ мæйæ фылдæр баззадтæн. Цæуын хъæуы райсом, — ахсайдта уазæджы зæрдæ фæндагмæ.

Цы ма йын загътаид Гæвди? Æмбæрста йæ уазæджы тыхст. Бинонты зæрдæ йæм æхсайдзæни, æмæ афоныл куы ацæуа, уæд хуыздæр у. Æндæр, бархийæ суанг Майрæмтæм ам фæулæфиккой, стæй ныццæуиккой сæ ахуырмæ иумæ...

Барæвдзытæ йæ кодтой фæндагмæ, æмæ фæсаходæн хæрзбон загъта фысымтæн. Гæвдиимæ абадтысты фæйнæ саргъыбæхыл æмæ фæсæфцæджы фыййæутты уæтæры балæууыдысты сихорафон. Уырдыгæй быдырмæ хæдтулгæйы цыхтытæ ластой, æмæ уыдонимæ æмбойны ныххæццæ уыдаид йæ бинонтæм... Гæвди та фæстæмæ аздæхти дыууæ саргъыбæхимæ æмæ суанг Майрæмты размæ хуыцаубонмæ хосы куыстытæ фæкодта, стæй ахуыры азы райдайæнæй æртæ боны раздæр ныццыди институтмæ...

# СТУДЕНТТЫ ÆМДЗÆРÆНЫ

Гæвди хæдзарæй йæ ацæуыны дыккаг бон изæрырдæм ныххæццæ институты кæртмæ æмæ, хъусынгæнинæгты фæйнæгыл студентты номхыгъды йæхи куы ауыдта, уæд фырцинæй зæрдæ байрад, æмæ æвæстиатæй уæллаг æмдзæрæны балæууыд. Бахизæны — дывæрсыг тыргъы иуырдыгæй бады нæлгоймаг дуаргæс, иннæрдыгæй — сылгоймаг æмдзæрæны номхыгъдтимæ. Бонхорз сын загъта æгъдауыл, бавдыста сæм студенты æвдисæндар, æмæ йæ уайтагъд фæрæвдз кодтой:

— Дæ бынат — бинаг уæладзыджы, æмæ дын амондджын фæуæд! — радта йæм дæгъæл сæрмагонд нысанимæ, йæхæдæг ма йын лæмбынæг бамбарын кодта: — Дæ цыппар æмбалæй æртæ сынтæджытæ сæвæрдтой, райстой хуыссæнгæрзтæ дæлæ ныккæнды къæбисгæсæй. Ды дæр æм ныууай кæройнаг бахизæныл æмæ райс афоныл, цы æмбæлы, уыдон.

Бузныг загъта Гæвди цæстуарзон, æмбаргæ сылгоймагæн, стæй бакодта йæ цæрæнуаты дуар æмæ бæстон æркасти æмдзæрæны уавæрмæ. Æртæ æмхуызон бæрзондкъухджын сынтæджы дзы рæгъæй æвæрд. Æмхуызон тæнæг фæсмын хъæццултæ æмбæрзт сыл. Уыдоны уæлæ нывæрзæнырдыгæй — фæйнæ гыццыл базы. Сынтæджыты къухтыл кæм хисæрфæнтæ ауыгъд, кæм та — хæлаф, хæдон. Уаты къуымы ма ис дыууæ хъæдын ныллæг фæхсбандоны. Къултæ ног чъырæйцагъдæй — афтид. Бынастæрд — фæйнæгæй, æмæ йæ зæронд ахуырсты бæзджын цъар ног ахуырсты тæнæг цъарæй дæрзæг æмпъузæнтау зыны. Уаты рудзынг цæгатварсы къулæн йæ фылдæр æмбис ахсы. Рудзынджы цæстытæ — сæрфинаг. Æддæрдыгæй йыл — ставдгомау телæй хыз, æвæццæгæн, уымæй размæ уыди исты дзаумæттæ æвæрæн... Гъемæ, куыдфæнды ма уыдаид раздæр, ныр æмдзæрæн у, æмæ, цы ис, уымæй табу Хуыцауæн! Лæвары бæх дæндагæй нал фесгарынц, æмæ сынтæджы, хуыссæнгарзы амал... Ахгæдта дуар æмæ кæройнаг бахизæныл ныккæнды смидæг. Боныгон дæр дзы цырагъ судзы, фæлæ уæддæр талынгдзæстæй хъазы бацæуæджы цæстытыл. Къæбицы хицау — æмбискары ирон лæг — Гæвдийы фыццаг сынтæджыты раз балæууын кодта æмæ йæм дзуры:

— Сæ дзæбæхдæрты æртæ боныдæргъы февзæрстой студенттæ. Цы ма дзы баззад, уыдонæй ды дæр равзар.

Æркасти сæм бæстон, æмæ цъæтджынтæй иунæг зæрдæмæ-

дзæугæ нæу: кæмæн дзы йæ къухтæ сты тæстытæ, кæмæн йæ фæрсгъæдтæ, стæй згæхæрдтæй — ахоринаг. Фæстагмæ рудзынджы бынмæ æруыдта æнæ цъæттæй дыууæ ныллæг сынтæджы. Æмхуызон аивæй æнгом бадынц, сæ къухтæ — нывæфтыдтæ бынтон нæуæг ахуырстæй. Базмæлынтæ сæ кодта æмæ фæрсæгау дзуры?

— Адоныл æнгомæй лæгъз тæнæг фæйнæджытæ дæргъмæ авæр, уæд цъæтджынтæй фидардæр æмæ аивдæр уаиккой.

— Бæгуыдæр уаиккой, æмæ æвзарын зоныс. Сæ бынты цы авæрай, ахæм силовкайы гæбæзтæ дæр ссардзыстæм уæртæ иннæ хатæны, — фæхæцыд ын йæ цонгыл рагон зонгæйау...

Зæрдæхæлар лæгæй Гæвди галы бузныг фæци. Фæйнæджытæ лæгъзгонд разындысты. Иукъухыг хырхæй ма сæ æмхуызон фæлыгтæ кодта, стæй сæ мидæггаг асиныл хæстæгдæрæн æмдзæрæны уатмæ цалдæр хастæн байста. Йæхи сынтæг æфснайыныл куыд архайдта, афтæ дуар æрбахостæуыд æмæ æрбахызти ныллæггомау лæппу цыдæр хæссинæгтимæ, йæхæдæг бæзджын фæсус хъæлæсæй арфæ ракодта:

— Фарн ам æмæ рæстмæ у!

— Фæрнæйдзагæй æгас цу! — фæурæдта йæ архайд Гæвди фысымы уагыл, йæхæдæг фæрсы:

— Дæуæн дæр ам и дæ бынат?

— Ам, — зæгъгæ, лæугæйæ баззад, къуымты кæсгæйæ.

— Æмæ фыццаг хатт æрбацыдтæ?

— Æуу.

— Æз дæр фыццаг хатт æрбацыдтæн, æмæ базонгæ уæм, мæ ном... Гæвди.

— Мæ ном та — Керым.

— Гъемæ, Керым, ацы фæйнæгбын сынтæг кæд дæ зæрдæмæ цæуы, уæд ныууай æмдзæрæны ныккæндмæ æмæ райс хуыссæнгæрзтæ къæбицы хицауæй афоныл, науæд изæр у, æмæ сæхимæ ацæудзæни.

— Цъæтджын сынтæджытæ дзы кæд хуыздæр нæй, уæд бæззы.

— Хуыздæрты рагацау сæрæндæртæ райстой, — амоны æртæ æфснайд сынтæгмæ — Мах та фæстæдæр æрбацыдыстæм, æмæ уæлдæйттæй адон равзæрстам, æндæр амал нæй, — бæстон ын бамбарын кодта уавæр...

Райста Керым дæр йæ хуыссæнгарзы хай, æмæ бафснайдтой сæ сынтæджытæ ныхæй-ныхмæ æвæрдæй, стæй сыл æрбадты-

сты, дарддæры куыстæгтыл хъуыды кæнгæйæ. Ставд нымадæй ма сæ цытæ хъæуы, уый — тас æмæ цъылын, стæй бынастæрд рахсынæн быдыргъы, рудзынгæн æмбæрзæн. Иннæ хъуæгтыл, æмбæлттæ куы æрæмбырд уой, уæд ахъуыды кæндзысты... Ныр та изæр у, æмæ — фысымæггаджы æгъдау. Адæймаг иунæг æхсæв лæгæты куы баззайы, уæддæр ма бынатыхицауы ном куы ссары, уæд æмдзæрæны ног бынатæн акувын не 'мбæлы? Фæйнæ хæдзарæй куы рацыдысты фæндаггæгтимæ... Ацагътой сæ рыгтæ, ахсадтой сæ къухтæ. Фæхсбандæттыл æнгомæй авæрдтой сæ фæндаггæгтæ æмæ фæйнæ фарсæй сынтæджытыл куыд æрбадтысты, афтæ тыргъæй хъæлæба æрбайхъуыст, стæй æнæ æрбахойгæйæ дуар фегомчындæуыди, æмæ Додын —Алæджыхъо чингуыты тыхтонимæ уаты æрбамидæг, йемæ — дыууæ æнæзонгæйы...

— Ды дæр ам дæ, Гæвди?! — зæгъгæ, сонт фарст акодта Гæвдийы, æмæ адæргæй йæ дзых хæлиуæй баззад.

— Æз дæр ам дæн, ам, Алæджыхъо, — фестæгау кодта йæ бынаты Гæвди, йæхæдæг фысымы уагыл дзуры:

— Гъемæ, æгас цæут! Мидæгдæр æрбахизут мæнæ нæ уазал æхсæввæрмæ, — ацамыдта сын фынгмæ.

— Мах хæрæндоны не 'хсæвæр ахицæн кодтам, фæлæ уæ фарсмæ абаддзыстæм фæтчыгъæдæн, — дыууæ æнæзонгæйæ иу фæрæвдздæр, йæхæдæг йе 'мбалмæ номæй дзуры:

— Гоги, ды хæххон лæг дæ æмæ уазæджы номæй мæнæ фысымы дæллаг фарс æрбад, мах та кæронæй абаддзыстæм мæнæ Алæджыхъоимæ. — Дæхæдæг та кæцон дæ? — афарста йæ Гæвди.

— Мæхæдæг — Уæллагкоймаг, мæ ном — Инал, — къæрцныхасæй æгъдауыл дзуры гæзæмæ дыгуронздæхтæй.

— Уæдæ æртæ хохаг æмæ дыууæ быдирагæн ацы фæрныг бынаты иумæ цæргæ æрцыди æмæ Хуыцауы разыйæ сыгъдæг донæй йæ ном ссарæм нæ бынатыхицауæн, — систа доны агуывзæ Гæвди æмæ дзы загъта донызæдты хорзæх, йæхæдæг донæй анызта æмæ фынгмæ амоны:

— Æрæвналут æмæ уазал къæбæрæй цыхтимæ — фæйнæ комдзаджы, стæй фидæны кæд фæхъæздыгдæр уаиккам.

— Æртыккаг хохаг та чи у? — фæрсы Инал.

— Мæнæ мæхæдæг, — бахудæгау кодта Гæвди.

— Быдирæгтæй иу Алæджыхъо, иннæ та?

— Иннæ та — Керым, — ацамыдта комкоммæ Гæвди.

Æхсæвæры фынгыл бæстон базонгæ сты æмдзæрæны фондз æмбалы. Инал дыууæ азы хистæр разынд Гæвдийæ, иннæтæ уыдысты дзæвгар кæстæртæ. Керым æмæ Гоги фыццаг аз ахуыр кодтой. Керым — немыцаг æвзагыл, Гоги — ироныл. Инал дыккаг аз ахуыр кодта историйы факультеты, Гæвди æмæ Алæджыхъо та — ирон æвзаджы факультеты, фæлæ быцæу хастой æмæ сæ ныхас кæрæдзиуыл нæ бадти. Гоги дард фæсхохагау цы-йæ дзурыныл архайы быдираг ирæтты фæзмæгау, фæлæ ныссуйтæ вæййы. Гæвди дзуры бæрæг нароныздæхтæй. Керымæн йæ ныхас дæр — сабыр æмæ уæздан, йæ фезмæлд дæр... Удыгъæдæй цас æххæст сты. уый зын базонæн у, фæлæ хидарыны уагæй Гоги æмæ Алæджыхъо кæрæдзимæ æввахсдæр кæй балæууыдысты, уый зыны ныридæгæн сæ уæлæ.

Удыгъæдæй цæуынц адæймагæн йе ‘ппæт царды фæзминаг æмæ фауинаг миниуджытæ. Удыгъæдимæ — ахуыр бинонты, сыхы, хъæубæсты астæу... Ахуыримæ — царды фæлтæрддзинад... Уыцы æртæкъуымоны фæлгæтты алчи уагыл, фæткыл дарын йæхи нæ зоны, стæй нæ уарзы, чи дзы сæрибар уæвыныл, цæрыныл архайы, чи та — уæгъдибарæй, æмæ уыйадыл бæрæг дыууæ дихы фæвæййынц адæм цыфæнды уавæры дæр...

Ног уавæртæ ног мадзæлттæ æмæ фæрæзтæ домынц. Бирæ ныхæстæ сæм рауад æмдзæрæны æмбæлттæм фæсахсæвæр æмæ æнафæттæм нæ бафынæй сты. Кæм уымæл хуыссæнты смæры тæф, кæм та æнахуыр уавæрты сагъæстæ, æмæ бонырдæм куыннæ фæтых уыдаид хуыссæг!.. Гæвди цыфæнды æгъуыссæгæй дæр йæ ахуыр нæ хæлдта æмæ хурыскастыл фестад. Сæууон донæй йæхи хæрзæхсад акодта æмæ институты алывæрсты æрзылд, байхъуыста адæмы змæлдмæ. Уæдмæ къæбицы хицау дæр фæзынд, æмæ дзы ракуырдта тас, цъылын, быдыргъыйæн голладжы иу фарс, аркъау æмæ дзæбуг, зæгæлтæ, стæй чиныгæвæрæн уæлæндыгтæн фанеры гæппæлтæ, фæлмæн лыстæг тел. Æмбырдæй сæ йæхи сынтæджы раз куы æрæвæрдта, уæд Инал районгдæй дзуры:

— Уый дын хæдзары хистæры амæлттæ, гъе! Мах та æнæмæтæй сихормæ хуыссæм. Ныр — фæйнæ рагъæны ауындзынæн æмæ чингуытæн æвæрæнтæ. Алкæмæн дæр йæхи сынтæджы сæрмæ, мæнæ ахæм бæрзæндæй, — амоны къулмæ.

— Раст мæ бамбæрстай, — систа фанеры гæппæл Гæвди. — Адон æмхуызон лыгтæй ныккæнды рудзынджы бинаг фæйнæгыл лæууыдысты. Уæрхмæ сæм æвналын нал бахъæудзæни, дæргъмæ

цыбырдæр кæнинаг сты, æмæ сæ авæрæм, стæй рагъæнты кой кæн.

— Рагъæн та цы хонут? — фæрсы йæ ком ивазгæйæ Гоги.

— Рагъæн та — ауындзæн исты дзаумайæн, — дзуры йæм Керым.

— Дзаумæттæ ауындзынæн нын къæбицгæс цæттæйæ исты ратдзæни, — дæлгоммæ хуысгæйæ ныззæмбыдта Алæджыхъо, æмæ йын Гоги æвдисæн алæууыд:

— Гъо, гъо! Ауындзæнтæ йæм федтон къæбицгæсмæ.

— Гъемæ, лæппутæ, фестæм! — йæ дзаумæттæм февнæлдта Инал. — Уæлгоммæ хуысгæйæ хæдзармæ бæркад не 'фты. Нæхæдæг куынæ фезмæлæм, уæд куыстæгтæ баззайдзысты, æмæ райсом — фыццаг ахуыры бон — æдзæттæ цæмæн хъуамæ уæм фезмæлыны адæргæй.

Æрхъуыды зонд у. Фæзминагæй хистæрæн æнцондæр у уынаффæ кæнын йæ кæстæртæн, æмæ Гæвди райгондæй Иналмæ дзуры:

— Уæллагкоймаг, хистæры бынаты ды цы зæгъай рæстырдæм, æмæ мах цынæ бакæндзыстæм, ахæм Хуыцау йæ быны ма скæнæд.

— Æгæр кадджын бынаты мæ не 'вæрыс, ме 'мхæххон? Дæхæдæг хуыздæр сарæхсис уыцы бынаты.

— Æгъдаумæ гæсгæ иу боны хистæрæн дæр — йæхи бынат, æмæ дæу разæй саг дæр нæ фехсдзынæн.

— Æз дæр уый зæгъæг дæн, — сабыргай загъта Керым.

— Омæ, хорз! Æрмæст æмдзæрæнæн йæ ном йæ уæлæ и, æмæ æмвæнд, æмзондæй кæндзыстæм нæ кусинæгтæ, — хистæры бынаты æмбæлттыл йæ цæст ахаста Инал, армы тъæпæнтæ кæрæдзиуыл сæрфгæйæ, цыма цыргъ фæрæтимæ Уæллагкомы хъæды балæууыд æд уаргъхæссæн хæрæг.

Райгонд куысты лæг нæ фæллайы, хъазæн ныхæстæ та куысты уаг рогдæр кæнынц. Фондзæй дæр сты фæйнæ хæдзары, хъæубæсты, комбæсты минæвæрттæ. Алкæмæн дæр дзы ис йæхи уаг, йæхи фæтк, æмæ æваст уыцы иу фæндыл кæм ныллæудзысты? Фæлæ æхсæны хъуыддаджы хицæн монцтæн сæ рохтыл хæцын дæр бахъæуы æмбæлтты æфсæрмæй. Æхсæны хъуыддаджы иугæндзоны хивæндæй, æздæнæй, бархийæ архайæн нæй. Дыууæ æздæнæй иу æрхъуыдыджындæр, барондæр куынæ разыны, уæд куыдфæстагмæ былæй асхъиуынц. Барон куырмæджы нæ, — æрвонгæй, æрхъуыдыджынæй, рæстагæй, аудæнæй.

Куырмæджы барон цыфыддæр фыдгулæй тæссагдæр у. Барон — æргом ныхасæй, æууæнчы цæугæйæ. Цурон æмæ цæстмæхъус адæймаг йæхи хорзæй равдисынмæ дæсныдæр разыны бирæ хæттыты, фæсвæдæй та уадзы счъилы нуæрттæ. Цуронтæ æмæ цæстмæхъустæ былдауæн, цæстныкъуылдæй дзурынц æмæ æнцондæрæй ссарынц удæй мæгуыр хъузæттæ, фарсхæцджытæ, мæнг æвдисæнтæ.

Иналы къухты кусæн дзаумæттæ диссаджы хорз фидуынц. Керым дæр арæхстджынæй æвналы. Фæлæ Алæджыхъо æмæ Гогийæн цыма хъæдын къухтæ и, ницæмæ арæхсынц. Сæ иу аркъауæй фелхъывта йе 'нгуылдзы царм, иннæ дзæбугæй æркъуырдта къухы ных, æмæ сау тæппæлттæй арæсыдысты.

Керым аивæй куы сæ иумæ бакæсы. куы иннæмæ, стæй бахудти æмæ бафиппайдта:

— Æвæццæгæн, дзæбуг æмæ аркъау уæ къухтæм никуы райстат хæдзары.

— Хæдзары æз ахуыр кодтон, кусæн дзаумæттæм мæ нæ равдæлд, — сæрбæрзондæй загъта Алæджыхъо, фæлæ Гоги ницы дзуры йе 'нгуылдзыл хæцгæйæ.

— Æмæ æнæ кусæн дзаумæттæм æвналгæйæ куы сахуыр кæнай, уæд скъолайы куыд уыдзæни дæ хъуыддаг? Цы хуыз равдисдзынæ дæ ахуырдзауты раз? Йе дæ зæгæл бакъуырыны сæр нæ бахъæудзæни, йе зæгæл сæфтауыны сæр? —фæрсы йæ Инал уыцы сабырæй.

— Æз институтмæ уый тыххæй не 'рбацыдтæн, æмæ ахуыргæнæгæй кусон, — хъæддыхæй дзуры Алæджыхъо.

— Уæдæ цæмæй кусдзынæ? — фæрсы та йæ Керым.

— Фæуон уал каст, стæй бæрæг уыдзæни, — ауыгъта йæ къух.

Гæвди сæм бæстон архайгæйæ фæхъуыста, стæй, искæй фæзмæгау, бафиппайдта:

— Æгуыстæй царды ад дæр нæй, рад дæр, — йæхæдæг Керыммæ дзуры:

— Бакъуыр-ма дыууæ зæгæлы бынæй, дыууæ уæле дæхи фарсæй, æмæ чингуытæ æвæрæнтæн æгъгъæд фæуæд.

— Гъо, гъо! Мах Алæджыхъоимæ «тъумбочъкъатæ» ссардзыстæм, науæд къултыл уыцы фæйнæджы гæппæлтæ, цъиуты ахстæттау, фидаугæ дæр нæ кæнынц.

— Гъы, гъы! Æмæ дын кæм æвæрдæй лæууынц уыцы аив тъумбочъкъатæ? — афарста йæ Керым.

— Институты къæбицы, æмæ уал мах гыццыл уынгмæ акæсæм Алæджыхъоимæ, — куыстæй фæтылиф кæнынæн æфсæнттæ ссардта Гоги, æмæ Алæджыхъо дæр фæрæвдз:

— О,о! Кæмдæр нæ гыццыл хъуыддаг и.

— Ацы рæвдзæй æххæст нæ уаты бынастæрд æмæ рудзынг дæр куы расæрфиккам арæх донæй, уæд хорз уыдаид, — бакæстытæ сæм кодта Инал æнæ уæлдай тыхныхасæй, фæлæ Алæджыхъо фæрæвдз:

— Уæдмæ мах фездæхдзыстæм...

Бынаты аходæн скодтой æртæ æмбалы дысоны фæндаггаг къæбæртæй, стæй арæх донæй ныхсадтой фæйнæгæй конд бынастæрд, ныссæрфтой рудзынджы æвгтæ æдде-мидæгæй, уæддæр дыуæ фæдфæливæджы нæма фæзындысты...

Тæвд бон скодта гæзæмæ рог дымгæимæ, æмæ сæ уымæл хуыссæнтæ æртæйæ рахастой кæртмæ, байтыгътой сæ хурæргомæй кæм бæлæстыл, кæм нæудзарыл, сæхæдæг фæрсæйфæрстæм æрбадтысты фæхсбандоныл аууоны æмæ хъуыдытыл фесты...

Æрæджиау Инал афарста:

— Цæмæй ма у нæ агъуыст рæвдзгæнинаг?

— Бирæ цæмæйдæрты, — дзуапп ын радта Гæвди.

— Сæйрагдæрæн та цæмæй?

— Сынтæджыты ныхмæ къулрæбынты нывджын хъæбæр гæххæтт айтындз, уæд уаид хъармдæр æмæ аивдæр.

— Диссаджы æрхъуыды! Æмæ ахæм хъæбæр гæххæтт дуканиты уаид, стæй зынаргъ дæр нæу. Абарæм къул, æмæ æз ауайдзынæн, — фестад Инал уыцы æнæзивæгæй.

— Ды лæуу, мах æй Керымимæ абардзыстæм, — йæ къухмæ йын февнæлдта Гæвди.

— Омæ, хорз! Мæнæ уын æхца, — дæтты сæм лыстæджытæ.

Æрвгъуыз гæххæтты тыхтонимæ уайтагъд фездæхтысты Гæвди æмæ Керым. Алхæдтой ма сæрджын цыбыр, лыстæг зæгæлтæ дæр. Уыдонæй æнгом айтыгътой иугуыр фæтæн гæххæтт къултыл, æмæ уат сфидыдта. Уæдмæ арты хуызæн хурмæ хуыссæнгæрзтæ схус, схæмпус сты. Ныццагътой сын сæ рыгтæ æмæ бæстон бафснайдтой сынтæджытæ...

Уыцы изæр студенттæ æмдзæрæнмæ къордтæ-къордтæй æмбырд кæнын райдыдтой, æмæ тыргътæ æддæгуæлæ райдзаст бæстыхайы цины зæлтæй байдзаг сты. Куыд зонгæдæр, хæлардæрæй кæрæдзиуыл узæлыдысты, цыма афæдзбалцæй

æрыздæхтысты. Æмдзæрæны хицæн уæттæ, мыдыбындзыты чыргъæдтау, æвзæн систы. Амонды фæндагыл лæуд чызг æмæ лæппуфæсивæдæн æхсæнадон уагыл фæззæджы бур къæсæрыл сæ цины хæрзтæм ног бæллицтæ бафтыд кæм æргом цæстуарзон ныхасæй, кæм та сусæг сыгъдæг æнкъарæнты нымд цæстæнгасæй. Ахуыры æмбæлттæн зæрдæхæларæй æхсызгон куыннæ вæййы кæрæдзийы фенд, фæлæ уымæй æхсызгондæр — лæппуйæн йæ уарзон чызджы, чызгæн йæ уарзон лæппуйы хъæлæс фехъусын... Æрдхæрæны, сомыгæнæны судзгæ адджын æнкъарæнтæ бæллиццагæй, райгондæй, сыгъдæгæй зилынц арвы кæрæтты изæры талынгтæй райсомы рухсытæм, æмæ сын æфсармæй, æууæнкæй, хæрзудыбæстæйæ вæййы бауромыны хъомыс...

Хасан чызджыты къордимæ æхсызгонæй ныхасгæнгæйæ æмдзæрæны дыккаг уæладзыгмæ асинтыл схызт, стæй æвæстиатæй Гæвдийы цæрæнуат абæрæг кодта. Тæккæ къæсæрæй арфæтæгæнгæ бахызт:

— Йæ ног бынат амонддæр кæмæн фæци, уый æмбал фæут сымах дæр!

— Арфæгонд у æмæ нæм амонды къах æрбавæр! — дзуры йæм Инал, йæхæдæг хъазæнæмхасæнтæй ранымадта:

— Сынтæгæй, хуыссæнæй, æрбадæнæй, æрлæууæнæй — рæстæмбис хæдзар цы у, уый. Уæдæ, мæ хуызæн æгуыдзæг хистæрæн — сагсур цыппар кæстæры. Гъе, фæлæ, Сырдоны загъдау, нæ нæртон хæдзар уæддæр цыдæр хъуаг у, æмæ, базон-базон цы?

— Астæуæй — къонайы артдзæст æмæ сылгоймаг-æфсин, — загъта, къухæй амонгæйæ, Хасан, æмæ Инал æхсызгонæй йæ къухтæ æрцагъта:

— Уый дын нæртон фæрнджын лæг, гъе! Æмæ йын ахуыргæнджытæ дыууæ азы тынг хорз бæрæггæнæнтæ, уæдæ, дзæгъæлы февæрдтой лæгæвзарæн ерысы фæлварæнты?

— Уыцы ерысты сымах дæр фæсте нæ баззайут, — райста сын сæ къухтæ Хасан куыдхистæрæй, — фæлæ ахуыримæ ныр афон у нæ хистæртæн бинонты хъуыддагæн.

— Æмæ нын цы ‘фсон и, уыйæппæт равзаргæ чызджытæй фæйнæ?! — йæ сины сæртыл æрхæцыд Инал, хъамайыл хæцæгау, æмæ иннæтæ æмхуызонæй ныххудтысты.

Сæ хъæлдзæг хъæлæбамæ сыхаг уаты чызджытæ цырагъы рухсмæ гом дуары комкоммæ алæууыдысты æмæ сæ иу ныфсхастдæрæй мидæмæ дзуры:

— Цæуылнæ худат, нæ лæгдых сыхæгтæ! Уæхи кой бакодтат алцæмæй дæр, махæн та нæ уаты, æгæрстæмæй, рагъæнæн зæгæл бакъуырæг дæр нæма и, — йæхæдæг къæсæрæй сабыргай бахызт æмæ уаты къуымты бæстон йæ цæст ахаста.

— Уайых знаг фæци, æмæ нырмæ цæуылнæ исты загътат? — мæтгæнæгау дзуры Инал. — Къулы зæгæлтæ бакъуырынмæ Керымæй рæвдздæр лæппу куынæ и, уæд зивæг фæкодтаид?

— Къулы дæр зæгæлтæ цæй сæрæн бакъуырын кодтаиккам æнæ сынтæджыты рæвдзæй. Нæ сын — цъæтхуыздæр, нæ — къухтæ, цыдæр зылынтæ æмæ тæстытæ æрдæгахуырстытæй. Сымахæн та, нæ кæсут, равзаргæ сынтæджытæ, — базмæлын кодта кæройнаг дыууæ æмхуызон сынтæджы, æмæ йæм уæд Гæвди дзуры:

— Фаруз, æмæ уыцы сынтæджытæн цъæттæ дæр куынæ и. Фæйнæджытæ куы авæрдтам гобæтты бын.

— Тæстытæ цъæтты бæсты фæйнæджытæ — хуыздæр. Æфснайд сыл уæддæр зыны бæрæг æмхуызонæй, стæй — æмраст. Мах сынтæджытæн сæ астæутæ къуырфæй баззайынц, стæй уæлмæрды æфсæйнаг дуарау хъыррызт байдайынц, — анымадта Фаруз сæ хъуæгтæ, æмæ Инал бахудти, стæй Гæвдимæ дзуры:

— Сыхаг чызджытæн баххуыс кæнын æмбæлы, æмæ куыд зæгъыс?

— Цæмæй нæ бон у, уымæй феххуыс кæндзыстæм, фæлæ хуыздæр сынтæджытæ нæй, æмдзæрæны къæбицгæсмæ.

Уыцы ныхæстæм Гоги æмæ Алæджыхъо дæр фæзындысты цыдæр хъæлдзæгæй, æвæццæгæн, хъарм æхсæвæримæ карз ноztæй дæр ахуыппытæ кодтой, æмæ чызджытыл уæлдай митæй узæлынц.

Фаруз сæ йæхи иуварс ласы, стæй сæм дзуры:

— Уæ къухтыл уæхимæ хæстæгдæр хæцут, æмæ уын уæ хæрд батайа, науæд цин мастимæ æмдзугæнаг у.

— Ау, æмæ цæмæй фæрæдыдыстæм, уагæр?! — хæстæгдæр æм балæууыд Алæджыхъо, йæхæдæг худæнхъæлæсæй цурон ныхæстыл схæцыд:

— Чызг æмæ лæппу-æмбæлттæ хъазæн митæ дæр акæнынц.

— Хъазæн митæн дæр уаг хъæуы бæрцыл, æгъдауыл, æмæ хæрзæхсæв ут! — цомут, зæгъгæ, ацамыдта æмбал чызджытæм Фаруз.

— Хуыздæртыл амбæлут, æрмæст махæй дæр бынтон

хъæстагæй ма ацæут! — сæ фæдыл ма радзырдта Инал.

— Дыууæ чызджы сабыры каст кæнынц, фæлæ ацы Фаруз цыдæр налат у! — йæ сæр ныттылдта цæваг галау Гоги.

— Къулыбадæг чызджытæм кæд цы хъыг фæкæсдзæни, уый сæхæдæг дæр нæ фæзонынц, фæлæ сæ маст бирæ нæ хæссы, — уæлгоммæ йæхи сынтæгыл аппæрста Алæджыхъо æмæ уæлдай ныхæстыл фæци.

Инал æм бæстон фæхъуыста, стæй хатдзæгтæ скодта:

— Иуы азымæй азым нæй, æмæ æнæрæдыд не стæм. Нæлгоймагæн цыфæнды уавæры дæр йæ фыццаг æфсæрмаг у сылгоймаг. Фысымты къæсæрæй сывæллон куы æрбахиза, уæддæр ын хъомыл уазæджы æгъдау хъæуы. Уыдон та — чызджытæ, æмæ семæ уæлдай ныхас, æвидыц æвнæлд не 'мбæлы цыфæнды хæлар æмæ зонгæ лæппутæн дæр.

— Æз дæр уый зæгъæг дæн, — йæхицæн дзурæгау сабырæй загъта Гæвди, æмæ Гоги йæ ныхас даргъ аивæзта:

— Цæй, цы 'рцыди ахæмæй, исты моладзантæ не стæм!.. Сыхаг чызджытæн æрмыдулæй тæрсут ахæм гыццыл æвнæлдтытæй? Уагæр сырдтыты куы фæуиккой...

— Сырдтыты куы фæуиккой, уæд сын хъыг бæргæ нæ уаид нæ сыхаг чызджытæн, фæлæ сæхи цæстмæ афтæ дарынц, — базмæлынтæ кодта сынтæджы цъæттæ херыгæнæгау Алæджыхъо, йæхæдæг дæлиаууæй ныуулæфыди.

— Куыд уæм кæсын, афтæмæй сурынтыл дæр нæ бацауæрдиккат уе 'мбал чызджытыл, — æрæджиау сæм дзуры Керым.

— Æмæ сыл цы ауæрдыс! Дæ къухы цы 'фты, уымæй — цард дыууæ боны, — ауыгъта йæ къух Алæджыхъо, æмæ йын Гоги дæр æвдисæн фæлæууыд:

— Æз дæр афтæ хъуыды кæнын...

* * *

Цасфæнды хорз уавæрты куы цæрой æмдзæрæны чызг æмæ лæппу-ахуырдзаутæ, уæддæр сæ кæрæдзийы бæстон бамбарынæн, рахатынæн хъæуы дзæвгар рæстæг. Алчи дæр сæ бинонтæй, сыхбæстæй, хъæууон скъолайæ рахаста бæрæг цардыуагимæ хи цæстæнгас алыварсы дунемæ. Фæлæ æмдзæрæны цæргæйæ уыдон адæмы иумæйаг фæткыл раст бахынцынæн хъæуы рæстады тæраз. Гæвди афæдз фæцарди фатеры уазал къуымы фыдуавæрты, уæддæр кодта йæ фысымы зарæг, уымæн æмæ йын хуыздæр амал нæ уыди. Ныр æмдзæрæны цæры йæ

ахуыры æмбæлттимæ æмæ хъуамæ кæна æхсæнадон зарæг бынтон æндæр уавæрты, уымæн æмæ æмдзæрæны ис æндæр домæнтæ — æхсæнадон домæнтæ бæрæг бартæ æмæ хæсты ахæсты. Паддзахадæй лæвар — райдзаст хъарм цæрæнуат, æмæ дæ нæ рухсы мæт и, нæ — артаджы, нæ — хуыссæнгарзы, нæ — фатеры мызды. Фиды ма дын стипенди дæр паддзахад, хорз кæй ахуыр кæныс, уый тыххæй, æмæ йæ фæрнæй хæр!.. Уыдоны уæлдай иннæ хæрзтæ: ахуыргæнæн агъуысты — хæрæндон, кæсæндæттæ æмæ дæ дардмæ цæуыны сæр нæ хъæуы. Æхсæв дæ сыгъдæг, хъарм хуыссæны бафынæй кæн, райсомæй афоныл фест, цæхс дæхи, ходæн бахæр æмæ комкоммæ — лекцитæм... Комæй кургæ фадæттæ ахуырæн, æмæ ахуырдзауы зæрдæ куыд нæ райа?! Æнæзивæгæй уай дæ ахуырмæ, райгондæй кæс алыварсы дунемæ æмæ бæстæ ииуылдæр дæу! Айрох вæййынц Гæвдийæ ивгъуыд азты тухитæ, æмæ куыннæ?! Фæсхæсты цалдæр азмæ адæм æххормаг, бæгъынæджы хъарджытæй фервæзтысты. Фæд-фæдыл хæринаджы, дзаумайы æргъытæ авд фæлтæрæн асламдæр фесты... Уыцы бæрæг хуыздæр уавæрты цы 'фсон и чызг æмæ лæппуфæсивæдæн æвзæр ахуыр кæнынæн? Æхсæнадон уагыл куыст æмæ ахуыр æмуд æрцыдысты, хæсты æмных слæууыдысты бартæ. Гъемæ, лæджы фыд хæрынæн нæ бæззы, æмæ фыдвæд ма ныууадз амонды фæндагыл. Фароны уавæрты рæстæг нæ фаг кодта, ныр ын æхсæвтæ æмæ бонтæ цыма даргъдæр фесты, афтæ йæм кæсы, æмæ уый йæ куыстæгты къаддæрыл дзурæг нæу. Йæ хæстæ фæфылдæр сты æмдзæрæны цæргæйæ æхсæнадон уагыл: у факультеты профкомы уæнг, цæуы æртæ æхсæнадон къордмæ, уадзы къулы газет дыууæ æмбалимæ...

Цæвиттоны хъуыддагæй, æхсæны симды бацыдысты фæсхæсты цалдæр фæлтæры, æмæ уыдоны астæу хъазтхалæг чи разына, уый йæ цæрæнбонты фæндаггаг æгадæй бахордта. Адæймагæн йе 'хсæнадон æууæнк хъомысджындæр у, йе 'хсæнадон цæсгом æргомдæрæй зыны, æмæ дзы фæлывд, сайæн митæй кад ничима скодта йæхицæн.

Иу уаты фондзæй цæрынц, æмæ дзы Гæвди никæмæй ницы уæлдай домы, иумæйаг уагæвæрд æххæст кæнынæй уæлдай. Инал æмæ Керым æхсæны царды арæхсынц, уый бæрæг у. Фæлæ Алæджыхъо йæхи удымæгуырæй мæгуырдæрыл фæхæст, æмæ æхсæны домæнтæн куынæ бафæразой, уымæй тæссаг у. Алæджыхъо иугæндзоны цурон æмæ цæстмæхъусæй йæхи кæй æвдисы, уый афæдзыдæргъы рабæрæг. Фæлæ Гогимæ цы хъуыдытæ

и, уый нæма зоны бæлвырд. Цыдæр æнахуыр митæ йæм и, хъазты сылваз чегърейау. Уæлæдарæсæй арæзт къахæй сæрмæ: æртæйы фæлыст ног костюмтæ, дыуутæ пъалтойы, алыхуызы хъæбæр сæрак дзабыртæ, хъулон-мулон цъындатæ. Дыууæ чумæданы йын бирæ æндæр цыдæртæ, чындздзон чызджыты æвæрæнтау. Алы костюмæн дæр ын ис хицæн хæдон æмæ хъуырбæттæн. Алы райсом дæр айдæнмæ дзæвгар фæкæсы, бапырх кæны йæхиуыл хæрздæф дæттæ æмæ афтæмæй ацæуы — фыццаг хæрæндонмæ, стæй лекцитæм. Ахуыр куыд æмæ цас кæны, уый бæрæгæй зыны йæ ныхæстыл. Иронау дзуры фæзмæгау, фæлæ уырыссаг ныхæстæ ныддызгъуымтæ кæны. Истæуыл куы бадис кæна, уæд ын æнæ зæгъгæ нæ вæййы, «какая ужас», зæгъгæ. Фæсауыонмæ йæ чызджытæй чидæртæ хонынц уыцы номæй: Какая ужас!

Гогийы хуызæн арæзтæй ахуыргæнджытæй дæр бирæтæ нæ цыди, æмæ цымыдисы онг дзырддаг куыннæ уыдаид йæ курсы æмбæлттæн чызгæй, лæппуйæ. Фосджын, хорджын уыдысты кæмдæр йæ бинонтæ, æмæ хиуарзонæй домаг лæппу буцхастæй йæхирдæм куыннæ хæцыдаид хæринаджы, дарæсы хæрзтыл. Уыдонимæ иста хæдзарæй æхца дæр. Гъемæ, æхцаджынæн гуыбындзæл æмбæлттæ — хæрх, Куы кæимæ фæлымæн уыдаид, куы кæимæ. Афтæмæй йæм нымды хъæстæ нæ уыди нæдæр æгъдауыл кæстæриуæджы, нæдæр уагыл хистæриуæджы. Цурон æмæ цæстмæхъусæй архайгæйæ хæцыди æдзух йæ хъузæтты фарс цыфæнды рæдыдæй дæр. Дзырдтæ бахæссынмæ, фæсвæдæй ардауынмæ йыл хæтæнхуаг фыдгой сылгоймаг дæр нæ фæуæлæхиз уыдаид. Гъемæ, халон халонмæ тæхы, гæбæр бæх гæбæрыл йæхи хафы, Алæджыхъоимæ æргомæй, сусæгæй хæлдтой æмдзæрæны иумæйаг уаг, кæрæдзи фарс хæцгæйæ, æфсæнттæ агургæйæ. Фондзæй баныхас кодтой: уат уымæл цъылынæй бæстон сæрфдзысты радыгай къуырисæрæй сабатмæ, стæй сабаты иумæ ныхсдзысты фæйнæгæй конд бынастæрд, хуыцаубоны та — улæфгæ... Ымад рæстæг æнæбары сæрфтытæ фæкодтой Алæджыхъо æмæ Гоги сæ рады, уымæй дæр фылдæр хус цъылынæй... Æмæ сæ рыгтыл рыг æфтыд... Инал æмæ-иу Гæвди куы кæрæдзийы афарстой, куы та Керымы, уый куыд у, зæгъгæ, фæлæ сын сæ азым æргом зæгъын нæ фæрæзтой хистæрты æфсармæй, стæй иу изæр Инал дард балцæй хæдзармæ æрыздæхæгау, афарста йæ кæстæрты уыцы æмбырдæй бадгæйæ:

— Цæй, куыд у нæ цардыуаг, нæртон кæстæртæ, истæмæй тыхсут?

— Цæмæй тыхсæм, исты фыргуыст нæ кæнæм, — йæхи аивæзтытæ кодта Гæвди, йæхæдæг нымайы: — Дæлæмæ дæр нын хуыссæнгæрзтæ бафснаинаг æмæ уат ныссæрфинаг ис, æмæ фондз лæгæй алкæмæ дæр къуыри иу бон æрхауы уат рамæрзыны хæс, фæлæ цъылын доны стулынмæ зивæг кæнгæйæ рыг нæ сæрыл сбады...

— Уый нæм ис, хъыгагæн, æмæ цæй аххосæй афтæ у? Дон нæ вæййы æви уымæл цъылынæй уатæн йæ ныммæрзын зындæр у? — фæрсы Инал.

— Цъылын доны стулын цас зын у, исты йæ дардæй хæссын нæ фæхъæуы, фæлæ йæ хæдзары чи куыд сахуыр, уыдæттæ кæны, æмæ рыг улæфæм, — æргомæй дзурынвæнд скодта Керым, æмæ йæм Алæджыхъо  зулмæ бакасти, стæй афарста:

— Хæдзары ахуырæй ды никуы расæрфтай хус цъылынæй уат?

— Никуы.

— Уæдæ чи сæрфы хусæй уат, уый дæр зæгъут æххæст, — барджын хъæлæсæй загъта Гоги.

— Æмæ уый æнæ Керымы зæгъгæйæ уæхæдæг нæ зонут? — фæрсы сæ Инал. — Æви уæ дыууæйы рады мах æртæйæ ам хъаггæнæг лæууæм!

— Æртæйæ дæр бадзырдтат, æндæр сымах рады сыгъдæгдæр нæ вæййæм. Чъизи доны стулут цъылын, æмæ сау хъулæттæй баззайы, — тæрхоны раз лæууæгау азымы бадардта Алæджыхъо.

— Чъизи доны тулгæйæ цъылын фæдтæ кæй уадзы, уымæй раст зæгъы, æмæ нæ алкæй æфснайдæн дæр йæ уæлвæд аргъгæнгæ у æнæ уæлдай æфсæнттæй, — бæлвырд хатдзæг скодта быцæу ныхасæй Инал.

— Афтæ  æмбæлы, науæд расты азымы даргæйæ зылын худæгæй фæмæлы, — балхынцъ кодта йæ хъуыды Гæвди, йæхæдæг фыдæлты æмбисæндты æвдисæны дарæгау дзуры:

— Сыгъдæджыты мад нæ куыдта, æмæ мах фондзæй нæ уаты къуым кæд сыгъдæгæй, хæрзæфснайдæй дарын нæ фæразæм, уæд нæ цавæр ахуыргæнджытæ рауайдзæни? Тыхцуматæй уисæн нæй, тыхамындтæй — арæхст. Æмдзæрæны иумæйаг фæтк æххæст кæнын æмбæлы нæ алкæмæн дæр æнæ уæлдай æфсæнттæ æмæ мысæггаг ныхæстæй...

Æхсызгон кæм уыдысты хистæрты рæстаг ныхæстæ дыууæ æмцеккæн, фæлæ быцæуæй сдзурын нал бафæрæзтой, æрмæст Алæджыхъо лæгъз уаг æруагъта:

— Раст зæгъут, æмæ дарддæр нæ рæдыдтæ сраст кæндзыстæм.

— Цæй, цастæ срастгæнинаг сты?! Дæлæмæ дæр сыгъдæгдзинад æмæ уæлæмæ дæр. Уаты æфснайдимæ уæлæйыдарæс дæр хъуамæ сыгъдæг уа фидæны ахуыргæнæгæн, — бахудти æхсызгонæй Гоги, йæхæдæг Алæджыхъомæ цæст æрныкъуылдта.

— Рæдыдыл басæттынæн дæр тых æмæ æрхъуыды хъæуы, — ныхасмæ лæмбынæг хъусгæйæ бафиппайдта Инал. — Фидæны ахуыргæнæгæн нæ, фæлæ абоны студентæн дæр æмбæлы бæргæ аив дарæсы цæуын. Махыл та, дæуæй фæстæмæ, Гоги, ис фылдæр дæрдджын æмпъызтытæ фæлыст, æмæ нын уый цæстмæ ма дар. Кæй нæ бафæндид, дæу хуызæн, бонæн ивæн дарæсы цæуын?! Фæлæ нæ къух нæ амоны ныры царды уавæрты.

Иунæг гæбæр далыс куы бафта фосыдзугмæ, уæддæр фæнизджын вæййынц бонæй-бонмæ дзæбæхдæрмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ æнæ бæрæг исты хос скæнгæйæ. Гоги æмæ Алæджыхъо уыдысты хæдзары, уынджы фыдахуыртæй кæм æмхуызон, кæм та фæйнæхуызы низджын, æмæ сын уыцы уавæр æфсæст, фæлыстæй сæ удыгъæд кодта хæрз мæгуыр. Цæстмæ, уынгæуынын ахæм удæй мæгуыртæн рæдыдыл басæттын æмæ хатыр ракурын зын нал вæййы, фæсвæдæй та архайынц бæллиццаджы мондæгтæ уадзыныл иугъæдоны фыдæх æмæ хиуарзонæй...

Сыхаг чызджытæм цыдæр куыстæгты фæкастысты Инал æмæ Керым. Гæвди дæр сын æххуысты бацыди дыууæ хуыцаубоны. Фæлæ Алæджыхъо æмæ Гоги сæ къух дæр ницæмæ фæкодтой, афтæмæй сын уынаффæгæнæг систы. Куы сæм иумæ бауайынц, куы хицæнтæй, райсом-изæр нæ хынцгæйæ, æмæ цуроны лæггæдтæ дыууæрдæм ныфсхастдæрæй цæуынц, уромæг сæ куынæ фæуа, уæд. Сæ уатсæрфæн рады куы иумæ фæдзурынц чызджытæй, куы иннæмæ, æмæ стыр диссагæн æнæ уæлдай митæй бакоммæ кæсынц...

Инал сæм йæ хъус дары æнæ уæлдай ныхасæй, стæй Гæвдийы афарста иуахæмы:

— Куыд дæм кæсынц адоны митæ?

— Куыд сæ уыныс, афтæ мæм кæсынц, — дзуапп ын радта цыбырæй.

— Æмæ сæ тынгдæр кæй аххос у?

— Дыууæтæ дæр рæдийынц, фæлæ ардауæг лæппутæ сты. Коммæгæс чызджытæй сæхицæн уат сæрфджытæ, дзаумæттæхсджытæ скодтой, æмæ æмхуызонæй — худинаджы гакк.

— Зæгъиккам дыууæтæн дæр хибарæй?!

— Зæгъæм, фæлæ нæ куынæ бамбарой, уæд — бынтон дзырддаг.

— Уæдæ цы хуыздæр амал и? Уæд та ды райс хистæры бартæ, æмæ кæд хуыздæр байхъусиккой, — дызæрдыгыл фæци Инал.

— Дард фæндагыл бæхивджытæй хъазæгау, — бахудти Гæвди. — Дыууæ хъазтхалæджы цæмæ бæллынц, уый. Нæ иуы лæмæгъдзинад куыддæр банкъарой, афтæ фæсдуар алæудзыстæм дыууæйæ дæр, æмæ уæд куыдхистæрæй хъазинæгты æхсæнады кад нал вæййы. Фæлтау, цы кæнæм, уый иумæ, хистæрæггагæй. Нæхицæн сæ ницы агурæм, тыхцумайæ та дард цæуæн нæй. Чызджыты къордæй зæгъын мæ бон кæмæн у, уый Фаруз, иннæтæй никæй бæрæг зонын, æмæ семæ куыд и дзурæн.

— Уымæй раст зæгъыс. Æнæзонгæ чызгимæ уыдæттыл дзурæн нæй, æмæ ма сæм гыццыл банхъæлмæ кæсæм, стæй исты хуыздæр хъуыдымæ кæд æрцæуиккам, — сагъæстыл фæци Инал...

Рæстаг ныхас цардыл хæрзаудæн кæны, зылын та — фыдаудæн. Алæджыхъо йæ фыдахуыртæ хуырымæй кодта, фæлæ Гоги сæудæджергæнаг дзуттагæй хиндæр, дæсныдæр разынд дæлгоммæгæсæй архайынмæ. Фæлмæнуагæй лæгъз ссадта йæ къада куырой. Ноджы йæ дзыпп æхцаджын уыди, æмæ йын гуыбындзæлтæ æнцонæй ком лæвæрдтой, стæй хæцыдысты йæ фарс, мæнг æвдисæнтау.

Æмдзæрæны иумæйаг фæткæн дуаргæс дæр дзуапп лæвæрдта, мидæмæ цæуæгмæ дæр æдзынæг касти æмæ æддæмæ дæр. Изæрæй бæрæг афонмæ дуар — гом, стæй йæ æхгæдæй дардта æмæ дзы æнафæттæм уынгты цоппайгæнæг студенттæ æнæ уайдзæфæй нæ ирвæзтысты. Уæлдай хъæр-хъæлæба дæр-иу сæм рауади, æмæ уыцы æнæрады митæ институты разамындмæ куыннæ хъуыстысты. Æнафæтты æгъдаухалджытæ-иу дуарæхгæдæй дзæвгар рæстæг æдде дæр аззадысты, æмæ уæд — уæлдай дзырддаг. Иуахæмы æртæ факультеты декантæ фæсахсæвæрты æмдзæрæны хатæнтыл сæрæй бынмæ фæзылдысты. Лæмбынæг фæкастысты иумæйаг уагмæ, агъуысты æфснайдмæ, бахынцыдтой æнтыстытæ æмæ къуыхцытæ. Кæмæн бузныг загътой сæ бæстон æфснайды тыххæй, кæмæн та цæстмæ бадардтой се 'нæфснайд. Бинаг уæладзыгмæ цалынмæ хæццæ кодтой, уæдмæ стыр æмбисæхсæв сси, æмæ æнафонмæ цоппайгæнджытæ раны бахаудтой: æхсæвгæс дуар сæхгæдта, æмæ цалдæрæй æдде лæугæйæ аззадысты. Кæм уыдыстут ацафонмæ, зæгъгæ, сæ фæрсынц, æмæ алы æфсæнттæ ссардтой, фæлæ сæ фæдфæливæн миты тыххæй карздæр æфхæрды фесты дыккаг

изӕр иумӕйаг ӕмбырды. Ӕгъдаухалджыты нӕмттӕ ранымадтой тӕрхоны бадӕгау, уыцы номхыгъды ӕппӕты сӕрӕй Алӕджыхъо ӕмӕ Гоги... Кӕсӕндоны уыдыстӕм, зӕгъгӕ, ма ӕфсӕнттӕ агуырдтой, фӕлӕ сын декан комкоммӕ загъта:

— Уыцы афонмӕ иунӕг кӕсӕндон дӕр нӕ кусы, стӕй мӕлӕты кӕсаг куынӕ стут ахуыры ӕрмӕг. Фылдӕр рӕстӕг хардз кӕнут уӕлдай митыл ӕмӕ уый зыны уӕ зонындзинӕдтыл дӕр. Дыууӕ фӕлтӕры фӕлварӕнты дӕр ныссуйтӕ стут. Дарддӕр ма иумӕйаг уагӕвӕрд афтӕ куы халат, уӕд сымахӕн ам бынат нӕй...

Ӕмбырды кӕронмӕ ӕввахс институты ректор кӕцӕйдӕр фӕзынд ӕмӕ ныхӕстӕм райдайӕнӕй хъусӕгау бамбарын кодта:

— Уыдон абоны хабӕрттӕ не сты. Рагӕй хъусын ӕмдзӕрӕнты уагӕвӕрдхалджыты ӕнӕуаг миты тыххӕй. Искуы иунӕг хаттӕн студент айрӕджы кӕны лекцимӕ, афоныл не 'рбацӕуы изӕрӕй ӕмдзӕрӕнмӕ, ӕмӕ уымӕн бамбарӕн и. Фӕлӕ уӕгъдибарӕй, куыдфӕндыйӕ лекцитӕм цӕуын, ӕмбисӕхсӕвтӕм уынгты лекка кӕныны барлӕвӕрд студенттӕй никӕмӕн и, ӕмӕ уӕхи дарын куынӕ зонат, уӕд, раст загътой факультетты разамонджытӕ, ӕгъдаухалджытӕн махмӕ бынат нӕй...

Уыцы ӕмбырдӕй фӕстӕмӕ Алӕджыхъо ӕмӕ Гоги ӕмдзӕрӕнмӕ ӕнафоны нал ӕрбацыдысты, ӕмӕ уымӕй дӕр фӕзынынц фылдӕр хӕттыты хибӕрттӕй. Ӕмдзӕрӕны дӕр, къулыбадӕг сывӕллӕттау, хибарӕй сусу-бусутӕ нал кӕнынц, ӕмӕ уый диссагау фӕкасти се 'мбӕлттӕм,вӕццӕгӕн, цӕуылдӕр нӕ бафидыдтой ӕмӕ сӕ мыды къӕм бахаудта. Инал сӕм уӕлдай тынгдӕр йӕ хъус дары ӕмӕ та мидбылты бахуды. Мӕсты кӕнын зоны адӕймаг, уӕд бынтон дурзӕрдӕ нӕу. Цыдӕртӕ йӕм хъары, цӕмӕйдӕрты йӕхи хизы, хъусы царды хъӕрмӕ, хъуырдухӕнӕй архайы йӕ мидсихимӕ. Ӕппарӕн дзырдтӕй уӕлдай дыууӕ ӕмцеккӕн сӕ ныхас кӕрӕдзиуыл нал бады, ӕмӕ цымӕ цы 'рцыди се 'хсӕн! Чи сӕ кӕй зӕрдӕхудты бацыди? Цалдӕр райсомы аходӕн хӕрынмӕ дӕр иумӕ куынӕуал ацыдысты раздӕры хуызӕн. Изӕрӕй ӕмдзӕрӕны уӕйгӕнӕнмӕ дзул куы 'рбаласынц, уӕддӕр Алӕджыхъо хибарӕй йӕхицӕн балхӕны, Гоги — нал... Уыцы хъуыдытӕ Гӕвдийӕн куы загъта, уӕд ӕй уый фӕрсы:

— Ӕмӕ дӕумӕ куыд кӕсы, цы рауади се 'хсӕн?

— Нӕ зонын... Ды куыд хъуыды кӕныс?

— Ӕз, куыд у, афтӕ. Алӕджыхъо, иугӕндзоны гуыбындзӕлӕй искӕй хардзӕй хӕрын чи уарзы, ахӕм у, Гоги та

гуыххæлæй йæхи зоны. Райдайæнты иумæ цыдысты хæрынмæ, стæй дзы Гоги йæхи тылиф кæнын куы райдыдта хæрынафонты, уæд чъылдымыздæхтт фесты. Нæ хъуыстай æндæрæхсæв Алæджыхъомæ? Мæ гуыбын, дам, мын чи нæ уарзы, уый мын мæхи дæр нæ уарзы.

— Уæдæ уый фæдыл сæ мыды къæм бахаудта, уый фæдыл! — йæ сæр разыйы æнкъуыст бакодта Инал. — Ныр дыууæ дæр кæрæдзийы азымы дардзысты быцæу къулыбадæг сывæллæттау: сæ иумæ — баппа, иннæмæ ницы, афтæмæй рады фос иумæ хизынц рагъысæр уалдзыгон даргъ бон.

— Диссаджы хорз ран сын ссардтай! — бахудти Гæвди. — Сæ иу йæ баппайæ — буц æмæ хъал, иннæ æххормагæй — мæллæгхуыз æмæ бустæ. Æмæ уыцы уавæры сæ фос дæр раны сты: кæрæдзийы мæстæймаргæйæ сын ныдздзæгъæлтæ уыдзысты, — йæ цæстытыл ауадысты Гæвдийæн дæр йæ уæлыгæсы бæгъæмвад бонтæ.

Гоги Алæджыхъойæ йæхи куы фæхибар кодта, уæд дыууæйæ дæр фæйнæрдæм ахæцыдысты, ног æмбæлттæ агургæйæ, æмæ æнафонтæм фæбадынц, æмдзæрæны алы кæрætты ныхас кæнгæйæ, стæй фæзынынц сæ бынатмæ хибæрттæй. Алæджыхъо ма сабырдæрæй æрбахизы, фæлæ Гогийы абухгæ змæлдмæ æмбæлттæ райхъал вæййынц сæ тар фынæйæ. Ноджы, фыдæнæн кæнæгау, ссудзы цырагъ. Иу къах иннæуыл æвæргæйæ райхалы йæ фадыварцы бостæ, æмæ хъæбæр дзабыртæн фæйнæг бынастæрдыл сæ дзæхст фæцæуы... Æнæрхъуыдыйы æнæфенд митæ, æмæ сæ хуыссæгæй фæхауынц мæсты кæнгæйæ. Иуахæмы йæм Керым йæхи нал баурæдта æмæ хуыссæнæй фестад:

— Æнафонмæ дзæнгæда фæцæгъдыс, æмдзæрæныл зилгæйæ, стæй æрбацæуыс абухгæ, æмæ дын исчи ам хъазинаг у?!

— Дæу тыххæй мæ къахфындзтыл куыннæ цæудзынæн, — бахудæгау кодта Гоги мæстæй марæгау, æмæ йæм уæд Гæвди дзуры:

— Керымы тыххæй дæ къахфындзтыл цæуыны сæр нæ бахъæудзæни, фæлæ не ‘ппæтты дæр улæфын кæй нæ уадзыс,уый тыххæй маст ссардзынæ,дæ хæдзары гуымыдза ахуыртæ куынæ ныууадзай,уæд.

— Æз дæр уый зæгъæг дæн, — рабадти йæ хуыссæны Инал. — Иу хатты рæдыдæн ныббарæн ис, фæлæ алы æнафоны мах дæ абухынмæ кæдмæ хъуамæ хъусæм! Хæдзары схъомыл дæ

æви скъæты?! Æппын дæм адæймаджы æрхъуыдыйæ куыд ницы ис?

Уыцы уайдзæфтæм Алæджыхъо хъæлæсыдзагæй ныххудти, стæй йæм дзуры:

— Сæгълæууæны дæ дзæбæх слæууын кодтой, кæд ма искуы дæ хъæбæр дзабыртæ уæлиауæй æрæппарай!

Æмбæлтты æмхуызон уайдзæфтæм Гоги лæугæйæ баззад исдугмæ. Уæлдай быцæу ныхас нал сфæрæзта. Сабыргай ма раласта йæ уæлæйы дарæс, сауыгъта сæ йæ сæрмæ къулыл, йæхæдæг чъылдымыздæхтæй схуыссыди...

Схуыссыдысты æнæ уæлдай змæлдæй иннæтæ дæр, æмæ уат æрсабыр, æрмæст ма æдде кæртæй цырæгъты рухсмæ æрбайхъуысы гæзæмæ уынæр искæдæй-искуыдмæ... Æмбæлттæ афынæй сты, фæлæ Гæвдийæн йæ хуыссæг фæлыгъд. Бæргæ йæ буар æрлæмæгъ кæны афынæйы адæргæй, æрцъынд вæййынц цæстытæ, рæдзæ-мæдзæйæ æхсызгæтты аныгъуылынц, уæддæр фынæй нæй... Бонырдæм фæлмæстæй гыццыл афынæй, æмæ цыдæр æнахуыр тыхст фынтæ уынгæйæ куыд фехъал, афтæ уаты къуымтæ сауæндæргтæ фестадысты, цыма къултыл нывæфтыдтæй хъазыдæуыди. Уыдонмæ кæсгæйæ Гогийы æртæ ног костюмы æд рагъæнтæй къулæй растадысты æмæ уаты æмбисмæ уæлдæфы тæхæгау куы раввахс сты, уæд ауыдта Гæвди даргъ хъилы кæрон рудзынджы гом цæстыл херыгондæй. Куыддæр костюмтæ рудзынджы гом тæфдзонмæ ахæццæ сты, афтæ фæхъæр кодта: давæг, зæгъгæ, æмæ хъил фæцыдæр, костюмтæ æрхаудтой Алæджыхъойы хуыссæнмæ æд рагъæнтæ... Уат хъæлæба сси, Гоги цырагъ ссыгъта, æмæ диссæгтæм куы æркастысты, уæд сабыргай бамбæрстой, цы ‘рцыди, уый. Мæнæ Гæвди нæ райхъал афоныл, уæд дзы давæг нæ разындаид, æмæ костюмтæ æнæбæрæгæй фесæфтаиккой, стæй æмдзæрæны фæсивæд фæдзырддаг уыдаиккой.

Уыцы хъуыдытæ ацахстой Гæвдийы, æмæ бафиппайдта:

— Нæ амондæн фехъал дæн, æндæр давæг айстаид хъилыл дзаумæттæ æнæ уæлдай фенæгæй, æмæ дзырддаг фæуыдаиккам. Дуар — æхгæд мидæгæй, рудзынджы гом цæстыл гæды дæр не ‘рбабырдзæни. Цы фесты дзаумæттæ?! Фæрсæг, дзурæг, ардауæг — бирæ, æмæ загътаиккой, сæхицæй чидæр уыди давæг.

— Бауырнæд уæ, загътаиккой, æмæ фæдзырддаг уыдаиккам æназымæй, æнаххосæй. Гъемæ, бузныг зæгъæм Гæвдийæн æмхуызонæй, — райста йын йæ къух Инал, æмæ Алæджыхъо сонтæй афарста:

— Цæмæн æмхуызонæй? Костюмты хицау ын цæмæннæ зæгъы бузныг?!

— Уымæн йæ бар — йæхи, кад тыхфæлгъуыдæй нæу, — ауыгъта йæ къух Инал, йæхæдæг,цырагъмæ амонгæйæ, дзуры:

— Ахуыссын кæнут рухс, æмæ ма кæд гыццыл уæддæр афынæй уаиккам, науæд хуыссæгхъæлдзæгæй райсом уыйæппæт лекциты рæдзæ-мæдзæ кæндзыстæм, æмæ худинаг у.

Боны æнахуыр давджыты хабар дзыхæй-дзыхмæ куы ахъæр æмдзæрæныл, уæд чызджытæ хъазæн ныхæстыл фесты:

— Гоги-Моги бæгънæгæй фæцæйзади...

— Уæдæ, уæдæ!.. Мидæггаг фæлысты æвджид аззадаид æмæ ма уæд цы хуыз равдыстаид йæ тæккæ амонд агургæйæ...

## АМОНД АГУРГÆЙÆ У

Амонд дæр ис æмæ хъысмæт дæр. Æрдзæй-гуырдзæй, мады гуыбынæй адæймаг удхъомысы хæрзтæ куыннæ рахæссы. Ныводкн æмæ йын ныхыдзуар куыннæ вæййы, фæлæ рæзты уавæртæй ифтонг куынæ æрцæуы йæ цардвæндаг, уæд ын нæдæр æфсир раппарæн и, нæдæр нæмыг скæнæн. Амонд дæ йæхæдæг куынæ сура æмæ æййафа, уæд ын фæсте сурæн дæр нæй æмæ баййафæн дæр, зæгъгæ, ныхасæн баззад. Фæлæ царды æцæг хъæрæн кæронмæ дзуапп нæ дæтты æмбисондау, уымæн æмæ иувæрсыгæй аззад. Царды æууæнк дзы нæй, ныфссæттæн у, æрхъуыды æмæ зондыл, тых æмæ хъаруйыл сахсæнтæ æвæры. Æнæ уыдонæй та адæймагæн фидæны хуыздæрмæ тырнæн нæй. Амонд хъуынджын уæрццæй уæлдай нæу, фыдбылызы хуызæн, ныппæррæст кодта, уæд сонт-монтæй кæм нæ бады! Фаджысы сæрыл дæр абады, æппæтæй æвзæрдæры дæр бахизы, бахъахъхъæны фыдæхæй. Амæндтæ ичъынайы къæмдзыджытæй-лывдзæджытæй хъауджыдæр не сты, фыдгъуынтæм, дæрзæгтæм, дыркъуымтæм æмхицдæрæй лæууынц. Сæхи фæлтæрддзинадæй фыдæлтæ уыцы уавæр хорз æмбæрстой æмæ уымæн дардтой цæвиттоны æвдисæны сфæлдисæджы: «Хуыцау, зæгъы, царды хæрзтæ йæ адæмыл куы уæрста, уæд куыстамæндтæ хæрзтæн радта, хæрдамæндтæ — æвзæртæн. Уыцы уагыл æрцыди нæрæмон Къоста уæлмонцдæр хъуыдымæ: «Амонд — йæ хъахъхъæнæг ахæм æвзæрæн!» — зæгъгæ. Уый у царды æцæг хъæр рæзты фæндагыл лæугæйæ, цæугæйæ. Æмæ хуыздæртæн,

кусагтæн, рæстæгтæн, хæрзудтæн царды амæндтæ сты агургæйæ, уымæй дæр иугæндзоны рæстаудæнæй, ныфсхастæй, æууæнкджынæй, фидæны хуыздæрмæ тырнгæйæ.

Фыдæлтыккон æмбисæндтæ, хистæрты цæстуарзон амындтæ зæрдыл даргæйæ Гæвдийы хъуыдытæ-сагъæстæ æмуд æрцыдысты рæстæджы ахастимæ, æмæ йæхи царды фæлтæрддзинадæй хатдзæгтæ кæны ног æрмæджы мидисæн зонадон уагыл. Зонады бындуртæ сты царды бындуртæ арвæй зæххы астæу, æмæ сын адæймаг цас аргъ кæны, уымæй ифтонггонд цæуынц йæ фидæны уæвыны, рæзыны, цæрыны мадзæлттæ. Цы фæндагыл лæуд у, уымæн йæ райдайæн баст æрцыд райгуырæн къона æмæ фыдыуæзæгыл. Уыдонæй йæ цардвæндаджы тын нывæндгæ рацыди адæмы, æхсæнады хъусдардæй æмæ уыцы уагыл уафинаг у йæ амæндты тын. Царды тын нывæндæг æмæ уафæгæн та, иуæй — хæрзæмбæлджытæ, иннæмæй — æххуысы хъузæттæ... Æнæ уыдонæй цæрæн дæр нæй, мæлæн дæр. Æнæ хæрзæмбæлджытæ æмæ æххуысы хъузæттæй цардамæндтæн нæдæр агурæн и, нæдæр ссарæн. Уыцы хъуыдымæ Гæвди бындуронæй æрцыди йæ уæлдæр ахуыры æмбисмæ. Гъемæ, табу хъуыддæгтæ рæстмæгæнæг Уастырджийæн! Æнхъæл сын цас нæ уыди, уыйас хорз ацыдысты кæм цæстуарзон адæмы æххуысæй, кæм та йæхи уды фыдæбон æмæ хæрзæбонæй. Райгонд у ахуыргæнджытæй, ахуыры æмбæлттæй, хæлары зонгæтæй, хæстæджытæй æмæ хиуæттæй. Фæлæ уыдоны хъарм цæстæнгасимæ ныр хъаймæты бонмæйы æмбал-æцæгæлон сылыстæгæй... Цардæмбал цыты æмæ намысы, ныфсы æмæ æууæнчы фисынтыл лæугæйæ... Æмæ уый бацагурын, уый ссарын у йæ амонды фæндагыл æппæты мидисджындæр, зындæр фæлварæн, уымæн æмæ йын нæдæр рагагъоммæйы фарстатæ раттæг уыдзæни, нæдæр уыцы æбæрæг фарстатæн ис дзуапп раттæн иунæгæй, æнæ цардæмбалæй.

Хъаймæты бонмæйы цардæмбал ссарынæн бирæ цыдæртæ хъæуы. Амонд фыст нæу адæймаджы ныхыл, ныхыдзуарау, стæй, царды чи куыд йæхи равдисдзæн, уый дæр рагацау базонæн нæй. Уыцы уавæры амонд агуринаг у дыууæрдыгæй, чызг æмæ лæппуйæн. Иувæрсыджы амонд йæ хуыз равдисы фæстагмæ бæрæг быцæутæ æмæ хъулæттæй. Иуы уарзтæй уарзонад куыд нæ вæййы, иуы æууæнкæй æууæнкдзинад дæр афтæ нæ вæййы. Æртæ хорзæй иу чи уаид, уыцы чызджы дæр цардæмбалæн нæ равзарид Гæвди иувæрсыгæй кæсгæйæ, æнæ йæхи фæндон

зонгæйæ, æнæ йæ бинонты разыйæ. Иу æмæ дыууæйы нæ бауарзынц чызг æмæ лæппу, фæлæ уыдонæн се 'ппæтмæ цардæмбалы цæстæй акæсæн нæ вæййы, рæстæгмæйы митæ æмæ хъуыддæгтæ та боныгъæдæй тынгдæр ивынц сæ хуыз. Уынд æмæ кондæй, æрхъуыды æмæ зондæй, намыс æмæ æгъдауæй, тых æмæ хъаруйæ æххæст чызджытæ, лæппутæ куыннæ вæййы, фæлæ се 'ппæты фыдгулы чындздзон чызг æмæ усгур лæппу февзарæд радыгай! Бирæтæй барæвзарæджы та, иугæндзоны хиуарзон æмæ сæрбæрзондæй кæсгæйæ, иунæг дæр хуызæнæн нæ фæвæййы.

Гæвди æнæныфс æмæ æнæхъарутæй нæу. Фæлæ ныры онг, йæ тæккæ лæджы кармæ, уарзон чызджытæй иуæн дæр зæрдæйы сыгъдæг фæндон æргом зæгъын йæ бон нæма баци, афтæмæй йын аккаг аргъ кæнынц куыд ахуыры, афтæ æхсæнадон цардыуаджы дæр. Фырнымд æмæ хиуылхæстæй, нæртон цуанонау, у иудзырдонæй иуæхстон. Уыйадыл цыфæнды зонгæ чызгмæ дæр уæлдай дзырдæппарæнтæ, хъазæн ныхæстæ нæ фæразы. Мæнæ чызджы фæурома исты æфсонæй æмæ йемæ аныхас кæна хибарæй, уыцы ныфс æм нæй, уæлдай дзырддагæй хи хъаггæнгæйæ, æмæ уыцы бынаты йæ зонгæ чызджытæм дæр кæсы æнæхъуаджы сæрыстыр, мадзура, фырнымд. Гъемæ, уыцы миниуджытæ адæймагæн сты фæзминагыл нымад, фæлæ сын бæрц хъæуы, уавæртæ хынцгæйæ, рæстæг æмæ бынатмæ кæсгæйæ. Дæ хъуыдытæ давæггаг не сты, йæ мад æмæ йæ фыды никæмæн æлгъитыс. Чызг дæ зæрдæмæ фæцыди, уæд ын бамбарын кæн дæ фæндон æгъдауыл, фæткыл. Дæ ныхасмæ кæд байхъуса, аргъ ын скæна, уæд хорз, науæддæр дæ саргъыбæхæй нæ хауыс. Æмбаргæ, æгъдауджын чызг сабырæй дзурæгмæ куыннæ байхъусдзæни, æмæ дзырд дзырды куыд сайы иугъæдоны цымыдисæй, ныхас дæр ныхасыл афтæ бады иугæндзоны æууæнкджын æмæ хæрзудыбæстæйæ. Æмбаргæ чызджытæ та бирæ и, æмæ хатынц бæрæг кары фæлгæтты, сæ царды сæйрагдæр нысан цы у, уый. Кæд, стыр хъыгагæн, се 'нкъарæнтæ лæппутæй тынгдæр æмбæхсынц, стæй сын æргомæй фæндон зæгъын дæр не 'мбæлы æгъдаумæ гæсгæ, уæддæр. Уыйадыл лæппу æмæ чызджы бартæ сты ныхмæвæрд: лæппумæ — фылдæр бартæ, чызгмæ — къаддæр, чызгмæ — фылдæр хæстæ, лæппумæ — къаддæр. Лæппуйы ничи фæрсы ус кургæйæ, сылгоймаджы ад бавзæрста æви нæ, уымæй. Чызгæн чындзы фæцæуыны агъоммæ нæлгоймаджы ад бавзарын нымад у стыр худинагыл. Уыцы уавæры

къайадон царды бындуртæ хæлд цæуынц йæ тæккæ райдайæнæй, æмæ уый Гæвдимæ кæсы хардзау. Хардзау худинаджы хъæрау, давæггаг къæбæрау, кæнгæ уæзданау. Намысæй, æгъдауæй, æууæнкæй чызджы æнæ цам куыд кадджын у, лæппуйæн дæр хъуамæ афтæ кадджын уа, науæд нæй дзурæн мад æмæ фыды нымдыл, ныййарæг æмæ схæссæджы фарныл... Цоты-зæнæджы ад æмæ кадыл...

Уыцы хъуыдытимæ фæцыди Гæвди, йæ зонгæ чызджытæм хъусдаргæйæ, цыма уымæй размæ йæ амонды фæндагыл ахуыры сагъæсæй уæлдай тыхстагæй ницы уыди. Дыууæ азы дæргъы йæ цæсты раз чызг æмæ лæппу фæсивæд сæ хуыз ивтой куыд уындæй, афтæ дарæсæй дæр. Райдайæнты хиконд, хихуыд хæдзарон дарæсы цы æвзонг чызджытæ æмæ лæппутæ цыди, уыдон ныр дардмæ кæсгæйæ нал базондзынæ. Хъæлфгæ-тæлфгæйæ цæуынц, сæ хуыз скалдтой. Аив æлхæнгæ дарæсимæ — рог уæнгты ахаст , къæхты айст... Йæхинымæры сæм кæсынтыл фæвæййы райгондæй, цыма сæ фыццаг хатт федта. Уæлдай фылдæр дзы йæ цæстæнгас кæуыл æрæвæры, уыдон æм фæзынынц аргъæутты бæллиццаджы чызджытау. Нырмæ сыл куыд никуы ахъуыды кодта, уый диссаг у. Бирæ рæстæг фынæй цыма уыди æмæ фыны диссæгтæ фæлхат кæны, афтæ йæм кæсы..., æмæ цæмæн? Ивгъуыд азты хæсджынæй баззад уæлон дзæнæты цинтæй æви ныр фидæны царды хæрзтыл æгæр фæтагъд кодта?..

Йæхицæй дзæвгар кæстæр чызг æмæ лæппу-фæсивæд къæйттæй фæцæйцæуынц, иумæты бадгæйæ зæрдиаг ныхæстыл схæцынц. Алчи сæ ныридæгæн йæ цардамонд агуры... Уый зонгæ чызгимæ ныхасыл никуыма афæстиат. Уынджы дзы искæуыл куы амбæлы, уæддæр — æнæвдæлонхуызæй...

Иу зымæгон изæр институты кæсæндоны сæ кусинæгтыл дзæвгар афæстиат сты Иналимæ. Хъарм, райдзаст уæрæх агъуысты — бирæ бадæнтæ. Дыууæрдыгæй къуымты чидæртæ бады æмæ æнæ уæлдай змæлдæй кæсынц, фыссынц. Бадынæй дзы чи афæлмæцы, уый тыргъмæ рахизы аулæфынмæ. Дыууæ стады фæкодтой Инал æмæ Гæвди дæр. Инал фæзмæгау искуыдæйискуыдмæ тамако ссыгътаид æмæ уæд хибармæ, гом рудзынджы размæ йæхи иста... Æртыккаг цыдæн Фаруз сæ размæ фæци тæккæ уæладзыгмæ схизæны раз. Гæзæмæ иуварс балæууыд асины сæргъæдыл æнцойгæнæгау, афтæмæй сæм дзуры:

— Чи цæмæй — райгонд, чи цæмæй. Иутæ мæйрухсы сæ

зæрдæйы дзæбæхæн ногуард митыл тезгъо кæнынц, иннæтæ та кæсæндæтты æнафæттæм æнæвдæлонæй бадынц. Сымах дæр та уæ уарзон кæсæндоны уыдаиккат?

— Дыууæ фарсы райгонды митæй дæу бар нæй, Фаруз? — афарста йæ æваст Инал, йæхæдæг æм хæстæгдæр балæууыд.

— Бар та мæ куыннæ и, фæлæ цæй сæрæн, стæй кæимæ?

— Кæимæ дæ фæнды, уыдонимæ.

— Фæндонæй куы уаид, уæд бæргæ, фæлæ фæндонæй нæу. Мæнæ уæхимæ нæ кæсут? Дзыкк æмæ Годжийы цыд фæцæйкæнут иумæ. Кæсæндоны дæр бадут иумæ. Искæй ма уæ цуры абадын фæнды, уый уæм нымады нæу, — хъазæнæмхасæнтæй ныхас агайы Фаруз, æмæ Инал æхсызгонæй бахудти, стæй къухæй амоны:

— Дæ хорзæхæй, раздæх нæм, æмæ дын нæ фарсмæ — хуыздæр бынат!

— Ской — æри, æри — тыхми, — бахудти Фаруз. — Тыхдомдæй кад нæй. Ды æфсæрмæй æгъдауы бацыдтæ, фæлæ Гæвди дæр афтæ зæгъы?

— Цæмæннæ хъуамæ зæгъа? — басхуыста йæ тымбыл къухæй.

— Зæгъинæгтæ хъуыддагæй рæвдз кæнынц, æмæ йæ мæ хонын цæмæн хъæуы иумæйаг кæсæндонмæ. Мæ фарсмæ чи сбады, уыдонæй никæмæн загътон, ам ма бад, зæгъгæ, — азымы дарæгау бафиппайдта Гæвди, æмæ Фаруз фергомдæр кодта йæ ныхас:

— Раст зæгъыс. Кæмфæнды сбад кæсæндоны, ничи дæ сыстын кæндзæни, фæлæ ма царды æндæр фæндиæгтæ дæр вæййы, æмæ фыдгулы чызг æвæндонæй лæппуты æмвынг фæбадæд, фыдгулы лæппу — чызджыты æмвынг, уæд сæ дыууæйы дæр кад нæй.

— Нæй, Фаруз, нæй! — йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл ауæрста Инал, йæхæдæг зæрдæвæрæгау хатдзæгтæ скодта:

— Иуы рæдыдæй рæдыд нæй, иуы æрхъуыдыйæ — æрхъуыды. Царды хæрзтæ дыууæрдæм амонынц, æмæ мах Гæвдиимæ нæ рæдыд сраст кæндзыстæм. Кæм цæуæм, кæм бадæм, уым дын, кæстæр хойау, не ‘хсæн бынат, æмæ — табуафси! Æнхъæлмæ дæм кæсдзыстæм.

— Уæ фæндоныл ныхас чи сæххæст кæна, уый — æз. Ныр та бахатыр кæнут, уæллаг кæсæндоны мæм чызджытæ æнхъæлмæ кæсынц, — рог цыдæй уæладзыджы асинтыл схызти Фаруз, æмæ Инал къахкъухтыл кафæгау Гæвдийы алыварс æрзылди, йæхæдæг æм дзуры:

— Уыныс, цавæр чызджытæ и нæ фарсмæ, æмæ куыд

æнæсæрæн стæм. Бауырнæд дæ, алцæмæй æххæст чызг у, æмæ йæм дæ цæст фæдар, цалынмæ æндæрырдæм нæ фæци, уæдмæ. Йæхи зæрдæ дæм кæй æхсайы, уый та бæрæг у.

— Цæмæй бæрæг у?

— Йæ ныхасæй, йæхи куыд дары, уымæй. Нæ йæ хатыс, æви?

— Чызджытæ дæр æмæ лæппутæ дæр кæнгæ митæ зонынц, æмæ фендзыстæм, кæддæра цы хуыз равдисид, — дызæрдыгæй дзырдта Гæвди, фæлæ чызгмæ бæрæг тынгдæр фехсайдта йæ зæрдæ...

Цалдæр боны рацыди уыцы ныхасæй, афтæ факультеты æртæ хайады студенттæ стыр залы иумæйаг лекцимæ амбырд сты сихормæ æввахс, Куыдраздæрæй кафедрæмæ хæстæгдæ бынæтты абадтысты. Гæвди рæбыноз фæцыд æмæ фæстаг рæнхъыл иунæгæй сбадти. Ахуыры æмбæлттыл цæст ахаста, æмæ уæрæх залы æхсæнмæхсæнтæй сыхаг къордтимæ схæццæ сты. Ныр лектор дзурын райдайа, афтæ Фаруз гом дуары къæсæрыл алæууыд, æвæццæгæн, кæмдæр афæстиат. Исдугмæ залы адæмыл цæстæнгас ахаста, стæй сæ иувæрсты азылд рог къахдзæфтæй æмæ уыцы æнæ уæлдай сыбырттæй Гæвдийы фарсмæ абадти, йæхæдæг æм сусæгæй дзурæгау баулæфыд:

— Кæд дæ нæ фæндыди, уæддæр дæ фарсмæ æрбадтæн, æмæ хатырæй фæуæд!..

— Цæмæн уый зæгъыс?! Бынæттæ — иумæйаг, стæй мæ хъыг дæр нæ дарыс, — тыхулæфтæй загъта Гæвди, цыма бæллиццаджы рындзмæ æнæ уæлдай фæстиæттæй схызти.

— Адæмæн иумæйаг бирæ цыдæртæ вæййы, фæлæ сыл нæ бафидауынц алы фæндæтты ахæсты, æмæ цынæ рауайы, — ныхас агайы Фаруз, æмæ Гæвди бахудæгау кодта, стæй сабырæй дзуры:

— Адæмы фæндæттæн æмхуызон уæвæн нæй. Цардыхъæр нæ чи куыд æмбары, афтæ хъуыды кæны æмæ йæхи дары. Акæсма залыл, кæддæра ахуыргæнæгмæ цалæй хъусынц æмæ фыссынц йæ хъуыдытæ, афтæмæй нæ хъæуы бындурон зонындзинæдтæ æвæлмонæй, æнцонæй.

— Уымæй раст зæгъыс. Иутæ лæмбынæг хъусынц æмæ фыссынц, иннæтæ мæнæ мæн хуызæн дзæгъæлы ныхæстыл фесты, — дзургæ-дзурын йæ сæрак хызынæй систа фыссæнгæрзтæ, йæхæдæг Гæвдийы хъæбæрцъар бæзджын тетрадмæ амоны:

— Ды аивæй фыссыс лекторы хъуыдытæ, фæлæ мæнæн ныссуйтæ вæййынц.

— Лектор цы дзуры, уыдонæн æмхуызонæй фыссæн нæй. Цыбыртæй фыссинаг у æрмæг хи сæрмагонд хъуыдытæй.

— Мæхи хъуыдытæ уыйбæрц куы æххæссиккой, уæд бæргæ, фæлæ ‘ххæссынц, нæ, Хохаг! — аныхæгау кодта йæ уадул Фаруз.

— Уый та мæ фæсномыг, нæ? — йæ мидбылты бахудти Гæвди.

— Афтæ дæ Хъазан — ирон литературæйы ахуыргæнæг хоны буцдæрæн. Хохаджы хуызæн, дам, ахуыр кæнын хъæуы, цæмæй æрмæг хорз зонай, уый тыххæй. Абон дæр та нын дæу цæстмæ бадардта, — бæстон бамбарын кодта Фаруз уавæр, æмæ Гæвди къахæгау бафиппайдта:

— Хуыздæр чи ахуыр кæны нæ курсы, уыдоны хъæддыхдæртæ сымахимæ куы сты.

— Махимæ дæр дзы чидæртæ ис, фæлæ æппæт æрмæг кæм зонынц, стæй ныссуйтæ вæййынц. Нал хъуыды кæныс, фæлварæн ахуырты ирон æвзагæй куыд ныссуйтæ стæм, уый?

— Æппæт зонæг нæй, æнæ рæдигæ ничи у, фæлæ ирæттæн æппæты разæй зонын æмбæлы мадæлон æвзаг æмæ литературæйы æрмæг, уыйфæстæ та æндæр æрмæг.

— Бæргæ афтæ хъуамæ уаид, фæлæ, хъыгагæн, бирæтæ ирон æвзагмæ бæрнаджы цæстæй кæсын райдыдтой, фидæны, дам, нал хъæудзæн, æмæ ныридæгæн нæ курсæй цалдæр райстой дыккаг зачеткæтæ уырыссаг факультеты студентты номæй. Иумæйаг предметты фæлварæнты бæрæггæнæнты сын уыцы ног зачеткæтæм бахæссы декан, сæрмагонд æрмæгæй та дæттынц дзуапп. Алы ахæм дзуаппæн дæр фидынц æхца, — бæстон дзурыныл схæцыди Фаруз, æмæ уæд Гæвди дæр афтæ:

— Йæ фидæныл алчи дæр хъуыды кæны. Æз дæр райстон ахæм зачеткæ, æмæ дзы уæлдай зынæй ницы ис. Сæрмагонд предметтæ бирæ не сты æмæ ис гæнæн дыууæ факультеты фæуынæн. Дыууæ дæсныйадæй иуыл уæддæр уыдзæни аккаг куыст.

— Кæм райсгæ у зачеткæ?

— Институты дæллаг агъуысты. Ректоры номыл курдиат ныффысс, æмæ дын æй ратдзысты, — бæстон ын бамбарын кодта Гæвди уавæр, æмæ Фаруз æхсызгонæй ныуулæфыди.

Рæстаг адæймаджы ныфс цæмæйфæнды бацæуæд, — йæ уæнгыл схæцы, йæ зæрдæ байрайы, бæллиццаджы хъуыдытæ уæлмонц бæрзæндтæм сæвналынц. Сæ иумæ абадт, хъавгæ фæлмæн ныхасимæ, кæмæн æхсызгондæр уыдаид, уый зын

зæгъæн у, фæлæ кæрæдзийæ бузныгæй, рæвдыдæй, райгондæй кæй баззадысты, уый та сын уыдзæни хъаймæты бонмæйы хуыздæр мысинаг...

Уыцы бонæй фæстæмæ Фаруз фæци хъæлдзæгдæр, цæрдхъомдæр, Гæвди та иугъæдоны хиуылхæстæй хъуыдыты анығъуылди, цыма царды зындæр æмæ егъаудæр фæлварæнмæ йæхи цæттæ кодта уæлдай бæрнондæрæй...

Фаруз фыццаг бонтæй фæстæмæ йæ хъус дарын райдыдта Гæвдимæ. Карст-барстæй йæ цæстытыл уади фæсвæдæй дæр, фæлæ цæмæн æмæ цæй сæрæн, уый бæрæг нæма хатыдта. Иу иннæйы зæрдæмæ фæцæуы æнæ уæлдай сусæггаг æнкъарæнтæй, куыд адæймаг, афтæ кæм конд-уындæй, кæм зонд-æрхъуыдыйæ. Уымæй дæр — зонгæтау, хæлæрттау, æфсымæртæ æмæ хотау... Фæлæ чызгæй лæппуйы астæу уарзонады æнкъарæнтæ зæрдæхсайдæй архайынц, æмæ кæд цы монцæй сдзурдзысты адæймагмæ, уый бæрæг нæй. Иунæг бакастæй, иунæг фендæй дæр ис бауарзæн, фæлæ хорз æмæ æвзæр миниуджытæ рахатынæн, раст æмæ зылын сбæрæг кæнынæн бирæ рæстæг хъæуы. Дзæгъæлы нæ баззад фыдæлтæй æмбисондæн, уæсхы ныхасæй: «Адæймаджы цæмæй базонай, уый тыххæй йемæ цæххы мæрт бахæрын хъæуы». Æмæ фыдæлты æмбисонд канд бæркады фынгмæ нæ амоны. Фынджы уæлхъус, хæрыны заман адæймаджы удыгъæды миниуджытæй цыдæртæ раргом вæййынц, фæлæ йын бæстон базонæн нæй. Бæстон базонынæн хъæуы дзæвгар рæстæг æмæ алы уавæртæ, — уæд сбæрæг вæййынц адæймаджы алы миниуджытæ. Цæххы мæрт иу æмæ дыууæ æрбадтæн комбæсты куывды адæм дæр нæ фæуыдзысты хæрд. Цæххы мæрт бахæрынæн адæймаджы дзæвгар ацæрын хъæуы кусгæйæ, фæндæгтыл цæугæйæ,бартæ æмæ хæстæ æххæст кæнгæйæ, мæстытæ æмæ цинтæ æййафгæйæ, æххуысты æмæ лæггæдты архайгæйæ...

Сгæрнæг арт сонтæй судзы, иу бакастæй уарзæттæм нæдæр нымд вæййы, нæдæр рымд, кæй загъди. Иу бакасты монцтæ æрмæст зæрдæйæ цæуынц, æгомыг цæрæгойы монцтау. Цы йæ хъæуы, уый уарзы, гуыбыны æмæ зæрдæйы фæндоны фæдыл цæуы, æрхъуыды йæм нæй. Уыйадыл æнæнымд, æнæрхъуыды адæймæгтæ боныдæргъы цалдæры дæр бауарздзысты. Се ‘хсызгæттæ, сæ мондæгтæ цас æнцондæрæй, арæхдæрæй уадзой, уыйбæрц тагъддæр рох кæнынц, кæимæ фæвæййынц, уыдоны.

Сыгъдæг уарзондзинадæн сыгъдæг æмæ бындурон

æнкъарæнтæ хъæуы, æмæ уыдоны разæй адæймаг адæймагæн хъуамæ истæй тыххæй аргъ кæна. Нæдæр Фаруз у чызджыты рæсугъддæр, нæдæр Гæвди — лæппуты хæрзконддæр. Фæлæ кæрæдзийæн аргъ кæнынц, кæрæдзийы нымайынц, æппæты фыццаг, куыд фæзминаг адæймæгтæ, афтæ. Фæзминаг та сты бирæ цæмæйдæрты кæрæдзийæн, кæд, фыдæлты æмбисондау, цæххы мæрт иумæ нæ бахордтой, уæддæр. Цæстуарзон адæймаг уынаг у, сыгъдæгзæрдæ — æнкъараг, æмæ цымæ цы хæрзтæй фæцыдысты кæрæдзийы зæрдæмæ? Фаруз уыны Гæвдийы хуымæтæджы æфсармыл, æгъдауылхæст нæлгоймагæй. Уыцы иугъæдонæй дары йæхи адæмы астæу, уæлдай æнæрхъуыды, æнæуыылд ныхас дзы нæ фехъусдзынæ. Йæ кары азтæй йæм ис бирæ фылдæр фæлтæрддзинад царды, фæлæ æздæнæй нæ дзуры, сæрбæрзондæй нæ кæсы. Хистæртимæ кæстæриуæг фæразы, кæстæртимæ — хистæриуæг. Сылгоймаджы раз æм цы уаг и, уый та у цыты аккаг иугъæдоны бæллиццагæй. Уыцы раппæлинаг миниуджытимæ у æгæр фырнымд æмæ хиуылхæст, æмæ уый аххосæй зыны мадзурайы æхгæдзæрдæ, æнкъард адæймаг, æдзух йæхимæ чи хъусы, ахæм.

Гæвдимæ Фаруз зыны цæрдхъом, хъæлдзæг æмæ хæларзæрдæйæ. Конд æмæ уынд хъуаг нæу нæдæр уæнгты айстæй, нæдæр цæсгомы æвæрдæй. Йæ удхъомысы хæрзтæн æвдисæн у дзыхыдзырд, хъæлæсыуаг. Зæрдиагæй бахуды, æмæ цыдæр æнахуыр хъарм уадзы уæнгты фæлмæн, мырмыраг хъæлæсæй. Хъазты чызгау цæуы рог хъæлфгæ къахдзæфтæй. Нарæгастæу, дæргъæлвæс уæнгтыл аивæй фидауы хуымæтæджы уæлæдарæс хæрзæфснайдæй. Иу ныхасæй — зæрдæистæ хъæуккаг ирон хæдзары чындздзон чызг... Гъемæ, Гæвдийæн йæ рæстæг амоны, фадат ис, уæд æвæстиатæй минæвар барвитид Фарузмæ. Фæлæ сæ ахуыры фæуынмæ уымæн гæнæн нæй. Ахуыры фæуынмæ та, кæрæдзимæ зæрдæхсайгæйæ, æнæ бæрæг фæндонæй, æргом ныфсæвæрды ныхасæй цы хуыз равдисдзысты дыууæйæ дæр, уый ничи зоны.

Хъуыдытæ, бæллицтæ, фæндтæ рæстæджы ахæсты иваг сты, æмæ сын, фидæны хуыздæрмæ æнхъæлмæкæсгæйæ, ныфсæвæрды бæрæг хæрзтæ куынæ вæййы, уæд æнхъæлцауæй сабыргай баруайынц, сивынц сæ хуыз. Цæстæнгасæй, æууæнчы хъусдардæй, æфсармы уагæй кæрæдзийы зæрдæмæ кæй фæцыдысты, уый дыууæйæ дæр æмбарынц, фæлæ се 'хсæн фæндоны ныхас нæма рауад. Уыцы уавæры æгъдауылхæст ирон лæппу æмæ чызгæн

нæдæр сæ бартæ вæййынц æмхуызон, нæдæр сæ хæстæ. Ирон æфсармылхæст чындздзон чызг æнæ лæппуйы æргом фæндон зонгæйæ разыйы ныхас нæ зæгъдзæни цыфæнды райгондæй дæр. Фæндоны ныхасы фыццаг бар хауы нæлгоймагмæ, æмæ уыцы барæвзарæны рындзмæ нæма схызти Гæвди æгæр дызæрдыгæй, рабар-бабарæй, æфсæрмдзастæй. Уыцы хъуыддаджы йæхи азымтæ, къуыхцытæ, рæдыдтæ цас зоны, уыйбæрц хынцы уарзон чызджы аиппытæ дæр. Иу хæрзудæй, хæрзкондæй Фаруз æгæр хуырым у иугъæдоны хæлар æмæ æууæндагæй. Æппæтимæ — зæрдиаг лæуд, æргом ныхас. Æгæр бирæ сты чызгæй, лæппуйæ йæ зонгæтæ, йæ хæлæрттæ. Уыдонæй иутæ — хæстæджытæ, хиуæттæ, иннæтæ — æцæгæлæттæй зонгæтæ æмæ хæлæрттæ, фæлæ сын хъæуы бæрцимæ ахæстыты уаг, стæй нымадæй бæрæг бынат æмæ рæстæг. Дзуапдæттæн ахуырты æмæ лекциты дæр куы кæимæ абады, куы кæимæ чызгæй, лæппуйæ. Цас æм йæ хъус дары, уымæй куы бынтон æвдæлонæй ныхæстыл фæвæййы, куы та æнæвдæлоны рауай-бауай райдайы...

Æнахуыр хуызивæнтау боныдæргъы цæстытыл уайы Фарузы фæлгонц, æмæ афæнд кæны Гæвди йæ бафæрсыныл æргом ныхасæй, фæлæ та йæ ныфс нæ бахæссы. Æргом ныхасæн бæрæг æфсон хъæуы, науæд æй куынæ бамбара, уæд сæ дзæгъæлдзых æмбæлттæн — Алæджыхъо æмæ Качыры хуызæттæн дзырддаг фæуыдзысты. Уыдон, гæбæр бæхтау, кæрæдзийы тагъддæр ссарынц, æвваxсдæр балæууынц бахъуыды рæстæг, рæвдздæр сты цуронæй цæстмæхъус митæм, фæлывд æмæ сайдæй адæймаджы æууæнчы бацæуынмæ. Ныридæгæн æнæхъæн курсы студентты къордтæ-дихтæ фæкодтой. Алæджыхъо ма æнæрхъуыдыйæ, рогæй йæхи æвдисы, фæлæ дæлæмæдзыд Качыр дæлгоммæгæсæй налат æмæ хин у. Хъазгæ-худгæйæ ардауы ахуыры æмбæлтты кæрæдзиуыл æмæ йын æнтысгæ дæр кæны.

Иуахæмы Качыр дыуу æ лекцийы фæстæ улæфты рæстæг лæппутæй кæйдæр фыссæнгæрзты аджигул кодта куыддæрæгъдауæй. Фелвæста дзы æнæ уæлдай æвдисæнæй къухфыст æмдзæвгæтæ æмæ сæ Алæджыхъойæн хъæрæй бакæсын кодта æртыккаг лекцийы хæдразмæ, афтæмæй литературæйы ахуыргæнæг Хъазан дæр бахызт, йæ фæдыл — курсы лæппутæ. Æнахуыр хъæлæбамæ ахуыргæнæг рохстæй аззад, æмдзæвгæты хицау куыннæ смæсты уыдаид, фæлæ йæхи баурæдта. Тыхæхсад хæцъилау афæлурс. Фæуад æнæуæлдай митæй, райста йæ фыссæнгæрзтæ æмæ федде и тыргъмæ...

Цыма æппындæр ницы æрцыди, афтæ абадтысты Качыр æмæ Алæджыхъо иумæ. Хъазан исдугмæ агъуысты къуымты акæстытæ кодта, стæй фæрсы:

— Цы хабар у, цæмæн ацыд уе ‘мбал?

— Уымæй Алæджыхъойы бафæрсын хъæуы, — йæ бынатæй фестгæйæ, бæзджын хъæлæсæй загъта Батыр, йæхæдæг бамбарын кодта, цы ‘рцыди, уый.

— Гъемæ, исчи афтæ кæны! Æнæ бафæрсгæйæ куыд и искæй фыстытæм æвналæн? Лæппу литкъорды уæнг у, фыссы æмдзæвгæтæ, æмæ йын сæ цæмæн дзырддаг кæнут, чи уын радта ахæм бартæ? Уый æфсæрмæй, хиуылхæстæй йæ маст ныуурæдта, æндæр дыууæйæ дæр нæминаг стут.

— Нæмыны тыххæй ныр дæр æнæмастæй нæ баззайдзысты, бакæсæд ма уыдонмæ исчи, хынджылæггаг ссардтой!

— Сæ иуæй иннæ хъазинагдæр!

— Дыууæ быдзæуы, — фæйнæрдыгæй хъуысы уайдзæфы ныхæстæ, æмæ Хъазан йæ сæр банкъуыста, стæй сæм дзуры:

— Уыцы ныхæстæ хъуыдыйаг сты, æмæ иумæйаг æмбырд скæнын хъæуы, науæд ныссуйтæ уыдзыстут, куыд уæм хъусын, афтæмæй...

Лекцийы фæстæ курсы дыууæ къорды быцæу ныхасыл фесты. Алæджыхъо æмæ Качыр сæхиуыл къæм абадын нæ уагътой. Ницы ахæмæй æрцыд, зæгъгæ, сæ фарсхæцджытæ дæр разынди, æмæ сын уæд Батыр бауайдзæф кодта:

— Фæрæдыдыстут дыууæйæ дæр æмæ лæппуйæ хатыр ракурыны бæсты уæхи рæстытæ кæнут. Цы уæ хъуыддаг уыди искæй чингуыты джигул кæнынмæ, гыццыл сывæллæттæ ма стут?!

Уыцы уайдзæфмæ Качыр æнæдзургæйæ Фарузы басхуыста, æмæ уый, стыр диссагæн, сæ фарс куы рахæцид:

— Æмбæлтты астæу хъазгæйæ исты ныхæстæ рауайы. Æмдзæвгæтæ æфхæрыны тыххæй нæ кастысты, æмæ ныхас æгæр карз цæмæн кæнæм?!

Гæвди йæм фæхъуыста, стæй бафиппайдта:

— Æмбæлтты астæу хæлары хъæзтытæ рауайы, фæлæ худгæйæ, дæлджинæг кæнгæйæ хъæзтытæ сты æфхæрæн, мæстæймарæн мадзæлттæ...

— Æз дæр уый зæгъæг дæн, æмæ хатыр ракурут лæппуйæ! — цæхгæр алыг кодта быцæу ныхас Батыр.

Уыцы изæр æмдзæрæны тыргъы Фаруз Гæвдийы фæурæдта æмæ йæ фæрсы:

— Абоны къухфыст æмдзæвгæтæ дæм аивадон æгъдауæй та куыд фæкастысты?

— Кæмæ нæ куыд фæкастысты аивадон æгъдауæй, уый алкæмæн йæхи хъуыддаг у, фæлæ ды æхсæнадон уагæвæрд халджыты сæрыл кæй хæцыс, уый сæрмæ хæссинаг нæу.

Лæппуйы æргом уайдзæфæй чызг фесхъиуæгау кодта, цыма йыл уазал дон бакалдæуыди æваст. Йæ цæсгом фыццаг асырх, стæй афæлурс, æмæ афарста:

— Уыйбæрц хъыг дæм фæкасти мæ ныхас?

— Хъыгагыл рæстаг адæймаг хъыг кæнын куынæ зона, уæд зылынты фарс у. Цыфæнды лæмæгъ кæд уыдысты нæ ахуыры æмбалы æмдзæвгæтæ, уæддæр йæхи хъуыдытæ, æнкъарæнтæ сты, æмæ йын сыл мах адæмы цы уагæй худын кæнæм, уый ма мын бамбарын кæн?! — тызмæгæй фæрсы.

Чызг азымджын сывæллонау лæугæйæ баззад, исдугмæ зæгъын ницыуал бафæрæзта, стæй, хатыр курæгау, фæрсы:

— Уæдæ фæрæдыдтæн, зæгъыс?

— Æз цы хъуыды кодтон, уый загътон. Дæ ныхæстыл та дæхæдæг асагъæс кæн, æмæ уыдонимæ мæнмæ ис иунæг фарста: цы ис дæуæй дыууæ æнæуаджы астæу хорзæй, фæзминагæй?

— Уыдонæн æви мæнæн?

— Уæ дыууæтæн дæр...

Уыцы бæрæг быцæу ныхæстæй фæстæмæ Алæджыхъо æмæ Качыр кæрæдзиуыл тынгдæр узæлын байдыдтой. Курсы иумæйаг æмбырд скæнын дæр нæ бантыст, æвæццæгæн, къухбакæнæнтæ ссардтой ахуыргæнджытæй кæмæдæрты, æмæ рæстæгмæ басабыр кодтой сæ дæлбар ахуырдзауты. Фæлæ Алæджыхъо йæхи кæлæхы галау сабыр ауагъта. Бæрæг хиуылхæстдæрæй дзуры йе 'мбæлттимæ. Курсы чызджыты зынгæдæртимæ арæхдæр æмбæлы. Куы уынджы фæцæйтезгъо кæны семæ, куы рацæйхизынц кæсæндонæй, кинойæ, театрæй... Цалдæр хаттæн сæ Гæвди хибарæй ныхас кæнгæйæ баййæфта æмдзæрæны тыргъты. Уæдæ Гогиимæ та сыхаг чызджытæм æдзух бадæндон скодтой афонæй, æнафонæй...

Гæвдимæ хардзау кæсын райдыдтой йæ ахуыры æмбæлтты æнæуаг митæ дывæрсыгæй: иуæй, фыдæх æмæ æдзæстуарзонæй архайынц, иннæмæй, хуырым æмæ æнæрхъуыдыйæ кæнынц æмбалиуæг, афтæмæй дыууæ хуызы къордæн æхсæнадон уагыл царды хæрзтæй иумæйагæй æппындæр ницы и. Цы сты, Баты-

ры загъдау, Алæджыхъо, Гоги æмæ Качыр, стæй уыдонæн «ыссы» чи кæны, уыцы хъузæттæ? Цард æнадгæнджытæ, хъазты къулыбадæг чегъретæ, фæсивæды хуыздæрты æгадгæнджытæ. Æмбалиуæгæн рæстаг, цæстуарзон, æууæнкджын æмæ хæларзæрдæ адæймæгтæ цæуынц фæзминаджы, удыбæстæйы лæггæдты. Мадæй райгуыргæ æфсымæртæ æмæ хоты цинтæ исынц Инал, Батыр æмæ Хасаны хуызæн æмбаргæ хистæртæ сæ ахуыры кæстæр æмбæлттæй. Хидарыны уагыл сæ фæзминаг миниуджытæй райгонд вæййынц, сæ рæдыдтæ сын скæнынц маст, æмæ уый мидæг и фæлтæрты бастдзинад. Цас фылдæр æмбæлы Гæвди йæ уæздан, æгъдауджын, æрхъуыдыджын, цæстуарзон æмбæлттимæ, уыйбæрц райгондæй кæсы æхсæнадон цардмæ. Ахуыры æмбæлттæ Гæвдимæ кæсынц иу цæрдхъом рæзгæ бæласы цæнгтæ æмæ сыфтæртау. Се 'ппæтæн дæр ис иу мад — зæхх, уым сты сæ удыхостæ — сæ уидæгтæ, æмæ уыцы уидæгтæй зæххы сой чи цас цъиры, уымæ гæсгæ у йæ хуыз, йæ ас дæр. Цардæгас бæласы цæнгтæй иутæ уæлдай ставддæр, хихджындæр вæййынц, иннæтæ — бæрæг лыстæгдæр æмæ æнæхихдæр. Уыцы хуызы сæхи равдисынц сыфтæртæ дæр фæлысты уагыл: кæм — бæзджындæр æмæ цъæхдæрæй, кæм та — тæнæгдæр æмæ фæлурсдæрæй. Уалдзæгæй фæззæгмæ цардхъом бæласы хихтæ æмæ сыфтæртæй иутæ куыд лæмæгъдæрæй рæстæгæй раздæр бахус æмæ сбур вæййынц, иннæтæ æрдзон уагыл сырæзынц æмæ акалынц сæ фæззыгон дарæс.

Гæвдийы ахуыры æмбæлттæ дæр бæласы хихтæ æмæ сыфтæртау равдыстой сæ удхъомысы мидис æмæ хуыз кæм бæрæг уæлдай бæллиццагдæр, фæзминагдæрæй, кæм та — фауинагдæрæй. Фауинæгтæ, гæбæр далыстау, сты нымадæй цалдæр, фæзминæгтæ та — бирæ. Гъемæ, рæзгæ фæлтæры цæсгом чъизи кæнынц уыцы иугæйттæ æхсæнады минæвæртты номæй, стыр хъыгагæн. Батыр дæр институты студент æмæ Алæджыхъо дæр, Фаруз дæр чындздзон чызг æмæ Качыр дæр ахуыры, амонды фæндагыл цæугæйæ.

Батыр, Инал æмæ Хасан ахуыры раззагдæртыл цас нымад сты, уыйбæрц сæхи дарын дæр зонынц. Фæстауæрцæй кæсынц царды хæрзтæм. Батырæн цардæмбал ис, фæлæ Инал æмæ Хасан лæууынц сæ амонд агурыны фæндагыл, ис сын зæрдæвæрды чызджытæ. Уыдонæн нымд кæнынц ныфсæвæрдæй, æууæнкджынæй, æмæ сæ уый тыххæй Гæвди уæлдай тынгдæр нымайы. Иумæ фембæлгæйæ цы лæппуты хиуылхæст, цы чызджыты къуыз-

гæ æфсарм. Сæ ахастытæ сын хорз чи нæ зоны. уый нæ бамбардзæни, чи сæ кæй уарзон у æмæ чи кæмæн лæггæдты цæуы, уый.

Иналæй ма хъазæн ныхæстæ дæр схауы, фæлæ Хасан иугæндзоны хиуылхæстæй йæхи дары. Дыууæйæн дæр сæ фидæны цардæмбæлттæ ахуыр кæнынц æндæр рæтты, фæлæ арæх бауайынц кæрæдзийы бæрæггæнæг, æмæ сæм Гæвди кæд тæхуды нæ бакæны! Цы ма уа чызгæн дæр æмæ лæппуйæн дæр кæрæдзийы нымайынæй, кæрæдзиуыл æууæндынæй хуыздæр фидæны хуыздæрмæ тырнгæйæ?! Царды ныфс хицæн адæймæгты ныфсытыл æнцайы, æндæр дзы æхсæны ард хæрæндон нæй... Инал æмæ Хасаны фидæны цардæмбæлттæ уынд-конд цух не сты, æгъдауæй — фæзминаг, ахуыр куыд кæнынц, уый нæ зоны... Фæлæ ахæм зæрдæргъæвд, хъуыдыджын лæппутæ ахуыры лæмæгъдæр чызджыты куыд равзæрстаиккой?!

Цымæ, цы хуыз равдисиккой Гæвди æмæ Фаруз та уыдоны уавæры?! Цас сарæхсиккой сæ амонды фæндагыл иумæ цæугæйæ? Инал æмæ Хасан сæ фидæны цардæмбæлттимæ рагæй зонгæ сты. Хъæууон скъолаты куы ахуыр кодтой, уæд бацыдысты кæрæдзийы æууæнчы фидæны ныфсæвæрдæй, æмæ сын æнцондæр у ныр кæрæдзийы ныхас æмбарынæн. Фарузы гыццыл рæстæг зоны Гæвди. Институтмæ æрбацæуыны размæ йын зæрдæхсайгæйæ лæппу зонгæтæ ма уыдаид, уый зын зæгъæн у. Ам дæр ын ис зонгæтæ. Фæлæ бæстон ныфсæвæрд кæй нæу зонгæ лæппутæй, уый та зыны йæ уагыл, æмæ йын цы хуызы бамбарын кæна йæ фæндон?..

Зæрдæйы фæндонæн бæллиццаджы нысæнттæ цас фылдæр вæййы, уыйбæрц сæм райгонддæрæй тырны. Æхсæвæй, бонæй цæстытыл уайы чызджы фæлгонц. Кæрæдзийы куынæ уыной, уæддæр æм йæ зæрдиаг худын, æхсызгон хъæлæсы уаг, тæлфгæхъæлфгæ къæхты уынæр фæдисы мырмырæгтау хъуысынц. Цыдæр æнахуыр тыхтæ сæ кæрæдзимæ æхсызгоны тæгтæй æлвасынц, фæлæ кæрæдзийæн сæ бон комкоммæ хæрзты бацæуын нæу æнахуыры диссагæн. Иу бон уыдзæни, æмæ цæстæнгасæй дæр кæрæдзийы фæцагурынц, иумæ алæууынмæ, абадынмæ, аныхас кæнынмæ бæллынц. Иннæ бон уыдзæни, æмæ адæмы змæлды аныгъуылынц, кæрæдзийы фæрсты ахизынц бынтон æнæзонгæтау. Ноджы ма иу диссаг: хибарæй алæууыдысты, æргом ныхасæн сын фадат фæци, уæд фыдæнæнгæнæгау сæ цуры хъуамæ исчи алæууа гæбæлы гæрзгæнæгау, æмæ фæсуйтæ

уой. Цал хаттæн амбæлдысты уынгты, æхсæнадон агъуысты тыргъты, кæсæндæтты, фæлæ Фарузæн йемæ хъуамæ исчитæ уа хъыгдарыны хосæн, цыма сæ барæй ардаугæ счындæуы.

Цыфæнды сусæг æнкъарæнтæ ма уæнт иугъæдоны хиуылхæстæй чызг æмæ лæппумæ, уæддæр фергом вæййынц адæмы хъусдардæй. Гæвди йæ бæллиццаджы фæндон Инал æмæ Хасанæн дæр нæма ской кодта, стæй йæ уымæй фæрсгæ дæр нæ бакæндзысты. Фæлæ Фаруз æуунæндагæй рæузонд у æмбæлтты астæу, æмæ йæ сусæг хъуыдытæ æнæ æргом ныхасæй дæр сæхи равдисынц. Ноджы йын ахæм цæстфæлдахæг хæлæрттæ и. Качыр æмæ Алæджыхъо æмвæндæй æмдзырд басгуыхтысты, æмæ райдайæнæй фæстæмæ архайынц Фарузы æууæнчы цæуыныл. Æппын сæ хъуыддаг кæм нæ уа, уым дæр сæ фыдæх митæн бынат ссардзысты... Кæд исчердыгæй тугхæстæг сты, зæгъгæ, хъуыдыты аныгъуылы Гæвди æмæ афæнд кæны йæ бафæрсын... Афтæмæй бонтæ цæуынц. Æртыккаг ахуыры аз кæронмæ фæхæццæ кæны, æмæ хуыздæр æнхъæлæй йæ сыгъдæг æнкъарæнтæ мастыхос фесты. Хиндзыдау размæ не 'ккуырсы йæ хъуыддаг... Ахуыры фæндагыл йæ ныфс, мыййаг, нæ асаст. Ныфсхастдæрæй, бæрнондæрæй цы æххæст кæны йе 'рвылбоны хæстæ æхсæнады раз, æндæр æм æвдæлоны, уæнгмарæны митæ нæй. Æмхастæй дæтты ирон æмæ уырыссаг хайæдты фæлварæнтæ æмæ æнтыстджынæй æртыккаг ахуыры аз кæронмæ фæхæццæ кæны...

Уыцы хъуыдытимæ, фæссихæртты институты уæладзыджы гом рудзынгæй уалдзыгон æрдзмæ кæсынтыл куыд фæци, афтæ Фаруз йæ фарсмæ алæууыди æмæ йæм сонтæй дзуры:

— Иунæгæй та хъуыдыты аныгъуылдыстæм, нæ...

— Цæмæн иунæгæй, дыууæ не стæм? — фæрæвдз æм Гæвди.

— Ныр дыууæ баистæм æнæнхъæлæджы, хæддзуйæ, — дзырдмæ дзырд ары чызг цыдæр æргомæй, æмæ Гæвди йæ сæр батылдта, стæй ныхас агайы къахæгау:

— Æнæнхъæлæй царды дзæвгар цаутæ æрцæуы, стæй хæддзуйы митæн дæр æфсæнттæ вæййы. Мæнмæ дæр ам алæууынмæ хонæг ничи арвыста, æмæ ды дæр де 'рбацыдыл фæсмон ма фæкæн. Тыхбегара ныл нæй, кæрæдзийæ ницы хæсджын стæм. Ныхасы цъусдуг нæ кæд алæууын бафæнда, уæд хорз, науæд хъæсдарæг — æназым.

— Цас хъуыдытæ алхынцъытæ кодтай иумæты. Мæнæн уыйбæрц дæлгоммæ ныхæстæ райхалын мæ бон нæу. Уæдæ мæхи

дæр никæмæн буц кæнын хонæг арвитыны онг. Фæлæ ирон чызгæн æнæ хонæгæй хæддзуйæ цæуын æхсæны хъазтмæ дæр нæ фидыдта, фæзæгъынц хистæртæ, æмæ уый дæумæ куыд кæсы?

— Куыддæриддæр уыди, афтæ мæм раст кæсы. Лæппумæ дæр æгъдауыл, уагыл хабархæссæг æмбæлди, чызгмæ дæр, æмæ æнæ кæрæдзийы зонгæ-зонын, сыхæй сыхмæ, хъæуæй хъæумæ, комæй коммæ цины дæр нæ цыдысты, зианы дæр.

— Уыдон-иу сыхы, хъæуы, комбæсты чызг æмæ лæппуфæсивæд, мах та — алы хъæутæ æмæ кæмттæй æрцæуæг. Цы нæ хъуамæ иу кæны æгъдауы уагыл?

— Иумæ кæй ахуыр кæнæм, уый. Фидæны ахуыргæнджытæ кæй уыдзыстæм, уый. Уыдон фаг не сты нæ иумæйаг уавæрæн? Уæд ма ис æндæр цæвиттонтæ æрхæссæн дæр.

— Ды чиныджы фыстау хъуыдытæ кæрæдзиуыл æнгом бæттыс, фæлæ цардæн йæхи домæнтæ ис, æмæ фæндæттæ нæ сæххæст вæййынц. Гъестæй, ирон царды чызг æмæ лæппуйы бартæ иу не сты, æмæ цыфæнды фæндонæн дæр цæлхдуртæ разыны.

— Уыцы уавæр иннæ адæмтæй дæр кæмæдæрты ис. Нæлгоймаг æмæ сылгоймагæн кæмдæрты сæ бартæ ныхмæвæрд фесты суанг бинонты иумæйаг царды дæр, æмæ дзы дæумæ раст цы нæ кæсы?

— Бирæ цыдæртæ, — бахудæгау кодта Фаруз.

— Сæйрагдæрæн цы? — фæсабырдæр кодта йæ хъæлæсыуаг Гæвди, ныхасы нывæзты райдайæныл арæхстджынæй хæцгæйæ.

— Кæд мын ме 'ргом ныхас æнæуагыл нæ банымайдзынæ, уæд чызгæн йæ фæндон зæгъыны бар нæй лæппуйы разæй, цыфæнды уарзт æй куы кæна, уæддæр. Лæппутæ та чызджыты уыцы уавæрæй пайда фæкæнынц æмæ сæрбæрзондæй архайынц армукъайы сæудæджер нæлгоймæгтау сæхи æргъытæ уæлдæр æвæргæйæ. Лæппуйæн уыцы иу рæстæгыл цалдæр чызджы уарзыны бартæ дæр ис, чызгæн та æргомæй иуы уарзын дæр дзырддаг свæййы. Лæппуйы ус кургæйæ фæрсæг нæй, цал чызгимæ æруæдтытæ кодта æнафæтты, æнæрæтты, уымæй. Чызг иунæгимæ куы ауайа, уæддæр дзырддаг фæвæййы. Усгур лæппу дæс сылгоймаджы ад куы бавзара бинонты хъуыддаг бакæныны размæ, уæддæр æй азымы ничи бадардзæни. Чызгыл, бецау — йæ бон, иу хатт рæдыд куы 'рцæуа йæ уарзонимæ, уæддæр, æндæрмæ чындзы цæугæйæ, койаг свæййы йæ ног хæдзары, суанг æгадæй фæстæмæ арвитыны онг.

— Цыбыр дзырдæй, лæппутæн — уæгъдибар цард, чызджытыл сахсæнтæ сæвæрдта ирон цардыуаг, æмæ хъизæмарæй мæлынц, — комкоммæ кæсгæйæ загъта Гæвди, фæлæ чызджы æргом хъуыдытæй разыйæ баззад.

— Уæгъдибарæй — куыдфæнды æмæ æнæууæнк. Мæгуыр чызджытæн сæ сæртæ разилын кæнынц алы фæдфæливæнтæй, стæй сæ рохуаты ныууадзынц æндæртыл зилгæйæ, — йæ къух ауыгъта Фаруз, мæстджынæй дзургæйæ, æмæ Гæвдийæн фадат фæци бафæрсынмæ:

— Хатыр бакæн ме 'ргом фарстæй, фæлæ дæуæн нæ уыди зонгæ лæппутæ?

— Уыди, æмæ сæ иуыл бафтыдтон ме 'ууæнк астæуккаг скъолайы, фæлæ йыл дæсæм къласы фæуынмæ быдыры хуым кæнгæйæ, цыдæр фехæлд, æмæ фесæфти, — йæ къухты æнгуылдзтæ къæрццытæ кæныныл фæци Фаруз адæргæй, æмæ Гæвди хорзау нал уыд. Исдугмæ æдзæмæй алæууыд, стæй дзы хатыр ракуырдта, аудæны хъæлæсæй дзургæйæ:

— Мæ бафæрсын дæм хъыг ма фæкæсæд! Иу иннæйы царды хабæрттæ алкæд нæ фæзоны. Бирæ мæстытæ бавзарын кодта адæмæн хæст, æмæ хорзæй дæ зæрдыл лæууæд дæ ныфсæвæрды фыццаг æмбал! Фæлæ удæгас адæймагæн мæрдты рухс цæсгæмттæн аргъ кæнгæйæ, мысгæйæ цæрын хъæуы адæмы уагыл. Хæстæй сæ уарзæттæ, сæ цардæмбæлттæ кæмæн нал раздæхтысты, уыцы чындздзон чызджытæ æмæ мадæлтæй бирæтæ сæ дыккаг амæндтæ нал бацагуырдтой, бадгæйæ баззадысты, æмæ дæм уый раст кæсы?

— Зæрдæйæн конд и, стæй дыууæ адæймаджы кæрæдзиуыл цас æнувыд вæййынц, уымæй баринаг сты сæ ахæстытæ. Нæ хъæуы хæстон фæлтæры чызджытæй уарзон лæппутæм æнхъæлмæ кæсгæйæ чидæртæ бадгæйæ баззадысты, нал сæ бандæвта æндæр амонд. Уæдæ йæ цардæмбалы фесæфты фæстæ æнæ цотæй чи фæбадти, ахæмтæ дæр уыди æмæ ис. Уыдонæн азымы дарæн нæй, зæрдæйы æнкъарæнтæн рохтæ хъæуы, фæлæ бæрцыл, æрхъуыдыйыл. Æнæ уыдæттæ нымайгæйæ та цард цæрынæн у. Иу адæймагæй æз сылгоймагæн æвзонджы бонты æнæ цардæмбал, æнæ цотæй фæбадыныл разы нæ дæн нæдæр фыды уæзæгыл, нæдæр лæджы бинонты астæу, уымæн æмæ фыдохы, идæдзы бадæг сылгоймаг йæ бирæ тухæнтæ, мæстыты уæлдай дзырдтаг-койаг свæййы бынтон æнаххосæй, æнæцамæй дзырдмондаг дзæгъæлдзыхтæн.

— Раст зæгъыс, раст! — райгондæй йын æвдисæн фæлæууыд Гæвди. — Мæрдтæм æмбæлттæ дæр нæ хъæуы, хуынтæ дæр. Адæм кæрæдзийæн цы фæуинаг сты хорзæй, æвзæрæй, уый — ам, уæлæуыл. Мæрдты хорз нæмттæ мысгæйæ удæгæсты уæлон хæстæ ноджы фылдæр фæвæййынц, æмæ алы карæн дæр йæхи митæ, йæхи фæлыст æмæ хардз. Абоны хардз райсомæн ауæрдын нæ хъæуы, алы бонæн дæр — йæхи кувинаг, йæхи дзуринаг. Иугæр ныхас рауад не 'хсæн, уæд ма дæ фæрсын иу хъуыддагæй, æмæ мын æргомæй дзуапп ратт. Зæрдæвæрды лæппу зонгæ дын ис æви нæй?

Фаруз йæ мидбылты бахудти, къæхтыбынæй ныуулæфыд æмæ райгонд хъæлæсыуагæй загъта:

— Лæппу зонгæтæй зæрдæвæрджытæ ис, фæлæ сæ ныхасæн цас хицау разындзысты, уый у фæрсыны аккаг. Куы ма дын загътон амæй размæ мæ хъуыды.Митæй мæсгуытæ фæцамайынц, зæрдæтæ февæрынц, фæлæ абоны онг, цы йæ 'мбæхсон, зæрдæвæрды зонгæ лæппу нæма и мæнæн. Хуылыдз æвзаг чердæмыты нæ тасы. Йæ дзых риссы чызгæн дæр æмæ лæппуйæн дæр «бирæ дæ уарзын» зæгъынæй! Уарзынтæ æмæ нымайынтæ дзыхæй дзургæйæ не сты, нæ! Уарзгæ чи фæкæны, уый йæ дзургæ нæ кæны. Уый йæ зæрдæйæ, удæй исы масты æмæ цины фæлварæнтимæ, — йæ цæстытæ фæскъæвдайы рæгъæд хъæлæрдзыйы нæмгуытау цæхæртæ акалдтой чызгæн, æмæ Гæвди, комкоммæ кæсгæйæ, дисы бацыди, цыма йын йæхи хъуыдытæ дзырдта къахæгау...

Исдугмæ хъусæй алæууыдысты кæрæдзийы мидулæфтмæ, стæй чызг афарста:

— Ды та цы цæстæй кæсыс дыууæ адæймаджы астæу æууæнчы, зæрдæвæрды нысæнттæм?

— Кæд дæ раст бамбæрстон, уæд ацы фарстайы нæ хъуыдытæ цæмæйдæрты æмхуызон сты. Зæрдæйæ цæуынц сыгъдæг æнкъарæнтæ, фæлæ сын хъæуы раст уагыл зонд æмæ æрхъуыды, науæд цæхæры дæр смидæг вæййынц, фаджысы сæрыл дæр алæууынц. Чызг æмæ лæппуйы æхсæн цы ахастытæ вæййы, уыдон алыхуызæттæ сты, фæлæ адæмы раст уагыл сæ бафæзминаг миниуджытæ дæр æмæ сæ бафауинаг миниуджытæ дæр баргæ сты æууæнчы тæразæй бæрцыл, æфсарм æмæ нымды уагыл. Бонæн фых, æхсæвæн хом чи кæны, уыцы чызг æмæ лæппуйы 'хсæн хорзæй ницы вæййы, мæнмæ гæсгæ. Уарзынтæй хъазт сæрцæвынтæй хъазынæй уæлдай нæу. Лæппу дæр æмæ

чызг дæр йæ сæр сæрмæ хъуамæ хæсса æууæнкджынæй, цæсгомджынæй. Адæймаг цыфæнды кары дæр йæ ныхасæн хъуамæ фидарæй хицау уа. Æууæнчы бацыдтæ, дзырд радтай, уæд æй сæххæст кæн, науæд æнæууæнчы, æнæрады кады дзырдтæ дымгæйæ хъауджыдæр не сты. Дыууæ адæймаджы сæ цард баиу кæныны размæ хъуамæ кæрæдзийы базоной, бамбарой. Сонтмонтæй æваст кæрæдзийы чи бауарзы, уыдон зæрдæйы фæндоныл цæуджытæй вæййынц, æмæ се 'хсæн уымæн рауайы рæстæгмæйы æнæзонд, æнæрхъуыды митæ. Искæмæн зæрдæ бавæрыны размæ зонын æмбæлы йæ зæрдæйы уаг, йе 'уæнк, æнæ уыдонæй уæвæн нæй сыгъдæг æнкъарæнтæн. Бонæн ивд чи кæны йæ хъуыдытæ, уый йæхицæй хъазы, уый уарзты адæн ницы 'мбары.

— Ды куыд хъуыды кæныс, афтæмæй адæймагæн æнæ бæстон базонгæйæ æууæнчы, зæрдæвæрды дзырд раттын у рæдыд хъуыддаг, — фæурæдта йын йæ ныхас Фаруз.

— Æууæнчы, зæрдæвæрды дзырдтæ алыхуызæттæ вæййынц. Цыфæнды уавæры дæр рæстаг адæймаг хъуамæ рæстыл дзура, æууæнкджынæй архайа йæ алыварсы адæмимæ. Хъæдбынмæ иунæгæй куы бацæуа, уæддæр йе 'ууæнкæн нымд кæна хъуамæ. Фæлæ мах ам æндæр ахæстытыл дзурæм. Усгуры кары лæппу æмæ чындздзоны кары чызг кæрæдзийы хорз куынæ зоной, куынæ нымайой, уæд сын æууæнчы, зæрдæвæрды дзырд раттæн цы 'гъдауæй и? Иу адæймагæй æз мæ дзырдæн хицау дæн, дæуæн нæ зонын, — бакасти йæм фæрсæгау, æмæ чызг йе 'рфгуытæ фелхынцъ кодта, стæй, тæрхоны раз лæуугау, бафиппайдта:

— Æз дæр куыдфæндыйæ мæ зæрдиаг дзырдтæ алкæмæн нæ фæкæнын, фæлæ абоны онг зæрдиагæй фæндоны ныхас дæр нæма фехъуыстон зонгæ лæппутæй.

— Уый æцæгæй зæгъыс æви хъазгæ кæныс?

— Æцæгæй, уæдæ дзы хъазинагæй цы и?!

— Фæндоны зæрдиаг ныхасæн фæндоныл дзуапп раттынц, æмæ дæм разыйæ дæ дзырд сæххæст кæныны ныфс разынид? — афарста йæ æгæр сæртæгæй, æмæ Фаруз фесхъиуæгау кодта. Гæзæмæ иуварсдæр алæууыд æмæ мæстыхуызæй афтæ зæгъы:

— Цы мын æнхъæл дæ, Хуыцау — йæ зонæг! Адæймаджы куы зонон, куы йæ нымайон, аргъ ын куы кæнон, уæд мæ разыйы дзырд хъаймæты бонмæ дæр нæ фæсаин паддзах курджыты фыдæй, азарæй дæр. Фæлæ ирон æгъдауылхæст чызгæн йæ судзгæ фæндон зæгъыны бар нæй лæппуйы разæй. Лæппутæ

та сæрбæрзондæй дыууæ хуызы сæхи дарынц: иуты хъæуы рæстæгмæйы æмбæлттæ, иннæтæ æртыгай хæрзтæй иуы æвзарынц, уæддæр сæм фæндон зæгъыны ныфс нæ разыны æмæ æнæ цардæмбæлттæй базæронд вæййынц.

— Уый та сын иумæйагæй — уæззау уайдзæф, — бахудти Гæвди.

— Гъемæ, уæ иумæйаг уайдзæф цас фæрогдæр кæндзыстут , уый дæр фендзыстæм. Æнæ уымæй та — бузныг де 'ргом ныхасæй!

— Дæуæн дæр дæ амонд бирæ уæд! Зæрдиагæй дæм байхъуыстон, фæлæ дæ алæудыл фæсмон ма фæкæн.

— Нæ алæуды фæсмойнагæй ницы и, æргом ныхасы адæймаг царды æцæг хъæрæй цыдæртæ бамбары, æмæ уал хорзæй баззай, — фæцæуæг и Фаруз æмæ ма Гæвди аудæгау загъта:

— Хорзыл амбæл!..

Уыцы ныхасыл нымадæй æртæ боны рацыд, афтæ лекциты рæстæг курсы чызджытæ къордтæ-къордтæй цыдæр быцæуаг ныхæстыл схæцыдысты алы къуымты лæугæйæ. Батыр æмæ сæм Гæвди сæ хъус адардтой, уæдæ цы 'рцыди ахæмæй, зæгъгæ, фæлæ æргом бафæрсынмæ сæ ныфс нæ хæссынц... Фæстаг лекци куыддæр фæци, афтæ Зæлинæ сæ разы балæууыд æмæ сæм дзуры:

— Нæ чызджытæм æхсызгон ныхасаг ис, æмæ сæм куы байхъусиккат, уый сæ фæнды, гъемæ фæлæуут, уæ хорзæхæй!..

Мах раз сæ уагæр цы ныхасаг и, зæгъгæ, дыууæ хистæры кæрæдзимæ бакастысты фæрсæгау.

Уæдмæ се 'мбæлтты фылдæр хай ацыдысты, æмæ ма аудиторийы баззадысты чызджытæ фондзæй, лæппутæ æртæйæ. Уыдонимæ — Батыр æмæ Гæвди æнахуыр диссагæн...

Фаруз сыл хъуыддагхуызæй йæ цæст ахаста уыцы æнæдзургæйæ, стæй къæлæтджын бандон систа æмæ йæ рымгæнæн хъилау дуары гомгæнæн хайы хæцæны хуылфы мидæджырдыгæй æнгом атъыста.

— Дуарæхгæдæй бадын аив нæу, — зæгъгæ, ма дзуры Батыр, фæлæ Фаруз йæ къух ауыгъта:

— Ницы кæны, бирæ нæ бафæстиат уыдзыстæм, — дзургæдзурын сæ разы балæууыд æмæ цыбырæй бамбарын кодта уавæр:

— Нæ ныхасæн цыппар нæлгоймаджы — æвдисæн, æмæ цы дзурæм, уый æнæ уæлдай митæй — æргомæй, чызджытæ! Гъемæ, фыццаг ныхасы бар не 'ппæты кæстæр Зинæйæн.

— Мæнæй кæстæртæ дæр ма уыдзæни, æвæццæгæн, Алæджыхъойы уарзæтты стыр номхыгъды, фæлæ мард мæгуыры къонайыл хуыздæр фидауы. Æппæтæй къаддæр æмæ æнæбондæры æнцондæр сайæныл фæнымайынц, æвæццæгæн, гуыппырсартæ. Хъæууон скъолайы мын кæнын райдыдта уарзондзинады зарджытæ. Нæ бинонтæ дæр ма йæ базыдтой. Ахуыр, дам, куы фæуæм, уæд æвæстиатæй — чындзæхсæв, — æнæкъуылымпыйæ дзуры æнæхъæн курсы чызджыты сабырдæр æмæ хиуылхæцгæдæр, æмæ йæм йе 'мбæлттæ хъусыныл фесты. Батыр æмæ Инал фæстæуæз бадынц æмæ фæрсæгау кæрæдзимæ бакæсынц, æмбырды æфсон нæ хатгæйæ. Алæджыхъо дыууæ лæппуйы астæу бадт фæци æмæ йæ мидбынат нынныгъуылд, сæр уæхсчыты нытътъыста, цыма æгъуыссæгæй тæгæр фынæй аци. Зинæ дзуапдæттæн ахуырты цыма дзырдта, уый хуызæн æнæрхæцгæйæ æмбисонд фæци:

— Фæсвæдæй та æндæртыл зылди æмæ мæныл худти алы фæсномыгтæ æвæргæйæ. Хъæуы ма куы уыдыстæм, уæд ыл ме 'нæрхъуыдыйæ æууæндыдтæн, фæлæ ам, сахары, йе 'цæг цæсгом равдыста, бонæн уарзæттæ кæнгæйæ. Уæд æй, цымæ, цал чызджы хъæуы фидæны цардæмбалæн?

— Бирæ, Зинæ, бирæ! — дзургæ-дзурын фестади йæ рахизфарсы бадæг чызг.— Дыууæ хаттæн мæм уарзоны хъарджытæ ныффыста мæнæ, — æвдисы сæ.— Æртæ хатты та мæ киномæ бахудта тыххæй. Афтæмæй зыдтон Сæниимæ сæ ахастытæ. Æмæ, зæгъын, Сæни та цы фæуыдзæни? Уый, дам, мын рæстæгмæйы ирхæфсæн у, æндæр уарзгæ дæу кæнын, æрбахъæбыс мæ-иу кодта, æдзæсгом! Уæд æй цал хъæуы, Зинæйы загъдау? Турчы паддзахау рæсугъдтæй гарем аразинаг у?

— Мæлæты рæсугъдтæ! — зæгъгæ, бахъуыр-хъуыр кодта сæргуыбырæй Алæджыхъо, æмæ йæм чызг фæстæмæ фæзылд лæбурæгау:

— Мæлæты рæсугъ ды æнхъæлыс дæхицæн, фæлæ ма кæсæнмæ бакæс, — дæ цæсгом уæртджынхæфсы хуызæн!

— Уæ фидистæ никæй хъæуынц, æмæ басабыр ут! — фæурæдта сæ Фаруз, йæхæдæг Алæджыхъойы фæрсы:

— Алæджыхъо, æмæ тынгдæр рæсугъдтыл зылдтæ æви æнцондæр сайæнтыл?

— Сæ иутыл дæр нæ, фылдæр мысæггагæй дзурут, — цыдæр ныфсæй ма йæхи фæхъæддых кодта Алæджыхъо, æмæ чызджытæ æмхуызонæй схор-хор кодтой:

— Кæсæд-ма ацы сылвазмæ исчи, не ‘ппæтæн гугынтæ æнхъæлыс?!

— Йæ рæдыдыл нæ сæтты, фæлæ нæ æмхуызонæй дæлджинæг кæны— Нæминаг у! — къухæй æвналынмæ йæм æрцыдысты мæстджын чызджытæ цалдæрæй, æмæ сæм Фаруз дзуры:

— Æдзæсгом æмæ æнæчетарæн уайдзæфтæ бирæгъæн æмбисæндтæ хæссынæй уæлдай не сты. Уал чызгæн цы зæрдæвæрды ныхæстæ фæкодта цурон æмæ цæстмæхъусæй, уыдон дзырд нæ фæуыдзыстæм. Кæрæдзиуыл нæ кæй ардыдта, нæ иуæн иннæйы фæсвæдæй йæ фыдгой кæй кодта уагъд къулыбадæг сылгоймагау, уыдон тæрхоны размæ бавдисыны аккаг сты, æмæ институты фæскомцæдисы разамонæджы номыл иумæйаг курдиат ныффыссæм.

— Ныффыссæм тæккæ абон!..

— Ахæм цæстфæлдахæг фæсивæды раззагдæрты рæнхъыты хъуамæ ма уа! — ныллæууыдысты мæстджын чызджытæ уыцы иу фæндоныл, æмæ Алæджыхъомæ уæд бахъардта, цы уавæры бахаудта, уый. Сонтæй фестади æмæ кæуынхъæлæсæй дзуры:

— Цыдæриддæр загътат, уыдон раст сты, æмæ мын бахатыр кæнут!

— Бирæ бонты дын фæхатыр кодтам адæмы æфсæрмæй, фæлæ бонæй-бонмæ фыддæр кодтай, æдзæсгом, афтæмæй партийы рæнхъытæм цыдтæ! — бауырдыг æм æнахуыр диссагæн æппæтæй хъауджыдæр Зинæ, æмæ сын уæд Батыр бауайдзæф кодта:

— Иуы азымæй азым нæй, иуы рæдыдæй — рæдыд. Стыр хъыгагæн, æназым не стут ацы боны быцæу ныхасы уе ‘ппæт дæр. Дыуузæ хистæрæй уæм фæхъуыстам сындзытыл бадæгау, æмæ уе ‘ппæты бæсты æфсæрмы бацыдыстæм. Цы нæ рахоник-кой, цымæ, æнæхъæн институты адæм студентæй ахуыр-гæнæгæй?! Нæ фæзминаг ирон факультеты фæсивæд фесгуых-тысты уарзæттæй хъазгæйæ æмæ ныр кæрæдзиуыл ерысæй тæрхондонмæ хъаст кæнынц... Абоны онг цы не ‘рцыди, ахæм худинаджы зарæг! Алæджыхъо йæхи дарын кæй нæ зоны ахуы-ры æмбæлтты астæу, уый уынæм, æмæ æвзæры æвзæрæй нæ фæзмындæуыд. Цы аккаг у, уыцы бынаты йæ слæууын кодтат, уæддæр ма къулыбадæг чегърейау «æз дæн»-æй архайы. Гъемæ йын æмгъуыд раттæм йæ рæдыдтæ сраст кæнынæн, стæй хуыз-дæр куынæ кæна, уæд нæ ныхас дарддæр айхъуысдзæни æхсæна-ды номæй. Раст нæ зæгъын? — басхуыста ма æвдисæны дарæ-гау Гæвдийы, æмæ уый мæрдджыны улæфт ныккодта дæлиа-уæй:

— Раст зæгъыс, раст, кæд æй æмбарæг и, уæд... Иу æнæуаг, зæгъы, хæххон хъæубæсты æхсæны доны фыдми бакодта, æмæ æппæт хъæубæстæ фидиссаг фесты. Алæджыхъо йæхи куыд дары, уый уынæм. Фæлæ сымах кæрæдзийы фæдыл цы ныххал стут мыдыбындзытау, дунейы æртæ хорзæй иуыл хæлоф кодтат? Ноджы ма иу фарста: уарзынтæй хъазынæн уыйбæрц рæстæг хардз кæнгæйæ ма ахуыр та кæд кодтат?

— Æгæр нæ не 'фхæрут? — афарста Фаруз.

— Уыцы фарстыл та уæхæдæг асагъæс кæнут, — дзуапп ын радта цæуынæввонгæй Гæвди, фæлæ йæм чызг хæстæгдæр балæууыд æмæ йæ сусæгæй дзурæгау фæрсы:

— Афтæ тынг ныл дæ зæрдæ фæхудти?

— Зæрдæхудтæй хъуаг не стут æмхуызонæй дæр, фæлæ дæуæн уый æнхъæл нæ уыдтæн, — мæстджын хъæлæсæй дзуры Гæвди, æмæ чызг йæхицæй расомы кодта:

— Мæ мард фен, кæд уымæн фæндоны хъуыды кой дæр искуы скодтон!

— Хуыцауы уазæг у, фæлæ фæндонæй, æвæндонæй цыдæриддæр кодтат, уый уæхи хъуыддаг у, — иувæрсты цæугæйæ йæ къух ауыгъта Гæвди, фæлæ йæ чызг уромы æмæ лæгъзтæгæнæгау дзуры:

— Гыццыл ма фæлæуу æмæ мæм байхъус! Сымах сæр хъуыды кæнгæйæ нæ ныхас уæддæр фæлмæндæр рауади, æндæр карздæрæй дзуринаг уыдыстæм.

— Мах сæры разæй уæхиуыл куы ахъуыды кодтаиккат, уæд уæ 'хсæны быдзæу хъазæнтæ нæ сарæзтаид. Фæлæ æмхуызонæй дæр уæ сæр сæрмæ нæ хæссут, уæхицæн аргъ кæнын нæ зонут. Кæм ахуыр кодтат, ууыл уæддæр æмбæлди ахъуыды кæнын. Кæрæдзиуыл уæ куы сардыдта, уæд ыл ныр æхсæны хъасты гæххæтт фыссут.

— Æмæ куы сразы стæм уæ фæндоныл.

— Æниу, ма сразы ут, æмæ бынтондæр фæдзырддаг уат...

— Нæ фырмæстæй нæм уыйбæрц æрхъуыды нал разынди, æмæ нын бахатыр кæнут!

— Махæй цы хатыр курут? Иу адæймагæй уæ æз мæхицæн пайдайагæй ницы агурын. Рæстагæй хæсыл цы нымайын, уый фæзæгъын, æмæ раст ныхас чи бамбара, уый — арфæйаг, иннæмæн йæ бар — йæхи.

— Æз дæ æмбарын, фæлæ мыл ды не 'ууæндыс, æмæ дын абоны быцæу ныхас уæлдай дызæрдыджы хос фæуыдзæни.

— Дзæгъæлы дæм афтæ кæсы. Кæрæдзийы æмбарынæн бирæ цыдæртæ хъæуы æмæ уыдоны астæу сæйрагдæр — æфсарм, æууæнк. Æнæ фæрæдигæ ничи у. Иу æмæ дыууæ рæдыды алчи дæр фæкæндзæни, фæлæ уыцы иу цæлхдурыл æдзух дæ къæхтæ куы къуырай, уæд уый худинаг у. Цæмæй дыл адæймаг йе 'ууæнк бафтауа, уый тыххæй та хъæуы хæрзудыбæстæйы рæстаг хæрзты цæуын адæмы иумæйаг уагыл. Абон кæд цыфæнды мæстджынæй дзырдтат, уæддæр уæ ныхæстæн кæронмæ хицау не стут. Ивылд доны уылæнтау дыууæрдæм рассæнд-бассæнд кæнут, æмæ уыл афтæмæй куыд ис кæронмæ æууæндæн? Æз дыл куы бауушæндон, уæд де 'ууæнкæн кæронмæ хицау разындзынæ?

— Уый, цæй тыххæй уа, уымæ гæсгæ.

— Рæстаудæнæй цæйфæнды тыххæй дæр уæд адæймаджы царды сæйрагдæр хъуыддæгтæй.

— Фæндоныл, рæстагыл æууæнкæн разындзынæн хицау, æмбарæг мæ куы уа, уæд.

— Æмбарæг æмæ хъуыдыгæнæг цыфæнды уавæрты дæр.

— Цины дæр, масты дæр...

— Уыцы фидар ныхасæй дыууæ адæймаджы кæрæдзиуыл се 'ууæнк куы бафтауынц, уæд свæййынц хъаймæты бонмæйы æмбæлттæ иумæйаг хæстæ æмæ бартимæ, цыфæнды фыдуавæрты куы бахауынц, уæддæр, æмæ разы дæ ахæм ныхасыл?

— Чызджы разыйы дзуаппы разæй лæппуйы фæндоны ныхас вæййы æууæнчы сæрæвæрæн, райдайæн.

— Фæндоны ныхас куы фехъусай, уæд ын æууæнкджынæй разыйы дзуапп ратдзынæ?

— Кæмæй йæ фехъусон, уымæ гæсгæ дзуапп дæр. Æрмæст — æргомæй, æнæ дæлгоммæгæс ныхæстæй, æнæ бонæмгъуыдтæй. Ды хатыр бакæн, фæлæ æмгъуыдтæй дæ усгуры карæй фæхизыс, æмæ рæстæг цæуы.

— Ды дæр сæ лæппынтæй нал дæ.

— Нал дæн, фæлæ æнæ зæрдæвæрды æргом ныхасæй цы мæ бон у?

— Æз иугæр фæндоны ныхас куы зæгъон, уæд æй сæххæст кæндзынæ?

— Цы хуызы йæ зæгъай, уымæ гæсгæ æххæст дæр.

— Хуымæтæджы цыбыр хуызы: кæрæдзиуыл æууæндæм, кæрæдзийæн аргъ кæнæм, æмæ нæ абоны ныхасæн нæхицæй уæлдай æвдисæнтæ нæма хъæуы.

— Дæн, æмæ мæнæй дзырд ахæссынæй ма тæрс!..

* * *

Чызг æмæ лæппуйы астæу сыгъдæг æнкъарæнтæ цас рæстагдæр, фæзминагдæр вæййынц, уыйбæрц сын фылдæр зынтæ февзарын кæнынц фæндоны дзырд раттыны размæ. Судзгæ бæллицтæн та авд дуары мидæг æхгæдæй дæр басусæггæнæн нæй. Уарзты цæхæр æнæ фæздæг акалгæйæ нæдæр цырен кæны, нæдæр мынæг. Æппын ницы, фæлæ сусæг уарзæттыл сæ цæстæнгас дæр комдзог цæуы цыфæнды фырнымд æмæ хиуылхæстæй.

Фæндоны ныхас æрцыди Фаруз æмæ Гæвдийы æхсæн бæрæг хиуылхæстæй, æрмæст дзуапп нæма радтой кæрæдзийы æхсызгондæр фарстæн. Фæрсæг сонт у, дзуапдæттæг та — ныфсæвæрæг. Гæвди йæ судзаг фæндон нæма загъта чызгæн, æнæ уымæй та ныфсæвæрды дзуаппæн уæвæн нæй. Фæлæ дыууæрдыгæй хæсджындæр кæй фесты кæрæдзийæ, уый хатынц. Сæ миддуне тæразыл æвæрдау дыууæ дихы фæци. Иуырдыгæй, æгъдау хæсджын фесты, иннæрдыгæй та акастысты барджыны цæстæй кæрæдзимæ. Амæй размæ сæ цардвæндаджы арвыл бæллиццаджы рухсæй цæхæр калдтой мингай стъалытæ, ныр уыдоны астæуæй бæрæг ирддæрæй зынын райдыдтой дыууæ уæлдай æввахсдæрæй.

Хæсджын-барджынæй фидауы цард. Иуы æууæнкæй æууæнк нæй, иуы ныфсæй — ныфс. Цыдæр æнахуыр диссагæн сæ дыууæйы миддуне ныфсхастдæрæй, æууæнкджындæрæй сдзырдта, цæстæнгас фæирддæр, хъуыдытæ сыгъдæгдæрæй арвы кæрæттæм авнæлдтой, ахуыры фæндаг фæрухсдæр бонивайæны сæуæхсидау.

Дыууæ уарзоны сæхицæй дарддæр никæйуал фæуынынц, зæгъгæ, ныхасæн баззад, фæлæ уыцы хъуыды æппæт уарзæттæм нæ хауы. Уарзæтты миддуне иугъæдоны хиуылхæстæй йæ хуыз бæллиццагдæрæй равдисы. Æфсармы, нымды фисынтыл амад æрцæуынц æнæцамы уæлмонцдæр æнкъарæнтæ. Адæм та сты алыхуызæттæ æмæ фæйнæ уагыл æмбарынц царды хъæр. Гæвди æмæ Фаруз цас фылдæр цæуынц кæрæдзийы æууæнчы нымд æмæ æфсармæй, уыйбæрц дзырдамонддæр кæнынц, æмæ æгæр дзырдамонд — койаг. Ноджы Алæджыхъо ног диссæгтæ фæлдахы. Æмдзæрæны йæ бынат аивта æмæ мысæггагæй ахуыры æмбæлтты Гæвдийыл ардауы æргомæй, сусæгæй. Дыууæ фæлтæрæн йæхи лæбурæг дæр скодта, ды, дам, мыл сардыдтай чызджыты...

# ФÆЛВАРÆН УРОКТÆ

Институт фæуыны размæ студенттæ алы факультеты дæр дыууæ фæлтæрæн лæвæрдтой уроктæ сахары æмæ хъæуты скъолаты: фыццаг хаттæн — æртыккæгæм курсы, дыккагæн — цыппæрæм курсы. Ирон факультеты студенттæ практикон ахуыртæм цыдысты сахары иунæг ранмæ... æмæ йæ буцдæрæн хуыдтой ирон скъола. Хæстæг хъæуты скъолатæй та практикон ахуыртæ цыдысты дыууæ раны — Джызæлы æмæ Ногиры. Дыууæ хаттæн дæр практикон ахуыртæ уыдысты фæззæджы æмбисы, быдырты тыллæг æфснайын афон. Алы къордæн дæр уыди æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæй разамонджытæ. Гæвдийы къордæн литературæйæ разамонæг скодтой Хъазаны, æмæ чызгæй, лæппуйæ разыйæ баззадысты. Фæлæ æвзаджы ахуыргæнæгæй — Акбарæй бамæстджын сты æмхуызонæй. Калм битъынайæ тарсти, æмæ йæ уæлкъæсæр æрзади: дзуапдæттæн ахуырты куынæ фидыдта йæ ахуырдзаутимæ, уæд сын ныр скъолайы сывæллæтты раз цы хуыз равдисдзæни?! Цы — йæ зонындзинæдтæ, цы — йæ тызмæг ныхас. Нæ сæ фæнды уый разамындæй уроктæ дæттын скъолайы, зæгъгæ, бамбарын кæниккой факультеты разамындæн, æмæ сæ ныфс нæ бахастой: куы баззайа, уæд сын бынтон фыдæнæн митæ кæндзæни, æмæ фæдзырддаг уыдзысты... Æппæтæй тынгдæр дзы тыхсти Гæвди: йæ кæддæры маст дзы исдзæни исты æфсæнттæй æмæ быцæу ныхас куы рауайа се ʻхсæн, уæд дзырддаг фæуыдзысты... Дыууæ фæлтæрæн фæлварæн урокты хæрзхъæддзинад цас хорзæй йæхи равдиса, уымæй аргъгонд цæуы студенты зонындзинæдтæн, æмæ алчидæр йæхи цæттæ кодта. Къуырийы дæргъы студенттæ хъуыстой бынæттон ахуыргæнджыты уроктæм, æвзæрстой сын сæ дæсныйад, методикæйы иумæйаг домæнтæм кæсгæйæ. Разынди-иу сæм фиппаинæгтæ дæр фæхуыздæры уагыл, æмæ уыцы хицæн домæнтæ чи цас æмбæрста, уымæй йын аргъ кодтой йæ методикон разамонджытæ. Стыр хъыгагæн, уроктæ дæттыны методикæ цæмæйдæрты сахсæнтæ æвæрдта студенттыл, нæ сæ уагъта ахизын иумæйаг домæнты бæрæг арæнтæй, æмæ уый аххосæй хи хъæппæрисæн састи йе сфæлдыстадон тых. Æмхуызон домæнтæ хъæуынц бæрæг фæткæн, бæрæг нысанмæ тырнгæйæ, фæлæ иу урокæн иннæйы хуызæн рауайæн ницыхуызы и нæдæр кондæй-арæзтæй, нæдæр мидисæй, уымæн æмæ ахуыргæнæг-амонæг у удæгас адæймаг.

Уый та, кусæнгарзау, дзаумайау уыцы иу фæдыл нæ цæуы кæйдæр амындæй, фæлæ йын ис йæхи хъуыды æмæ цæстæнгас алы къахдзæфæн дæр. Уыцы уагыл разы нæ кодтой фылдæр ахуыргæнджытæ, æмæ бæрæг цауддæр уыдысты сæ зонындзинæдтæ. Ахæм рагагъоммæйы нысангонд фæткыл кусджытæн сæ урокты нæдæр ахуыргæнæджы сфæлдыстадон куыст зынди, нæдæр ахуырдзауты. Магнитофоныл фыст æрмæгау цыди урочы куыст, мæнæ афтæ дæхи дар, бад æмæ хъус, кæс æмæ фысс, фæрс æмæ дзуапп дæтт», зæгъгæ. Джиппыуагъдау — дæ ныхас, дæ фезмæлд. Урочы райдайæны къласы журналы сбæрæг кæн, ам чи нæй, уыцы ахуырдзауты, стæй бафæрс рацыд æрмæгæй æмæ сæвæр бæрæггæнæнтæ. Ног æрмæджы бацамоныны фæстæ ногæй бафæрс ахуырдзауты, ратт хæдзармæ куыст. Урочы уыцы фæд-фæдыл лæвæрд хæйттæ иуæн нæдæр фæцухгæнæн ис, нæдæр аивæн, æмæ сæ ахуыргæнæг дæр фæлмæцыд, ахуырдзаутæ дæр.

Ахуыргæнæгæн йæ ном йæ уæлæ и, æппæт уавæрты дæр хъуамæ уа фæзминаг ахуырдзаутæн йæхи царды фæлтæрддзинадæй, йæхи дæсныйадæй. Урочы æрмæг хорз зонын куыннæ хъæуы, фæлæ йæ радзурын æмæ бæстон бацамонынæн бирæ мадзæлттæ ис уавæртæ хынцгæйæ, уыдонимæ та алчи æмхуызон нæ арæхсы кусын. Рауайы афтæ, æмæ бирæзонаг ахуыргæнæг урочы ныссуйтæ вæййы, лæмæгъдæрæн рауайы фæткыл æндæр уавæрты хицæн æфсæнттимæ. Уæлдайдæр кæйдæр скъолайы, æнæзонгæ ахуырдзаутимæ, æмæ уыдон хынцинаг куыннæ уыдаиккой методисттæн?

Сахары скъолайы баззад Гæвди фæлварæн уроктæ кæнынмæ. Лæппутæй ныфсæвæрдау йæ къорды фæци Батыр, чызджытæй Зинæ æмæ Зæлинæ. Хъæумæ кæй арвыстой, уыдонимæ — Фаруз æмæ Алæджыхъо.

Дыууæ къорды студенттæн дæр — сæйрагдæр мæтаг фыццаг уроктæ. Уымæй дæр фыццаг дыууæ урочы бадти уæлдай фылдæр адæм. Литературæйæ урок æрхаудта Гæвдимæ æвдæм къласы, æвзагæй та Батырмæ æхсæзæм къласы. Батыры урок рауади фæзминагдæр, фæлæ Гæвдийы урок æвзаргæйæ расайдта быцæу ныхæстæ. Иуæй, æвдæмты уыди фыдуаг лæппутæ, æмæ бынæттон ахуыргæнджытæм дæр хорз нæ хъуыстой, хæлдтой æгъдау, иннæмæй, къласы зонындзинæдтæ уыдысты лæмæгъдæр. Урочы размæ скъолайы разамынд нæ басусæг кодта æвдæм къласы уыцы хъæнтæ, æмæ Гæвдийæн бамбарын кодтой уавæр, цы амал и, уымæй сæ дæхи хиз, науæд урок фехалыныл нæ

бацауæрддзысты сæ фырхивæндæй, зæгъгæ. Æртæ уыдысты уыцы «æнæсæттонтæ» æмæ бадтысты разуæзæй фæйнæ раны. Иннæты астæу зындысты бæрæг асдæрæй фырыхъулты хуызæн. Ахуыргæнæг æмæ ахуырдзаутæ æгъдауыл кæрæдзийæн салам куы радтой, уæд кълас афтæ æрсабыр, æмæ уæлдай змæлд, уæлдай сыбыртт нал райхъуыст.

Гæвди уавæртæй нæ фæтыхст. Йæ цæст ахаста къласыл æмæ æнæ уæлдай ракæ-бакæйæ фæрсын райдыдта ивгъуыд æрмæгæй. Фыццаг бафарстæн ахуырдзаутæ базмæлыдысты, фæлæ къухысдарæг нæ зыны, æмæ Гæвди бафиппайдта: «Кæнæ æмхуызонæй æгæр æфсæрмыгæнаг стут, кæнæ æгæр нæуæндаг».

Уыцы иумæйаг уайдзæфмæ базмæлыдысты, æмæ æртæ «фыдуаджы» уыцы разæнгардæй сæ къухтæ сдардтой стыр диссагæн! Æвæццæгæн, иннæты фыдæнæн, æмæ сын æнæ бафæрсгæ нæй, кæд æппындæр нæ зонынц æрмæг, уæддæр, зæгъгæ, ацамыдта се 'ппæты хъомылдæрмæ. Æрмæг зоны, уый бæрæг у, фæлæ йæ хъуыдытæ зæгъын фаг нæ фæразы, æмæ та йын Гæвди аивæй феххуыс кæны. Дзырд куы фæци, уæд ын Гæвди зæрдиагæй бузныг загъта, бафарста йæ ном æмæ мыггагæй, стæй дарддæр фæрсы иннæ дыуæ «фыдуаджы». Уæдмæ къухдарджытæ фæфылдæр сты, æмæ Гæвди æппæт фарстатыл дæр æрдзырдта, стæй æртæ «фыдуагæй» иуæн сæвæрдта хорз бæрæггæнæн, дыууæйæн та — рæстæмбистæ, æмæ сæ цинæн кæрон нал уыди: фæйнæрдыгæй лæгъзтæгæнæгау дзырдтой, уыцы бæрæггæнæнтæ нын боныгты дæр сæвæр, зæгъгæ.

Ног æрмæг дзургæйæ дæр Гæвдийæн йæ урок рауади цыдæр æндæрхуызон, дзургæ-фæрсгæйæ ныхасыл бафтыдта æнæхъæн къласы, цыма сын лекциты фæстæ фæлварæн ахуыртæ кодта...

Фыццаг урок Гæвдийæн уыди стыр фæлварæн канд ахуырдзауты раз нæ, фæлæ институты æмæ астæуккаг скъолайы ахуыргæнджыты раз дæр, æмæ йе 'взаргæйæ расайдта дзæвгар быцæу ныхæстæ. Ымадæй урокæн йæ хъæнтæ рауадысты бирæ фылдæр йе 'нтыстытæй. Суанг ын йæ ахуыры æмбæлттæ дæр бахынцыдтой дзæвгар рæдыдтæ куыд теоретикон, афтæ практикон æгъдауæй дæр. Иуæй, иумæйаг домæнтæй иуварс ахызти, иннæмæй, нæдæр бынæттон ахуыргæнæджы фæдзæхстмæ байхъуыста, нæдæр кафедрæйы кусджытæм, афтæмæй йæхи фæндоныл кусгæйæ урок ныссуйтæ кодта. Йæхицæн ын дзырды бар куы радтой, цы аргъ кæныс дæ урокæн, зæгъгæ, уæд бузныг загъта се 'ппæтæн, стæй бафиппайдта:

— Алчи дæр куыд хъуыды кæны, афтæ дзуры. Æз мæ рæдыдтæ зонын, фæлæ сымах фиппаинæгтимæ кæрæдзимæ æвваxс нæ цæуынц...

Фæстагмæ æппæт ныхæстæн аргъ скодта кафедрæйы хицау, стæй литературæйы методист. Кафедрæйы хицау цыбырæй загъта:

— Фыццаг уроктæ кæддæриддæр сты зындæр дæттæн æмæ расайынц дзæвгар уæлдай фиппаинæгтæ. Фиппаинæгтæ, рæдыдтæ, къуыхцытæ цы урочы нæ вæййы, уый у джиппæйфыст гæххæтты хуызæн: алцыппæт дæр рагагъоммæйы цæттæ, бæрæг надвæндагау. Ис надвæндагыл ныфсхастæй, рогæй цæуджытæ. Ис æвæды цæуджытæ дæр, æмæ Гæвди уыдонæй у. Уарзы æвæды цæуын цыфæнды хæссинæгтимæ дæр. Къласы фыдуагдæрты кæй фарста, уый дæр ууыл дзурæг у. Гъемæ дын рæстмæ фæуæд дæ ног къахдзæф!..

— Æз дæр уый зæгъæг дæн, — йæ мидбылты бахудти Хъазан. — Æвæды цæуын чи уарзы уæззаудæр уæргътимæ, уыдонæй у Гæвди. Къуыхцытыл нæ дзурдзынæн, фæлæ урок райдайæнæй кæронмæ сфæлдыстадон уагыл кæй арæзт æрцыди, уымæй æз райгонд дæн. Иу хъуыддаг вæййы цæттæ хъуыдытæ бæстон æууылдæй сывæллæтты размæ рахæссын, иннæ хъуыддаг та — уыдоныл исты ногæй хуыздæрæн бафтауын, ахуырдзауты цымыдис хъуыдытæ сцырен кæнын, сæ уæнгты сын рæзты ныфс бауадзын. Къласы фыдуæгтæм бынæттон ахуыргæнджытæ дæр сæ ныфс нæ хæссынц бафæрсынмæ, уый сæ разæнгардæй куыстыл бафтыдта фыццаг фембæлдæн, æмæ уый стыр дæсныйад у фидæны ахуыргæнæгæн... Литературæйы урочы æрмæгæн йæ бындур æвзаг у, æмæ дзырдуатон куыст кæй бакодта уацмысы хъуыды, аивадон мадзæлттæ æвзаргæйæ, уый сæрмагонд ныхасы аккаг у. Стæй ма иу бафæзминаг миниуæг: райдайæнæй кæронмæ йæ урочы фæткмæ иунæг каст дæр не 'ркодта, æмæ йын уый дæр чидæртæ рæдыдыл банымадтой, — урочы фæтк, дам, кæд нæ ныффыста, æндæр æм куыннæ касти. Урок дæттгæйæ æдзух йæ фыстытæм чи фæкæсы, уый ахуыргæнджытæн сæ сæрæндæртæй нæу...

Гæвдийæн йæ дыккаг фæлварæн урок уыди æвзагæй æмæ фыццагæй рауад бирæ хуыздæр. Разыйæ дзы баззадысты ахуырдзаутимæ ахуыры æмбæлттæ-студенттæ дæр. Фæлæ йе 'взаргæйæ скъолайы æмæ институты ахуыргæнджытæ дыууæ дихы фесты. Фылдæрмæ урочы æнтыстытæ разындысты ахадгæ, федтой ногдзинæдтæ сфæлдыстадон куысты уагыл, фæлæ æвзаджы методист-разамонæг йæхи хатдзæгтæ скодта цыдæр баруагъдæй æмæ расайдта быцæу ныхас:

— Урок раттыны размæ æз бæстон æркастæн Гæвдийы куысты фæткмæ. Бацамыдтон ын, методикон æгъдауæй урок куыд хуыздæр раттæн и, уыдæттæ. Фæлæ йæхи фæнд атардта æмæ ныссуйтæ и. Цыма лекци касти, уыйау йæ куысты фæткмæ дæр нал æрдардта йæ хъус, афтæмæй райдайæнæй кæронмæ скъоладзауты куыстыл бафтыдта, æмæ ныдздзæгъæлтæ сты кæмдæрты. Æмдзæвгæтæй дæнцæгтæ хастой æмæ фыстой фæйнæгыл, цыма литературæйы урок уыди. Рацыд æрмæгæй фæрсгæйæ дæр ахуырдзаутимæ æмдзырд кодта æмæ ног æрмæг дзургæйæ дæр. Уыйадыл методикон æгъдауæй урок фехæлд. Ноджы, фыдæнæнгæнæгау, кæд фæрсы къласы фыдуагдæрты, æмæ бæрæггæнæнтæ дæр раст не 'вæры. Амæй размæ журналы иунæг рæстæмбис бæрæггæнæн дæр кæмæн нæ сæвæрдта ахуыргæнæг, уыцы лæмæгъдæртæй æртæйæн «хæрзтæ» сæвæрдта суанг бонытты дæр. Дзæвгар хъæнтæ æмæ къуыхцытæ. Иннæ уроктæ дæтгæйæ уыдон сты хынцинаг...

Методисты фæстæ йæ хъуыдытæ загъта скъолайы ирон æвзаджы ахуыргæнæг:

— Урочы куысты фæткмæ джиппы уагъды цæстæй куы кæсæм, уæд дзы бирæ хъæнтæ ссардзыстæм. Урочы хицæн хæйттыл рæстæджы хардз, хæйтты фæд-фæдыл æвæрд, фарста раттын æмæ уымæ кæронмæ байхъусын, стæй бирæ æндæр фæзилæнтæм мах иуварсæй кастыстæм. Фæлæ уый сывæллæтты бæрны бацыд йæхи уды хъаруйæ, йæхи хъуыдыйæ æмæ сæ куыстыл бафтыдта райдайæнæй кæронмæ. Æз ацы скъолайы кусгæйæ базæронд дæн, зонын ма скъоладзауты миддуне, фæлæ мæнæн урочы уыйбæрц куыстытæ бакæнын никуыма бантысти. Æвзаджы урочы сывæллæттæ æмæ ахуыргæнæг фылдæр дæнцæгтæ аив литературон уацмыстæй кæй хастой, уый та у не 'ппæтæн фæзминагæй райгонд цæвиттон.

Фæстагмæ иумæйаг хатдзæгтæ скодта ирон кафедрæйы хицау:

— Ацы урок ноджы фылдæр быцæуаг ныхæстæ ракъахта æмæ уый мидæг и йæ хъомыс, куыд ахуыргæнджытæн, афтæ ахуырдзаутæн дæр. Стыр хъыгагæн, æгæр сахуыр стæм джиппæйуагъд хæстæ æххæст кæныныл. Цыма æгомыг кусæнгæрзтæй фæцархайæм, афтæ нæ байрох вæййынц удæгас сывæллæттæ. Уыдонæй та алчи дæр у хицæн адæймаг æндæр удыгъæдимæ, æмæ сæ разы ахуыры уагыл балæууынæн бирæ цыдæртæ хъæуы. Мæнæ скъолайы ахуыргæнæг раст бафиппайдта урочы æнтыстытæ. Урокæн хорз куысты фæтк ныффыссын методисты разамындæй зын нæу,

зындæр — йæ раттын алы мадзæлттæй æмæ кæронбæттæны раст хатдзæгтæм æрцæуын. Урочы сæйрагдæр хæстæ сæххæст кæнын студентæн йæ къухы бафтыд. Рацыд æрмæг ногимæ æргом бабаста, ахуырдзауты райдайæнæй кæронмæ æмхуызонæй куыстыл бафтыдта, ног æрмæгæй хатдзæгтæ скодтой фæд-фæдыл, хæдзармæ куыст афоныл лæвæрд æрцыд. Уыдонимæ бахынцинаг сты хъуыдыйæдты мидис æмæ ахаст хъомыладон уагыл. Цыбыр дзырдæй, урок рауад ахадгæ æппæт хуызты дæр, æмæ разæнгарды хос фæуæд дарддæры куысты!..

Фыдæвзаг дур халы, æмæ Гæвдийы фыццаг урокты хъæнтæ уæлдай сыкъаджынтæй айхъуыстысты, хъæуы уроктæ чи лæвæрдта, уыцы ахуыры æмбæлттæм. Æппæтæй æхсызгондæр уыдысты Алæджыхъо æмæ Качырæн. Хæрзæггурæггагау райгондæй дзырдтой:

— Нæ ахуыргæнджыты хъулонуарзт студент ерысы дугъы фæразæй.

— Дыууæ урочы дæр, дам, ын ныссуйтæ сты, фæлæ, дам, уæддæр кафедрæйы хицау йæ фарс рахæцыд.

— Хъазаны хуызæн уымæн дæр цыдæр хæстæг æййафыд, æмæ куыннæ хæца йæ фарс!

— Гъемæ йæ ныр Акбары бар бауадз, кæддæра цы хуыз равдисид дарддæр! — хъуыдатгæнаг æнæнтыст бæдулау йæ цыбыр къухтæ æхсызгонæй цагъта дæлæмæдзыд Качыр, афтæмæй зылди къорды æмбæлттыл.

Фарузæн хъыг куыннæ уыдаиккой уыцы койтæ. Иуæй сыл не ‘ууæндыд, иннæмæй тарсти се ‘цæгæй, æмæ куыд æгъдауæй афтæ рауадаиккой?! Ау, ахæм бирæ зонындзинæдтимæ Гæвди уроктæ скæнын нæ базыдта?! Æмткæй койтæ уæгъды кæй не сты, уый та æмбæрста. Иунæг Акбар дæр у маст скæныны фаг. Æвзæр куыдзау йæ маст нæ рох кæны, æмæ, æвæццæгæн, сæ ныхас кæрæдзиуыл не сбадт. Куыдфæнды ма уæд, уæддæр ын йæхи фенын хъæуы æвæстиатæй...

Хуыцаубоны райсомы хурыскастыл Гæвди æмдзæрæны кæрты арауай-бауай кодта иунæгæй, стæй акъаци бæлæсты бынмæ фæхсбандоныл æдзæмæй куыд абадти, афтæ Фаруз йæ разы алæууыд хуымæтæг тæнæг къабайы, къæхтыл æнæ цъындатæй — уæлæнгай æнæзæвæт хæдбын дзабыртæ... Исдутмæ кæрæдзиуыл цæстæнгас æрхастой уыцы æнæ уæлдай сыбырттæй, стæй йæм Гæвди дзуры:

— Нымад бонты дыл хъæуккаг цард фæзынд æмæ дæ хуыз аивтай.

— Хуызивæнтæ, æвæдза, сахары фылдæр сты, æмæ куыд æнкъардæй бадыс ацы диссаджы райдзаст хъарм бон?

— Хъæлдзæгдæрæй бадынæн æфсон æмæ æмбæлттæ хъæуы, гъемæ абад ды дæр, кæд æвдæлон дæ, уæд.

— Æвдæлоны тыххæй нырма мах нæ уаты къуым дæр нæма бафснайдтам, фæлæ гыццыл абаддзынæн дæ фарсмæ, — галиуырдыгæй гæзæмæ дæрддзæфæй æрбадти, æмæ сын ныхас бацайдагъ. Афарстой кæрæдзийы дыууæ фарсы практикон ахуыртæй. Фаруз дæр иу урок æвзагæй радта, иннæ литературæйæ, æмæ сæ райгондæй баззад. Тынг раппæлыд сæ методистæй, стæй скъолайы ирон æвзаджы ахуыргæнæгæй æмæ разамонджытæй. Фæстагмæ сонтæй афарста:

— Сымахæн та куыд у уæ методист?

— Куыддæриддæр уыди, афтæмæй баззад: Акбарау дæндагæй лæбуры, емыллыкау зæвæтдзæгъдæн кæны.

— Æцæгæй дæ фæрсын.

— Æз дæр дын æцæгæй зæгъын, йе 'дылытæ калы кæйдæр скъолайы æнæзонгæ ахуырдзауты раз, æмæ ма дзы искуы куы фервæзиккам æнæ хъаугъайæ.

— Уæдæ дзы иутæ райгонд куы сты.

— Уыцы иутæ Акбарæн — йæ цумайы лæдзджытæ. Фыссæн фæйнæгыл хъуыдыйад раст ныффыссынмæ чи нæ арæхсы, уыдон ын лæгъзтæмæ лæггæдтæ кæнынц цурон æмæ цæстмæхъусæй.

— Уым дæр уе 'хсæн быцæу ныхас рауад, æвæццæгæн, — къахæгау дзуры Фаруз, æмæ Гæвди бахудти, стæй ныхас бæрæг карздæрæй фæцыбыр кодта:

— Кæйдæр скъолайы æнæзонгæ адæмы раз ахæм æнæхсæст сылгоймагимæ быцæуæй дзурын сæрмæ хæссинаг нæу. Фæлварæн уроктæ куы фæуой, уæд та иумæйаг æмбырды мæ хъуыды зæгъдзынæн...

Уыцы ныхæстæм æмдзæрæнæй лæппуты къорд рахызт, Алæджыхъо семæ æмæ цæугæ-цæуын Фарузмæ къухтæй амонгæйæ хъæр кæны:

— Хъобайнаг дæм салæмттæ æрвыста, Фаруз, салæмттæ!

— Гъы, сæлхæр! — зæгъгæ, фесхъиуæгау кодта чызг йæ мидбынат. — Йæ дзæгъæлдзырдæй уынджы дæр не 'нцайы. Хъобайнаг кæй хоны, уый скъолайы историйы ахуыргæнæгæй кусы, æмæ кæрæдзийы аккаг сты дыууæ сылвазы. Чызджыты фæдыл кæсгæйæ дзæвгар чи афæстиат, ахæм, æмæ мæнмæ ницы бар дары.

— Дæумæ, хатыр бакæн мæ комкоммæ ныхасы тыххæй, кæд ницы бар дары, уæддæр дзырдæппарæнтæй хъазы, æмæ уый сæрмæ хæссинаг нæу. Фæнды разагъд, фæнды раконд, фыдæх æмæ уарзт иу фæндагыл цæуынц, æмæ дæм цæмæн уæнды уыцы баруагъдæй дзурын?

— Фыдæнæн, цæсты æфтауынæн, æмæ йын цы мæ бон у? Цал куыдзы рæйа адæймагыл, уалыл дуртæ куы æхса, уæд уыдоны хуызæн суыдзæни. Æнæхицау хуым та — дурæппарæн.

— Куыд æнæхицау, иунæг дæ? — æмбисонды хъуыды цыма нæ бамбæрста, уый хуызæн фæрсы Гæвди, æмæ Фаруз йæ къух ауыгъта, стæй фестад дзургæ-дзурын:

— Иунæг нæ дæн, ис мын бинонтæ, мыггаг, хæстæджытæ, зонгæтæ. Уæдæ ды, мæ ахуыры æмбал, æвдисæн дæ Алæджыхъойы фыдæнæн митæн, æмæ дæхицæн хъусæй бадыс. Ныр та дын хъобайнаг уыдзæни дызæрдыджы хос фæндоны ныхас зæгъынæн.

— Фæндоны ныхас дын куы зæгъон, уæд фæндоны дзуапп ратдзынæ?

— Ныхасы мидис цахæм уа, уымæ гæсгæ ратдзынæн дзуапп, фæлæ ды фæстауæрцы æмгъуыдтæй цард аразыс æнæ иунæг зæрдæвæрды дзырдæй, — цæуыныл фæци чызг мæстыхуызæй...

* * *

Иугæндзоны хивæнд æмæ æгъатырæй диссаг у цард... Райгондæй, æхсызгонæй дзы иу уысм дæр афæдзы кад тæры цæрдхъом рæстаг адæймагæн. Райгонды, æхсызгоны хæрзтæн та бирæ нæ хъæуы. Судзины фындзæй зæрдæ скъахæн дæр ис, зæрдæ балхæнæн дæр. Гæвдийæн чызгимæ абадын æхсызгон куыннæ уыди. Бæрæг ныфсæвæрдæй сæрæвæрæн фесты йе 'ргом ныхæстæ уайдзæфы онг. Раст æй азымы бадардта. Се 'хсæн фæндоны ныхас куы рауадаид нырмæ, уæд Алæджыхъо йæ бон зонид æмæ уæлдай дзырдæппарæнтæ нæ уæндид Фарузмæ. Гъемæ, æцæгæй дæр, уыцы уавæры чызг æхсæны зæрæстон хуымау дурæппарæн у... Ацы фембæлды йын дызæрдыгæн æфсон нал уыди æмæ сфæнд кодта иннæ хатт чызгæн комкоммæ зæгъын йæ бæллиццаджы фæндон...

Сылгоймаджы миддуне боныхъæдау æнцондæрæй ивы. Цас фылдæр дзурджытæ йыл уа, уыйас тынгдæр æввæрсы йæхиуыл æмæ бæллы æппæты егъаудæр амондмæ. Гæвдийы уайдзæфы ныхæстæ хъыг куыннæ уыдысты Фарузæн, фæлæ уæддæр цыдæр

æнахуыр ныфсæвæрдæй æнхъæлмæ касти ног фембæлдмæ. Ныхасæн ма сын фадат куы фæуа, уæд æй æргомæй бафæрсдзæни, цыфæнды йыл йæ зæрдæ куы фæхуда, уæддæр...

Дыууæ фæлтæрæн фæсурокты хъæуæй сахармæ дæр æрбауад, фæлæ сын хибарæй алæууынæн фадат нæ фæци...

Уæдмæ рæстæг хъал барæгау размæ тындзыдта. Фæлварæн уроктæ фесты. Фæспрактикæ курсы иумæйаг æмбырды факультеты разамонджытæ бæрæг хатдзæгтæ скодтой, æнтыстыты æмрæнхъ бафиппайдтой къуыхцытæ дæр. Æмткæй студентты уроктæ рауадысты хорз. Хуыздæртимæ нымад æрцыди Гæвди дæр, фæлæ йæхæдæг разы нæ уыди йæ куыстæй æмæ загъта æмбырды рæдыдты тыххæй комкоммæ. Хъазанæй раппæлыд, æвзаджы методисты домæнтæ рахуыдта мæстæймарæнтæ, мастисæнтæ, ахуыргæнæджы куыст æгад æмæ æнадгæнæнтæ. Уыйадыл Акбар цæхæртæ акалдта фырмæстæй æмæ домдта, цæмæй Гæвдийæн фæлварæн урокты тыххæй сæвæрдтаикком рæстæмбис бæрæггæнæн. Фæлæ йæ фæндоныл ничи сразы, афтæмæй расайдта быцæу ныхас. Алæджыхъо æмæ Качыр цы афæлвæрдтой йæ фарс рахæцыныл хъуырхъуыргæнгæйæ, æндæр уайдзæфты бын фæци. Суанг скъолайы ирон æвзаджы ахуыргæнджыты æмæ ахуырдзауты куыд ардыдта йе 'нæуынон студенттыл, уый дæр ма йын загътой Зæлинæ æмæ Зинæ. Фæстагмæ ма кафедрæйы разамонæг сæрмагондæй загъта:

— Алы адæймагæн дæр сæйрагдæр аргъгæнджытæ сты æгъдау, æууæнк æмæ рæстад. Уыцы миниуджытæй æххæст ахуыргæнæг у фæзминаг йæ ахуырдзаутæн. Æмткæй фæлварæн уроктæ сæ нысаныл сæмбæлдысты. Бузныг уе 'ргом фиппаинæгтæй. Цы рæдыдтæ æруагътам иумæйагæй, уыдон фидæны бахынцдзыстæм. Мысæггагæй куыст къуылымпы чи кодта æмæ мæнгæвдисæнтæй читæ хъазыди, уыдонмæ та бæстондæр æркæсдзыстæм...

Æмбырды фæстæ Акбарæн æргом уайдзæф кæй бакодтаикком йе 'мкусджытæ, уый бæрæг уыди, фæлæ уымæй хуыздæр нæ фæци. Фыдахуыртæ æнцон растгæнæн не сты, уæлдайдæр хиуарзон æмæ фыдæхзæрдæ адæймагæн. Удыхъæдæй чи цас мæгуырдæр вæййы, уыйбæрц йæхицæн фæцагуры мæнг быцæутæ æмæ сæрфæцæвæнтæ. Акбартæ, Качыртæ æмæ Алæджыхъотæ та гæбæр бæхтæй хъауджыдæр не сты, кæрæдзийы кæмфæнды дæр ссардзысты...

Фæлварæн урокты иумæйаг уавæр быцæу ныхас кæй расайдта, уымæй фылдæры раст хъуыдытæ кæрæдзимæ æмуд æрцыды-

сты. Ахуыргæнæджы дæсныйад чи уарзта, уыдонæн сæ дарддæры ахуыры фесты разæнгарды хос. Гæвдийы чызгæмбæлттæй уæлдай хуыздæр аргъ скодтой Зинæ æмæ Зæлинæйы уроктæн. Алæджыхъойы чызгæмбæлттæй та — Фарузы уроктæн. Уыйадыл фæзынди ног æфсæнттæ ныхасæн курсы дыууæ къорды астæу, æмæ дзырдамонддæр чызджытæ фæфылдæр сты, куыдзæрдæргъæвдæй кæрæдзимæ æввахсдæр æрбалæууыдысты. Æмбисондæн хæссинаг фæвæййынц зæрдырайы хæрзтæ. Фаруз райдайæнæй фæстæмæ бæрæгдæрæй зынди курсы чызджыты астæу. Цы конд æмæ уындæй — бæллиццаг, цы æгъдау æмæ зæрдæргъæвдæй — фæзминаг. Дзуапдæттæн ахуырты уымæй аивдæр чиныджы ничи бакастаид суанг фæлтæрдджын, дæсны ахуыргæнджытæй дæр. Йæ дзыхы ныхас уыйбæрц аивæй фидыдта, æмæ-иу æм хъусынтыл фесты. Афтæмæй хаста æмхуызон хæлар ахуыры æмбæлттимæ, уæлдай сæрбæрзонд, æппæлæн митæй уыди цух. Уыцы бынаты йæхицæй гæзæмæ хистæрты раз дæр зынди карджындæр, хиуылхæстдæр. Гæвди йæ фæлварæн уроктæм нæ байхъуыста, фæлæ дзырдарæхстæй кæй амыдтаид æрмæг сывæллæттæн, ууыл дызæрдыг нæ кодта, стæй йæм диссаг дæр нæ касти йæ арæхст. Дисыл æй æфтыдтой Зæлинæ æмæ Зинæйы уроктæ. Батыримæ иумæ бадтысты фæд-фæдыл сæ уроктытæ æмæ уыцы иу хъуыдымæ æрцыдысты: сæ иуæй — иннæ сабырдæр, фырнымддæр æмæ мадзурадæр. Дыууæ азы дæргъы сæ уæлдай ныхас нæ фехъуыстой. Бæрæг æрыгондæрæй, хуымæтæгдæрæй цыдысты сæ хъæууон фæлысты ахуыртæм. Фæйнæраны цардысты хæстæджытæм, фæлæ сæ райсомы æрбацыд дæр иумæ уыди, сæ изæры ацыд дæр дыууæ хæлар хойау. Лекциты бадтысты фæрсæй-фæрстæм бæрæг разуæзæй. Хицæн сæ цы кодта, уый сæ ас: Зинæ бæрæг ныллæгдæрæй зынди хæрзхуыздæр, Зæлинæ — бæрзонддæр æмæ къæсхуырдæр. Дзуапдæттæн ахуырты сæ фæрсæг куы уыдаид, уæд сæ къухтæ нæ дардтой... Цыбырдзырдæй, рæстæмбис чызджытæ уынджынты, дзыхарæхсты, зæрдæргъæвдты астæу дæргъвæтин рæстæг, æмæ мæймæ æваст, аргъауы чызджытау, айрæзтысты, сæ хуыз скалдтой, равдыстой сæхи фæзминагæй. Ноджы, стыр бæрæгбонмæ цæттæгæнæгау, скодтой ног аив фæлыст, æмæ чындздзон сæрыстыр чызджытæй цы кæныс дзыхы ныхасæй, уæнгты фезмæлдæй?!

— Бауырнæд дæ, кæд сæм тæхуды нæ бакодтон! — æхсызгонæй дзырдта Батыр. — Ахæм ма дзы ныфсхаст чызджытæ уа! Цыма бирæ фæкуыстой, афтæ арæхсынц сабитимæ дзурынмæ.

Дыууæйæн дæр æмбæлди сæвæрын тынг хорз бæрæггæнæнтæ, фæлæ не 'взаджы методист æгæр фыдзæрдæ разынд.

— Æз дæр уый зæгъæг дæн, — йæ сæр разыйæ банкъуыста Гæвди, æмæ фыццаг хатт хинымæры кæрæдзиуыл абарста, стыр диссагæн, æртæ фæзминаг чызджы хуызисæгау... Йæ хъуыдытæ нал сфæрæзта зæгъын Батырæн æмæ исдугмæ джихæй аззад. Дыууæ чызджы нырмæ, цыма, бынтон æнахъомтæ уыдысты, цæсты нæ ахадыдтой сæ хуымæтæг фæлысты. Ныр ног уавæрты сæ ног дарæсы къæссавæлдæхт фесты, æмæ сæ æнæрцыды диссагæн Фарузимæ абарста. А бон- а сомæй йæ зæрдæйы сыгъдæгдæр, бæллиццагдæр фæндон зæгъынмæ кæмæн фæхъавы, уыцы карджындæр чызгимæ. Уыйадыл, æртæ фæндаджы астæу лæууæгау, фæдихтæ сты йæ хъуыдытæ...

Фæспрактикæ Фаруз цыдæр æнахуырæй йæхи равдыста. Куы уæлдай хъæлдзæгдæрæй фæзыны, куы бæрæг æнкъарддæрæй. Куы æнæвдæлонæй кæдæмдæр фæцæйтындзы, куы та æвдæлоны бадт фæкæны æнæзонгæ лæппутимæ. Гæвдиимæ бонæй - бонмæ кæрæдзийæ дарддæрты цы цæуынц, æндæр иумæ нал æрлæууыдысты ныхасы цъусдуг. Хасан сæ æрхатыдта æмæ иуахæм уынджы цæугæйæ йе 'мбалы афарста:

— Фарузимæ зулдзых фестут,æви цæмæн йæхи иувæрсты хæссы?

Чызджы хъуыдытæ боныхъæдæй ивагдæр сты, æндæр нæм быцæу ныхасæй ницы уыди.

— Бафæрсон æй?

— Уадз æй йæхи бар.

— Кæдмæ?

— Цалынмæ йæхи æрæмбара, уæдмæ?

— Хатыр бакæн, хистæр дæ, фæлæ уæдмæ хъавджытæ æвзидæгæй фæраздæр уыдзысты.

—Цы хуызы?— Чызгыл дзурджытæ ис æмæ уыцы хуызы, — фæцыбыр кодта ныхас Хасан бароны аудæнæй. — Æртæ фæлтæрæн Фарузы федтон мæ зонгæ лæппуимæ, æмæ сæ хæрзтæй нæу. Хæстæг хъæуы историйы ахуыргæнæгæй кусы ныр цалдæр азы æмæ йæхицæй æнæууæнкдæр скæнæн нæй.

Гæвдийæн уыцы бæлвырд ныхасмæ йæ улæфт хъуырмæ схæццæ. Йæ хъуыдытæ зæгъыны фæнд æм нæ уыди, фæлæ феф- сæрмы Хасанæй æмæ æргомдæрæй дзуры:

— Уыцы лæппуимæ бадтаид уæдæ дыууæ хатты институты кæрты бонифхæрсæнæй. Алæджыхъойы зонгæ ахуыргæнæг...

— Цæмæн зонгæ, — хæстæджытæ?! Сæ иуæй иннæ æнæу-

уæнкдæр æмæ фæлывддæр.Цалынмæ чызджы нæ фæдзырддаг кодтой дыууæ сæлхæры, уæдмæ йæм дæ хъус фæдар! Уый аккаг у, — цæстуарзонæй хатдзæгтæ скодта Хасан...

* * *

Койтæ æмæ сусу-бусутæ цыфæнды суйтæй дæр кæрæдзийы сурынц. Рæстзæрдæ адæймаг æгæр хуырымæй, æууæндагæй, хæларæй æппæт адæмæн дæр йæхи хуызæн æнхъæл вæййы, æмæ йæ чифæнды дæр иу æмæ дыууæ сайды æнцонæй акæндзæни. Иу рæдыдæн — хатыр, дыккагæн — цæстмæдард, æртыккагæн — æргом уайдзæф бафхæрыны онг. Гæвди æмæ Фаруз рæстагæй æууæнкджын уыдысты, фæлæ сæрыстыры хæрзтæ фæйнæ хуызы æмбæрстой, уымæн æмæ сæ иумæ царды фæлтæрддзинад фылдæр уыди, иннæмæ — къаддæр.

Сæрыстыры хæрзтæн та иугъæдон адæймаг хъæуы цыфæнды уавæрты дæр, науæд хъарм нывæрзæнау бæллицтæ æмæ æнкъарæнтæ сæхирдæм здахаг сты. Æнкъарæнтæ æмæ бæллицтæн фæндагамонæг хъуыды-зонд нæу, уавæртæ хынцгæйæ, уæд ивылд донау чердæм фессæнддзысты, уый бæрæг нæй. Фаруз æнæзонд, æнæрхъуыды чызг нæ уыди, фæлæ йæ хъуыдытæ æнцонæй ивта æмæ уыйадыл фылдæр цыди йе 'нкъарæнты фæдыл. Уыцы иу рæстæгыл чызджы зæрдæмæ цал лæппуйы фæцæуа, уыдонæн иу аргъ скæнæн дæр нæй, æмхуызон уарзæн дæр. Лæппуйыл дæр нæ фидауы уарзæттæй, цæстмæ митæй хъазын суанг хæстæгдæр æмбæлтты астæу дæр. Чызджы та рог митæ, æнæрады æнкъарæнтæ бынтон цæсты æфтауынц. Рогæй йæхи цы чызг æвдиса, уый æппын куы ницыгæнæг уа, уæддæр дзырддаг-койаг свæййы, кæм цы дзæгъæлдзых ис, уыдонæн.

Иунæг бон лекцитæм нал фæзынди Фаруз, дыууæ фæлтæрæн та райсомæй æрæджытæ бакодта, æмæ дзырддаг фæци дзурынмондæгтæн чызгæй, лæппуйæ:

— Тагъд чындзы цæуы æмæ ма йæ æвдæлы лекциты бадынмæ.

— Институт фæуынмæ дæр нал фæлæууыд, æвæццæгæн, æртæ хорзæй иу у уыцы хъобайнаг.

— Рæхсджы — чызгæрвыст, æмæ нæ сæр бахъуыди лæвæрттæ, арфæтæй,

Алæджыхъо æмæ Качыр бынтон хъуыддагхуызæй дзырдтой, æмæ хабæрттæ ахургæнджыты дæр бауырныдтой....

Артæн æнæ фæздæгæй уæвæн нæй. Хъазæн, мæстæймарæн ныхæсты дæр цыдæр рæстад вæййы. Хъобайнагимæ Фаруз цы

ныхасмæ æрцыди, уымæн æвдисæнтæ фæцадаид æргом хъусгæйæ, науæд та гæзæмæ фæндоны ныхасыл дæр хъал фæсивæд бынтон æнæрхъуыдыйæ къæхтæ-къухтæ бафтыдтой. Куыдфæнды ма уыдаид, уæддæр Гæвди бамæстджын æмæ Батыры афарста:

— Куыд дæм кæсынц курсы сусу-бусутæ?

— Куыд сты, афтæ, — бахудæгау кодта Батыр, — йæхæдæг фæстауæрцæй дзургæйæ бафиппайдта:

— Хъазын æмæ худын хорз сты, æрмæст — бæрцыл, бынат æмæ афон хынцгæйæ. Сæрыцæфтæй хъазын не 'мбæлы цыфæнды уавæрты дæр. Хæстæгдæр æмбæлтты 'хсæн ма мæстæймарæн ныхæстæ рауайы зонгæ-зонын, фæлæ ахуыргæнджытæй студентты астæу уыдæттæ нæ фидауынц. Ахуыргæнджыты бауæндын кодтой се 'нæрхъуыды митыл, æмæ чызгæн мæхи раз уæртæ кафедрæйы, зæрдиаг арфæтыл схæцыдысты. Уæд исчи афтæ кæны?! Стыр мастæн райста сæ арфæтæ æмæ æнæ уæлдай сыбырттæй фæзылди фæстæмæ...

— Йæхæдæг дæр бынтон æназым нæу, æвæццæгæн.

— Нæу, фæлæ искæй æхсызгон бæллицтæ æмæ фæндæттæ æхсæны ныхасмæ хæссын нæ хъæуы. Ам мах сабатизæры зæронд устытæ не стæм ахуыргæнæгæй ахуырдзаумæ. Хъазæндон нæу институт. Фидæны ахуыргæнджытæ кæрæдзийæн кæд æндæр хуыздæр аргъ нæ кæнынц, уæд цы ныфсæй балæудзысты скъолаты ахуырдзауты раз?! — мæстджынæй балхынцъ кодта йæ хъуыдытæ Батыр...

Уыцы бонæй фæстæмæ Гæвдийы хъуыдытæ дыууæ дихы фесты, æмæ йæ мидсихимæ фæбыцæу, цыма йæ риуы дыууæ зæрдæйы, йæ сæры дыууæ хицæн магъзы февзæрд æнкъарынæн æмæ хъуыды кæнынæн, афтæ Æнкъарæнтæ мыдыбындзытау æвзæнæй зилдух кодтой иугъæдоны райгонд æмæ æхсызгонæй. Хъуыдытæ Фарузы азымы дардтой, агуырдтой йæм рæдыдтæ, хъæнтæ. Уыцы дыууæ хъомысæй фидæны кæцы фæсæйрагдæр уыдзæни, уымæн Мадизæн æвдисæн....

*Уацауы фыццаг хайы кæрон.*

*14.01.01 аз.*

*ТЫДЖЫАТЫ Юри*

# ЗЫНДЖЫ СТЪÆЛФÆНТÆ

* * *

Мæ цины, мæ зыны
Æндыгъдæй нæ лæууын,
Æз худын мæ фыны,
Æз хъалæй фæкæуын.

* * *

Мах — ирæттæ, арвы дуæрттæ хойæм,
Куывдты бадæм, хи уæйгуытæ хонæм,
Фæлæ ныл æнгомдзинады фарн,
Абабау, нæ дары, нæ, йæ арм.

* * *

Нал зонынц адæм
Хорз уа, æвзæр;
Дуджы кæлæнæй
Разылд сæ сæр.

* * *

Куы рацæуын быдырмæ сахарæй,
Уæд фестын æнæмæт уæрыкк,
Уæд нал вæййы зæрдæ йæ катайыл,
Уæд нал вæййы мастдзæф, гæвзыкк.

* * *

Дымгæ нæ тутт сæрты зилы,
Маст нын нæ удтæ æууилы,
Схæмпæл нæ фæндаг, нæ хуым,
Цард нын — пысыра, æрхуым.

* * *

Нал, дам, æхца ис, хæзнатæ,
Паддзахад сихсыд, зæгъынц,
Афтæмæй бодзты галуантæ
Арвмæ æмгуыппæй тæхынц.

* * *

Ламиау сызмæсти зонд,
Нал тæхæм арвмæ бæрзонд,
Нал хатæм — чи у хæрзгæнæг,
Нал хатæм — чи у фыдгæнæг.

* * *

Кадджын ном райсыны охыл
Загъдгæнгæ бацыдтæ тохы,
Саст хъул нæ абаддзæн тæу, —
Кадджын ном домгæйæ нæу.

* * *

Нæ удтæ зæдтимæ æмуд,
Нæ кастæ фидæнмæ, нæ Ир,
Æхца дын баууылдта дæ уд,
Дæ хуым нæ рафтыдта æфсир.

* * *

Нæ бæстæ — ингæнæй æнкъарддæр,
Нæ рæстæг — сау рынæй фыддæр,
Кæнынц нæ удæгæстæ къаддæр,
Нæ мæрдтæ та — фылдæр.

* * *

Æруагъта мыл зыд дуг йæ уæз,
Мæ хуызæн нæй зæххыл мæгуыр,
Цæвы йæ ехсæй уад мæ гуыр,
Уæддæр æмбæлын хурыл æз.

* * *

Искæмæй куы кæнон хъаст,
Искæмæн куы кæнон маст,

Уæд цы дæн, цы у мæ зард?
Уæд цы дæн, цы у мæ цард?

* * *

Цы давы базырсаст цæргæс?
Æмбарын а зæххыл мæ хæс,
Кæсын æнæхин цæстæй цардмæ,
Хæссын мæ суг-æргъом нæ артмæ.

* * *

Цæуæм, фæлæ куыд цæуæм?
Мах арвæй хур нæ тавы.
Цæрæм, фæлæ куыд цæрæм,
Уый никæйуал æндавы.

* * *

Цы зæгъы тохвæлмæцыд Ирæн
Мæ зæрдæ? Хизæд нын уæлдæр,
Цæрæнт йæ нымд зæрæдтæ бирæ,
Кæнæнт йæ кæстæртæ фылдæр.

* * *

Мæ «Зынджы стъæлфæнтæ», тæхут,
Мæ бæллиц адæмæн зæгъут, —
Куыд уат сæ рын, сæ тухи сафæг,
Куыд уат зымæджы артау тавæг.

* * *

Ды, сырддонцъиу, уалдзæджы, зымæджы
Никуы кæныс адæймагæй хицæн,
Ды куыд уарзыс адæймаджы, афтæ
Адæймаджы адæймаг куы уарзид!..

* * *

Хуры фæндаг — арвы къул,
Хур ныгуылæнмæ фæкъул,
Фæлæ ма йæ тынтæй зары,
Урс Сæнайыл арт æндзары.

*1997 аз*

*РÆМОНТЫ Геор*

# ÆМДЗÆВГÆТÆ, ТÆЛМАЦТÆ

## БУБЫКОМЫ

Хур арвастæу ныллæууыди, тыгуыртæй
Фос сæрвæты сæ ривæдыл ысты.
Æрттиваг фæрдыг — цъитийы цæсты.
Уæззау æнтæфы хъæд лæууы æфсырдæй.

Ам Бубыдон цы чъиллонæй, цы цырдæй
Ызгъоры комы— суцца-сонт, мæсты;
Æдзæлгъæд хъæрахст — зарыны бæсты,
Уый дурхор æмæ удхор у фыдсырдау...

Сæрдыгон бон йæ фæндаг дары цадæг,
Ехх, уазал уддзæф!.. Фæлæ хъæд — æдзæм,
Йæхицæн дæр нæ фаг кæны йæ сатæг,

Уæддæр кæрон æнуд тæвдæн уыдзæн:
Мæйрухс æхсæв уал райдайа йæ кадæг,
Мæ ран мæм уæд зæххон дзæнæт кæсдзæн.

## ИРОН ДЗЫРД

Цы уаз рухс дзы исын,
Цы уæлмонцæн рад!..
Рæбинагдæр исыл
Мæ удæн — нымад.

Йæ алæмæт тыгъды —
Гармони, тæмæн...
Уæлмонцæй æвзыгъды
Уæларвон цæрæн.

# ЗÆРДÆЙÆН — УАЗ ЫСТЫ

...Мæ ныхæстæ,
Цъылийы донау Теркæн сут йæ райдайæн,
Æмæ уæ кадыл ма батыхсут уый фæстæ!

Дзаболаты Хазби

Зæрдæйæн уаз ысты
Ног зæлты æхцонæй;
Царлхалæн сау хъызты
Фарн цæуы уыдонæй.

Рухс тынтæ цас уадзынц!..
Ма тыхс сæ амондыл:
Стыр Растæй ахадынц
Не знонæй н 'абоныл.

# МИТУАРД

О адæм! Арфæтæ ныл хауы...

Хъодзаты Æхсар

Зæххæн арфæ арвæй:
Уары мит — æвдадз.
Зæхх нæ кæсы тарфæй
Арвмæ, — арв ын — уаз...

Митуард — арвы арфæ, —
Урс æмæ хæмпус;
Афтæ 'рттивы, афтæ,—
Сау зæхх дзы ныррухс.

* * *

Нæ ныв, нæ адыл мах цæрын нæ уагътой
Лæбурæг тыхтæ — сау фыдæх, гуырымыхъхъ...
Фыдхотыхтæй нæ нæртон зæрдæ къахтой,
Ирыстоны зæхх уымæн у ныр дзыхъхъ.

1998

* * *

Дæргъмæ-уæрхмæ цардвæтк лæзæры,—
Цы уаргъ хæссæм, уæвгæ, цы уаргъ!..
Цыбыр зонд кæмæн уыд йæ сæры,
Сты уымæн йæ къухтæ ныр даргъ.

1998

* * *

Ф.

Фынгæн кæмæн дардтон мæ арм,
Фæндаг кæмæн уыди мæ сæрыл,—
Чысыл дзы никуы рантыст хъарм,
Уæддæр æргъæвст, гæвзæй нæ цæрын.

1999

## ТРАГЕДИ, ГИМН, СОНЕТ...

(Х.З.-йæн)

...Ӕз бавзæрстон дæ уарзтæй
Дæс романæй фылдæр.

Джыккайты Шамил

Мæ хъазар хæзна, уаз дæ,
Ыстыр диссаг — æрвон...
Тæхуды, æмæ уарз дæ
Дæс æнусы, мæ бон!

Сæрыстыр мæ уай хъуамæ,—
Дæ фидауцыл мæ зард.
Комеди æмæ драмæ —
Нæ дæргъæй-дæргъмæ цард.

Мæ фындзы бын фæмил и,
Уæдæй дæн æз — поэт.
Нæ уарзты уыд идилли,
Трагеди, гимн, сонет...

Фарн мах иугæнæг, уый нæ
Нæ ныууадздзæн: фæхъæц!
Ехх, нал зонæм дæуимæ
Нæ романтæн нымæц!

Хъысмæт нæ хорз кæд хъазы,
Уæддæр нæ удтæ — рухс:
Нæ эпосæн йæ разы
Нæртон эпос — фæлурс.

* * *

Т.Ю.

Кæм вæййы, кæм, дæлбарæн стæлфæнтæ
Зæрдæфæндонæй! — сау зындон ын — цард.
Кæфойæ кал дæ «зынджы стъæлфæнтæ»,
Уæддæр дын сæ нæ ныггуыпп ласдзæн арт!

## НОГ ИРОНÆН

Хъæздыг дæ ды, уæгъдибар,
Нæ сау рæстæг — дæ фарс;
Бæрзонд дæ галуан, фидар,
Уым цас диссæгтæ, цас!

Фæлæ дæ хай — фыдфынтæ,
Фæлæ дæ зæрдæ — тар:
Кæмæн кодтай рæбынтæ? —
Дæ фæдыл нæй быңдар.

Цы рæстæг у, цы рæстæг! —
Дæуыл та тых фыдниз.
Дæ рæсугъд ус дæ фæстæ
Ныддымдзæни дæ ис.

* * *

Куыд тулыс хицауы бын, цæй!
Цæвынмæ бадарыс дæ уадул...
Дæлбар нæ фæцæры фæрнæй,
Фæлтау мæгуыр царды бын атул.

1999

* * *

С.

Хæрам тых сæттыны тых мæм
Кæд нæ уыд, мæ уд дзы кæд тарст!
Дæ зæрдæйы марджы ныхмæ
Æвдадз у мæ зæрдæйы уарзт.

## ФÆНЫКГУЫЗТÆ — ФЫЛДÆР

О, суг æмæ сæнарæй арты тавс!
Æнæ хай дæ — нæ къонатæ, нæ цард дæр...
Нæ кухнæты кæдæй судзæм ныр газ,
Фæныкгуызтæ нæ кæнынц уый хыгъд къаддæр.

## ДАВД СТИХТÆ ÆМÆ ЛÆМÆГЪ АРАХЪХЪ

Фыдтухитæй, фыдмæстытæй — гуыбыр, —
Мæ хуызæн цард æнауæрдгæ кæй цавта!
Уæ давд стихтæ куыд тынг кæнынц цыбыр
Мæ цæрæнбонтæ, цауд арахъхъ дæр — афтæ!

*Михаил ЛЕРМОНТОВ*

К...

Мах ногæй фембæлдыстæм ныр,
Уынæм: кæй нал ыстæм ахъаззаг!
Нæ уыд æрхуым рæстæг цыбыр,—
Гаффуттæй н 'алчидæр дзы аззад.

Кæддæрау де 'нгасы нæй арт,
Мæ уд дæр бавдæлон и уарзтæй...
Ахх, тынг нæ дыууæйыл дæр цард
Æрцыд йæ фыдцæфтæ, йæ мастæй.

К...

О, ма хон мæн тæсмæл, æгуыдзæг!..
Мæ царды райдианæй фыдтары
Хъысмæт мæн тухæнæй куы мары,
Охх, уæд фæстæдæр та цы уыдзæн?!

* * *

Нæ дæн æз Байрон, уый хыгъд цардæн
Æнæнхъæл стыр суинаг — æндæр;
Кæд уыйау хауæггаг, уæддæр —
Уырыссаг удыскондæй, зардæй...

Бæрцæй цыбыр цард мын лæвæрд и,
Уым цастæ сфæлдисын мæ бон?!
У фурды знæт тыгъдау мæ зæрдæ,
Мæ сайд бæллицтæ дзы — дæлдон,

Кæй бон у, фурд, дæ тарф рæбынтæ
Кæронмæ басгарын?! — Уæззау
Зæгъынæн адæмæн мæ зынтæ...
Æз — ничи, ницы, йе — хуыцау!

* * *

Куы хъусын дæ цъæхснаг,
Дæ рæвдаугæ хъæлæс,—
Ахст цъиуау зæрдæ
Хи къултыл ныххойы;

Нæ фемдзасты рæстæг
Æрфыгцъæх цæстытæм
Мæ рыст уд фæбырсы
Æддæмæ мæ риуæй.

Вæййын уæд нымдхъæлдзæг,
Ныккæуынхъус нодҗы,
Æмæ мæ фæфæнды
Ныттыхсын дæ хъуырыл.

ГИБИЗТИ Руслан

# ДЫУУÆ РАДЗЫРДЫ

## АДÆМ ХОРЗ СТЫ

Пысыра судзаг у, фæлæ йæ арæхстгай куы ‘ртонай, цæхх ыл куы айзæрай æмæ йæ дæ дыуу æ армы ‘хсæн куы ауу æрдай — хæрзаддæр ницы и уыцы æууæрцъæй. Кæд ма дæ дзулы карст фæуа, уæд бынтон диссаг! Фæлæ дзул кæм и! Дуканийæ хæссæм дзул. Дзыцца арфæфснайд цы чысыл чиныг дары, уый бадæттæм дуканигæсмæ, уый йæ хæсгард райсы, уыцы цыппæрдигъон сыфтæй иу фæлыг кæны, стæй нын нæ дзулыхай абары тæразыл... Дзыцца нын уыцы дзулæй бон дыууæ хатты фæйнæ тæнæг карсты ралыг кæны. Æмæ хæрын байдайæм — æз, мæ хо Агуындæ, мæ хистæр æфсымæр Балотти æмæ нæ мадыфсымæр Тасолтан.Æз се ‘ппæтæй кæстæр уыдтæн, авд азы йеддæмæ мыл нæ цыди, афтæмæй-иу мæ хай иннæты хæйттæй егъаудæр уыди. Æмæ мæм уый тыххæй мæсты дæр ничи кодта æмæ хæлæг дæр. Фæлæ-иу Агуындæ Балоттийы хаймæ бакæс-бакæс байдыдтаид хъуамæ, йæ былтæ-иу кæуыны цъупп ныййисты афтæмæй, стæй-иу йæ хъуыр-хъуыр ссыд:

— Уæддæр та уымæн — стырдæр. — Æмæ-иу йæхи хайыл йæ разæй æддæдæр ахæцыд.

— Кæд фæуыдзæн ацы æлгъысты хæст,

кæд ныууадздзынæн ацы тадзгæ-баргæйæ дæттын къæбæр мæ сывæллæттæн! — скæуынмæ-иу бирæ нал хъуыди Дзыццайы. Стæй-иу кард райста æмæ ма-иу Агуындæйы хайыл уæле тæнæг, тынг тæнæг кæрдих æрæвæрдта.

Фосæй нæм æгасæй уыди иу хъуг æмæ дыууæ карчы. Кæрчытæй иу йеддæмæ не ‘фтыдта. Фыццаг ныл-иу уаргæ кодта уыцы айк Дзыцца, стæй нын æй радыгай райдыдта дæттын, ома иу бон æй нæ иу хордта, иннæ бон — иннæ. Фæлæ та-иу уæддæр хъуыддаг быцæумæ асайдта — цыма нæ карк куы стыр айк æфтыдта, куы та — гыццыл, афтæ кæсын нæм байдыдта. Уæлдайдæр-иу, айк хæрын Агуындæйы рад куы уыд, уæд-иу ын Балотти йæ хъусы бацагъта:

— Цы гыццыл айк у, цы! Бæлоны айчы йас.

Æмæ та уый дæр — кæугæ:

— Мæ рад куы вæййы, уæд цы гыццыл айк æрæфтауы!..

Нæ мад æмæ-иу нæм Тасолтан æнкъардæй кастысты.

Æз-иу бадтаин, нæ тыргъмæ схизæны цы фæйнæг бадæн уыд, ууыл æмæ-иу æрымысыдтæн:

Хæстæн йæ кой дæр — нæ, фыд — куысты. Æз уынджы радугъ-бадугъ кæнын ме ‘мбæлттимæ æмæ мæм дзурынц хæдзарæй:

— Алик, рацу, сихор бахæр!

— Нæ мæ хъæуы! — дзурын сæм уынгæй æз. Куы мæ ныууадзиккой!

— Рацу, хæринаг ныууазал!

Æмæ-иу араст дæн, нæ мæ фæндыд, афтæмæй. Мидæгæй бадынц фынгыл. Æз райстон къаннæг карст — стыр карст куы райсон, уæд мын æй мад хъæрмхуыппимæ хæрын кæндзæн, æмæ ма уæд фæстæмæ кæд афтдзынæн уынгмæ! Кæнæ цæрвджын уæливыхтæ фынгыл... Стæй ноджы æхсыр. Æйчытæ та!..

Абон айк Балоттимæ хауы. Æз мæ комдæттæ аныхъуырдтон. Хæсты размæ, кæд дæ фæнды, уæд æртæ айчы дæр бахæр!

Балотти, хæргæ кæм фæкæнæм, уыцы хатæнæй рахызт.

— Дæ дзых-ма схæлиу кæн.

— Цæмæн?

— Схæлиу кæн дæ дзых!

Æз мæ дзых схæлиу кодтон.

— Гъеныр бацъынд кæн!

Йæ коммæ ма бакæс æмæ дæ бæрзæйæн — къæрцц. Æмæ бацъынд кодтон мæ цæстытæ. Уый мын айчы бур мæ дзыхы атъыста æнæхъæнæй. Æз æй æууылдтон æмæ æууылдтон — афтæ хорз уыди, афтæ!

Балоттийыл цыди æртындæс азы. Уый мæнæй хуыздæр æмбæрста алцыдæр. Райсом-иу æдде хæдзармæ æрбацыдаид æмæ загътаид:

— Нæ хъуг нæма ныззад.

Уæд-иу Тасолтан, цыма æцæг мæсты кодта, уыйау хъæрæй загъта:

— Гъеныр Мартæйыл цæсгом и! Уæдæ нæ уыны, мах æхсыр хъæуы, уый!

Мах æнæхъæн бинонтæй дæр тынг уарзтам Мартæйы. Немыц нæ хъæумæ куы ‘рбацæйхæццæ кодтой, æмæ адæм хъæдмæ куы лыгъдысты, уæд Мартæйыл ныццамадтам хуыссæнтæ — гобанæй-хъæццулæй, стæй уыдоны уæле ноджы бирæ алыхуызон мигæнæнтæ ‘мæ къæртатæ. Уый, мæгуыр, æнæ уæлдай мийæ цыди уыцы цъыф фæндæгтыл. Никуы фæбырыди, никуы фæцудыдта.

Хъæды цардыстæм халагъуды. Алыбон дæр æргæвстам карк: кæм сæ дардтаиккам, уый нæ уыд, æмæ-иу мад загъта:

— Цæйнæфæлтау ныдздзæгъæлтæ уой ацы хъæды, фæлтау сæ уадз æмæ сывæллæттæ хæрой!

Стæй немыц лидзынмæ фесты. Мах æрыздæхтыстæм хъæдæй. Æмæ нын уæд нæ мадымад — уый хъæдмæ нæ акуымдта — ацы дыуyæ карчы радта. Куыд ма йæм баззадысты, уымæн мах ницы зыдтам.

— Æрмæст сæ иуы йеддæмæ иннæ не 'фтауы, — загъта Дзыццайæн.

— Æмæ хъæды кæй бахордтам, уыдонæй дæр иуы йеддæмæ куы не ‘фтыдта, — бахудти мад, — уæд ныхас бакодтой?

— Хуыздæр фæу. Æгайтма дæ хъуг удæгас баззад, — загъта зæронд ус.

Нæ, æмæ йын æнæ уарзгæ куыд и Мартæйæн! Рæхджы ныззайдзæн, æмæ йын уыдзæн рæуæд. Стæй нæм уыдзæни æхсыр. Æмæ та сæндæг хæрдзыстæм. Уæд йæ бон у, æмæ не ‘фтауæг карк баулæфа...

Райсомæй-иу Мартæ уасыд — хæринаг агуырдта. Махмæ фосы хæринагæй ницы уыд, æмæ-иу ын хъарм дон рахаста Дзыцца. Фæлæ хъуг айдагъ дон нæ куымдта, æмæ уæд мад йæхиуыл дæр хинæй рацыди. Цæвиттон, цы картоф ма нæм уыд, уый уæды онг æдцъар фыхтам: афтæмæй дзы згъæлæнтæ къаддæр уыди. Фæлæ, цæмæй Мартæйы раз сыгъдæг дон мауал æвæра, уый тыххæй Дзыцца картæфтæ хомæй сыгъдæг кæнын райдыдта. Стæй-иу сын се ‘хсæдæнтæ хæрзæхсадæй, хъугæн кæй

лæвæрдта, уыцы хъарм доны ныккалдта, æмæ-иу хъуг фыццаг дон анызта, уый фæстæ та-иу картофы ‘хсæдæнтæ ахордта.

Цыбыр ныхасæй, мах айкмæ куыд æнхъæлмæ кастыстæм, Мартæ та афтæ хъарм дон æмæ картофы 'хсæдæнтæм æнхъæлмæ каст.

Уæдмæ-иу нæ суггæ фæцæйфæуд кодтой æмæ-иу Мартæйы бахъуыди ифтындзын дæр. Мартæ мæсты кодта, ифтындзгæ йæ кæндзысты, уый-иу куы базыдта, уæд — йæ сæр-иу тылдта, йæ фындзы хуынчъытæ-иу ныппака кодта. Фæлæ та-иу уæддæр иу афон æрсабыр и. Дзыцца дæр-иу хъуыр-хъуыр кодта йе ‘фсымæрыл:

— Хъуг йæ фæздон куы æруадза, уæд ын ифтындзæн нал и.

Тасолтан-иу дзургæ ницы скодта, афтæ-иу йæ уæхсчытыл схæцыд, ома фыдæнæн æй куы нæ ифтындзын, æндæр гæнæн мын нæй...

Æмæ-иу Тасолтан хъæды куы уыди, уæд-иу æз изæры йæ размæ ацыдтæн. Æмæ-иу æнхъæлмæ кæсынæй бафæлладтæн: Мартæ сындæг цыди, стæй йын Тасолтан дæр тæригъæд кодта æмæ та-иу æй баурæдта — уадз æмæ аулæфа. Тасолтан-иу цыди фистæгæй уæрдоны фарсмæ. Хæрд-иу кæм уыди, уым-иу ын æххуыс дæр акодта — фæсте-иу схæцыди уæрдоныл.

Уæрдон-иу куы равдæлон кодтам, уæд-иу мах æртæйæ — Тасолтан, Балотти æмæ æз ацыдыстæм Урсдонмæ нæхи найынмæ. Афтæ нæм каст — сфæлтæрдтам, тас нын нал у уазал донæй. Фæлæ иухатт Балотти фæрынчын. Мад фæтарсти, сыхæгтыл азылд, цыдæр кæрдæджытæ-йедтæ æрæмбырд кодта, сфыхта сæ. Балоттийæн сæ дон дарын байдыдта. Дыууæ бонмæ лæппуйы тæвд æрхаудта. Иу райсом дын, хъæдмæ ацæуыны размæ, йæ уаты раз æрлæууыди Тасолтан.

— Куыд дæ?

— Дзæбæх.

— Дæхи ма найдзынæ?

— Найдзынæн.

— Лæг дæ. Хъæдæй дын цы ‘рхæссон?

— Æрыскъæфтæ.

Тасолтан ацыд.

Агуындæ йæ къæцæлчындзимæ бадти фæсдуар. Аргъау ын кодта. Фæлæ Балоттийæн цыдæр зæгъынмæ кæй хъавыд, уый бæрæг уыд — йе ‘рфгуыты бынты та-иу æм бакаст.

— Балотти!

— Цы кæныс?

— Дæуæн дæ дзулы карст стырдæр у, зæгъгæ, æз никуыуал зæгъдзынæн. Хорз?

— Хорз.

— Балотти!

— Циу?

— Æз ма-иу дын мæхи дзулы карстæй дæр авæрдзынæн, æрмæст адзæбæх у. Хорз?

— Хорз. Фæлæ мын дæ дзулы карстæй макуы ралыг кæн. Ды нырма гыццыл дæ. Дæу нырма рæзын хъæуы...

— Уæдæ Дзыцца афтæ куы фæзæгъы — стыр дæн.

— Уый сайгæ фæкæны. Дзыццайæн нырма æз дæр гыццыл дæн. Хъуыды ма кæныс, знон куыд загъта, мæ гыццыл хур, дам, фæрынчын.

— Гыццыл! — загътон æз дæр. — Бæрзæй къæрцц кæнынæн гыццыл нæу.

— Хъуыды ма кæныс, цас къафеттæ-иу нæм уыди? — йæ цæстытæ ферттывтой Агуындæйæн. — Цы сæрхъæнтæ уыдыстæм?! Уæд дзы хорз куы бахордтаиккам, уæд нæ нырма дæр нæ хъæуид къафетт.

— Æмæ-иу нæ кæрчытæн цас нартхор акалдтам! — йæ сæр ныттылдта Балотти.

— Дзыцца афтæ загъта, нартхорыссад, дам, нæм гыццыл йеддæмæ нал и. Куы нын фæуа, уæд ма цы ми кæндзыстæм?! — арф ныуулæфыди Агуындæ.Балотти бахудти.

— Уæд æхсæвæрыл дзул хæрдзыстæм, аходæн та кæндзыстæм æнæ кæрдзынæй.

— Уыдон та дын цы хуызæн ныхæстæ сты! — Балоттимæ комкоммæ бакастæн æз.

Цыдæриддæр уыди, уæддæр хорзæй ницы уыди уыцы ныхæсты. Дзыцца-иу райсомæй скодта кæрдзын æмæ ныл-иу æй къæбæргай байуæрста. Стæй-иу Агуындæ райста цыппæрдигъон чиныг æмæ-иу дуканимæ араст. Иуæй-иу хатт-иу æз дæр ауадтæн дуканимæ, фæлæ мæныл афтæ тынг не 'ууæндыдысты — уыцы чиныг мын искуы куы фесæфа, уымæй тарстысты. Стæй, мæн куыд фæндыди дзулмæ цæуын, Агуындæйы дæр афтæ фæндыди, уымæн æмæ-иу дзул гыццыл куы разынд, уæд-иу ын дуканигæс йæ уæлæ цы тæнæг карст баппæрста тæразмæ, уыцы тæнæг карст хаудта, дзул чи 'рбахастаид, уымæ: ахæм фæтк нæм сфидар.

Иу афон Дзыцца æрбауади мидæмæ. Балоттийы дæлфæдтæм æрбадт.

— Куыд дæ, хъæбул?

— Стонджы мын у, — загъта Балотти.

Мад исдуг ницы сдзырдта, бадти æмæ бадти, стæй æрæджиау загъта:

— Абон уын хъуамæ хорз æхсæвæр скæнон.

— Цы? — нал фæлæууыдтæн æз.

— Карк уын аргæвддзынæн. Чи не 'фтауы, уыцы карк.

Дзыцца хъæрмхуыпп скодта æнæхъæн карчы дзидзайæ æмæ не 'ппæт дæр нæ фаг бахордтам, хæсты размæ-иу куыд хордтам, афтæ.

Тасолтан хъæдæй æрыздæхт изæрдалынджы.

— Куыд æрæгмæ цыдтæ? — йæ размæ фæци Дзыцца. — Нæ цæстытæ дæм куы ныуурс сты.

— Уæлæмæ ссыдтæн, рагъмæ.

— Цæмæ?

— Æрыскъæфтæм. Балоттийæн ныфс бавæрдтон райсомæй.

— Æмæ Мартæ та?

— Хызти дæле, фæзы.

— Æмæ дын æй уæд та исчи адавта!

— Мæ цæст æм дардтон.

Дзыцца бахудти. Æвæццæгæн, ома йæм исчи куы бахъавыдаид, уæд æм дæ цæст дардтай, уымæ нæ фæкастаид.

Тасолтан хъуджы суагъта, суггæ æмæ кæрдæг ракалдта, бафснайдта сæ, махæн бæрзы цъарæй цы къопп сарæзта, уырдыгæй нæ фæйнæ армыдзыхъмæ æрыскъæфтæ æркодта, стæй Мартæйы йæ бынатмæ бауагъта. Йæхæдæг дæр йæ фæдыл бахызт. Мæн дæр фæндыд мидæмæ бахизын, фæлæ мæм уæдмæ райхъуыст Тасолтаны æнкъард ныхас, æмæ йæм хъусыныл фæдæн:

— Куыд дæ, Мартæ, тынг бафæлладтæ?

Хъуг багуым-гуым кодта.

— Ды уæддæр тыхджындæр дæ мæнæй. Æз дæуау тыхджын куы уаин, уæд уыцы уæрдон мæхæдæг ласин, дæу дзы нæ ифтындзин, фæлæ йæ нæ фæразын æмæ ныххатыр кæн, Мартæ. Ныр ацы уæззау рæстæджы ды куы нæ уай махæн, уæд нæ хъуыддаг хорз нæу. Æмæ фидар фæлæуу, Мартæ, нæ?

Мартæ мынæг хъæлæсæй бауасыд.

— Гъемæ хорз, Мартæ!

Мад Тасолтаны раз карчы бас æмæ дзидзатæй йе дзаг къус куы æрæвæрдта, уæд Тасолтан карчы сгуыйыл къусы кæронмæ ахæцыд, стæй Балоттийырдæм бакаст.

— Сымах бахордтат?

— Бахордтам, бирæ бахордтам, — хъæрæй загътон æз.

Тасолтан хордта æмæ Балоттийырдæм бакæс-бакæс кодта. Хæрд куы фæци, уæд сыстад, сгуыйыл цæхх айзæрста æмæ йæ Балоттимæ бахаста.

— Мæ хай дын!

— Æз бахордтон. Æз бирæ бахордтон! — фестъæлфыд Балотти.

— Цæмæн, уый зоныс? — æнкъард хъæлæсæй бафарста Тасолтан.

Балотти йæм кæсгæйæ баззад.

— Цæмæй тагъддæр адзæбæх уай æмæ та-иу мæ размæ рацæуай, стæй та-иу Урсдонмæ дæр иумæ ацæуæм найынмæ. Гъеныр бамбæрстай, цæмæн дын дæттын мæ хай, уый? Мæ мæт ма кæн, æз æрыскъæфтæ бирæ бахордтон абон.

Уымæй ныл йæ дыккаг бон æрцыди фыдбылыз. Агуындæ-иу иннæ хæттыты куыд кодта, афтæ ныр дæр дзулисæн чиныг зæронд цъындайы мидæг атъыста, йæ дæларм акодта цъындайы зæронд æмæ фæраст и дзул хæссынмæ.

— Æгæр раджы нæу? — бафарста йæ Дзыцца.

— Ирæмæ уал фездæхдзынæн.

Ирæтæ махæй дуканийы ‘хсæн цардысты. Чызджытæ уынджы къæлæстæй хъазын æрымысыдысты. Агуындæ йæ цъында кауыл ацауыгъта. Уыцы рæстæджы кæйдæр рæуæд каугæрæтты хизгæ куыд æрбацыд, цъындайы бынмæ куы ‘рбахæццæ, уæд æм куыд сæвнæлдта, куыд æй æрыскъуыдта æмæ йæ æуууилын куыд байдыдта, Агуындæйы уыдæттæм кæсынмæ нал равдæлд. Хъаст куы фесты æмæ цъында агурыныл сæхи куы ныццавтой, уæд сæм рæуæд æуууиллгæ-æуууилын йе стыр цæстытæй æнæмæт каст кодта.

— Мæ чиныг! Мæ дзулисæн чиныг?! — ныхъхъæр ма кодта Агуындæ æмæ йæ фыртыхстæй зæххыл æрбадт. Ныр дзул нал райсдзæн, ныр дзул нал бахæсдзæн хæдзармæ, афтæмæй ма йыл уæле цы тæнæг карст баппарынц тæразмæ, уый дæр æрбахæссинаг уыд абон Балоттийæн. Балотти рынчын уыди ‘мæ...

Агуындæйы хъæрмæ æддæмæ рауад Ирæйы мад Зæирæ...

— Цы кодтай? Кæлгæ фæкодтай? Исты ныццавтай?

Фæлæ Агуындæйы дзурынмæ не ‘вдæлд — куыдта æмæ куыдта. Æмæ уæд Ирæ фæхъæр кодта:

— Рæуæд ын йæ дзулисæн чиныг бахордта!

Исдуг Зæирæ дæр хорзау нал фæци, стæй æргуыбыр кодта Агуындæмæ.

— Кæугæ ма кæ, мæ чызг, кæуын худинаг у. Мæйы кæронмæ дыууæ къуырийы йеддæмæ нал и. Истыхуызты аирвæздзыстут. Адæм хорз сты.

Агуындæ уæддæр куыдта. Стæй схæкъуырцц кодта. Уый фæстæ загъта:

— Дзыцца мын... Дзыццайæн цы зæгъдзынæн?!

Зæирæ ма уæддæр сабыртæ кодта Агуындæйы, стæй йыл схæцыд æмæ йæ хæдзармæ ракодта.

Дзыцца, хабар куы базыдта, уæд афæлурс. Исдуг лæугæйæ аззад, стæй разылд Зæирæ æмæ Агуындæйырдæм — бæрæг уыд, йæхи тыхфидар кæй ныккодта, уый æмæ æнæбары сфæрæзта:

— Мауал ку. Мæйы кæронмæ бирæ нал и. Исты амæлттæй кæд аирвæзиккам. Балоттимæ ацу, иунæгæй тæригъæд у.

Мæнмæ уыцы сахат афтæ фæкаст, цыма Дзыццайы цæсгом хъæдæй конд уыд — йæ цæстытæ ирдæй баззадысты. Æрмæст ма йæ былтæ сæхимидæг змæлыдысты æмæ йæ къæмисæны тугдадзин дымстæй фæдисы змæлд кодта.

Агуындæ, Дзыццамæ бакаст, стæй араст, Балотти кæм хуыссыди, уыцы уатмæ. Йæ рустыл дæргъæй-дæргъмæ баззад цæссыгты фæдтæ.

Дзыцца кæртæй уынгмæ ахызт. Зæирæ дæр йемæ. Уым Дзыцца йæ къухтæ арвмæ фæхаста æмæ йæ фæсус хъæлæсæй ныуунæргъыдта:

— О, Хуыцау мæ куыд федта, ныр ма мæ сывæллæттæ цы хæрдзысты! Уæд та нæ хъуг дуцгæ куы уаид! — стæй скуыдта æмæ йæ кæугæ цæсгом Зæирæйы уæхскмæ бахаста.

Зæирæ Дзыццайы сабыр кодта — йæ тъæпæн арм ын йе уæхскыл уæле уырдыгмæ сæрфта æмæ сæрфта, стæй ахæцыди нæ мадыл, мидæмæ йæ акодта æмæ мæнмæ фæдзырдта:

— Цу-ма, хæсгард радав.

Уый фæстæ йæ тарæй сæ дзулисæн чиныг раласта æмæ дзы цалдæр цыппæрдигъон сыфы ралыг кодта.

— Мах бинонтæ дæр сымах бинонты бæрц сты, æмæ дыууæ боны махуæттæ сымах фæуæнт.

Уæдмæ æгас сых базыдтой нæ хабар. Устытæ нæм ныххал сты, чи нын цы хаста, чи — цы: агуывзæйы дзаг ссад, кæрдзыны ‘рдæг, дзулы карст. Æмæ та-иу сæ алчидæр Агуындæйы бафарста, куыд ыл æрцыди уыцы æнамонды хабар, уымæй. Æмæ

та-иу ӕй Агуындӕ дӕр радзырдта йӕ сӕрӕй йӕ кӕронмӕ.

Изӕры та нӕм, нӕ уынджы кӕрон иунӕгӕй чи царди, уыцы зӕронд Тамби фӕзынди, йӕ къухы картофтӕй цъупдзаг бедра, афтӕмӕй.

Дзыцца йӕм йӕхи бакъултӕ кодта:

— Дӕхӕдӕг та ма цы хӕрдзынӕ?!

— Ӕз ахуыр дӕн. Мӕнӕн ницы у. Сывӕллӕттӕ рӕзӕн сты, уыдон хӕрын хъӕуы.

Дзыццайы цӕсгом гыццылгай рухс кӕнын байдыдта.

# НАРТХОР

Уыди ӕрӕгвӕззӕг. Кӕмдӕр хӕст нӕрыд, ам та хъӕу уыд сабыр, тынг сабыр. Лӕппутӕй чи куыд хъомыл кодта, афтӕ цыди хӕстмӕ, дард кӕдӕмдӕр. Адӕмы зонд кӕй нӕ ахста, ахӕм ӕбӕрӕг кӕдӕмдӕр.

... Уӕддӕр цардысты адӕм. Иутӕ куыстой, иннӕтӕ ахуыр кодтой. Алчи дӕр йӕ хӕс зыдта ӕмӕ йӕ ӕххӕст кодта, йӕ бон куыд уыд, афтӕ

Ӕртындӕсаздзыд Толик йе 'мгар Рамазанимӕ цыди скъоламӕ, Садо та нырма гыццыл уыди, скъоламӕ нӕма цыд ӕмӕ-иу йӕ бон Толичы къахдзоныгътыл быргӕйӕ арвыста. Къахдзоныгътӕ уыдысты хиконд, фӕйнӕджы гӕппӕлтыл фидаргонд Садойы ӕнгуылдзы стӕвдӕн телӕй. Тел ӕмӕ фӕйнӕджы гӕбӕзты ӕхсӕн та уыди бӕттӕнтӕ ласт, ӕмӕ уыдонӕй къахдзоныгътӕ дзабыртӕм бастой. Садо-иу къахдзоныгътӕ бӕттгӕйӕ бирӕ фӕцархайдта, стӕй-иу ацыд куыройы цурмӕ ӕмӕ-иу уым уырдыджы бырыд.

Лубӕ рынчындоны куыста, Толик ӕмӕ Садойы мад — ӕфснайӕгӕй, рынчынтӕм дӕр йӕ цӕст дардта. Бон ӕмӕ-иу ӕхсӕв уым баззади. Стӕй дыууӕ боны ӕмӕ дыууӕ ӕхсӕвы та — уӕгъд. Уыцы уӕгъд бонты та-иу колхозы куыста. Нартхор ма бирӕ уыд тонинаг колхозӕн, ӕмӕ уыцы уазӕлтты дӕр быдыр ӕмызмӕлд кодта. Нартхор ластой колхозы кӕртмӕ, уым ын йӕ дзӕбӕх ӕвзӕрстой ӕмӕ йӕ Ӕрыдонмӕ ӕрвыстой паддзахады къӕбицмӕ.

Садо-иу бырынӕй дӕр схъыг и ӕмӕ-иу уӕд ӕнхъӕлмӕ касти, мад куыстӕй кӕд ӕрцӕудзӕн, уымӕ. Йӕ размӕ-иу ацыд

æмæ-иу уынджы лæууыд. Кæд-иу суазал, уæд-иу куыройы онг адугъ кодта, стæй та-иу фæстæмæ дæр æрбадугъ кодта. Куырой уыди, куырæйтты уынг кæй хуыдтой, уый кæрон — къаннæг, хъæдынкъул къадакуырой, æхсæвæй-бонæй йæ хъæр, йæ хъæлæба цыд. Йæ цъæх хъуына нучы дон уырдыгмæ згъордта, уым бынæй йæхи цавта фæрчытыл æмæ зылди куыройы цалх, цалхимæ зылди куыройы фыд æмæ йæ разы дзыгуырмæ калдта æмæ калдта урс-урсид ссад. Фæлæ нартхор нæ уыди. Бынтон нæ уыди зæгъæн нæй — се 'ххормаг-иу фæсайдтой, фæлæ дзæбæх хъæбæрфых нартхоры кæрдзыны састимæ æддæмæ уынгмæ рацæуай, æмæ йæ уым дæ зæрдæйы дзæбæхæн æхсынай, уый бæрц нæ уыди.

Мад-иу рынчындонæй куы æрцыд, уæд-иу йемæ исты æрхаста — куы цалдæр къафетты, тъæпæнгомау, дæргъæццон къафеттæ, мидæгæй адджын мураба кæм уыд, ахæм къафеттæ, куы та — уæливыхы кæнæ картофджыны карст. Рынчынтæ йын сæ лæвæрдтой, дæ сывæллæттæ, дам, дæм цæмæ скæсдзысты, æгас бон æмæ, дам, æхсæв сæхи æвджид кæй бакодтай, уыцы сывæллæттæ.

Садо-иу сын сæхи схицау кодта, хо æмæ-иу дзы æфсымæрæн гыццыл истытæ авæрдта, иннæты-иу йæхæдæг ахордта.

Уыцы бон мад рынчындоны нæ уыди, фæлæ быдыры куыста æмæ уырдыгæй ссыди, суазал и, афтæмæй. Йæ уымæл бæмбæдджджын тыргъы фæуагъта æмæ мидæмæ бахызти.

Толик йæ уроктæ кодта — стъолмæ ныггуыбыр. Иу афон йæ хъустæ ацахстой, нартхоры нæмгуытæ цинкæ къусы быныл уыцы цъæхснаг зæлланг-мыллунг куыд кодтой, уый. Йæ сæр фæхъил кодта æмæ федта: мад размæ рагуыбыр кодта, æмæ йæ гомхъуыр кофтæйы тарæй, йæ разы дæлтъур бандоныл цы къус уыд, уырдæм калди нартхоры нæмгуытæ.

— Дзыцца! — йæ цæстытæ ирдæй баззадысты лæппуйæн. — Уый циу?! Уæдæ уыцы нартхор?!.

Мад фефсæрмы, арф ныуулæфыд.

— Ног хор нырма кæд уыдзæн. Махмæ та нартхор цъус и, хæрз цъус.

— Æз уыцы кæрдзынæй нал бахæрдзынæн.

Дуарæй æрбахызт Гатинæ, Рамазаны мад. Йæ фæдыл та — Сæниат, йæ лæдзæг йæ къухы, дуары тарвазыл йæхи бахафта. Йæ сæры батылдæй арфæ ракодта Лубæйæн æмæ æрбадт.

Йæ иунæг фыртæн фæбадти Сæниат. Чындз æрхаста, ницы-

уал æй хъуыди, æрмæст ма хур бонтæ фылдæр куы цыдаид йæ гыццыл цыппæрдигъон кæртмæ, æндæр. Фæлæ йæм Хуыцау цæуылдæр фæхъызыд: чындз арын нæ бафæрæзта. Дыууæйæ ацыдысты йæ бинонтæ. Уæды онг ма йæ цæсгом лæгъз уыди, урсцъар, стæй уайтагъд тар кæнын байдыдта цæсгом, æнцъылдтæ дæр ыл уæд фæзынди. Раздæр дзураг уыд, ныр цæхгæр смадзура. Исчи-иу æй истæмæй куы бафарста, уæддæр-иу æм кæнæ исты сдзырдта, кæнæ — нæ. Уæдмæ йын йæ лæппуйы дæр акодтой хæстмæ, æмæ уæд бынтон смадзура — æппындæр сыбыртт нал кодта, цыма ард бахордта, куыд нал сдзурдзæн, ууыл, уый хуызæн. Иннæ устытæ-иу ын уайдзæфтыл схæцыдысты. — Уæдæ йын уый цавæр мадзура у уыцы удисæн рæстæджы?! Фæлæ уыдонæй дæр никæмæ ницы дзырдта. Мæнæ цыма æгомыг баци. Æнæуи сыхæгтæм цыди — уæдæ уыцы афтид хæдзары иунæгæй куыд бадтаид! — фæлæ сыхæгтæй дæр йæ былы бынæй сыбырт никæмæ суагътаид. Бадти-иу æмæ-иу хъуыста, иннæтæ цы дзырдтой, уымæ. Стæй йæм гыццылгай æндæр цæстæй кæсын байдыдтой хъæуы устытæ. Алчи дæр сæ архайдта, Сæниаты куыд ницæмæй фæхъыг кæна, ууыл. Уæлдайдæр та сын Гатинæ уыцы диссæгтæ куы фæдзырдта, уæдæй фæстæмæ. Цæвиттон, дам, иу бон Сæниат, йæ къухы арахъхъы сыкъа, афтæмæй слæууыди сæ артдзæсты раз, бирæ дам, фæлæууыди уыцы мадзурайæ, стæй, дам, арахъхъ къонайы рæхысыл рауагъта. Арахъхъ, дам, рæхысы цæгтыл уади зилгæ-здыхсгæ, цæхæрыл, дам, тагъди æмæ, дам-иу, сгуыпп кодта йе ‘ртах цæхæрыл, цъæх-цъæхид пæрт, дам-иу, скодта. Сæниат, дам, касти, арахъхъ куыд сыгъди, уымæ æмæ, дам, йæхиуыл дзуæрттæ æфтыдта. Йæхиуыл дзуæрттæ æфтыд куы фæци, уæд йæ цæстытæ æрхæцыдысты Гатинæйыл, фæлæ йæ, цыма нæ федта, уымæй уæлдай йæ хъуыды дæр не ‘ркодта. Ногæй та рахаста арахъхъы сыкъа, æмæ ацы хатт та дзуæрттæ кæд не ‘фтыдта хурыл — хур уыцы тæккæ уысм сдардта йæ судзгæ был хохы уæхскæй.

Гатинæ тæрсын байдыдта Сæниатæй. Стæй дзы иннæтæ дæр байдыдтой тæрсын. Искуыцæй æрбазынди, уæд-иу æрлæууыдысты æмæ йын фæндаг лæвæрдтой. Сæ мидбылты йæм худтысты: йæхимæ йæ мачи смæсты кæна, кæннæуæд сæ кæмæ фæхъыза... Сывæллæтты дæр дзы байдыдтой тæрсын кæнын: коммæ нæ кæсдзынæ, æмæ йæ Сæниатæн куы зæгъон...

— Суазал дæ, Лубæ? — бадзырдта йæм Гатинæ.

Уæдмæ Лубæ пецы хъарм агуыридуртыл йæхи бауагъта.

— Басыдтæн, уæртæ уыцы армыдзаджы тыххæй, — Лубæ йæ къух бадардта къусмæ. — Мæ цæсгом басыгъди мæ сывæллæтты раз. Фæлæ æндæр гæнæн нæй. Куысты бонтыл мын куы нæ райуардзысты нартхор, куыд-иу уæрстой, афтæ.

— Омæ уыцы салд нартхор... Кæс-ма, кæддæра нæ фæрынчын уаис...

— Фыццаг сæ мæ армы схъарм кæнын, стæй сæ уый фæстæ ныккæнын мæ тары, — загъта Лубæ. — Уыцы фыдæбоны хъалагъур Буй куы нæ уаид, уæд лæг нæ тагъд кæнид æмæ сæ фылдæр дæр адар дæ армы. Фæлæ уæлбæхæй ралæуу-балæуу кæны нæ уæлхъус æмæ.

Сæниат уæззау ныуулæфыд.

— Йæ зæрдæ кæмæ фехсайы, уымæн йæ дзыппытæ сфæлдахы, йæ тæрттæм ын бавналы, — дзырдта Лубæ.

— Йæхи æвдисы, кæннæуæд тæрсы, хæстмæ йæ куы акæной.

— Охх, охх, Гатинæ, сыгъдæг Лæгтыдзуар нын уыцы æххуыс куы бакæнид æмæ ма нæ хæдзæртты хицæуттæ куы æрыздæхиккой сæ мæгуыр къонатæм.

— Хуыцау куы зæгъид, — йæхиуыл дзуæрттæ бафтыдта Гатинæ.

Сæниат дæр уыцы æнæхъыпп-æнæсыппæй бафтыдта дзуæрттæ йæхиуыл.

Толик сыстад æмæ æддæмæ ахызт.

— Ай дын цыдæр æнæсæрæны каст кæны, — загъта Гатинæ æмæ лæппуйы фæстæ акаст.

Толик уыцы изæр раджы схуыссыд. Фыны федта йæ фыды — цыма æвдсæрон калмимæ хæцыд стыр нæртон цирхъæй. Калм æй сæхимæ цæуын нæ уагъта. Æмæ та-иу фыд йæ цирхъ фæхъил кодта. Хæдзары раз лæууыди нартхорæй цъупдзаг къорыпп.

— Уый мæ сывæллæтты нартхор у! — хъæр кодта фыд.

— Адавтай паддзахады нартхор! — нæрыди æвдсæроны хъæлæс.

— Мæ сывæллæттæ паддзахады сывæллæттæ не сты?

Калмæн йæ дзых хæлиуæй баззад æмæ йæ зыст уынæргъын цыд?

Толик райхъал: йæ буарыл уазал хиды æртæхтæ бадт. Уынгæй цыдæр гыбар-гыбур цыд. Лæппу йæ уатæй фестад æмæ йæ ных рудзынджы авгыл авæрдта. Кæцæйдæр рухсы тын ратахт, рудзынджы авгыл йæхи асæрфта, æмæ Толик ауыдта, ноябры уазал æхсæв авгыл цы алдымбыдтæ сныв кодта, уыдон. Лæппу

авгыл йæ хъарм комытæф баулæфыд цалдæр хатты æмæ уынгмæ акаст. Уым хъуызæгау æрбацæйцыди рухс. Рухсы фæстæ цыди æндæр цыдæр æмæ ахъаззаджы гыбар-гыбур кодта. Толик дзы фæтарст, æмæ рудзынгæй агæпп кодта иуварс. Фæлæ нæ фæлæууыд — ногæй та йæ цæстытæ бахаста рудзынгмæ. Уæдмæ рухс сæ размæ æрбахæццæ, йæ фæдыл гуырæй-гуырмæ цыди трактор, æмæ стыр цыппæрдзæлхыг уæрдон ласта. Лæппуйы зæрдыл æрлæууыд: цалдæр боны размæ сæ сыхы лæппутæ, Рамазан дæр семæ, афтæмæй фыццаг хатт федтой трактор. Йæ фæстаг цæлхытæ æнахуыр стыртæ æмæ сыл лæгъз æмæ æрттиваг цыргъ дæндаггæндтæ уыд. Йæ тохынайы хæтæл уæлæмæ ныхъхъил æмæ дзы сатæгсау фæздæджы пихылæйттæ тахт хæрдмæ. Уый уыди «Фордзон», нартхор ласта Æрыдонмæ. Тракторы фæстæ та цыдысты колхозы уæрдæттæ, уыдон дæр ластой нартхор.

Толик касти уæрдæттæм — дзæбæх æм нæ зындысты, се 'ндæргтæ сын цы 'взæрста, æндæр. «Ныр Садойы райхъал кæн! — ахъуыды кодта Толик. — Хæрзаг йæ уд йæ къæхтыбынæй атæхид. Сырддонцъиуæй уæлдай нæу тæрсынмæ, афтæмæй йæ бафæрс, уæд уымæй хъæбатырдæр зæххыл нæй. Стæй цы нæ зоны!»

Æрыдон дард у, æмæ нартхорласджытæ раджы ацæуынц, цæмæй изæры фæстæмæ сыздæхой. Толик ныссагъæс кодта.

Дыккаг бон Толик æмæ Рамазан куыройы цур лæууыдысты æмæ цæуылдæр сусу-бусу кодтой. Иу афон сæ цурты йæ сау дарæсы сау халоны хуызæн, йæ лæдзæгыл фенцай-фенцайгæнгæ, æрбацыд Сæниат.

— С-с, — мынæг хъæлæсæй загъта Рамазан. Нæ фæнд нын базыдта.

— Уанцон нæу!

— Афтæ дзурынц — алцыдæр, дам, базоны.

Толик йæ фæдыл дызæрдыггæнæджы каст кодта.

Уыцы изæр дæр та Толик раджы схуыссыди. Афынæй-иу æмæ та-иу фæстæмæ фехъал, æмæ-иу уæд ныхъхъуыста — нæма? Æппынæрæджиау йæ хъустыл ауад уыцы зонгæ гыбар-гыбур. Фестад, йæ гæрзтæ акодта æмæ дуарæй ахызт. Толикмæ афтæ каст: ацафон куырой вæййы йæ тæккæ дзаг хæйрæджытæй. Æвваххс сæм балæууыдтæ, уæд дыл алы хъæлæстæй суасдзысты, сæ мукъутæ дæм сзылынтæ кæндзысты, æмæ дæ кæдæмдæр сайдзысты сæ фæдыл. Хæдзæртты ахæм тæссагæй ницы уыди — хæдзæрттæ, къуырттон карк йæ цъиуты куыд бакæна йæ быны, афтæ сæ быны бакодтой адæмы æмæ сæм уазал нæ уагъ-

той, сæхæдæг та сæ талынг рудзынг-цæстытæ уынджы талынгмæ сарæзтой æмæ йæм æвæллайгæ кæсынц. Уæле стъалыджын арвæй улæфыд æхсæвы уазал ирдгæ æмæ афтæ зыны, цыма гомгæрццæй чи лæууыд, уыцы бæлæстæ цъæх никуал адардзысты. Цъиутæ сыл никуал спæр-пæр кæндзысты.

Уазал æмæ тас æртыхстысты лæппуйы алыварс.

Æвиппайды йæ хъустæ ацахстой Рамазаны мынæг хъæр:

— Тагъддæр у! Æрцæуынц!

Лæппутæ куыройы бын амидæг сты. Куырой уыд æмыр. Цалх рафтыдæуыд. Æмæ, дон ихы бын æнæбары куыд хъуыр-хъуыр кодта, уый гыццылтæ хъуыст. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, а сæрды, куыройы дон куы ныццауæзтой уалæ уæлдæр, æмæ ма дзы цы цад баззад, уым Садо уисбыд тæскъæй кæсæгтæ куыд ахста. Цады-иу ауагъта уыцы тæскъ æмæ та-иу æй уайтагъд фелвæста — æрхъæцмæ нæ хъæцыд. Æмæ-иу лæппутæ ауыдтой афтид тæскъ, йæ уистæ æддæг-мидæг алæстысты, афтæмæй. Иухатт дзы иу гыццыл кæсаг кæцæй фæмидæг! Æцæг уый дæр куы сцæйиста тæскъæй, уæд йæ къухæй ацъыввытт ласта æмæ цады амидæг фæстæмæ.

Ихы бынæй доны хъуыр-хъуыр цыд, æмæ лæппуты тас фылдæр кодта.

— Сæрд никуал æрцæудзæн, — йæ уæхсчытæ барызтысты Рамазанæн.— Уыйбæрц хъарм кæм и, æмæ ацы ихтæ батайой!

Рамазан тыхсти. Тыхсти æмæ уазал кодта. Йæ къухтыл цы хæцъил æрмкъухтæ уыд, уыдон-иу фелвæста, йæ къухтæ-иу кæрæдзийыл ауæрста, йæ дзыппыты-иу сæ атъыста. Толиккыл та лыстæг ризæг бахæцыд: тæрсгæ кодта Толик та: куыд дзы хъуамæ райсой? Нæ сæ фендзысты? Алы уæрдоны дæр æнæхъæн лæг куы бады?!»

Йæ дæндæгтæ йыл цыма комдзог цыдысты, уыйау кæрæдзийы хостой. Хаттæй-хатт-иу æнæсыбырттæй йæ дзых схæлиу кодта æмæ уыцы судзгæ уазал уæлдæф сулæфыд йæ риуы дзаг, кæд ын фенцондæр уаид. Фæлæ уымæй дæр йæ тас нæ къаддæр кодта. Фæлтау йæхицæн куы хуыссыдаид йæ хъарм уаты. Фæлæ мад... Йе 'ргъæвст къухтæй йæ кофтæйы æгънæджытæ бакæнын йæ бон нал уыд, уæддæр сæ бакодта, æмæ йæ кофтæйы хъуырæй нартхоры нæмгуытæ калдысты къусмæ, сæ фæдисы зæлланг цыд.

Уæдмæ фæстаг уæрдон къуыр-къуыргæнгæ æрбацыди сæ рæзты, æмæ лæппутæ се 'мбæхсæнæй рагæппытæ кодтой. Уæрдонæн йæ уæрх æмæ йæ дæргъ куыд амыдтой, афтæ йыл æвæрд

уыд ставд уистæй быд бæрзонд къорыпп. Къорыпп уыди нартхорæй йæ тæккæ дзаг. Къорыппы разæй та уыди, бæхтæрæг кæуыл бадти, ахæм фæйнæг æвæрд. Бæхтæрæгыл уыди æфцæгготджын кæрц æмæ дзы йæхи æрбатыхта. Толик сгæпп кодта, хъилмæ æмæ райдыдта нартхоры æфсиртæ зæхмæ калын. Йæ зæрдæйы гуыпп-гуыппæй нæдæр цæлхыты хъæр хъуыста, нæдæр бæхты сонт хуыррыттытæ. Æвиппайды бæхтæрæг йæ кæрцы æфцæгготыл фæстæмæ ахæцыд, азылд æмæ лæппуйы куы ауыдта, уæд йæ ехс фæхаста æмæ дзы уæлдæф ахъаззаджы къæрцц ныккодта. Толиччы уыцы къæрцц фæкъуырма кодта æмæ, зæххы куыд абадт, уый нæ базыдта. Уый хæдуæлвæд бæхтæрæг йæ цонгæй къорыпп ахафта, æмæ нартхоры æфсиртæ салд зæххыл ныггыбар-гыбур кодтой, стæй бæхты ныццæфтæ кодта, æмæ уæрдон талынг уынджы гыбар-гыбургæнгæ афардæг. Лæппутæ февнæлдтой нартхоры æфсиртæ æмбырд кæнынмæ.

— Адугъ кæн уæхимæ æмæ чыргъæд радав, — фæйнæрдæм аракæс-бакæс кодта, афтæмæй бадзырдта Толикмæ Рамазан.

Толик æм фездæхт.

— Цæй æмæ уал сæ байуарæм.

Сæ дыуухæ дæр дзуццæджы æрбадтысты. Сæ тас æрбайсæфт нартхоры æфсиртæм кæсгæйæ. Уазал дæр сын афтæ нал уыди.

— Фыццаг уал сын се стыртæ байуарæм, — йæ цин нæ урæдта, афтæмæй загъта Рамазан.

Лæппутæ райдыдтой уарын, стырдæр æфсиртæй радыгай фæйнæ истой æмæ сæ алчи йæ фарсмæ æвæрдта.

— Цас сты! — бацин кодта Толик.

— Цас фылдæр уой, уыйас нын сæ бон у, æмæ фылдæр ныххырхой! — мынæг хъæлæсæй загъта Рамазан, — ахæстонæй нæ нал рауадзиккой!

— Уый афтæ у. Дыууæ æфсиры тыххæй дæр бирæты куы ’рцахстой.

— Марадз, ды уал сæ ахæсс, — загъта Толик.

— Æнæхъæн чыргъæды дзаг! — бацин кодта Рамазан.

Рамазаны фæстæ сæ ахаста Толик дæр. Нартхор бамбæхста. Тæскъ кæцæй нæ зына, ахæм ран сæвæрдта...

Уæдмæ бон æрбацъæх. Кæйдæр уасæг ахъаззаджы уаст ныккодта. Фæлæ иннæ уасджытæй йæ фæдыл ничи бауасыд.

Толик хæдзармæ бахызт, йæ дзаумæттæ раласта æмæ йæ уазал уаты алæст.

Райсомæй чидæр кулдуар ныххоста. Толик фехъал æмæ

хъусыныл фæци. Уæдмæ та кулдуары гыбар-гыбур ссыд.

Толикæн йæ зæрдæ æддæмæ ахсайдта, афтæмæй йæ дзаумæттæ кæныныл фæци. Уый фæстæ дуармæ рацыд. Сæ кæрты стыр дуар сын чидæр кæрæй-кæронмæ байтыгъта. Кæрты бæрæг астæу йæхи быд тæнæг цъында кофтæйы лæууыди мад, йæ тымбыл къухтæ йæ риумæ балхъывта, йæ цæстытæ дзагъырæй зылдысты, йæ разы иу ран лæууын чи нæ фæрæзта, уыцы ехсджын барæджы фæстæ. Лæг йæ ехс тынг тылдта, ноджы цыдæр хъæрæй дзырдта, æвæццæгæн, бæх иу ран уымæн нæ лæууыди.

Толикмæ лæг хæлуарæджы хуызæн фæкаст, стыр, сау хæлуарæджы хуызæн, бæхы та цыма ахсгæ æркодта æмæ йыл фидар хæцы, куыд нæ йын аирвæза, афтæ. Лæппу фæтарст æмæ мæнгагъуысты бамидæг. Уырдыгæй касти бæхджынмæ.

Уыцы рæстæджы кæцæйдæр фæзынди Садо, йæ къухы æртæкъухыг даргъхъæд сагой.

— Чи адавта паддзахады нартхор?! — байхъуыст мæнгагъуыстмæ, стæй ауыдта Толик: Буй йæ ехсæй бæхы ныцъцъыкк ласта, æмæ бæх, цыма гæпдугъ райдайынмæ хъавыд, уыйау, йæ сынæг размæ хæсгæ, æрзылди мады алыварс. Мад æм йæ тарст цæстытæй касти.

«Цæмæй йæ базыдта, цымæ, æз уыцы армыдзаг нартхор æрбахастон знон быдырæй, уый? — хъуыды кодта мад. — Нæ, басæттæн ыл нæй, мæ сывæллæттæ хурмæ баззайдзысты».

— Фæд ардæм æрбацыди, мæнæ уæ тæккæ дуары раз, уæртæ куыройы цурæй рацыди æмæ... Дзæбæхæй рахæссут нартхор, кæннæуæд уын Сыбыр фæсте аззайдзæн!

Лубæ йæ риуы дзаг сулæфыд — уæдæ уый кой нæ кæны!

Толик бамбæрста — раргом и йæ давд. Раргом и йæхи ахсосæй, чыргъæдæй нæмгуытæ згъæлдзæн, ууыл куыд нæ ахъуыды кодта дысон?!

— Уый ды уыдтæ! — цæхгæр ныззылд Буйы бын бæх, æмæ Буй йæ ехсы хъæд Толикмæ фæцарæзта, — Кæм бамбæхстай нартхор, ныртæккæ йæ рахæсс!

Мад йæ къухтæ фæхъил ласта. Цыдæр зæгъинаг уыд, фæлæ уæдмæ сыхы устытæ бамбырд сты Буйы хъæрмæ, æмæ уыдон фæйнæрдыгæй стай-тай кодтой Буйыл:

— Цы хабар у?

— Цы ʻрцыди?!

— Хуыссын нæ нал уадзыс, æгас сыхы дæ хъæры бын куы фæкодтай?!

Уый фæстæ кæрæдзийы фæдыл мидæмæ æрбахызтысты Гатинæ æмæ Сæниат.

Буй гыццыл фæлæууыд йæ хъæрæй, Сæниатæй ницæмæй тарст — уый дзургæ рагæй нал кæны, фæлæ иннæтæ æрæмбырд сты ‘ мæ!

Уæддæр та бавзыста Толикмæ:

— Рахæсс ныртæккæ, цы нартхор адавтай, уый!

— Нартхор! — загъта хъæрæй Гатинæ æмæ йæ уæхск размæ бахаста Буйырдæм, бакъахдзæфтæ йæм кодта. — Дæхæдæг цы нартхор фæдавтай, уый цæуылнæ рахæссыс уыцы лæгæй?!

Буй фездæхт Гатинæмæ.

— Уый цы ‘взагæй дзурыс закъонимæ, уæртæ сылгоймаг?!

— Закъон йæхæдæг цы ‘взагæй дзуры сылгоймагимæ, уыцы æвзагæй! — ныхас, цыма зымæгон бон арв ыннæрыд, афтæ нæргæ ацыд кæрты, кæртæй ахызт уынгмæ. Уæдмæ Сæниат раст лæууыди Буйы тæккæ раз, йæ лæдзæгыл схæцыд æмæ йæ бæхы мукъумæ фæцарæзта:

— Ды дæр дæхи лæг хоныс?! Де ‘мгæрттæ далæ знагимæ хæцынц, ды та ам — устытимæ хæцыс?! Æмæ дæм худинаг ницы кæсы?! Адде у ардыгæй ныртæккæ!

Буйы цæстытæ сæ къуырфыты нал цыдысты, уæлбæхæй рагуыбыр, афтæмæй касти Сæниатмæ. Йæ мæстæйдзаг цæсгомыл маст гыццылгай йæхи раивта дисмæ, æмæ йæ дæндæгты ‘хсæнты ралæмæрста:

— Сдзырдта! Сдзырдта, Сæниат сдзырдта! — стæй йæ бæхы фарс ныкъкъæрцц кодта ехсæй, æмæ бæх йæхи гом дуарыл æддæмæ фехста.

Сæниат стыр дуарыл ахæцыди, ахгæдта йæ, стæй устытæм раздæхт:

— Мæ цæрæнбонты нæлгоймагмæ мæ дзых никуы суагътон, — йæ сæр батылдта, йе ‘фсæртæ кæрæдзимæ æрæлхъывта, цыма йæм фæсмон æрцыд, кæй сдзырдта, ууыл, уыйау æмæ, йæ лæдзæгыл фенцой-фенцойгæнгæ, дуарыл ахызт.

***Ирон æвзагмæ ХУЫГАТЫ Сергейы тæлмац.***

*БРИТЪИАТЫ Асланбег*

# МАСТ ÆМÆ САГЪÆСТÆ

*Нæй марды æлгъыстæй*
*Тæссагдæр бæллæх.*
*О, ма скæн мæ рыстæй*
*Æлхынцъбаст фыдæх...*

**Малиты Васо**

Райгуыры саби —
Цæрæццаг цæстырухс — йæ мадæн,
Рæзы йæ рæвдыдæй,
Ахуыр — йæ тыры нысан.
Зонд æмæ армæй
Сæ цардамонд аразынц адæм,
О, уæдæ сабитыл
Чи кæны тугкалæн цуан?!

Сау марг цы рын тауы
Адæмы зæрдæты цадæг?
Чи кæны
Удхор æлдæртты фыдвæндтæ æххæст?
Скæнæм нæ кæстæртыл —
Хæсты зынгхуыстытыл кадæг,
Мадæлты удтæй та
Хъуысы сæ хъарæг æрмæст.

Рагæй фыдракæнд
Нывондæн æрхæссы Сократты,
Цъаммары сау уды
Сæвзæры низау хæлæг.
Хорз сыхæн, адæмæн
Раст лæг йæ зæрдæ дæр ратты,
Чи сæ уæй кæны —
Æвзистæй æртын сомыл лæг?

Сафынц фыдмитæй
Фыдгæнæг иудæтæ бæстæ,
Саудартæ сбирæ сты,
Арвмæ нæ хъуысы сæ хъаст.
Хæсты сыгъды тæфæй
Уахъæз дæр маргау фæхъæстæ,
Хор æмæ халсартыл
Бафтыдта скъæлдзой йæ маст.

Адæм — тыгуыртæ,
Фæцух ысты знæт бон æгъдауæй,
Динæн æндæр дин
Фыдæхæй цæсткъахæн у, сындз.
Динæй цу диныл! —
Мæнгард сидт нæ вæййы Хуыцауæй.
Маст æмæ сагъæстæ
Саударты удтæ хæрынц.

Райгуырæн бæстæ!
Ӕрцæудзæн та амонд йæ рады:
Дзидзидай райы,
У мадæн йæ цæсты фæрдыг.
Уыдоны уындмæ
Сæ мидбылты бахудынц адæм,
Уыдоны уындæй
Нæ удтæ — æгæрон хъæздыг.

Искуы та нал уыдзæн
Агурæг кард æмæ уартæн,
Уалдзæг кæрдæджытæй
Калдзæн нæ зæххыл цъæх арт.
Сабитæ тагъд рæзынц,
Ратдзысты ног хъару цардæн,
Ногæй хуымгæндтытæй
Хъуысдзæн сæ цинæйдзаг зард.

# АБОН МЫСЫН ЗНОНЫ БОН

*Террористты фыдракæндæй чи фæмард, уыдоны нæмттæ дзыарын.*

Хæхтæ нæ цардмæ æдзæмæй кæсынц,
Хистæртæй зонын, æз дæр сæ æмбарын:
Цас маст æнусты сæ уæхсчытыл дарынц.
Адæм та абон сыхагæй тæрсынц.

Нал уадзынц дымгæтæ дыргъдæтты стæфсын,
Сидзæр сыфтæртæ сæ разæй хæссынц.
Дондыппыр мигътæ уæззаугай лæсынц,
Рæстæг та азтæ æгæр цырд ыскъæфы.

Ивгъуыд — мæ фыны: бæлонау æнкъард,
Слæууыс мæ фарсмæ — куыд уыдтæ æвзонгæй.
Иу хатт ма бануаз дæ уарзтæн йæ ронгæй!
Суадон-иу махæн уæд кодта йæ зард.

Уарзты æууæнкæй дæ худæн хъæлæс,
Уалдзыгон хурау, ныр дæр ма мæ тавы,
Зарæджы зæлтау мæ уд мын æндавы,
Абон мæ зынты у царды фæрæз.

Хæхтæ мæм дардæй æдзæмæй кæсынц,
Хурмæ æвзистау æрттивынц сæ рæгътæ.
Афтæ мæ мысæн дæр ссудзы цырæгътæ —
Знонæй мæм амонды цаутæ зынынц.

Къухы — мыдыкъус, ныфсæрмы дæ — чындз,
Раст цыма арвæй мæ мадмæ æртахтæ,
Систай дæ уидыгæй хуры æртæхтæ,
Адæм дын фарнæн ныфсытæ дæттынц.

Царды мæлæт ис, уый не 'мбары уарзт,
Удхорты сау митæй сæфынц ныр адæм,
Демæ мæ риу дæр куы батыдтой фатæй,
Уалдзæг — мæ фынты, мæ бонтæ — фыдмаст.

Сидзæр ныууагътай — нæ буц чызг — мæ катай,
Арвмæ нæ хъуысынц йæ кæуын, йæ хъаст,
Хъуырмæ — хъуырдухæн, мæ зæрдæ мын фады,
Демæ мæлæты дæр уарзтæй дæн баст.




АСАТЫ Реуаз

# ПОЭТТÆ, ЦАМ, ЗÆРОНД НÆ КÆНЫНЦ...

## СЫЛГОЙМАГ

*Мужчина без женщины — это все равно, что пистолет без курка. Женщина заставляет стрелять мужчину.*

**Виктор Гюго**

Усы куы бафæнда, —
Райсом сæумæцъæхæй фестдзæн,
Маргъау дын базырджын фестдзæн,
Арвы цъæх тыгъдады фестдзæн.
Усы куы бафæнда, —
Лæджы тæхгæ бæхæй 'рисдзæн,
Зæххы йæ уæлныхты сисдзæн,
Æмæ цæрæнбонты рисдзæн!
Усы куы бафæнда, —
Тохы быдырмæ фæцæудзæн,
Лæджы зæрдæмæ фæцæудзæн
Æмæ йæ фæстæ фæцæудзæн!
Усы куы бафæнда, —
Лæгæн йæ судзгæ уарзт хъардзæн.
Ингæны былмæ йæ ардзæн,
Стыр у йæ лæгдзинад, мардзæ!
Усы куы бафæнда, —
Лæг у къæйыл фæлдæхт лауыз,
Æмæ йæ армæй быд гауыз,
Афтæ йæ 'мбарын, лæгау, æз!

*1956 аз. Париж*



*Реуаз сырхæфсæддон. 1941 аз.*

## УÆД ТА МА МЫН ЦЫ ЗÆГЪДЗЫНÆ!

Сыгъдæг арвы цъæх хъуымацæй
Дæуæн гæппæл æрхæсдзынæн,
Мæ буц уарзон, мæ сырх куадзæн.
Уæд та ма мын цы зæгъдзынæ?..
Æмæ дын дзы дывæлдахæй
Уæздан къаба ыскæрддзынæн.
Зæрин хуры цыллæ 'ндахæй
Лыстæг сынк æй ыскæндзынæн.
Æрхуыйдзынæн ыстъалытæй
Дæ къуыпп риуыл æгънæджытæ.
Дæ фыдыстæн, дæ мадыстæн.
Уæд та ма мын цы зæгъдзынæ?..
Ысфидаудзæн дæ уаз риуыл
Дæ уæздан къаба — хатыс æй?
Дæ фæрдгуытæ — дæ
хъазхъуырыл
Цъæх арвы роны авд хуызæй.
Æрвитын дын мæ уарзты зæй
Æз, хуры фырт, мæйы чызгæн,
Мыййаг æфсæнттæ мацы скæн,
Æндæра бастъæлд, басыгътæн.
Æндæра мын мæ тæригъæд
Цæрæнбонты фæхæсдзынæ.
Куы мæ фенай зæрдæдихæй,
Уæд та ма мын цы зæгъдзынæ?..

## УАРЗТ

О, демæ уыдзысты дæ хæлар æмбæлттæ,
Ды фидыдтай с 'астæу сырх дидины хуызæн.
Цæмæн дыл æмбæлдтæн, цæмæн мыл æмбæлдтæ?
Мæ уд мын фæхастай, фæхаудта мæ хуыссæг.
Цыдтæ ды мæ зæрдæмæ рагæй-æрæгмæ,
Фæлæ дæм нæ уæндыдтæн хатын,

Ды уа рæсугъд райгуырдтæ афтæ æрæгмæ,
Нæ цыдтæн дæ зæрдæмæ уый тыххæй, хатын.
Æнæуи дæр баст дæ, æз ахст дæн æфсондзы,
Ды хохаг сæгуытау сæрибар дæ, уæлæ!
Кæстæр æмæ хистæр? — Дзæгъæлы æфсон дзы
Нæ хъæуы, нæ, уарзтæн йæ ном ис йæ уæлæ...
Цы кæнæм? Кæрæдзи зæрдæмæ цæудзыстæм,
Куы сæмбæлæм уынджы, уæд судзынц дæ рустæ.
Æвæд рæтты балцы фæндæгтыл цæудзыстæм,
Цыма ды мæ къай дæ, мæ ус дæ...
Æнæуæрст дунейы куы ссарай дæ амонд,
Уæд искуы æвæндæй фæхицæн уыдзыстæм.
Æвæццæгæн, махæн Хуыцауæй у амынд,
Цæрæнбонты афтæ нæхицæн уыдзыстæм.
Цæй, фенынмæ! Кæннод дæ сæрра кæндзынæн,
Нæ уарзты цæхæры нæ дыууæ дæр судзæм,
Æппыннæйы бæсты дæ фынтæм кæндзынæн,
Дæ рæсугъд цæстытæ, цырагърухсау судзæнт!..

## МА МЫН КЪАХ МÆ ЗÆРДÆ

Ма кæ, ма мын къах мæ зæрдæ,
Ма кæ, ма мæ лидз тæргай,
Ма кæ, уыцы хорз изæртæ,
Искуы мысдзынæ, чызгай!
Рацу, киномæ дæ хонын,
Рацу, иу дзырд дын зæгъон.
Фæлæ ацы хатт дæ хойы
Демæ ма ракæн, мæ бон...

## КÆДÆМ ЛИДЗЫС ТÆРГАЙ?..

Зæгъ-ма, цы кæныс, сау рæсугъд,
Кæдæм лидзыс тæргай?
Дæ уарзт мæ мæт, мæ сагъæс у,
Дæ сон, дæ рын — мæ хай.
Зæгъ-ма, дæ дыууæ сау цæсты



*Галиуырдыгæй рахизырдæм. Бадынц: Мамсыраты Дæбе, дыккаг бæрæг нæу, Геворк Эмин, Цæгæраты Максим. Лæууынц: фыццаг бæрæг нæу, Асаты Реуаз. 1954 аз, Мæскуы.*



*Советон фысджыты II съезд, 1954 аз, Мæскуы.*
*Галиуырдыгæй рахизырдæм: Токаты Асæх, Гафез, Епхиты Тæтæри, Асаты Реуаз.*

Цы 'мбæхсыс ды мæнæй?
Æз дæн æдзух сæ ахæсты
Æмæ æрæнцой нæй...
Фæрсын дæ æз, цæмæн уадзыс
Мæ зæрдæйы хъæдгом?
Кæд искæйы фылдæр уарзыс,
Уæд мын æй зæгъ æргом.
Æмæ мæ амонд базонон,
Мæ хуры хай, æз дæр.
Чызгай, уæддæр дæ уарздзынæн,
Уæддæр,
Уæддæр,
Уæддæр!

## ТЫХСÆТТÆГ

Ма мын фæхуд, чызг, мæ митыл,
Байхъус мын мæ сæнттæм.
Федтон дын дæ фæдтæ митыл,
Ехх, цымæ кæй зæд дæ?..
Лæппуты сыбыртт нæ уадзыс,
Скæныс сын æфсæнттæ.
Кæд мыййаг ды искæй уарзыс,
Ма у, чызг, тыхсæттæг!
Цæстыл уайыс бон, æхсæв дæр,
Уагæр дæ куы зонин.
Нал мæм цæуы, нал, хуыссæг дæр, —
Фынтæм дæ фæхонин.
Чи зоны, дыл уынджы 'мбæлын,
Стыр дæ, йе чысыл дæ?
Де 'рфгуытыл кæд хал æвæрынц
Миты урс тъыфылтæ,
Уæд дæу, ацу, æмæ базон,
Базырджын ныгъуыли,
Хондзынæн дæ æз мæ уарзон...
Хур кæсы, ныгуылы...

# ТЕМЫРХАНТЫ СОСЛАН: 120 АЗЫ



*ДЖЫККАЙТЫ Шамил*

# ИРЫ КАДГÆНÆГ

Уæззау уыд ивгъуыд æнусты ирон фыссæджы цардвæндаг, йæ цард — хъизæмар, йæ хъысмæт — трагикон. Фæлæ дзы уыд, йæ цард æцæг хъаймæт кæмæн рауад, ахæмтæ дæр. Уыдоны хыгъды ис Темырханты Сослан. Йæ цард, цы у, уымæй нывæст у трагизмы æууæлтæй.

Сослан царди уæззау æмæ вазыгджын рæстæджы, æхсæнадон уавæртæ знæт фурдау раив-баив куы кодтой, уыцы фыдæвзарæн æмæ рæстæвзарæн дуджы. Йæ разы аргъауы хъайтарау уыд хицæн фæндæгтæ æмæ дзы иу равзарынæн хъуыди кæнæ бынтон хуымæтæг зонд, кæнæ титаны хъару. Сосланмæ уыдонæй иу дæр нæ разынд, æмæ удхар кодта дыууæ арты астæу, куы иу фæндагыл фæлвæрдта йæ амонд, куы та иннæуыл. Утæхсæн уыд йæ уарзты истори, æмæ йын уый дæр тар кодта йæ царды дуне. Æхсæнадон фыдæвзарæн æмæ хиудон тыхстæн сæ кæрон ралæууыди трагедион катастрофæйæ.

Темырханты Сослан райгуырди 1881 азы 2 апрелы Мæздæджы. Йæ ныййарджытæ Гаврил æмæ Екатеринæ кодтой зæххы куыст. Сосланæн йæ аргъуыды ном у Вано æмæ уыцы номимæ бацыд ирон литературæ æмæ историмæ.

Темырхантæ уыдысты бирæ бинонтæ.

Цоты хистæр — Сослан. Уый бакасти реалон скъолайы. 1901 — 1904 азты ахуыр кодта Калачы æфсæддон скъолайы æмæ уырдыгæй æфсадмæ рацыди подпоручикы цинимæ. Архайдта уырыссаг-япойнаг хæсты æхсарджынæй: хорзæхджын æрцыди Сыгъдæг Аннæйы орденæй.

Цаутæ ивтой кæрæдзи. Хæсты фæстæ — фыццаг уырыссаг революци. Уыцы цауты Сослан цы архайæг уыд, уымæн ницы æвдисæндартæ ис. Фæлæ литературон куыст бæлвырдæй райдыдта уыцы азты, йæ хицæн уацмысты зынынц революцион цаутæ æмæ сæ фæстиуджытæ.

Сослан зæрдæйæ уыд адæмы фарс, разы нæ уыд æхсæнадон цардæвæрдæй, фæлæ дзы æфсæддон ард домдта паддзахад хъахъхъæнын. Сосланы йæ зонд æмæ йæ зæрдæ здæхтой литературæмæ, йæ хæс та — æфсæддон службæмæ. Уыйадыл лæг иудадзыг уыдис æндыгъд психологон уавæры. Фадат ын нæ уыд æппæт тыхтæй сфæлдыстадон куыст кæнынæн. Бирæ азты *(1907 — 1920)* фысгæ дæр ницы кодта. Æвзыгъддæрæй цыди æфсæддон фæндагыл. 1908 азы сси поручик, 1914 азы — капитан, 1915 азы та — дæлбулкъон. Намысджынæй хæцыд Фыццаг дунеон хæсты, райста Сыгъдæг Владимиры орден. Уыцы æнтыстыты хал ын аскъуыдта Октябры революци.

Мидхæст саста бирæ фæлтæрты цардвæндаг, уыдонимæ фыццаджыдæр æфсæддон æмæ сфæлдыстадон интеллигенцийы хъысмæттæ. Уæлдай зын уавæры бахаудтой, бæлвырд политикон позицитыл чи нæ лæууыд, уыдон; сæ цард сын А.Толстой схуыдта «хождение по мукам». Мидхæсты карз уылæнтæ дыууæрдæм раппар-баппар кодтой Сосланы дæр. Уый суанг 1905 азæй фæстæмæ тох æмæ цардæвæрд ивыны фæрæз æнхъæлдта «учредительское собрание». Октябры революци равзæрста æндæр, радикалон фæрæзтæ. «Уымæ гæсгæ, — дзуапп дætты Сослан советон тæрхондоны, — мæхи атигъ кодтон большевиктыл, фæлæ нæ бауи дæн урсгвардионтимæ дæр, æлгъаг мын уыди сæ реакциондзинад». Уыйхыгъд бацыд æмæ куыста Хæххон хицауады, уыцы хицауад Дзæуджыхъæуæй йæхи Дагестанмæ куы айста, уæд дæр.

Советон хицауад фæуæлахиз Цæгат Кавказы дæр. Ахстой паддзахы афицерты. Сослан сси хауæггаг. Ногæй бавнæлдта сфæлдыстадон куыстмæ, æмбырд кодта фольклорон æмæ этнографион æрмæг. 1921 азы советон хицауад расидт амнисти, адæмы ныхмæ чи нæ хæцыд, уыцы афицертæн. Сослан æрбаз-

дæхти Дзæуджыхъæумæ, куыста ахуырад æмæ мыхуыры оргæнты. Ирон историон-филологон æхсæнады. Фæлæ йæ зæрдæ нæ ради ног цардæй æмæ йæ куыстæй. Разы нæ уыд хицауадæй. Уыцы зондахаст нæ басусæг, æмæ æрцыд трагикон цау — «диссаджы сæфт»: 1925 азы апрелыТемырханты Вано ацыд уроктæ дæттынмæ æфсæнвæндаджы скъоламæ æмæ нал æрбаздæхт». Ацыд канд цардæй нæ, фæлæ Иры историйæ дæр, йæ цардимæ фесæфт йæ ном дæр дæргъвæтин дуджы. Фæлæ рæстæг зилы царды цалх, æмæ Ванойы ном разынди ногæй ссæдзæм æнусы кæрон. Вано æрбаздæхт ирон литературæмæ, ирон культурæмæ. Абон адæм аргъ кæнынц афицер Темырханты Сосланы политикон куыстæн нæ, фæлæ фыссæг æмæ историк Ванойы сфæлдыстадæн.

* * *

Темырханы-фырт сфæлдыстадон куыст кæд райдыдта, уый бæрæг нæу. Фыста иронау (уый æнахуыр диссаг у мæздæггаг лæппу, стæй афицерæн), ирон мыхуыр та фæзынд æрмæст 1906 — 1907 азты. Йæ фыццаг уацмыстæ фæзындысты газет «Ног цард»-ы *(1907)*. Автор сыл йæ ном нысан кодта цыбырæй — Вано. Уымæ гæсгæ, Сослан хъодыгонд куы уыд, ног фæлтæртæ йын йæ кой дæр куы нæ хъуыстой, уæд йæ уацмыстæ рæдыдæй хыгъд æрцыдысты æндæр Ванойы номыл. Фæлæ бон цæуы, йемæ фарн хæссы, æмæ рæстдзинад раргом вæййы.

Ванойы фыццаг мыхуыргонд уацмыс у цыбыр радзырд «Минас». Æвдыст дзы цæуы фыццаг уырыссаг революцийы рæстæг. Фыссæг йæ уацмысы аппæн райста чысыл цау афицерты цардæй. Хæрз хуымæтæг сты радзырдæн йæ сюжет æмæ йæ композицион нывæст. Нæй дзы хуызджын нывтæ, бæлвырд сурæттæ, психологон иртасæнтæ. Уыйхыгъд уацмыс хæссы парахат информаци, арф гом кæны конфликты аххосаг, фæлгонцы архайджыты зондахаст, хъæздыг æрмæг дæтты царды æцæгдзинад иртасынæн.

Советон политикæ паддзахы афицерты æвдыста сау хуызы, демократон политикæ уыдоны кæны идеализаци. «Адæймагдзинад, уæздандзинад, кад хъахъхъæнын сæ туджы уыд уырыссаг афицертæн», — кæсæм Ванойы чиныджы разныхасы. Объективон æцæгдзинад домы алы хъуыддагмæ дæр æппæтвæрсыгæй кæсын. Афицертæ сты адæймæгтæ æмæ вæййынц алыхуызон. Лермонтовы фарсмæ уыд Мартынов дæр. Достоевскийы иу ро-

маны уырыссаг инæлар йæ куыйтæн хæрын кæны мæгуыр гыццыл лæппуйы йæ мады раз. Афицерты «адæймагдзинад» æмæ «уæздандзинадæн» æнусон карз тæрхон у Лев Толстойы хрестоматион радзырд «После бала» *(1903)*.

Вано афицеры цард зыдта æддаг бакастæй нæ, фæлæ мидæгæй æмæ йæ æвдисы бæлвырд æмæ бæстон. Йæ хъайтартæ сты къуымых солдафонтæ. Ис сын æвæлмон цард, æмæ минас кæнынц, нуазынц, дзурынц «æнаккаг æмбисæндтæ». Æрхæссынц сæ «заманы змæстыты кой», æмæ уæд раргом вæййы, уыдон æнæхсæст циниктæ кæй сты, уый. Æппæт быцæутæ кæнынц адæм æмæ революционерты аххос. Пъагонджынтæн адæм сты «æвзæр», «сæфт», «кусын нæ уарзынц», афтæмæй сæ хъæуы зæхх æмæ бар. Ахæм зондыл сæ сахуыр кодтой паддзахы хъузæттæ, фæсдзæуин фысджытæ. Уыдон фыстой, зæгъгæ, адæм мæгуырæй уымæн цæрынц, æмæ сты «магуса æмæ къупритæ». Ацы дауты Лев Толстой хуыдта æнаккаг хахуыртæ æмæ дзырдта бонджынтæн: «Адæм сыдæй мæлынц уымæн, æмæ мах тъæпп хауæм фырæфсæстæй» («Письма о голоде»). Ахæм хуызы æвзары уавæртæ Вано дæр æрыгон афицеры номæй.

Уацмысы персонажтæ сты хиппæлой, æнæфсарм, æгъатыр. Уыцы миниуджытæй æххæстдæр у хъазахъхъаг булкъон. Пулеметтæй адæмы Харьковы куыд цагъта, уыцы хабар дзуры уæлмонцæй, йæ фыдракæнд æм кæсы стыр æфсæддон æмæ патриотон сгуыхт. Адæм æй схуыдтой «тугхор, удхæссæг». Лæппу-афицер нæ быхсы ахæм цинизм æмæ зæгъы: «Гæрзтæджын Японæй лидзгæ кодтам, ныр æнæгæрзтæ адæмыл нæ лæджыхъæд æвзарæм. Худинаг кæд уый нæу, уæд циу?!» «Уæздан» афицертæ нæ быхсынц раст ныхас дæр: ахст æрцыд рæстылдзурæг, æнхъæлмæ йæм кæсы кæнæ Сыбыры каторгæ, кæнæ æфсæддон трибунал.

Вано йæ уацмыстæ мыхуыры уагъта 1907 азы дыккаг æмбисы, фысгæ дæр сæ, æвæццæгæн, кодта уыцы бонты. Уæдмæ революци саст æрцыд. Ралæууыд æвирхъау реакци. Тох æмæ сау реакцийы фæстиуджытæ бæлвырд æвдисынц Цомахъы элеги «Рох бæсты хъарæг», Брытъиаты Елбыздыхъойы аллегорион радзырд «Цад» æмæ æндæртæ. «Цад»-ы традицитыл нывæст у Ванойы къаннæг уацмыс «Залкалм» *(1907)*.

Ванойы курдиат у хигъæдон. Фыссæг нæу уæрæх нывты дæсны, нæ нывæнды вазыгджын сюжеттæ. Йæ уацмысты

фылдæр сæ жанрмæ гæсгæ сты радзырдтæ нæ, фæлæ этюдтæ, миниатюрæтæ, таурæгъон æмбисæндтæ (притчи). Таурæгъон æмбисонд у «Залкалм» дæр. Ам ирдæй зыны Уæрæсейы цард æмæ революцийы аллегорион ныв. Залкалм (залиаг калм) у хæдхæцæгад æмæ тыхбары символ. Уый æрбадт æнамонд бæстыл, йæ хъæлæсæй калы цæхæр, æмæ адæм сæфынц æбуалгъ æнуды, «асаст сæ уæнджы тых». Йæ хилæгтæ цъирынц адæмы туг, нуазынц æй сæ хицауимæ. Фæлæ дымгæ æрхаста мигътæ, арв нæры, уары, æмæ хуыссыд фыдбылызы цæхæр. Адæм нæ разындысты æмзонд, нæ базыдтой уавæрæй пайда кæнын. Уæдмæ уарын банцад, залкалм йæ тыхы бацыд æмæ ногæй бæстыл æфтауы зынг. Ныв æвдисы тохы æрæнцад æмæ адæмы саст.

«Залкалм»-æн контрастон ныв у «Сæрдыгон уарын». Ам Вано æвдисы фæскъæвда хур боны æууæлтæ, æмæ уымæй зыны авторы оптимизм.

Таурæгъон æмбисæндты циклæн кæронбæттæн у «Уастырджи æмæ Сау Бараег». Уацмысы ныхæй-ныхмæ лæууынц рухс æмæ тар тыхтæ. «Сау æхсæв нæ бæстыл æрбадти рагæй», фæлæ фæзынди хур, æмæ «бирæгътæ рухсæй фембæхстой сæхи». Адæм цин кæнынц, цин кæны бæрзондæй Уастырджи дæр. Уæд фæзыны Сау Барæг, сау тыхты бардуаг. Цæгъды адæмы, «сау æхсæв та ногæй бæстыл æрбадти». Цард фестад æмбыд цад. Уастырджи нынкъард. Фæлæ зæгъы: «Æгъгъæд у, налат! Сæ тæригъæдæй дæхæдæг дæр тъæпп хаудзынæ иу бон». Ацы аллегорион нывы зыны, Ваномæ цард ивыны тыххæй бæлвырд хъуыды кæй нæ уыд, уый. Уастырджи — рухс тыхты символ — разынд пассивон, иуварсæй кæсæг. Йæ лæмæгъ æртхъирæн ницы мары: адæмы тæригъæдæй иу залым дæр тъæпп нæ хауы; тохы бæсты сау тыхы ныхмæ æвæры намысон (моралон) азым. Мæнгæфсон æмæ æнæхъомыс уыд ахæм оптимизм.

Фæстох сау реакци пъæззыйау æрбадт адæм æмæ бæстæйыл. Уыцы уавæр Вано æвдисы къорд уацмысы. Уыдонæй у къаннæг радзырд «Иу таурæгъ нæ цардæй» (1907). Ам гæзæмæ фæзындысты реализмы æууæлтæ. Йæ сюжеты ис дыууæ хайы, дыууæ эпизоды. Фыццаджы персонажты диалогæй разыны бæстæйы политикон уавæр — уый у уæззау, æлхъывд, реакцион. Адæм бæллыдысты сæрибармæ, фæлæ революци саст æрцыд, æмæ та гауыртæ *(хицауад — Дж. Ш.)* ногæй адæмы æргæвдын байдыдтой фыццагæй фыддæр». Хицауад йæ маст исы саст адæмæй,

«ахæстæттæ байдзаг сты, уый нæ, фæлæ ма скъолатæ æмæ рынчындæттæй дæр скодтой ахæстон. Бынат кæмæн нæ арынц, уыдон та мингай æрвитынц Сыбырмæ». Уыцы минтæй иу у Бекыр.

Радзырды дыккаг эпизод у Бекыры хъысмæт. Йæ цардвæндаг ын базонæм йæ мады монологæй. Сидзæр лæппу сси студент, фæлæ йæ царды быцæутæ æмæ социалон хæрам уый æркодтой тохы фæндагмæ. Уый зоны иу рæстдзинад: адæмы хъæуы хуыздæр цард, «æмæ сæхуыдтæг куы нæ бацархайой, уæд сын уæларвæй ницы æрхаудзæн». Уымæн йæ зондахастмæ гæсгæ «æцæгдзинады тыххæй бафыдæбон кæнын æхсызгон у», æмæ ахæстоны дæр нæ сæтты йæ ныфс, йæ фыстæджы зæрдæтæ æвæры йæ зæронд мадæн.

Уыцы азты ахæстоны темæ сси традицион, уый хицон разынд Ванойæн дæр. Ирон прозаиктæн сæ къухы нæма æфтыди тохгæнæджы фæлгонц саразын, фæлæ уыдон *бынхос* æвæрдтой дарддæры æнтыстытæн.

Уæззау царды иу фæзынд æвдисы радзырд «Ног хъалон» дæр. Хицауад — æнæфсис, хъæздыг цардæн хъæуы тыхбар. Тыхбар хъахъхъæнынæн хъæуы стыр æфсад æмæ пъæлицæ дарын. Уый тыххæй тыхбары хъузæттæ — «сæдæ куырыхоны» — мысынц мадзал фæрæзтæ ссарынæн. Æмæ ссардтой æнцон мадзал — æгæрон хъалонтæ. Хъалонæй сæрибар сты бонджынтæ, «æгасæй æрбадти мæгуыр адæмыл», «ног хъалоны фæрцы аргъ бафтыд алцæуыл дæр», æмæ иутæ хъæздыг кæнынц, иннæтæ сæфтмæ цæуынц. Ацы хъуыддаджы бынтон æмхуызон сты 20-æм æнусæн йæ райдайæн æмæ йæ кæрон. Радзырды цаутæ сты комедион, фæлæ сæ мидис — трагикон æмæ æвзæрын кæны хъæлдзæг бахудт нæ, фæлæ судзаг цæссыгтæ.

Уыцы азты Вано ирон æвзагмæ раивта Лев Толстойы легендæ «Зындон сног и»(«Разрушение ада и восстановление его»). Темырханы-фырт арф рафæлгъуыдта уацмысы философон мидис, федта дзы йæ рæстæджы æууæлтæ æмæ сæ равдыста йæ дзыллæйæн. Лев Толстойæн Чырыстийы сгуыхт æмæ йæ фæдзæхстытæ уыдысты царды хос, удсыгъдæггæнæн фæрæзтæ. Стыр фыссæг æнхъæл уыди, зæгъгæ, Чырыстийы ахуырады фæрцы зæххыл уыди рухс цард саразæн, фæлæ йын сауджынтæ зыгъуыммæ кæнынц йæ ахуырад, æмæ цард зындон уымæн сси. Ацы хъуыдыты зыны Толстойы идеализм. Фæлæ уацмысы мидис æмткæй у реалистон. Ам ирдæй зыны, дин тыхбары идео-

логон хотых кæй у, уыцы æцæгдзинад. Уацмысы кæсæм: «Чырысти загъта: не 'ппæтæн дæр иу фыд ис — Хуыцау... Уыдон та *(дины кусджытæ — Дж. Ш.)* дзурынц: паддзах æмæ хицæуттæ — уæ фыд, æмæ сæ коммæ кæсут». Адæм та сты хуымæтæг, «сауджынты гæды дзырд сæ уырны, æмæ паддзахы канд фыдыл нæ, фæлæ зæдыл дæр банымадтой æмæ йын кувынц. Уыцы зæд чи у, уый та сын сæ царм стигъы æмæ адæмы се 'ппæты дæр скодта йæхицæн кусæг... йæ цæдис-æмбæлттæн дæр — хицæуттæн æмæ æлдæрттæн адæмы æлвыныны бар радта». Вано Толстойы хъуыдытæ карз рæстæджы кæй уагъта, уымæн хъуыд æцæг лæджыхъæд æмæ рухс зонд. Фæлæ уыимæ æргом кæны, йæхæдæг дæр цардивæнтæм фылдæр идеализмы позицитæй кæй кæсы, уый.

Темырханты Сослан йæхи удыл бавзæрста ирæды азар. Йæ уарзон чызг æрцыд йæхи марынмæ, уыйадыл Сослан психологон тыхст уавæры systa хотых йæ каисмæ.

Ирæд адæмæн фыдбылыз кæй хæссы,æмдых уый дзырдтой æмæ фыстой Иры прогрессивон фæлтæртæ. Уыдоны хыгъды лæууы Вано дæр. Йæ уацмыс «Ирæд» (1907) арæзт у диалогыл. Ныхасгæнджытæ сагъæс кæнынц ирæды фæстиуджытыл: уый фæсивæдæн фадат нæ дætты сæ цард аразынæн, кæны сæ мæгуыр æмæ æнамонд, бирæты — æвæстаг, афтæмæй дыууæ уды хъысмæт свæййы национ проблемæ.

Ирон цард хъæздыг уыди драмон сюжеттæй. Æмбисондаг — Ванойæн йæхи царды цау. Фæлæ Ванойы курдиат æмхиц нæ уыд сюжет нывæндынмæ, цау нывæфтыд кæнын йæ хæсыл нæ нымадта. Фыссæгмæ ахсджиагдæр каст йæ хъуыдытæ зæгъын, — йæ уацмыстæ айдагъ диалогтæ æмæ раныхæстæ уый фæстиуæгæн сты. Уымæ гæсгæ йæ «радзырдтæ» хæстæг лæууынц аив публицистикæмæ. Авторы ныхас у нуарджын, æлвæст, рæстдзæвин. Уацмысы бæлвырдæй зыны хигъæдон стиль, мæздæггаг ныхасы уаг.

«Ирæд»-ы архайджытæ сæйраджыдæр сты мæздæггаг, иннæты хонынц Цыцыфарсы ир, сæ иу дзуры: «Ай Алмахсид ус æрхаста, фæлæ цымæ цæргæ та цæмæй кæндзысты? Хæдзары хуызæн хæдзар уыдис, ныр цæмæй бакуса? Налдæр — бæх, налдæр — уæрдон. Ирæд æмæ чындзæхсæвыл **сæвæрдта йæ бынтæ**, стыр хæсы бацыд ныр. Цымæ йæ рæсугъд усимæ цы кæндзысты? Афтæмæй 15 туманы ирæд бафыста, ссæдз туманы **йæ чындзæхсæв сбадт**, æндæр лыстæг хæрдзтæ йыл цы 'рцыд, уый та чи зоны?

Ахæм цæвиттонтæ сты хъæзны хос ирон литературон æвзагæн.

1907 азы фæстæ Вано ныууагъта литературон куыст. Уый-хыгъд бавдæлд истори фыссынмæ. Æрæмбырд кодта, уæды рæстæгмæ иры тыххæй цы зонадон æрмæг уыд, уый æмæ уымæй ранывæста «Иры истори». Уый хицæн чиныгæй рацыд 1913 азы Дзæуджыхъæуы. Вано арф æмбæрста историйы нысаниуæг æмæ йæ чиныг ныффыста иронау, сыгъдæг литературон æвзагæй, — уыцы хъуыддаг дæр уыд зынгæ æнтыст. Автор зонадон нысанæй уæлдай йæ хæсыл нымадта ирон адæмæн фыдæлты цæвиттонтæй сæ национ æмæ патриотон æнкъарæнтæ цырын кæнын, иры къабæзтæ иу кæнын. Вано йæ раздзырды фыста: «Мах куы зониккам, нæ фыдæлтæ чи уыдысты æмæ сæ къухæй цы нæртон хъуыддæгтæ цыди, уый, уæд хъал уаиккам нæ ирон номæй æмæ нæ сæр æгадмæ нæ уадзиккам». Ацы ахъаззаг куыст канд истори нæу, фæлæ у литературон хæзна дæр, ис ын бæлвырд культурон ахадындзинад.

Вано историон очерктæ фыста 1920-æм азты дæр. Йæ уац «Ос-Бæгъатыр» *(1922)* бæрзонд исы адæмы намыс, кад кæны фæтæджы патриотон сгуыхтæн. Уый фыссы, зæгъгæ, «Ос-Бæгъатыры рæстæг амондджын дуг уыд ирæн, æмæ сын уæд бантысти се знæгты дæр басæттын, сæ исбон дæр сарæх кæнын, æмæ уый фæрцы уæд бархийæ æдæрсгæ, æнæхъуагæй цардысты, æнтысти сын бирæ æмæ сæ хъуыддæгтæй равдыстой, ирон уды хъарутæ стыр кæй сты æмæ ирæн сæ бон кæй у, баиу уæвгæйæ, стыр хъуыддæгтæ бакæнын». Вано идеализаци кæны Ос-Бæгъатыры дуг, фæлæ йæ хъуыдытæн ис бæрзонд нысан — историон оптимизмæй адæмы ифтонг кæнын.

Октябры революцийы фæстæ Темырханы-фырт сси хауæггаг. Уыцы рæстæджы фыста очерктæ, æмбырд кодта адæмон сфæлдыстад. Цы аргъæуттæ æмæ таурæгътæ ныффыста, уыдон сты сыгъдæг адæмон, ис сын хигъæдон сюжеттæ, дæттынц хъæздыг æрмæг мæздæггаг ирæтты æвзаджы хъæд æмæ сæ культурæ зонынæн.

Ванойы уацмыс «Хохдзау» *(1920)* йæ жанрмæ гæсгæ у фæндаггоны боныг. Автор йæ балцы хабæрттæ дзуры ныв æфтыд æвзагæй, æвдисы, фольклор æмбырд кæнгæйæ, Дæргъæвсгомы цардæй йæ цæст цæуыл æрхæцыд, уыдæттæ. Дзуры фæндæгты æдзæллаг уавæрыл, адæмы царды уаг æмæ æгъдæуттыл, ирон фынджы этикетыл, хохæгты æрмæгон æмæ монон культурæйыл.

Фыссæг йæ боныджы рæгъмæ хæссы бирæ таурæгътæ æмæ историон хабæрттæ. Уый иртасы адæмон уацмысты ахадындзинад, йæ иу персонажы номæй уыдон хоны «стыр хæзна», уымæ гæсгæ зарджытæ сты зæрдæрухсгæнæг, кадджытæ — ныфсдæттæг, таурæгътæ — цардæмбарынгæнæг, иумæйагæй «уыдон сты зонды хæринаг æмæ уды тавæг, лæджы хъару уыдонæй рæзы, хорз фæнд уыдонæй гуыры».

Боныджы автор — хохдзау — йæ фиппаинæгты аргъ кæны, цы уыны, уыдонæн. Уымæн ирон æгъдау у «лæджы уæздангæнæг, хи ауадзын æй чи нæ уадзы, хорзмæ йæ чи разæнгард кæны», ахæм хъуыддаг. Вано арф иртасы ирон куывды æхсæнадон æмæ культурон ахадындзинад: «Нæ куывд æрæмбырд кæны адæмы мæгуырæй, бонджынæй, ахуыргондæй, æнахуыргондæй иумæ, баминас, баныхас кæнын сæ кæны иумæ, æмæ сæ кæрæдзи бамбарынц хуыздæр. Æцæг демократон адæм дæр уымæн сты ир, зиу дæр сæм уымæн ис. Уыдæттæ ма цæстмæ зынынц, фæлæ цæстмæ цы нæ зыны æмæ лæджы уæздан цы кæны, йæ зæрдæ йын цы рухс кæны, уый та цæй аргъ у!» Афтæ, куывд уыди царды скъола, адæмы психологон æмæ намысон уавæр чи рухс кодта, ахæм æхсæнадон хъуыддаг. Уацмысы ис ахъаззаг **ирон куывд — гаджидау**. Уый у зонды суадон, уым ирдæй зыны ирон адæмы традицион культурæ, сæ гуманизм, сæ бæллицтæ æмæ сæ фæндиæгтæ.

Темырханы-фырт сæйраджыдæр уыди нывгæнæг нæ, фæлæ рухстауæг. Йæ нысан — адæмы намысон идеалтыл ахуыр кæнын. Йæ уацты дæр нæй æппæтвæрсыг бæстон ныхас иу кæнæ иннæ проблемæйыл, автор хъуыддагæн æвдисы æрмæст йæ бындурон миниуæг, йæ сæйраг мидис, йæ апп. Уымæ гæсгæ йæ уацтæ дæр сты этюдтæ.

Вано царды фæрæзтæй ахъаззагдæрыл нымадта фæллой, куыст («Фæллой»). Фæллой адæмæн аразы царды фадат, адæм «рæсугъд æмæ уæздан цард фæллойы фæрцы ссарынц», адæмæн «фæллой сбæрзонд кæны йæ культурæ, срайдзаст кæны йæ бæстæ».

Фыссæджы идеал у бархи цард, сæрибар адæймаг. Бархи цардæн аразæн ис æрмæст зонд, ахуырад æмæ сæрибар фæллойы фæрцы. Сæрибар адæймаг цæры æмæ кусы бархийæ, «æрмæст йæхиуыл дары йæ зæрдæ, æмæ æнамонддзинадæй йæ ныфс нæ сæтты, амондæй та хъал нæ кæны» *(«Зонд æмæ бархи», 1922)*.

Сæрибар адæймаджы æууæлтæй иу у мадæлон æвзаг зонын. Ваномæ гæсгæ, æвзаг у адæмы иугæнæг тых, сæ культурæйы сæрæвæрæн, национ хиæмбарынадæн йæ сæйраг рахæцæн. «Фæлæ æцæгæлон æвзагыл чи райдайы дзурын, — зæгъы Вано арф философон хъуыды, — уый, кæй æвзагыл дзуры, уыдоны цæстæй кæсы алцæмæ дæр æмæ бархийæ йæхи зондæй хъуыды кæнын йæ бон нæу».

Хигъæдон цæстæнгасæй кæсы Вано дины хъуыддагмæ дæр. Уый **ирон дин** æвæры дунеон мæнг, идеологон динты ныхмæ, хоны йæ, «рухсмæ разæнгард чи кæны, ныфс чи дæтты царды тохы», ахæм фæрæз. Вано бæлвырд терминæй нæ хаты ирон дины мидис, фæлæ дзы иртасы æрдзон уырнынад, муртак дин æмæ пантеизмы æууæлтæ. Фыссы, зæгъгæ, ирæн «сæ аргъуан у Хуыцауы рухс дуне», уый у къухæйконд аргъуантæн се 'ппæты рæсугъддæр, уым «сæ динамонæг сты таурæгътæ, зарджытæ, аргъæуттæ, æмбисæндтæ, уацмыстæ», уыдон æмбарын кæнынц царды рæстдзинад, «йæ сау æмæ йæ урс», хорз æмæ уæздан цы у, уый, афтæмæй дæттынц ныфс, уды рухс æмæ бæрзонд бæллицтæ. Бæзнаг æмæ ахсджиаг у, адæмæн зонд æмæ цардыхос фольклор æмæ литературæ кæй сты, уыцы хатдзæг. Уый у æвронг реалистон хъуыды æмæ æргом кæны дзырдаивады æрдз, йæ идейон æмæ эстетикон нысаниуæг.

Темырханы-фырт иры истори цыбыртæй ранывæста уырыссагау дæр *(«Осетины». Исторический очерк. 1920).* Очерк фыст у уæлмонцæй, фактты сæ ауон кæнынц æнкъарæнтæ, фæлæ йæ нысан уыд хуымæтæг æмæ рухс: гыццыл адæмы историйы фæрцы ныфсджын æмæ сæрыстыр кæнын, сæ тыхтыл сæ баууæндын кæнын, историон-культурон арæзтадмæ разæнгард кæнын. Уыцы нысан æргом кæны Ванойы гуманизм, йæ куысты мидис.

Мæсыг амад вæййы алыхуызон дуртæй, вæййы дзы хылычъытæ дæр. Ирон культурæйы мæсыгыл йæ дур æрæвæрдта Темырханты Сослан дæр, æмæ йын хъæуы аргъ кæнын.

ХЪАЗИТЫ Мелитон

# ИРОН ХÆЗНА[1]

## АРФÆТÆ

### Г

Гаджидау уадзынæн у.
Гаджидау уадзынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Гаджидауууадзæг цы фæуай, Хуыцау дын бæрзондæй ныллæгмæ ахæм арфæ ракæнæд.
Гаджидауы хорзæх дæ уæд.
Гадзрахатæй дыл макуы мачи рацæуæд.
Гадзрахатæй рацæуынæй хызт у.
Гадзрахатæй хызт у.
Гадзрахатдзинад де знæгтæ æййафæд, ды де 'мгæртты рæгъы сæрыстыр æмæ парахатæй фæцу.
Гадзрахатдзинад макуы бавзар.
Гал аргæвд.
Гал æргæвдæн бонтæ дын Хуыцау зæгъæд.
Гал æргæвдынхъом у.
Гал æргæвдынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Галтæ 'ргæвд.
Галтæ 'ргæвд дæ бæрæгбонты.
Галджын су.
Галджын дæ Хуыцау скæнæд.
Галджын дæ Хуыцау цы скæна, ахæм амонд дæ уæд.
Галджын цы суай, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Галмарæггаг хъуг цы никуы фидай, уыцы амонд дæ уæд .
Галмарæггаг дæ хъуг фидыны сæр макуы бахъæуæд.
Галæгон дæм йæ дзæбæх зæрдæйæ ракæсæд.
Галæгон дын дæ куывд айсæд.

[1] Дарддæр. Райдайæн кæс: «Мах дуджы» 2000 азы №№ 7, 8, 9, 10, 11 — 12; 2001 азы №№ 3, 4, 5, 6.

Галæгон дыл ræууон уддзæф рауадзæд.
Галæгоны хорзæх дæ уæд.
Галиу фæндагæй дæ Хуыцау бахизæд.
Галиу фæндагыл лæуд макуы фæу.
Галиу хъуыддæгтæй хызт у.
Галуан басгуыхæд дæ хæдзар.
Галуанæй цы рафæлгæсай, уый дын мæ зæрдæ зæгъы, æмæ дын æй Хуыцауы цæст бауарзæд.
Галуанджын дæ Хуыцау скæнæд.
Галуанджын су.
Галуанджын цы бауай, Хуыцау дын уыцы амонд раттæд.
Галуантæ аразынхъом у.
Галуантæ фæараз.
Галуантæ цы фæаразай, ахæм амонд дæ уæд.
Галуантæй дæ фæфæлгæсын кæнæд Иунæг Хуыцау.
Галуантæй ракæс.
Галуантæй цы фæфæлгæсай, ахæм амонд дæ уæд.
Гауызтыл — дæ фæндаг.
Гауызтыл фæцу.
Гæбæрниз дæ макуы ахæссæд.
Гæбæрниз дæ тæфтыл дæр макуы ацæуæд.
Гæбæрниз де знæгты уæд, ды æнæнизæй цæр.
Гæбæрниз дыл макуы фæзынæд.
Гæбæрнизæй хызт у.
Гæдыбындар макуы фæу.
Гæдыбындар де знæгтæ уæнт, ды рæстагæй фæцæр.
Гæдыбындарæй дæ Хуыцау бахизæд.
Гæдыбындарæй де знæгтæ фæцæрæнт, ды хуыцауыратгæ хъæбултæ фæхъомыл кæн.
Гæдыбындарæй хызт у.
Гæдывад лæгæй хызт у.
Гæдывад лæг дæ тæфтыл дæр макуы ‘руайæд.
Гæдывад макуы разын.
Гæнгæлы ахæрæгау дын уæнт дæ зынтæ.
Гæнгæлы дын фестæд Гуры фидар.
Гæнгæлыйау-иу цы ‘рбадыууæ кæнай цыфæнды фидары дæр, уыцы амонд дæ уæд.
Гæныстон дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Гæныстон макуы фæу.
Гæныстонмæ макуы ‘рхау.

Гæныстоны бон дыл макуы акæнæд.
Гæрах кæнын цы зонай бахъуаджы сахат, уыцы амонд дæ уæд.
Гæрах кæнынхъом у.
Гæрахæй де знæгтæ тæрсæнт .
Гæрахæй де знæгтæ кæнæнт зæрдæскъуыдтæ, бахъуаджы рæстæджы йын ды та æмбæлгæ ныхкъуырд раттынæн у.
Гæрахæн дæ фыдгултæ ма фæразæнт.
Гæрахмæ дæ фыдгултæ фæлдæхæнт, ды та йын дзуапп дæттынхъом у.
Гæрахы фыдæй дæ мацы аирвæзæд.
Гæрзарæхстæй фæцæр.
Гæрзарæхстæй фæцу.
Гæрзифтонг дæ Хуыцау скæнæд.
Гæрзифтонг кæстæртæ фæхъомыл кæн.
Гæрзифтонг знаг дыл макуы сæмбæлæд.
Гæрзифтонг знаг дыл макуы сæмбæлæд, куы дыл сæмбæла, уæд та-иу аккаг дзуапп раттынхъом у.
Гæрзифтонг фырттæ фæхизæнт дæ къæсæрæй.
Гæрзифтонг фырттæ цы хизой дæ къæсæрæй, Стыр Хуыцау дын ахæм амонд раттæд.
Гæрзифтонг фырттæм фæкæс.
Гæрзифтонг у.
Гæрзифтонгæй дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Гæрзифтонгæй фæцæр.
Гæрзифтонгæй фæцу.
Гæрзифтонгæй-гæрзифтонгдæр кæн.
Гæрзифтонгæй-гæрзифтонгдæр цы кæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Гæртамхор дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Гæртæмттæм дæ Хуыцау макуы æрæппарæд.
Гоцораджын лæппу дын райгуырæд.
Гоцораджын лæпputæ фæхъомыл кæн.
Гоцораджын лæппутæ чи фæхъомыл кодта, уыдон хал ахæр.
Гоцораджын лæппутæ чи фæхъомыл кодта, уыдон хал дын Хуыцау ахæрын кæнæд.
Гоцораджын лæппутæ чи фæхъомыл кодта, уыдон хал цы хæрай, Хуыцау дын уыцы амонд радтæд.
Гоцораджын лæппутæм фæкæс.
Гоцораджын лæппуты мад фæу.
Гоцораджын лæппуты ныййарджытæ басгуыхут.
Гоцораджын лæппуты фыд фæхуыйн.

Гуыбын дæ сæрæй макуы фæуæлдæр уæд.
Гуыбыны коммæ макуы бакæс.
Гуыбын сæрæй уæлдæр макуы сæвæр.
Гуыбынниз дын макуы бавзарын кæнæд Хуыцау.
Гуыбынниз макуы фен.
Гуыбыннизы холы макуы фæу.
Гуыбыннизы хъуыры цы никуы бонты аирвæзай, Иунæг Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Гуылтæ фæкæн.
Гуылтæ хæссынхъом у.
Гуыдынтæ фæкæн.
Гуыдынтæ фæцæуæнт дæ хæдзармæ.
Гуыдынтæ хæссынхъом у.
Гуыдырæвæрд макуы фæу.
Гуыдырæвæрд де знаг фæуæд, дæуæн дæ къæсæртыл зæрдæзæгъгæ уазджытæ фæхизæнт.
Гуыдырæвæрдæй дæ Хуыцау бахизæд.
Гуыдырæвæрдæй де знæгтæ фæцæрæнт.
Гуыппырсартæ дын фæгуырæд.
Гуыппырсартæ фæхъомыл кæн.
Гуырвидауц лæппу дыл йæ худ æрбахсæд.
Гуырвидауц лæппу фæу.
Гуырвидауц лæппуйыл сæмбæл.
Гуырвидауц чызг — дæ амонд.
Гуырвидауц чызгыл дæ къах скъуыр.
Гуырвидауц чызгыл цыд фæу.
Гуырвидауц кæстæртæ дын фæгуырæд.
Гуырвидауц кæстæртæ фæхъомыл кæн.
Гуырвидауцтæй æнæхай макуы фæу.
Гуырвидауцтæй дæ хæдзар макуы фæцух уæд.
Гуырвидауцтæй дæ хæдзар цы никуы фæцух уа, Стыр Хуыцау дын уыцы амонд раттæд.
Гуырвидауцтыл æмбæлд фæу.
Гуырвидауцæй-гуырвидауцдæр кæн.
Гуырвидауцæй-гуырвидауцдæр цы кæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Гуыргъахъхъ фæндаг дæ цæсты зулæй дæр ма фен.
Гуыргъахъхъ фæндагæй дæ Хуыцау бахизæд.
Гуыргъахъхъ фæндагыл де знæгтæ фæцæуæнт, дæуæн дæ фæндæгтæ бæмбæджытыл цы хизой, уыцы амонд дæ уæд.
Гуыргъахъхъ фæндагыл лæуд макуы фæу.

Гуырджын амонд — дæ хай.
Гуырджын кæстæртæ рацæут.
Гуырысхо де знаг фæкæнæд, ды фæндвидар у.
Гуырысхо кæныны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Гуырысхойаг дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Гуырысхойаг макуы фæу.
Гуырысхойæ хызт у.
Гуыххæл адæймаг кадджын у, æмæ кадджынæй фæцæр.
Гуыххæл адæймаг кадджын у, æмæ гуыххæлæй дæр адæмæй
сæр уæлдæр цы лæууай, уыцы амонд дæ уæд.
Гуыххæлл æмкъай — дæ хай.
Гуыххæл кæстæртæ дын рацæуæд.
Гыццыл лæджы азар макуы баййаф.
Гыццыл лæджы азарæй алчи дæр йæхи хизы, æмæ дзы дæу
Хуыцау цы бахиза, уыцы амонд дæ уæд.
Гыццыл лæджы ахæсты макуы бахау.
Гыццыл лæджы фыдæхæй хызт у.
Гыццыл лæджы фыдæхæй дæ Хуыцау бахъахъхъæнæд.
Гыццыл лæджы хъыг макуы райс.
Гыццыл лæджы хъыджы макуы бацу.
Гыццылты æвзæрдзинад дын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Гыццылты æвзæрдзинад макуы фен.
Гыццылты æвзæрдзинад фенынæй хызт у.
Гыццылты æвзæрдзинад фенынæй дæ Хуыцæутты Хуыцау цы
бахиза, уыцы амонд дæ уæд.
Гыццылгай адæмы рæгъы рацу.
Гыццылгай адæмы рæгъы цы рацæуай, ахæм амонд дæ уæд.
Гыццылгай дæ къахыл слæуу.
Гыццылгай дæ дæ къахыл слæууынхъом Хуыцау уадзæд.
Гыццылгай дæ цæстæй ракæс.
«Гъæйтт» зæгъын дын макуы бахъæуæд.
Гъæйтт цард фæкæнут.
Гъæйттæй батонут уæ царды бонтæ.
Гъæйттæй фæцæрут зæрыбонмæ.
Гъæйттæй цы цæрат, уыцы амонд уæ уæд.
Гъæйтты митæ фæкæнут.
Гъæйтты рæгъытæ дарынхъом у.
Гъæйтты рæгъытæ исынхъом у.
Гъæйтты рæгъытæ фæуадз.
Гъæйтты рæгъытæй макуы фæтæрсут.

Гъæйтты рæгъытæй уæ Хуыцау макуы фæтæрсын кæнæд.
Гъæйтты рæгъытæй цы никуы бон фæтæрсат, Хуыцау уын ахæм амонд раттæд.

## Д

Даваг лæг адæмы фыдбылыз у, æмæ дæм радавыны зæрдæ макуы 'рцæуæд.
Давæгæй хызт у.
Давæджы амонд — де знæгты.
Давæджы амонд де знæгты уæд, ды дзæбæхæй цæр.
Давæджы амондæй хызт у.
Давæджы амондмæ макуы бабæлл.
Давæджы амондмæ дæ Хуыцау макуы бон бабæллын кæнæд.
Давæггаг дæ къæсæрæй макуы бауадз.
Давæггаг фыдбылызы хос у, æмæ йæ дæ къæсæрæй цы никуы бауадзай, уыцы амонд дæ уæд.
Давæггагæй æппæлыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Давæггæгтæй цæрын дæ сæрмæ цы никуы бахæссай, уыцы амонд дæ уæд.
Давыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Давыны сæр дæ цы никуы бахъæуа, ахæм амонд дæ уæд.
Дагъытъайлаг дæ Хуыцау макуы фæкæнæд.
Дагъытъайлаг макуы фæу.
Дагъытъайлагæй макуы фæцæр.
Дагъытъайлагæй макуы фæджиу ацы уæзгуытыл.
Дагъытъайлагмæ дæ Хуыцау макуы æрæппарæд.
Дагъытъайлагмæ макуы 'рхау.
Дада дæ йæ цæстæй ракæсæд.
Дада дæ сæрылхаст фæуæд.
Дада дæ сæрыстырæй фæцæуæд.
Дада дæ сæрыстырæй цы фæцæуа, Хуыцæутты Хуыцау нæ дыууæтæн дæр уыцы амонд ма бахæлæг кæнæд.
Дада — дæ фæхъхъау.
Дада дын амонд фестæд.
Дада дын урс уæрыкк фестæд.
Дада дын урс уæрыкк цы феста, ахæм амонд дæ уæд.
Дада дын хъулон карк фестæд.
Дада дын цард фестæд.
Дадайау дæ Хуыцау базæронд кæнæд.

Дадайау дæ Хуыцау зæры хармæ фæцæрын кæнæд.
Дадайы дæ сæрыл æрхæсс.
Дадайы зæрдæ ахæр.
Дадайы уд ахæр.
Дадайы цæст ахæр.
Дадайы фæндиаг дæ Хуыцау фæкæнæд.
Дадайы фæндиаг цы байрæзай, ахæм амонд дæ уæд.
Дадайы цæстыдзаг амонд дын Дунескæнæг Хуыцау раттæд.
Дам кæнын дæ сæрмæ макуы ‘рхæсс.
Дамтæй хызт у.
Дамтæм макуы ‘рхау.
Дамты сæр дæ Хуыцау макуы скæнæд.
Дам-думгæнджыты ‘мгад дæхи цы никуы скæнай, уыцы амонд дын Хуыцау раттæд.
Дам-думгæнджыты онг дæхи макуы ‘рæппар.
Даргъæрфыг чызг — дæ хай.
Даргъæрфыг чызг дыл сæмæлæд.
Даргъæрфыг чызг дæ фæуæд.
Даргъæрфыг чызгыл фембæл.
Даргъдзыкку чызг — дæ амонд.
Даргъ къабæзтæ ауадз.
Даргъ къабæзтæ цы ауадзай, дæ зæды хайæ дыл ахæм стыр арфæ æрцæуæд.
Даргъкъабазæй фæцæр.
Дард цы уынай, уыцы амонд дæ уæд.
Дардуынаг дæ Хуыцау скæнæд.
Даритæ дарынхъом у.
Даритæ дарынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Даритæ фæдар.
Даритæ цы дарай, уыцы амонд дæ уæд.
Дариты арвит дæ цард.
Дариты батон дæ зæрыбонтæ.
Дариты фæцу.
Даст рихи лæгæй хызт у.
Дастрихийæ дæ Хуыцау бахизæд.
Дæ абонæй дæ сомбон амонддæжындæр уæд.
Дæ абонæй дæ сомбон кадджындæр уæд.
Дæ абонæй дæ сомбон хуыздæр уæд.
Дæ абонæй дæ сомбон хуыздæр цы уа, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.

Дæ абонæй хатдзæгтæ кæнынхъом у.
Дæ абоны зондæй дæ Хуыцау макуы фæцæрын кæнæд.
Дæ абоны кад макуы фесаф.
Дæ абоны кадмæ бонæй-бонмæ стырдæр кад цы ‘фтауай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ абоны æнтыст дын хорз хъуыддæгты райдиан фæуæд.
Дæ абоны фарнæй фæрнджын у.
Дæ абоны фарнæй фидæнхуыздæр кæн.
Дæ айдæн зон.
Дæ айдæн цы зонай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ амонд адæмы зæрдæмæдзæугæ уæд.
Дæ амонд — дæ ныййарджыты фæндиаг.
Дæ амонд — дæхи фæндиаг.
Дæ амонд — хорз.
Дæ амонд Хуыцауы ратгæ уæд.
Дæ амондæй дидинæг рафтау.
Дæ амондæй махтæ дæр амонджын цы уæм, Хуыцауы цæст нын уыцы хорз бауарзæд.
Дæ амондæй сæрныллæг макуы у.
Дæ амондæй сæрыстырæй цы цæуай, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Дæ амондæн де знæгтæ дæр фæкувæнт.
Дæ амондмæ адæм тæхуды фæкæнæнт.
Дæ амондмæ исчитæ тæхуды цы кæной, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Дæ амондмæ къухбакæнæн макуы уæд.
Дæ амонды къусы къæм макуы бахауæд.
Дæ амонды фарс — Хуыцау.
Дæ амондыл къæм макуы абадæд.
Дæ амондыл къæм абадын цы никуы бауадзай, уыцы хорзæх дын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Дæ арм-иу дурыл куы ‘рæвæрай, уæд-иу дур дæр дидинæг цы рафтауа, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ арм мыды фæдар.
Дæ арм фæрнæй фæдар.
Дæ армæй райгонд у.
Дæ армæй сой фæтæдзæд.
Дæ арфæ — бирæ.
Дæ арфæйаг хъуыддæгтæ дарддæр фæкæн.
Дæ арфæйæ райгонд у.
Дæ арфæйыл фæсмон макуы бонты фæкæн.

Дæ арфæйыл фæсмон цы никуы фæкæнай, Стыр Хуыцау дын уыцы амонд раттæд.
Дæ арфæтæ дæ фæстæмæ исын макуы бахъæуæд.
Дæ астæу дæхи фæндиаг сраст кæн.
Дæ аудæг дыл рæстмæ саудæд.
Дæ афæдзы бонмæ дын цы фæцæттæ кодтам, уый дæм сыгъдæгæй хæццæ кæнæд.
Дæ афæдзы фæллой æнæниз, æнæмастæй цы фæхæрай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Дæ афæдзы фæллой хæдзарыл хæцгæ уæд.
Дæ афæдзы фæллойæ райгонд у.
Дæ афæдзы фæллойæ чындзæхсæвтæ, куывдтæ фæкæн.
Дæ афон зон.
Дæ афонæй раздæр æхснырсгæ дæр макуы ‘ркæн.
Дæ афонæй раздæр дын мæлæт дæр дæхицæй цы тæрса, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ ахсджиæгтæ дæхи фæндиаг.
Дæ ахсджиæгтимæ зæрдæрухсæй цæрут.
Дæ ахсджиæгтимæ уæ уæ кæрæдзийы цардæй Хуыцау бафсадæд.
Дæ ахсджиæгты æвзæрдзинад макуы фен.
Дæ ахсджиæгты цинтæм фæцу.
Дæ ахстон хъармæй фæдар.
Дæ ахстоны адджынæй фæцæр.
Дæ ахстоны дæ зæрдæйы фæндиаг даргъ-уæрæх цы ацæуай, Хуыцауæй дæ уыцы амонд уæд.
Дæ ахуыр — дæхи фæндиаг.
Дæ ахуырæй адæмæн рухстауæг фæу.
Дæ ахуырæй дæ зæрдæ барухс уæд.
Дæ ахуырæй ныл рухс ракæсæд.
Дæ ахуырæй фæсмонгонд макуы фæу.
Дæ ахуыргæнинæгтæ дæхи фæндиаг.
Дæ ахуырæнинæгтæ дæхицæй цы фæхуыздæр уой, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ баба дæ сæрылхаст цы фæуа, уыцы амонд дын Иунæг Хуыцау раттæд.
Дæ баба — дæ фæхъхъау.
Дæ баба дæу тыххæй сæркъулæй макуы ацæуæд.
Дæ баба дын амæндты хуыздæр фестæд.
Дæ баба дын амæндты хуыздæр цы феста, Хуыцау ын йæ зæрыбон ахæм арфæ ракæнæд.

Дæ баба дын урс уæрыкк фестæд.
Дæ баба дын цардамондæй фæцæуæд.
Дæ бабайы дæ сæрыл æрхæсс.
Дæ бабайы уд ахæр.
Дæ бабайы фарнæй фæрнджын у.
Дæ бабайы фарнæй дæ Хуыцау фæрнджынæй фæцæрын кæнæд.
Дæ багайы нæмыг цы нæ агурай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бадтыл куыйтæ макуы срæйæд.
Дæ бадтыл куыйтæ цы никуы райой, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бадтыл фæсмон макуы фæкæн.
Дæ бадынджыр адæмæн цины хос фæуæд.
Дæ бадынджырæй дæ хъомылгæнджытæн се 'фсондз се 'рагъæй цы ахауа, уыцы амонд уæ уæд.
Дæ бадынджырæй нæ риуты дзаг куыд сулæфыдыстæм, дæ лæджы кары дæр дыл афтæ цы фæцин кæнæм, уыцы амонд нæ уæд.
Дæ базайрагæй дæ зæрдæ барухс уæд.
Дæ базайрагæй де скъуыдтæ цы бамбæрзай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ базайрагæй райгонд у.
Дæ базард адæмæн цины хос фæуæд.
Дæ базардæй дæ зæрдæ байрайæд.
Дæ базгуытæ дæ зæрдæйы фæндиаг айтындз.
Дæ базгуытæ макуы 'рхауæнт.
Дæ базгуытæ фæрнæй фæдар.
Дæ базгуыты тых макуы бадон уæд.
Дæ базыр макуы асæттæд.
Дæ базыртæ дæ дæрдты фæхæссæнт.
Дæ базыртæ дæрдты цы айтындзай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ базырты ныфс дын макуы асæттæд.
Дæ базырты ныфсæй бæрзæндты фæтæх.
Дæ базырты фæхъхъау фæуон.
Дæ базырты фæхъхъау цы фæуон, уыцы амонд мын Хуыцау раттæд.
Дæ байраг дæр-иу сæрбахъуыды бæх цы басгуыха, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ байрагæй райгонд у.
Дæ байрæзтæй дæ ныййарджытæ байрайæнт.
Дæ байрæзтæй дæ ныййарджыты къух фæрог уæд.
Дæ байрæзтæй дæ ныййарджытыл хуртæ фæкæсæнт.

Дæ бакастæй адæмы зæрдæ рухс кæнæд.
Дæ бакастæй адæмыл хуртæ кæсæнт.
Дæ бакусинаг бонæй-бонмæ цы никуы æргъæвай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бакусинаг дæ дыккаг бонмæ ныууадзыны сæр макуы бахъæуæд.
Дæ балц — дæ зæрдæйы фæндиаг.
Дæ балцæй-иу æрвылхатт дæр æгас хæдзар ссар.
Дæ балцæй-иу де 'дзаг хæдзармæ здæх.
Дæ балцæй йедзаг уæргътимæ здæх.
Дæ балцæй райгонд у.
Дæ бампъузæг йæ къухтæ фæрнæй фæдарæд.
Дæ бампъузæг йе 'мпъызтытæ ногтæй раивæд.
Дæ бандон бæрзонддæр бандонæй раив.
Дæ бандонæй макуы рахау.
Дæ бандонæй хаугæ цы никуы ракæнай, Хуыцауы цæст дын ахæм амонд бауарзæд.
Дæ бандоныл фæрнæй фæбад.
Дæ бардзырды хицау у.
Дæ бардзырды хицау дæ Хуыцау скæнæд.
Дæ бардзырды хицау цы разынай, Стыр Хуыцау дын уыцы амонд раттæд.
Дæ барыхай — дæхи фæндиаг.
Дæ барыхайæ райгонд у.
Дæ барыхайæ дæ сæр макуы 'ркъул кæн.
Дæ барыхайæ сæрыстырæй фæцу.
Дæ барыхайæ дæ дæ цæст сау зæгъын макуы бахъæуæд.
Дæ барыхайы æвзæрдзинад макуы фен.
Дæ барыхайы цинтæм фæкæс.
Дæ бæрæгбонтæ æрвитынхъом дæ Хуыцау уадзæд.
Дæ бæрæгбонтæ дыл дзæбæхæй цæуæнт.
Дæ бæрæгбонтæй дæ зæрдæ улæфæд.
Дæ бæрæгбонтæн кусæртытæ кæнынхъом у.
Дæ бæрæгбонты арфæтæ дыл æрцæуæнт.
Дæ бæрæгбонты амонд дын Хуыцау цы никуы байса, ахæм арфæ дыл æрцæуæд.
Дæ бæрæгбонты нæл кусæртытæ кæн.
Дæ бæрæгбонты хорзæх дæ уæд.
Дæ бæрæгбонтыл æнæнизæй æмбæл.
Дæ бæрзæй макуы асæттæд.

Дæ бæрзæй макуы фæтасæд.
Дæ бæрзæй макуы фæтасæд де знæгты раз.
Дæ бæрзæй ставдæй-ставддæр цы кæна, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бæрзæй схъæлæй фæхæсс.
Дæ бæркад бирæ уæд.
Дæ бæркад макуы рафидиуæд.
Дæ бæркад, суадонау, уæле исгæ, бынæй ахадгæ уæд.
Дæ бæркадæй дзырдхъом у.
Дæ бæркадæй-иу де знаджы суазæг кæнынæн дæр цы уай, уыцы амонд дын Хуыцау раттæд.
Дæ бæркадæй сæрыстырæй фæцу.
Дæ бæркадæй сойбылæй фæцу.
Дæ бæркадæн ныккæнæн дæр мауал уæд.
Дæ бæркадæн рафтæн ма уæд.
Дæ бæстæ уарз.
Дæ бæстæ цы уарзай, уыцы хорзæх дæ уæд.
Дæ бæстæйæн аккаг хъæбул басгуых.
Дæ бæстæйы фарнæн басгуых.
Дæ бæстæйы фæндиаг байрæз.
Дæ бæстæйыл гадзрахатæй макуы рацу.
Дæ бæстæйыл дæ гадзрахатæй рацæуын макуы бахъæуæд.
Дæ бæстæйыл дæ зæрдæ макуы аив.
Дæ бæстæйыл макуы суæлæхох у.
Дæ бæстæйыл макуы суæлæхох у, куы йыл суæлæхох уай, уæд та йæ хуыздæрмæ цы ивай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бæсты дæ мады уд схауæд.
Дæ бæсты де знæгтæ фæуæнт сæргой.
Дæ бæсты йæ йæ къух уазал доны атулын дæр цы никæй бахъæуа, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бæсты саг фæкæлæд.
Дæ бæх дæр макуы фæкæлæд.
Дæ бæх дæр искæй цур макуы фæкæлæд.
Дæ бæх фæрнæй фæдар.
Дæ бæхыл фæрнæй фæцу.
Дæ бæхыл цинтæм цы цæуай æппынæдзух, Дунескæнæг дын ахæм арфæ ракæнæд.
Дæ бæхрæгъæуттæ быдыртæ талынг кæнæнт.
Дæ бæхрæгъæуттæ быдыртæн уæз кæнæнт.
Дæ бæхрæгъæуттæ быдырты цы нал цæуой, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бæхрæгъæуттæ сæрвæттæ æмбæрзæнт.

Дæ билцъ арвмæ ‘ххæссæд.
Дæ билцъæн бахусгæнæн ма уæд.
Дæ билцъæн мæ сæр нывонд.
Дæ билцъы фæхъхъау фæуон.
Дæ бинойнаджы зондæй дæ Хуыцау макуы фæцæрын кæнæд.
Дæ бинойнаджы зондмæ хъус, фæлæ дзы хатдзæгтæ аразынæн цы уай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бинонтæй дæ зæрдæ макуы фæриссæд.
Дæ бинонтæй дæ зæрдæ цы рухс кæна, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бинонтæй райгонд у.
Дæ бинонты дзæбæхтæм кæс.
Дæ бинонты хуртæ уын.
Дæ бирæ хæрзтæй — бузныг.
Дæ бирæ хæрзтæй дæ зæрдæ макуы цъæх кæнæд.
Дæ бирæгъ æмæ дын дæ уазæджы хай Хуыцау ма байсæд.
Дæ бирæгъы хай дын Хуыцау макуы байсæд.
Дæ богал уæлахиз кæнæд.
Дæ богæлттæ уæлахизæй здæхæнт.
Дæ богæлттæн тыхгæнæг тых ма арæд.
Дæ болат макуы фæтасæд.
Дæ болат цы никуы фæтаса, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ болатæн фæцъæлгæнæн ма уæд.
Дæ бон адæмы рæгъы рæсугъдæй цæуын уæд.
Дæ бон адæмы ‘хсæн фæрнæй цæрын цы уа, Хуыцауæй дыл ахæм арфæ ‘рцæуæд.
Дæ бон æппæт хорздзинæдтæ аразын дæр уæд.
Дæ бон — бирæ.
Дæ бон дæ зæрдæйы рæсугъд фæндтæ æххæст кæнын уæд.
Дæ бон дын Хуыцау бирæ уадзæд.
Дæ бон макуы ныккал.
Дæ бон хæхтæ афæлдахын дæр уæд.
Дæ бонæй дæ уæд.
Дæ бонтæ — дæхи фæндиаг.
Дæ бонтæ дыл æнæниз, æнæмастæй цæуæнт.
Дæ бонджыны хъæр нæм æрбайхъуысæд.
Дæ боцъо фæрнæй дар.
Дæ боцъо цъыфы цы никуы стулай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бустæ кæнын цы айрох кæнай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Дæ быгъдуан нæ Хуыцау фæкæнæд.

Дæ быгъдуанæй нæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Дæ бынат дын мады хъæбысау хъарм уæд.
Дæ бынат сыгъдæг уæд.
Дæ бынаты фæрнæй кус.
Дæ бынуаттæ адæмы зæрдæмæдзæугæ уæнт.
Дæ бынуаттæ амондджын уæнт.
Дæ бынуатты амондджынæй фæцæр.
Дæ бынуатты æвзæрдзинад макуы фен.
Дæ бынуатты фæрнæй абилцъ кæн.
Дæ бынуатты фæрнæй ацот кæнын дæ бон цы бауа, Иунæг Хуыцауы цæст дын уый бауарзæд.
Дæ бынуатты фæрнæй цæр.
Дæ бынатыбардуаг дæ бæркадджын кæнæд.
Дæ бынатыбардуаг дæ хуыздæр хъуыддæгтыл æфтауæд.
Дæ бынатыбардуаг дын æххуыс кæнæд.
Дæ бынатыбардуаг дын дæ бæркæдтæ дывæр кæнæд.
Дæ бынатыбардуаг дын дæ бынтæ даргъ-уæрæх уадзæд.
Дæ бынатыбардуаг дын дæ бынтæ фылдæрæй-фылдæр кæнæд.
Дæ бынатыбардуаг дыл йæ хорздзинæдтæ ныккалæд.
Дæ бынтæ — дæхи фæндиаг.
Дæ бынтæ дзæгъæл макуы баззайæнт.
Дæ бынтыл дæ бон цæуæд.
Дæ бынтыл дæ бон цы цæуа, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ быны бындзытæ ма бабырæнт.
Дæ быны дон ма бацæуæд.
Дæ бындар бахъомыл уæд.
Дæ бындар — дæхи фæндиаг.
Дæ бындары номæй адæмы 'хсæн номджынæй фæцу.
Дæ бындары номæй дыл хур ракæсæд.
Дæ бындары номæй сæркъулæй макуы алæуу.
Дæ бындары номæй сæркъулæй цы никуы ацæуай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Дæ бындары номæй сæрыстырæй фæцу.
Дæ бындары хур фен.
Дæ бындары хурæй сагау сыкъатæ цы суадзай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бындары цинтæм фæкæс.
Дæ бындарыл хур йæхи фæндиаг фæкæсæд.
Дæ бындур макуы ныззилæд.
Дæ бындур макуы фæцудæд.

Дæ бындур фидар уæд.
Дæ бындурмæ къух бакæнæн ма уæд.
Дæ бындуры ныфсæй ныфсджын у.
Дæ бындуры фæцудыд дын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Дæ бындурæвæрæг йæ къухтæ фæрнæй фæдарæд.
Дæ бындурæвæрæгыл цины хъуыддæгтæ цæуæнт.
Дæ бындз дæр дын цынæ атæхын кæной, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бындзар макуы баризæд.
Дæ бындзармæ æвзæрдзинад макуы байхъуысæд.
Дæ бындзæфхад макуы бамбийæд.
Дæ бындзæфхад макуы банкъуысæд.
Дæ бындзæфхад макуы фæцудæд.
Дæ бынсæфт дын Хуыцау макуы айхъуысын кæнæд.
Дæ бынсæфт нын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Дæ быркуытæ дзагæй-дзагдæр кæнæнт.
Дæ быркуытæ дзагæй-дзагдæр цы кæной, бынатыбардуаг дын ахæм арфæ ракæнæд.
Дæ бырынкъ дæ цы фæрса, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ бырынкъмæ цы нæ хъусай, ахæм зонд дæм æрцæуæд.
Дæ быцæутæ дын Хуыцау фидарæй-фидардæр кæнæд.
Дæ быцæутæ макуы фæцудæнт.
Дæ гаджидау — бирæ.
Дæ гаджидауы арфæтæ ныл хорзæй æрцæуæнт.
Дæ гаджидауы тыххæй дын Хуыцау арфæ ракæнæд.
Дæ гадза дзых æхгæдæй цы дарай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ гадза дзыхыл хæцынхъом дæ Хуыцау уадзæд.
Дæ гадза дзыхыл æрхæцынхъом су.
Дæ гайлаг родæй бæрæг дарæд.
Дæ байраг сæрбахъуыды рæстæг галы бæсты цы цæуа, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ гакк бæрæг дарæд.
Дæ гакк бæрæгæй зынæд.
Дæ гал æгæвдæс макуы фæуæд.
Дæ гал дæ къамбецимæ ифтындзын макуы бахъæуæд.
Дæ гал дæхи фæндиаг куывдæн аргæвд.
Дæ гал куывдæн цынæуал бахæлæг кæнай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ гал хистæн æргæвст макуы ‘рцæуæд.
Дæ гал цины хъуыддагæн аргæвд.
Дæ галтæ хæдтулгæйæ раив.
Дæ галтæ хæдтулгæйæ цы раивай, уыцы амонд дæ уæд.

Дæ галуан фарны боны арæзт фæуæд.
Дæ галуанæй дунемæ фæфæлгæс.
Дæ галуанæй зарыны хъæр фæхъуысæд.
Дæ галуанæй стъалы рарттивæд.
Дæ галуаны куывдтæ æмæ чындзæхсæвтæ фæкæн.
Дæ галуаны куывдтæ фæкæн.
Дæ галуаны лæппугуырдтæ фæнысан кæн.
Дæ галуаны цæрынæй бафсæд.
Дæ гарачъи — мæ сæрыйас.
Дæ гарачъитæ цинтæн фæхардз кæн.
Дæ гæбæртæ азгъæлæнт.
Дæ гæбæртæ — де знæгты.
Дæ гæбæртæй дæ Хуыцау фервæзын кæнæд.
Дæ гæнах — дæхи фæндиаг.
Дæ гæнахæн басæттæн ма уæд.
Дæ гæнах Хъарсы фидар басгуыхæд.
Дæ гæппыл цæст цынæ хæца, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ гæрзтæ згæ кæнын макуы бауадз.
Дæ гæрзтæ макуы сызгæ уæнт.
Дæ гæрзтыл згæ макуы схæцæд.
Дæ гæццытæ фæрнæй фæдар.
Дæ гæццытæй сæкæр фæхæр.
Дæ гомгуыбын даритæй цы бамбæрзай, уыцы амонд дæм ба-худæд.
Дæ гуыбын дæ сæрæй уæлдæр цы никуы 'вæрай, уыцы хорзæх дæ уæд.
Дæ гуыбын дæ рахъаст кæнæд адæмы бæсты.
Дæ гуыбыны коммæ макуы бакæс.
Дæ гуыбынниз — мæ артæнты.
Дæ гуыбынниз фесæфæд.
Дæ гуымбыл — мæ сæрыйас.
Дæ гуымбылтæ æртыгай уæлибæхтæн бахъæуæнт.
Дæ гуырыкондæй адæмы зæрдæ рухс кæнæд.
Дæ гуырыкондæй дæ зæрдæ рухс уæд.
Дæ гуырыкондæй райгæ у.
Дæ гыгы авд æфсымæры хистæр фæуæд.
Дæ гыгы байрæзæд.
Дæ дада дæ бæсты авд дæлдзæх ныххауæд.
Дæ дада дæ бæсты амæлæд.
Дæ дада дæ нывонд æрбауæд.

Дæ дада дæ рынтæ бахæрæд.
Дæ дада дæ фæхъхъау фæуæд.
Дæ дада дын амонд фестæд.
Дæ амонд дын зæрдæзæгъгæ амонд фестæд.
Дæ дада дын урс уæрыкк фестæд.
Дæ дада дын цард фестæд.
Дæ дадайыл дæ бæсты ныккæлæд сау сыджыт.
Дæ дадайыл фæкæуæнт адæм, ды æнæниз у.
Дæ дадайы хъуыры ацæуæнт дæ рынтæ.
Дæ дадалитæ кадджынæй фæдар.
Дæ дарæг — дæ уды фæндиаг.
Дæ дарæгæй æнæдарæг макуы фæу.
Дæ дарæс æнæнизæй батон.
Дæ дарæс æнæнизы гæрзтæ фæуæнт.
Дæ дарæс фæрнæй фæдар.
Дæ дарæсы цинты фæцу.
Дæ даргъдзыкку амонджын уæд.
Дæ даргъдзыкку амонды къах ахæссæд.
Дæ даргъдзыкку амонды къах цы ахæсса æмæ дæм фæстæмæ йæ кады хъуыддæгтæ цы хъуысой, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ даргъдзыккуйæ райгонд у.
Дæ даргъдзыккуйы амондæй сæрыстырæй фæцу.
Дæ дæлфады сындз дæр макуы фæныхсæд.
Дæ дæндаг дæр макуы сриссæд.
Дæ дæндагæй дæр макуы схъæрз.
Дæ дæндагæй сæкæртæ хæр.
Дæ дывзагон митæ аппарынæн су.
Дæ дывзагон хъуыддæгтæ аппарынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Дæ джебогъ фæрнæй фæдар.
Дæ джиджджи — дæ фæхъхъау.
Дæ джидзæггаг митæ аппарынæн су.
Дæ джидзæггаг митæн кæрон зон.
Дæ дзаг æрмттæ фæрнæй фæдар.
Дæ дзаг æрмттæй сой мизæд.
Дæ дзæбæхтæ мæм хъуысæнт.
Дæ дзуаппæй адæмы зæрдæ райæд.
Дæ дзуаппæй адæмыл хуртæ цы кæсой, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ дзуар дæм бахудæд.
Дæ дзуар дæм рухс цæстæй ракæсæд.
Дæ дзуар дын арфæ ракæнæд.

Дæ дзуары арфæ дыл æрцæуæд.
Дæ дзуары хай дын Хуыцау макуы байсæд.
Дæ дзуары хай дын Хуыцау цы никуы байса, уыцы хорзæх дæ уæд.
Дæ дзуары хорзæх дæ уæд.
Дæ дзуарыбонтæ дыл дзæбæхæй цæуæнт.
Дæ дзуарыбонтæ дзæбæхæй æрвит.
Дæ дзурæндзыхæй фæрнæй фæдзур.
Дæ дзурæн дзыхæй сызгъæринтæ фæкал.
Дæ дзурæндзыхæй сызгъæринтæ цы калай, Иунæг Хуыцауы цæст дын ахæм арфæ бауарзæд.
Дæ дзурæн дзыхы фæхъхъау мæ Дунескæнæг Хуыцау фæкæнæд.
Дæ дзурæн дзыхы фæхъхъау фæуон.
Дæ дзыпп едзагæй-едзагдæр кæнæд.
Дæ дзыпп макуы рафтид уæд.
Дæ дзыппы бæркад — бирæ.
Дæ дзыппы бæркад уæлейæисгæ, бынæйахадгæ уæд.
Дæ дзырд макуы фæсай.
Дæ дзырды уæз цы уа, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ дзырды фарн уæд.
Дæ дзырды хицау цы уай, ахæм фарн дæ уæд.
Дæ дзырдарæхсты нывонд фæуон.
Дæ дзыхæй дунейы фарн фæдзурæд.
Дæ дзыхы фæхъхъау фæуон.
Дæ дзыхы — сæкæр.
Дæ дзыхы — фарн.
Дæ дзыцца дæ рынтæ бахæрæд.
Дæ дзыцца дæ сæры бæсты фæцæуæд.
Дæ дзыцца — дæ фæхъхъау.
Дæ дзыцца дын амæндты хуыздæр фестæд.
Дæ дзыцца дын цард фестæд.
Дæ дзыццайы уд дын уый фестæд, хорз амонд цы ссарай.
Дæ ердойæ дæм цард кæлæд.
Дæ ердойæ дыл амонд уарæд.
Дæ зарæн дзых макуы ныхъхъус уæд.
Дæ зарæн дзыхы — сæкæр.
Дæ зарæн дзыхы фæхъхъау фæуон.
Дæ зарын макуы бамынæг уæд.
Дæ зарын мæм хъуысæд.
Дæ зæдæй арфæгонд у.

Дæ зæдæй фæдзæхст фæу.
Дæ зæды арфæ дыл æрцæуæд.
Дæ зæды хорзæх дæ уæд.
Дæ зæды хайæ фæдзæхст фæу.
Дæ зæды хайы арфæ дыл сæмбæлæд.
Дæ зæйц дæргъ-уæрæх цæуæнт.
Дæ зæйцæй дæ зæрдæ барухс уæд.
Дæ зæйцы цинтæ фæуын.
Дæ зæйцы цинтæм цы фæкæсай, Дунескæнæг Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Дæ зæлдаг дзыккутæ фæрнæй фæфас.
Дæ зæлдаг дзыккутæй райгонд у.
Дæ зæлдаг дзыккуты фæхъхъау фæуон.
Дæ зæнæг даргъ-уæрæх цæуæнт.
Дæ зæнæг дæ амондæй хайджын уæнт.
Дæ зæнæгæй дæ сæр мигътыл цы хафай, уыцы амонд дын Стыр Хуыцауы цæст бауарзæд.
Дæ зæнæгæй сæрыстырæй фæцу.
Дæ зæнæгæн дæ зæрыбон хъазæнхъул ма суæд.
Дæ зæнæджы маст макуы фен.
Дæ зæнæджы цинтæм кæс.
Дæ зæнг макуы асæттæд.
Дæ зæнджы стæг макуы асæттæд.
Дæ зæрдæзæгъгæ цард дын Хуыцау макуы байсæд.
Дæ зæрдæ дæм куыд дзуры, Хуыцау дын дæ цард афтæ ауадзæд.
Дæ зæрдæ барухс уæд.
Дæ зæрдæ макуы аскъуыйæд.
Дæ зæрдæ макуы фæриссæд.
Дæ зæрдæ цардæй райæд.
Дæ зæрдæ цардмæ хъазæд.
Дæ зæрдæ, « мæ зæрдæ» макуы фæкæн.
Дæ зæрдæйы тæгтæ макуы аскъуыйæнт.
Дæ зæрдæйы фæндиаг фæцæр.
Дæ зæрдæйы фæндиаг фæцæр дæ хъæбулты хуртæм кæсгæйæ.
Дæ зæрдæйы фæндиаг цард дын Хуыцауы цæст бауарзæд.
Дæ зæрдæйы фæндыл макуы фæцу.
Дæ зæрдæйы хорзæх дæ уæд.
Дæ зæрдæйы хорзæх дын Хуыцау раттæд.
Дæ зæрдæйы хорзæхæй дæ Дунескæнæг Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Дæ зæрдæмæ хур ныккæсæд.

Дæ зæрдæбын митæ кæронмæ фæкæн.
Дæ зæрдæбын хъуыддæгтæй кæронмæ райгонд у.
Дæ зæрдæдарæн адæмы рæнхъы рацæуæд.
Дæ зæрдæдарæн байрæзæд.
Дæ зæрдæдарæн дын дæ зæрдæ макуы фæриссын кæнæд.
Дæ зæрдæдарæнæй сæрыстырæй фæцу.
Дæ зæрдæдарæны цинтæ фæуын.
Дæ зæрдæдарæны цинтæм фæкæс.
Дæ зæрдæниз мæ зæрдæйы ныххауæд.
Дæ зæрдæниз мæ хуылфы ацæуæд.
Дæ зæрдиаг дæ зæрдæйы фæндиаг схъомыл уæд.
Дæ зæрдиаг дæхи фæндиаг байрæзæд.
Дæ зæрдиаг царды макуы фæкæлæд.
Дæ зæрдиаджы цинаг баййаф.
Дæ зæронд хынджылæггагмæ макуы ‘рхауæд.
Дæ зæронды бонты дæ дæ сæр ныллæг æруадзын макуы бахъæуæд.
Дæ зонд — дæхи фæндиаг.
Дæ зонджын хъуыдытæ æххæст кæнынхъом дæ Хуыцау скæнæд.
Дæ зонджын хъуыдытæ царды цы фенай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ зымæджы бонтæ æдыхстæй арвит.
Дæ зынг макуы ахуыссæд.
Дæ зынг макуы бамынæг уæд.
Дæ ивгъуыд дын зонд-зонынæн фæуæд.
Дæ ивгъуыдæй зонд-зонынхъом у.
Дæ игæр макуы ныппырх уæд.
Дæ изæр хорз.
Дæ изæртæ дыл дзæбæхæй цæуæнт.
Дæ ингæнæй сызгъæрин талатæ суадз.
Дæ ингæныл æнæхъæнæй сæмбæл.
Дæ ингæныл дзæбæхæй сæмбæл.
Дæ ирон æгъдауы фæхъхъау фæуон.
Дæ ирон æфсарм макуы фесаф.
Дæ ирон бындур макуы ныззилæд.
Дæ ирон зæрдæ ныл макуы сив.
Дæ ирон зæрдæйæ цы арфæ кæнай, уыцы амонд нæ уæд.
Дæ ирон зæрдæйы арфæйæ нæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Дæ ирон зæрдæйы фæндиаг дæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Дæ ирон зæрдæйы хорзæх нæ уæд.

Дæ ирон нуазæн дæ къухæй макуы ахауæд.
Дæ ирон нуазæн фæрнæй фæдæтт.
Дæ ирон нуазæнæй нæ скадджын кодтай æмæ кадимæ цæр.
Дæ ирон нуазæны кад дæ уæд.
Дæ ирон нуазæны хорзæх дæ уæд.
Дæ ирон туг макуы бамбийæд.
Дæ ирон туг макуы баив.
Дæ ирон туг хæссынхъом у.
Дæ ирон туг Хуыцауæй фæдзæхст уæд.
Дæ ирондзинад дæ къухæй макуы ахауæд.
Дæ ирондзинад макуы фесаф.
Дæ ирондзинадæй нæ Хуыцау фæцæрын кæнæд.
Дæ Ирыстон уæлахиз уæд.
Дæ Ирыстон уæлдæрæй-уæлдæр куыд хиза, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ Ирыстонæн байрæз.
Дæ Ирыстонæн басгуых.
Дæ Ирыстоны фæндиаг бахъомыл у.
Дæ Ирыстоны фæрнæй фæцæр.
Дæ Ирыстоныл макуы суæлæхох у.
Дæ Ирыстоныл сайдæй макуы рацу.
Дæ Ирыстоныл дæ сайдæй рацæуыны сæр макуы бахъæуæд.
Дæ иунæг бадыуæ уæд.
Дæ иунæг бабирæ уæд.
Дæ иунæгæн лæппу райгуырæд.
Дæ иунæджы цинтæм фæкæс.
Дæ иунæджы цинтæ цы уынай, Дунескæнæг Хуыцауы цæст дын уыцы хорз бауарзæд.
Дæ кад — бирæ.
Дæ кад, дæ намыс — бирæ.
Дæ кад, дæ намыс бонæй-бон хуыздæр кæнæнт.
Дæ кад, дæ намыс сæрыстырæй фæхæсс.
Дæ кад, дæ намыс дæлæмæ макуы ‘руадз.
Дæ кад, дæ намыс дæлæмæ макуы ‘рхауæнт.
Дæ кад, дæ намыс уæлдæрæй-уæлдæр цы цæуой, ахæм амонд дæ уæд.
Дæ кад — дæхи фæндиаг.
Дæ кад уæлдæрæй-уæлдæр кæнæд.
Дæ кадмæ дын адæм бæлгæ куыд кæной, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ кады гæххæтт ныл сæмбæлæд.
Дæ кады ном айхъуысæд.

Дæ кады ном адæм дзыхæй-дзыхмæ адæттæнт.
Дæ кады нуазæн ныл рæстæгыл æмбæлæд.
Дæ кады худ фæрнæй фæдар.
Дæ кады худ цъыфæй макуы сахуырсæд.
Дæ кады хъуыддæгтæ макуы ныууадз.
Дæ кады хъуыддæгтæй райгонд у.
Дæ кады хъуыддæгтæй æрмæст дæхæдæг нæ, фæлæ адæм иууылдæр райгонд цы уой, ахæм арфæ дын ракæнæд Дунескæнæг Хуыцау.
Дæ кадавар бæркад бабирæ уæд.
Дæ кадавар бæркад, суадонау, уæле исгæ, бынæй ахадгæ уæд.
Дæ капеччы бæркад уæд.
Дæ капеччытæ хæдзарылхæцгæ уæнт.
Дæ капеччытæ хæдзарыл хæцын цы райдайой, Хуыцауæй дыл ахæм хур ракæсæд.
Дæ капеччытæй райгонд у.
Дæ кард макуы фæтасæд.
Дæ кард сласыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Дæ кард сласыны сæр дæ ма бахъæуæд, куы йæ сласай, уæд та йæ фæстæмæ æгадæй цы никуы нывæрай,уыцы амонд дæ уæд.
Дæ кард фæрнæй фæдар.
Дæ кæл-кæл нæм хъуысæд.
Дæ кæнинæгтæ æрдæгыл макуы баззайæнт.
Дæ кæнинæгтæ кæронмæ конд цы фæуой, ахæм амонд дæ уæд.
Дæ кæйдæр лæппуйæ райгонд у.
Дæ кæнгæ ‘фсымæр дын хи ‘фсымæры ад скæнæд.
Дæ кæнгæ ‘фсымæрæй райгонд у.
Дæ кæнгæ хойæ ма фæрисс.
Дæ кæнгæ хойæ райгонд у.
Дæ кæрт фосæй байдзаг уæд.
Дæ кæрты дæ фос мауал цæуæнт.
Дæ кæрц æнæнизгарз уæд.
Дæ кæрц фæрнæй фæдар.
Дæ кæстæр байрæзæд.
Дæ кæстæр цы схистæр уа, уыцы хорзæх æй уæд.
Дæ кæстæртæн дæ Хуыцау хъазæнхъул макуы скæнæд.
Дæ кæстæрты цинæй сагау сыкъатæ суадз.
Дæ кæстæрты цинæй сагау сыкъатæ цы суадзай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ кæуын худынæй раив.

Дæ кæуын худынæй цы раивай, ахæм амонд ссар.
Дæ кæуыны хъæр макуы айхъуысæд.
Дæ кой адæмыл дзæбæхырдæм хъуысæд.
Дæ кой макуы фесæфæд.
Дæ кой тъымы-тъыматæм цы никуы фесæфа, Стыр Хуыцауæй дыл ахæм стыр арфæ сæмбæлæд.
Дæ коко мæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ коко фæуон.
Дæ коко фестон.
Дæ коко цы фестон, Хуыцау мын ахæм амонд раттæд.
Дæ кувинæгтæ дын Дунескæнæг Хуыцау айсæд.
Дæ кувинæгтæ Стыр Хуыцаумæ фæхæццæ уæнт.
Дæ кувинæгтæ Иунæг Хуыцауыл сæмбæлæнт.
Дæ куывд — бирæ.
Дæ куывд дæ зæрдæйы фæндиаг уæд.
Дæ куывд Хуыцаумæ фехъуысæд.
Дæ куывды— фарн.
Дæ куывдтытæ ныл хорзæй æрцæуæнт.
Дæ куывдтытæ ныл хорзæй цы 'рцæуой, уый не сфæлдисæг Хуыцауы дæр бафæндæд.
Дæ куывдтыты аккаг нæ Хуыцау скæнæд.
Дæ куывдтыты аккаг цы уæм, уыцы амонд нæ уæд.
Дæ куыр куывдæн æргæвст æрцæуæд.
Дæ куыр чындзæхсæвæн аргæвд.
Дæ куырой дæр макуы фезгъалæд.
Дæ куырыхон зондæй нæ фесафæд Хуыцау.
Дæ куырыхон зондæй нæ Хуыцау хайджын цы фæкæна, уыцы фарн нын йæ цæст бауарзæд.
Дæ куырыхон зонды фæхъхъау фæуон.
Дæ куыст — дæхи фæндиаг.
Дæ куыст хæдзарылхæцгæ уæд.
Дæ куыстæй райгонд у.
Дæ куыстæй райгонд цы уай, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ куыстхъомдзинад бирæ уæд.
Дæ куыстхъомдзинад бонæй-бон хуыздæр цы кæна, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Дæ къаба æнæнизгарз фæуæд.
Дæ къаба фæрнæй фæдар.
Дæ къабайы дæ амонд ссар.
Дæ къабæзтæ даргъ-уæрæх аиваз.
Дæ къабæзтæ дардыл аиваз.

Дæ къабæзты æвзæрдзинад дын Дунескæнæг Хуыцау макуы бонты фенын кæнæд.
Дæ къабæзты маст макуы фен.
Дæ къах фæрнæй фæдар.
Дæ къахы алгъæй дæр макуы схъæрз.
Дæ къахы алгъы сындз дæр макуы фæныхсæд.
Дæ къахы бын мæлдзыг дæр макуы фæуæд.
Дæ къахы дарæс æнæнизæй батон.
Дæ къахæрбавæрд фарныбонæн фæуæд.
Дæ къахæрбавæрд фарныбонæн цы фæуа, æмæ ма-иу дæ æндæр исчитæ дæр цы агурой цыты уазæгæн, ахæм амонд дæ уæд.
Дæ къах-къухæй дæр макуы схъæрз.
Дæ къах-къухы сындз дæр макуы фæныхсæд.
Дæ къæбæр адджынæн цы хæрай, Хуыцау дын ахæм арфæ ракæнæд.
Дæ къæбæр дæ фарсылхæцгæ уæд.
Дæ къæбæр дын батайæд.
Дæ къæбæр дын макуы сæнад уæд.
Дæ къæбæр дын тайæн уæд.
Дæ къæбæр дын хæлар уæд.
Дæ къæбæр дын хæлар кæнæд Дунескæнæг.
Дæ къæбæрыл фæсмон макуы фæкæн.
Дæ къæбæрыл фæсмон цы никуы фæкæнай, адæмыл æй рæдауæй цы тауай, Хуыцауæй дæ ахæм амонд уæд.
Дæ къæбæргæнæг амонджын уæд.
Дæ къæбæргæнæгæй райгонд у.
Дæ къæбæргæнæгимæ «а» æмæ «о»-йæ фæцæрут.
Дæ къæбæргæнæгимæ адджынæй фæцæрут.
Дæ къæбæргæнæджы хъыджы бацæуыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Дæ къæбæргæнæджы хъыджы дæ Хуыцау макуы бацæуын кæнæд.
Дæ къæбæргæнæджы хъыджы цы никуы бацæуай, уыцы амонд дын Дунескæнæг Хуыцау раттæд.
Дæ къæбиц бæркадæй байдзаг уæд.
Дæ къæбицы бæркад бирæ уæд.
Дæ къæбицы бæркадæй райгонд у.
Дæ къæбицы бæркадæй хъалзæрдæйæ фæцу.
Дæ къæбылайы хъыджы дæр макуы бацу.
Дæ къæбылайы хъыджы дæ Хуыцау макуы бацæуын кæнæд.

Дæ къæлæтджын фæрнæй фæдар.
Дæ къæлæтджыныл хъалзæрдæйæ фæбад.
Дæ къæсæр дын хох макуы фестæд.
Дæ къæсæр дын хох цы никуы феста, йæ сæрты ахизынæй дын йæ сæрты ‘рбахизын цы фенцондæр уа, Уастырджи дын ахæм арфæгæнæг уæд.
Дæ късæртæ æрвылаз тулдзы цъæхæй фæив.
Дæ къæсæртæ дæ уарзон адæмы къæхтыбын ихсийæнт.
Дæ къæсæртыл фæрнæй фæхиз.
Дæ къух фæрнæй фæдар.
Дæ къух фæрнæй фæфысс.
Дæ къухæй райгонд у.
Дæ къухæй райгонд цы фæуæм, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Дæ къухтæ хыссæйы фæдар.
Дæ къухтæ царвы фæдар.
Дæ къухтæй æвзæрдзинад макуы рацæуæд.
Дæ къухтæй зырн фæзил.
Дæ къухты уæд дæ хъысмæт.
Дæ къухты фæхъхъау мæ Хуыцау фæкæнæд.
Дæ къухдарæн амонддджыны æлхæд фæуæд.
Дæ къухдарæн амонддджыны конд фæуæд.
Дæ къухдарæн рафтауыны сæр дæ макуы бахъæуæд.
Дæ къухдарæн фæрнæй фæдар.
Дæ къуыдыр дæ хæдзарыл сæмбæлæд.
Дæ къуыдыр дæ хæдзарыл цы сæмбæла, Хуыцауæй дæ уыцы амонд уæддæр уæд.
Дæ къуым галуаны бындур фæуæд.
Дæ къуым къуымуат макуы уæд.
Дæ къуымæй дæ зæрдæ рухс кæнæд.
Дæ къуым дидинæг æфтауæд.
Дæ къуым дзæгъæл макуы баззайæд.
Дæ къуымы амондджынæй цæр.
Дæ къуымы ног чындз æрбалæууæд.
Дæ лалым макуы раафтид уæд.
Дæ лалым уæле исгæ, бынæй ахадгæ уæд.
Дæ лалым фæтæгены ад макуы скæнæд.
Дæ лалымы бæркад — бирæ.
Дæ лæвар бирæ уæд.
Дæ лæвар йæ хицауыл æмбæлæд.

Дæ лæварыл йæхи макуы мачи атигъ кæнæд.
Дæ лæг дзæгъæлкъах цы нæ уа, уыцы амонд дæ уæд.
Дæ лæг хæдзарылхæцгæ уæд.
Дæ лæджы быныл макуы баззай.
Дæ лæггад адæммæ хъуысæд.
Дæ лæггад — бирæ.
Дæ лæггад бирæ уæд.
Дæ лæггад дæм дывæрæй здæхæд.
Дæ лæггад дæм дывæрæй цы здæха, уыцы амонд дын Дунескæнæг Хуыцауы цæст бауарзæд.
Дæ лæггад дын адæм зонæнт.
Дæ лæггад макуы фесæфæд.
Дæ лæггад уазал доны къусы сæфт макуы фæкæнæд.
Дæ лæггадæн фесæфæн ма уæд.
Дæ лæггадыл дæ фæсмон кæныны сæр макуы бахъæуæд.
Дæ лæггадыл фæсмон макуы фæкæн.

*Уыдзæн ма*

СОТАТЫ Людмилæ

# ИРÆТТÆ КÆСÆДЖЫ

Благовещенкæ. Кæсæджы хъæутæй иу. Прохладнæйæ уырдæм — 18 километры. Баксан æмæ Баксаненокы цæугæдæтты астæу.

Уавæртæ афтæ рауадысты, æмæ Кæсæг дихгонд æрцыди дыууæ истори-он-этнографион хайыл — Гыццыл Кæсæг æмæ Стыр Кæсæгыл. Стыр Кæсæгмæ хауынц хæхтæ, хохрæбынтæ, стæй Кæсæджы дæлвæзы цæгат æмæ цæгатыскæсæйнаг хай. Гыццыл Кæсæгмæ та — республикæйæн йæ хуссар æмæ хуссарыскæсæйнаг хай. Ныр нæ ныхасы сæр — Благовещенкæ — хауы Гыццыл Кæсæгмæ, Прохладнæйы районмæ. Хъæууаты бынаты ис авд хуторы: Александровский, Петропавловский, Ново-Осетиновский, Цораевский, Минский, Майский æмæ Гробовец.

2000 азы 1 январы хъæуы цæрджыты нымæц уыди 2131 адæймаджы, — 850 нæлгоймæгтæ, 1281 та — сылгоймæгтæ. Уымæй уæлдай ма хъæуы цæры æрлидзæг адæм Гуырдзыйæ, Хуссар-Ирыстонæй, Таджикистанæй, Мæхъхъæлæй æмæ Цæцæнæй. Хъæуы цæрæг адæмыхæттытæн сæ нымæц иу ссæдзмæ æввахс у. Уырыссæгтæ дзы ис 1654, ирæттæ — 312, корейæгтæ — 53, сомихæгтæ — 31, азер-

байджантæ — 12, балхъайрæгтæ — 15, белорусæгтæ — 19 æмæ æндæр адæмыхæттытæ — иу 40.

Хъæуы цæрджыты нымæц рæзы, хæстон быцæутæ кæм цæуы, уыцы рæттæй æрбафтæг адæмы руаджы. Æнæуи та дзы гуыргæ цас кæны, уымæй мæлгæ фылдæр кæны.

Дыууæ ныхасы мæ зæгъын фæнды хъæуы равзæрды тыххæй. 1861 æмæ 1907 азты аграрон рацарæзтыты фæстæ Уæрæсейы æнгом цæрæгджын бынæттæй бирæтæ ныххæррæтт кодтой Хуссар Уралы хохрæбынтæм, Скæсæн Сыбырмæ æмæ Кавказмæ. Æрцæуæг адæм уыдысты Полтавæйæ, Черниговæй, Минскæй, Херсонæй æмæ æндæр рæттæй. Кæсгон æлдæртты зæххытæ сæхи айтыгътой Баксан æмæ Баксаненокы тæрфыты алыварс.

1903 азы бонджын лæг Саферов йæ зæххытæ хаццон хуызы лæвæрдта хохаг ирæттæн. Афтæмæй Кæсæджы фæзындысты фыццаг ирон цæрджытæ. Уыдон ралыгъдысты Ирæй — Дæргъæвсгомæй. Фыццаг цæрджытæ уыдысты Цорæты мыггагæй. Уый хæдуæлвæд Уарзиаты мыггагæй дæр ралыгъди æртæ хæдзары, Зыгъуытатæй — дыууæ, Дулатæй — æртæ, Калмантæй — иу, Къадзтæй — иу. Цорæтæ æмæ Уарзиатæ Джимарайæ уыдысты, Дулатæ æмæ Калмантæ та — Куырттаты комæй. Бынæттон цæрджыты ныхæстæм гæсгæ (Цорæты Настя — 85 аздзыд, Уарзиаты Тамарæ— 76 аздзыд) хуторы бынаты раздæр уыди хъæд æмæ туацъæ. Фæстæдæр хъæд бындзарæй ныццагътой, туацъæ дæр хусгонд æрцыд. Адæм кодтой зæххы æмæ фосдарыны куыст. Цорæты хуторы ис кувæндон — Сыгъдæг Уациллайы дзуар. Уарзиаты Тамарæ куыд дзуры, уымæ гæсгæ дзуары бынаты кæддæр æрзад æртæ хъæддаг кæрдо бæласы. Фаззæттау æмхуызæттæ уыдысты. Зæрдиагæй сæм зылдысты æмæ сæ хъахъхъæдтой. Фæлæ Гусатæй иу лæг (уый сыхаг хуторæй уыди) бæлæстæй дыууæ акалдта, дзуарæн иунæг бæлас дæр æгъгъæд уыдзæни, зæгъгæ. Зæрæдтæ йын бауайдзæф кодтой æмæ йын загътой, Сыгъдæг Уацилла дæ уыцы хъуыддаджы тыххæй æфхæргæ кæндзæни, зæгъгæ. Æцæгæйдæр афтæ рауади. Цыбыр рæстæгмæ йæ бинонтæй зыбыты иунæгæй аззади: иунæг къуыримæ йын адзал ахаста йæ усы, йæ чызджы æмæ йæ фырты. Уæд Гусы-фырт йæхи айста хуторæй. Фæтарстаид, уæдæ цы? Хъæуы адæм та ныронг дæр бæрæг кæнынц Сыгъдæг Уациллайы бон. Куыд дзурынц, афтæмæй дзуары бæласыл цæуы 150 азмæ æввахс.

Саферовы фæзмгæйæ йæ зæххытæ ирæттæн хаццон хуызы

дæттын райдыдта Олпанов дæр. Фыццаджыдæр кæимæ баныхас кодта, уыдон уыдысты Уæлладжыры комæй: сæ иутæ Беккуызартæй — Холсты хъæуæй, иннæтæ та Цогойтæй — Луары хъæуæй. Благовещенкæйы ныры хъæууатæй Беккуызарты хутормæ уыд авд километры. Цогойты хутор хъæумæ иучысыл хæстæгдæр уыди. Фæстæдæр Беккуызартæ æмæ Цогойтæ балхæдтой Олпановы зæххытæ. Беккуызарты мыггаг цал бинонтæ уыдысты, уый бæрæг нал у. Цогойтæ уыдысты иу дыууадæс хæдзары. Ныр дæр ма бæрæг сты Цогойты æмæ Цорæты уæлмæрдтæ.

1903-1905 азты Благовещенкæйы хъæумæ Цымытийæ (Куырттаты ком) ралыгъдысты Сотатæ (иу хæдзар, цыппор авд адæймаджы), Уæлладжыры комæй — Бесолтæ (дыууæ хæдзары), Агетæ, Хъуппетæ, Лекътæ.

Иннæ дыууæ хуторы — Минский æмæ Майский — дзæвгар фæстæдæр арæзт æрцыдысты. Минский 1923 азы сарæзтой, Минскæй чи ралыгъд æмæ 1901 азæй фæстæмæ Цæцæн-Мæхъхъæлы чи царди, уыдон. Майский хутор та арæзт æрцыди 1925 азы. Сарæзтой йæ Прохладнæйы сахары фæрсаг хъæу Прималкæйы цæрджытæ.

Благовещенкæйы хъæуыл йæ ном 1924 азы 25 мартъийы сæвæрдтой, чырыстон бæрæгбонмæ гæсгæ («Благовещение» — «Фарны уац»). Дыууиссæдз азы фæстæ *(1964)* йын йæ ном аивтой. Схуыдтой йæ Первомайское. Фæлæ та йын дæс æмæ ссæдз азы фæстæ йæ фыццаг ном радтой.

Иннæ адæмтау ирæттæ дæр ам ссардтой сойджын зæххытæ, фæлмæн æрдзыхъæд. Хъæу куыд рæзгæ цыд, афтæ фылдæрæйфылдæр кодта йæ цæрджыты нымæц дæр. Дыууынæм азты онг Цорæты хуторы Доййатæй æрцарди дыууæ хæдзары. 1938 азы Уæлладжыры комæй ралыгъдысты Икъатæ, Седантæ, Цæллагтæ. Стъараполы зæххæй (Скакуны хъæуæй) — Дзугатæ, Кокайтæ, Сагкатæ, Къæбултæ, Гæбæратæ, Бестаутæ, Плитæ. Æдæппæтæй 13 бинонтæ. Уыцы заман хъæуæй Налцыкмæ алыгъдысты Зыгъуытатæ, Сотатæй дыууæ бинонтæ, Седантæ æмæ Беккуызарты бинонтæ алыгъдысты Налцыкк æмæ Æрыдонмæ. Нартыхъæумæ алыгъдысты Дулатæй дыууæ бинонтæ, Беслæныхъæумæ — Ачетæ.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ кæсгон хъæу Куыйанмæ алыгъдысты Седантæ, Бакумæ — Цæллагтæ, Дзæуджыхъæумæ та — Сотатæ.

1957 азы Благовещенкæйы æрцардысты Гæззатæ (æртæ хæдзары), Саулохтæ —дыууæ, Мæхъитæ дыууæ, Джелытæ — цыппар, Бестаутæ, Хуыбатæ, Дзылыхтæ, Годжыцатæ æмæ Плитæ — иугай бинонтæ.

1946 азы Цыколайæ ардæм ралыгъдысты Хъарданты бинонтæ.

Ирæттæ æмæ гуырдзиæгты æхсæн ахастдзинæдтæ лæгъз кæй нæ уыдысты, уымæ гæсгæ æхсайæм азты Александровскы хутормæ ралыгъдысты Голотæ (æртæ бинонтæ), Цорæты хутормæ — Гæджитæ æмæ Голотæ (иугай бинонтæ), стæй Годжыцатæ (дыууæ бинонтæ). Уæды онг Цорæты хуторы Цорæтæн сæхи мыггагæй баззади æрмæстдæр иу хæдзар, иннæтæ алыгъдысты Налцыкк æмæ Дзæуджыхъæумæ.

Гуырдзыстонæй æстайæм азты ралыгъдысты Голотæ æмæ Гуырцъытæ, Цæцæнæй нæуæдзæм азты — Рубайтæ. Хъæуы бынтон æрæджы чи æрцард, уыдонæй сты Куыдзиаты бинонтæ (Елхотæй), Абайты (Новосибирскæй) æмæ Хатъаты бинонтæ (Норильскæй).

Ныр Благовещенкæйы цæры (уæлдæр ма йæ загътон) 312 ироны (84 хæдзары). Уыдонæй Гробовецы хуторы — иу бинонтæ, Майскийы — цыппар, Минскийы — авд, Цорæты хуторы — нудæс, Ново-Осетиновкæйы — цыппор фараст, Александровскийы та — цыппар. Ново-Осетиновскийы хутор арæзт æрцыди 1902-1903 азты, Сотатæ, Бесолтæ, Ачетæ æмæ дзы Хъуппетæ куы æрцардысты, уæд. Раздæры мыггæгтæй ма дзы баззадысты Бесолтæ, Уарзиатæ, Доййатæ, Лекътæ, Цогойтæ, Цорæтæ. Ацы ран æрцæрæг ирон адæм бахъахъхъæдтой нæ фыдæлты хорз æгъдæуттæ. Фæлæ ирæттæ алымыггаг адæмты æхсæн кæй цæрынц, уый, хъыгагæн, пайда нæу нæ ирон æвзагæн. Кæстæртæ дзæбæх дзурын нал зонынц иронау. Уый хыгъд нæм фæзынди хæццæ бинонтæ дæр: уырыссаг-ирон, ирон-кæсгон, ирон-украинаг, ирон-польшæйаг æмæ аф. д. Ахæм бинонты цот арæхдæр дзурынц уырыссаг кæнæ кæсгон æвзагыл, кæд сæ ирон æвзаг бынтон нæма ферох кодтой, уæддæр.

Фæлæ уæддæр, Кæсæджы иннæ хъæутимæ абаргæйæ, Благовещенкæйы фæсивæд зæрдæргъæвддæр сты ахуырмæ, бирæтæ дзы уæлдæр ахуырад райсынц Налцыччы, Пятигорскы, Дзæуджыхъæуы æмæ Прохладнæйы.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



Ирон ӕлдар Хъазыбег. 1840-ӕм азтӕ.



Ирон ӕлдар йӕ фыртимӕ. XIX ӕнус.



*Ирон лæг. XIX æнус.*



*Ирон лæг. XIX æнус.*



*Ирон лæг. XIX æнусы райдайæн.*



*Ирон фыййау. XVIII æнус.*



*Ирон лæг. XIX æнус.*



*Ирон зæронд лæг. XIX æнус.*



*Ирæттæ. XIX æнус.*



*Ирон хæдзар Сæнайы хъæуы (ныр □ Казбеги).*



*Ирæттæ. XIX æнус.*



*Ирон сылгоймæгтæ. XIX æнус.*



*Ирæттæ. XIX æнус.*



*Ирæттæ. XIX æнус.*



*Уæрдонджын ирон лæг. XIX æнус.*



*Ирæттæ. 1920 азтæ.*

# АРВИСТОН

## СЫЛГОЙМАГ ДЗЫ КУЫНÆ ЗÆГЪА

**Мэрилин Монро:** Сæрыхицау — уый у ахæм адæймаг, дæ гуырæн бон дын алкæд дæр чи ферох кæны, фæлæ дын дæ кар та æнæсцухæй дæ цæстмæ чи дары.

**Фаина Раневская:** Мæнмæ, цæмæй æдылыйæ фæцæрон, уый фаг зонд разынд!

**Франсуаза Саган:** Цæмæй дæ уарзой, уый тыххæй рæсугъд уæвынæй хуыздæр ницы ис. Фæлæ цæмæй рæсугъд уай, уый тыххæй та дæ хъуамæ уарзгæ кæной!

**Маргарет Тетчер:** Сылгоймагæн йæхионтæ йæхимæ куы вæййынц, уæд æй «цъаммары» номæй фæтонынц. Нæлгоймагæн куы вæййынц йæхионтæ йæхимæ, уæд та дзы афтæ фæдзурынц: «Уый дзы лæг у, уый!»

**София Лорен:** Рæсугъд кæй у, уый фидарæй сылгоймаджы куы уырна, уæд ууыл йæ удæгасæй фæстагмæ æппæты дæр баууырнын кæндзæн!

**Янина Ипохорская:** Сылгоймагæн бæрнон бынат æрцахсын бирæ зындæр уымæн у, æмæ йын, размæ йæ чи схойа, ахæм ус нæй!

**Брижит Бардо:** Кæй зæгъын æй хъæуы, Ален Делон рæсугъд лæг у, фæлæ Людовик XVI заманы къамод дæр тынг рæсугъд у — уартæ мæ фæсдуар лæууы.

**Коко Шанель:** Æхца кæмæ ис, ахæмтæ дæр и, стæй хъæздыг чи у, ахæм адæм дæр.

**Анна Ахматова:** Æз стыр кад дæр базыдтон, стæй, æгадæй æгаддæр цы уавæр у, уый дæр бавзæрстон — æмæ мæм уæд бахъардта, сæ дыууæйæ уæлдай кæй нæй, уый.

# КЪУХДАРÆН — УАРЗОНДЗИНАДЫ НЫСАН

Дыууæ æрыгон уды кæрæдзийы куы бацагурынц иумæйаг царды даргъ æмæ зын фæндæгтыл фæцæуынмæ, уæд, цымæ, къухдарæнтæ кæдæй нырмæ лæвар кæнын райдыдтой сæ иу иннæмæн? Фыццаджы фыццагдæр уыцы æгъдау фæзынд Хурыскæсæн бæстæты, стæй сæ бафæзмыдтой грекъ, ромæгтæ æмæ иннæтæ.

Раздæр йæ нысаниуæг уыд ахæм: ацы къухдарæнджын чызг куырдуаты бадæг у, æмæ йæм йæ хъус мачиуал дарæд! Къухдарæн-иу цы чызг айста, уый дæр уымæй усгурæн фидар дзырд лæвæрдта, йæ фæнд кæй нал аивдзæн, уый тыххæй.

Иудейтæ та къухдарæны размæ сæ усæгтæн æхца лæвæрдтой фидыд æмæ, хорз æй кæй дардзысты, уый охыл. Ромæгтæ таиу ахæм уавæры цы къухдарæнтæ лæвар кодтой, уыдоныл уыд мыхуыртæ— ома алцыдæр нын æмхуызон бæрнон уыдзæн, алцæмæн дæр æмхуызон дзуапп дæтдзыстæм.

Æрмæстдæр IX æнусæй фæстæмæ ис чырыстæттæн бар кæрæдзийæн къухдарæнтæ лæвар кæнын аргъуыды бон — ныр къухдарæны нысаниуæг сси, дыууæ къайы кæрæдзи уарзгæйæ кæй цæрдзысты, ууыл дзырд дæттæгау.

# МÆЛÆТ — ÆНУСОН ЦАРДМÆ ХИД

Абон уа, райсом уа, уæддæр алчи дæр йæ рухс дунейæ кæй ахицæн уыдзæн, уый зонæм, фæлæ нæ ууыл хъуыды кæнын та нæ фæнды. Æмæ нын æй æндæр исчи нæ зæрдыл æппынæдзух лæууын кæна, æнæмæлгæ дуне нæй, зæгъгæ, уый дæр нæ нæ хъæуы. Афтæмæй та уырнæг адæмæн аргъуанты уый иудадзыгдæр сæ зæрдыл дарын кæнынц: «Ды дæр кæй амæлдзынæ, уый дæ рох ма уæд».

Бирæ æмæ амондджынæй цæрæд алчи дæр, чи йæ уарзы æмæ кæй уарзы, уыдонимæ. Фæлæ чырыстон дин лæгæн æдзух йæ адзалы кой кæй кæны, уымæй йын афтæ нæ зæгъы, амæлдзынæ æмæ ууыл дæ цард бынтондæр фæуыдзæн, зæгъгæ. Мæлæт у ног райдайæн æнусон царды размæ, уый æрмæстдæр къæдзыг у, стъæлф нæу, уымæн æмæ Хуыцау адæмы æнæадзалджынæй

сфæлдыста. Фæлæ сæ фæстæдæр уыцы æлгъыст баййæфта, адзалхæссæг æлгъыст æмæ, ницыйы бæстæй куыд рацæуы адæймаг рухс дунемæ, афтæ та никæдæм ацæуы йæ мæлæты фæстæ. Уыцы æлгъыст та адæймаджы баййæфта йæ тæригъæды азарæй, йæхæдæг йæхи кæй фæтæригъæдджын кодта Хуыцауы раз, уый тыххæй. Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр Иоанн Златоуст (Зæриндзых Иоанн ) афтæ дзырдта: «Мæлæт нæ амондæн у!»

Æппæты фыццаг цы адæймæгты сфæлдыста Хуыцау, уыдон нæдæр мæлгæ кодтаиккой, нæдæр æнæмæлæт уыдысты: алцы дæр сæхицæй аразгæ уыдис, ома сæхи куыд дардзысты Хуыцауы раз, Йæ ныстуантæм ын цы цæстæй акæсдзысты, уымæй — æххæст ын сæ кæндзысты, табу Йын кæндзысты Йæхицæн, æмæ уый адыл æнусон суыдзысты, æви се 'гоммæгæсæй сæфты фæндаг равзардзысты, адзал æмæ мæлæты — куыд буары мæлæт, афтæ уды зынджы дæр.

IX æнусы сыгъдæг ахуыргæнæг патриарх Фотий фыста: «Мæлæт Хуыцауæй нæ рацыд, уымæй лæвæрд нæу. Уый адæймаджы æнæадзал царды нывондæн сфæлдыста». Ахæм цардæй адæймаг хъуамæ Эдемы дыргъдоны цардаид, уым хъуамæ бафтыдаид ахæм цардæй цæрын йæ къухы. Фæлæ уым куы уыдис æмæ Хуыцауы æрвылбон дæр куы уыдта, йемæ æнувыд ныхас кæнгæйæ, уæддæр адæймаг æнусон нæма уыд, хъуамæ Хуыцауы лæваргонд диссаджы мадзалæй пайда кодтаид адзалы ныхмæ. Уыцы мадзал та Адам æмæ Евæйæн (Атан æмæ Аманæн) уыдис царды бæласы дыргътæй ходыны бар. Æппынфæстагмæ, сæ уд куыд сыгъдæгдæр кодтаид, се 'рдзон уаг куыд цытджындæр кодтаид Хуыцауы аудыны фæрцы, афтæ Хуыцаумæ уыйбæрц бахæстæг уыдаиккой, æмæ сын мæлæт нал уыдаид. Уæдмæ та уал сын адзалы ныхмæ мадзал уыдаиккой царды бæласы дыргътæ.

Фæлæ уыцы бæласы фарсмæ сагъд уыд æндæр бæлас дæр — фыдæх æмæ хæрзæбон зоныны бæлас. Адæймæгтæн фæдзæхст уыдысты уыцы бæласы дыргътæ, нæ сын уыд бар уыдонæй ходынæн. Уый уыд фыццаг комдарыны домæн Хуыцауæй, уымæй фæлвæрдта адæймаджы, стæ-ма, цас хиуылхæцгæ æмæ хиуромгæ дæ, цас цæттæ дæ нывæндтæ хæссынмæ, цæмæйты у дæ бон дæхи æнæхай фæкæнын де стырдæр нысаны сæраппонд, зæгъгæ — дæ иузæрдион уарзтæй Хуыцауы зæрдæ ссарын!

Æрмæст Адам æмæ Евæ сæ комдард фехæлдтой, фæхъæстæ сты фæдзæхст дыргътæй: фæтæригъæдджын сты, æмæ сæхæдæг сæхи смæлæтджын кодтой.

Фæлæ Хуыцау развæлгъау дзырдта Адамæн, коммæ куы нæ кæсой адæм, уæд сын адзалæн мадзал кæй нал уыдзæн, æнусон цардæй кæй нал цæрдзысты, уый тыххæй: «Дыргъдоны бæлæсты алы дыргъæй дæр хæрдзынæ; фæлæ фыдæх æмæ хæрзæбон зоныны бæласæй та ма хæр, науæд дзы цы бон фæхъæстæ уай, тæккæ уыцы бон адзалы мардæй амæлдзынæ» (*Цардыбоны чиныг, 2: 16—17*).

Æз дæ амардзынæн, зæгъгæ, йын нæ загъта Хуыцау, фæлæ, дам, дæхæдæг амæлдзынæ, афтæ куы бакæнай, уæд. Хуыцау адæймагæн æнусон цард æмæ мæлæты ‘хсæн æвзарыны бар радта, æмæ адæймаг барвæндæй мæлæт равзæрста!

Фæлæ уыцы мæлæт уæддæр æрмæст айдагъ нæ буары мæлæт у, нæ уд нын чи ирвæзын кæны æнусон царды сæрвæлтау, Ахæрæты бонмæ, Стыр Тæрхоны бонмæ, ахæм фæрæз. Зæгъæм, цы стæм, уымæй æнустæм куы цæриккам, уæд-иу уыйбæрц тæригъæдджын суаиккам, æмæ нын сæ ныббарынæн ницуал гæнæн уаид — сæ быны-иу ныцъцъист уаид нæ уд дæр!

Æппынфæстагмæ, хъуыддаг куыд уыд Хуыцауы фæндæй, ахæмæй баззад: адæймаг нывондгонд у æнусон цардæн, æнæмæлгæ цардæн. Уыцы фæндаджы сæр та адæймаг йæ адзалы фæрцы æрлæууы. Зæххы мæры амæддаг лæгæн йæ сыджытбуар у, йæ уд та у арвы исбон, арвы хай, æнæныгуылгæ рухсы цæрæг Хъаймæты Бонмæ. Уый кæй ралæудзæн, уымæн та Есо Чырыстийы райгас æвдисæн!

Нæ алчи дæр нæ, фылдæр æй чи уарзы зæрдæбынæй, уый фæндиаг цæрæд! Фæлæ нæ уæлæуыл кæй ничи баззайдзæн, уый дæр рохгæнинаг нæу — Хуыцауы раз цы цæсгомимæ æрлæудзыстæм, цы?..

* * *

Зæрдылдаринаг нын у, абон уæлдайдæр, уартæ сæдæ азы размæ Гæдиаты Секъа æргом дзырдæй цы загъта, уый дæр: «Мах, ирон адæм, бирæ зылын стæм Хуыцауæй, иу æгъдауæй дæр ын не ‘ххæст кæнæм йæ хорз амонындзинæдтæ, бирæ цæмæйдæрты мæсты кæнæм Хуыцауы зæрдæ».

***Уац «Хæлæгдзинад».***

# ДЗЫРДДЗУАН

Цыдæр къуымых фесты адæм советон æнхъæлцау (æви дзы фыдæнхъæлцау зæгъын растдæр уыдзæн?) дуджы: иу нывыл æмбисонд дæр не 'рхъуыды кодтой. Æмбисонд цы, 'мбисонд! Иу дзæбæх хъæуы ном иронау! Æнæ идеологон ном (Комсомольское, Октябрьское, Заводской...)

Ирон æвзаг дæр кæйдæрты кæд уымæн нал хъæуы, кæд сын уый тыххæй сæнад, æмæ эпикон хъуыддæгты æвзаг нал уыд, ирон цырвæй æнхъизгæ царды æвзаг, фæлæ цыдæр хиконд æгъдæуттимæ, æрымысгæ дзуæрттæ æмæ хуыцæуттимæ, бæрæгбæттимæ. Нæртон æвзагæй кувын кæмæн нæ хъуыд, ахæм бæрæгбæттимæ цард — уый бæсты цъæлхъæр лозунгтæ, цъиувæдис транспаранттæ!..

Кæйдæрты се 'ннæ хорздзинæдтæй уæлдай ма арфæйагæй уымæн æрымысын, æмæ сæ ног дзырдтæ базыдтон, æцæг ирон фыдæлтыккон ахадгæ дзырдтæ.

Уæд мæ сæдæйы сæрæвæрæн роман фыстон. Тынг мæ нæ фæндыд, уæрдоны фарсыл асыкк, зæгъгæ, фыссын. Мæ фыдыхо Чубæимæ нæм цы ныхас рауад, мæгъа, фæлæ дын иуахæмы афтæ:

— Æз мæ хай уæрдоны дзыппы бамбæхстон...

Фырцинæй мæ скафынмæ бирæ нал хъуыд: асыкк — дзыпп! Рухсаг у, Чубæ!..

Дзусаты Керым мын цыдæр хабæрттæ дзуры:

— Ныр цæргæ та къуырма уынджы кодтой. Хъæдындз дæр йæ тæккæ хъæбатырæй уыд, хæндыджы цыхт, æйчытæ, налат арахъхъ, æмæ мах та нозтæн зынбырсæн æрыгæттæ...

Мæхæдæг ын йæ ныхасыл бирæ азты фæстæ цыдæртæ афтыдтон, фæлæ «къуырма уынг» æмæ «хъæбатыр хъæдындз» мæнæн уый лæвар сты... (Уый фæстæ Коцойты Арсенмæ сæмбæлдтæн, æнхъæлдæн, ахæм дзырдбастыл — дыдагъ уынг...)

Кæсын иу чиныджы редакторы фиппаинаг: «Фаты бæх — фыццаг заман-иу чызджы мадæн ирæдимæ цы бæх лæвар кодтой, уый хуынд афтæ». Нæ хуынд! Фаты бæх уыд фаты бæх — чындзхонтæй-иу чызджы хæдзары уæлкъæсæр хъæдыл фыццагдæр кæй фат сæмбæлдаид, дзырдгонд дæрддзæфæй æхсгæйæ, уымæн-иу хæрзиуæгæн лæвæрдтой бæх: фаты бæх!

Иу зындгонд фыссæг ныффæрск, хæстбойнон уырыссагау боевик у, зæгъгæ! Дзырдуаты кæсæм: «Быть беременной».

Къубалты Алыксандры поэмæ «Æфхæрдты Хæсанæ»мæн дæлрæнхъон тæлмац кæнын хъуыд. Кæуылты зын у уый дæр:

аивадон тæлмацгæнæг-ма зын бынæттæй «алидзы», дæлрæнхъон тæлмацы та уый гæнæн нæй. Æмæ мæнæ кæсын:

*Уый цуанон фæлдахы саусыкъа дзæбидыр,*
*Сагтæ 'мæ сæгуыттæ ЦЪИЛТÆ 'мæ нæмгуытæй.*
*. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .*
*Куы нæ дыл сæмбæлди, къамбецтæ давгæйæ,*
*Дугъæттæ скъæфгæйæ, мæхъхъæлоны СТЫР ЦЪИЛ!..*

Стыр дамгъæтæй дзырдтæ æз ныффыстон, фæлæ циу цъил?! Уырыссагау æй зонын куыд юла, волчок, кубарь. Фæлæ уыдон хæцæнгарз не сты суанг мæхъхъæлмæ дæр. Кæй нæ бафæрсын ирон æвзагзонджытæй — ничи йын ницы 'мбары. Гуытъиаты Хъазыбег дæр ма йæ куы нæ зона, уæд... Афтæ мын æй бацамыдта, зæгъгæ, цъил уыд, æхсгæ кæй кодтой бумерангау, ахæм цыргъ хотых — тæхгæ-тæхыны зылди. Уырнинаг мæм фæкастысты йæ ныхæстæ, æмæ йæ æз дæр уырыссагау метательное орудие схуыдтон. Иу æмбырды мæ дзырддзуаны хабар ракодтон, æмæ дын мын Дзадтиаты ахуыргонд лæг Руслан афтæ:

— Уый картечь у! Гуырдзиагау цъили. Здыйы лыггаг, хай.

Мæгъа, мæгъа... Стыр цъил — стыр здыйы карст?! Цъилтæ æмæ нæмгуытæй?!

Хъесаты Валодя та йæ чиныг «Ирон цуанæтты æгъдæуттæ æмæ æвзаг», зæгъгæ, уым Нигеры рæнхъытæ 'рхæссы («Уæхатæджы фырт чысыл Гуыйман»):

*Зæгъдзынæн: коммæ*
*Æз иунæг цъилæй,*
*Кæсут, æппарын*
*Дзæботæ къайгай.*

Стæй Валодя зæгъы: «Цъил хуыдтой, ныры архъан чи у, уый (кæнæ уый хуызæн уыд); арæзт уыд лыстæг даргъ гæрзбæндæнæй, йæ кæрон цæггонд; пайда дзы кодтой сырд ахсынæн» (136 — 137 ф.ф.)

Нæ мæм кæсы ахæм «цъил» дæр уырнинаг. Иу мæхи хуызæн хæдахуыр этимолог та мын афтæ:

— Уый зилгæдурæхсæн у! Праща уырыссагау.

Лæгæн йæ сæр хъазæн цъилау разылд. Абайты Васойы номдзыд дзырдуаты цъилæн уыцы хуызы йæ кой дæр нæй. Цы хæцæнгарз уыд уæддæр, уый куыд сбæлвырд чындæуа?

## САДЖЫ ФИСЫНТЫЛ АМАД

Афтæ æрмæстдæр хæрзконд, гуырвидауц лæппуйæ фæзæгъынц, чызджы тыххæй æндæр абарæнтæ ис. Дзырдгуыст йæ дæсныйад кæмæн у, уыдонæй цалдæры афарстон, цæмæн афтæ дзурæм, уый комкоммæ цы амоны, зæгъгæ, фæлæ мынiу, мæгъа, зæгъгæ, загътой. Уæд дын мæхæдæг хъуыдыты ацыдтæн, сагдзуаны цæуæгау, æмæ ахæм хатдзæг «амардтон»:

— Хæдзарæн цыппар фисыны куыд ис, афтæ сагæн дæр ис йæхи фисынтæ, ома нывтæ, бакасты æууæлтæ. Лæппу дæр сæрджын сагау сæрыстыр æмæ аивæй фæцæйцæуы, йæ конд, йæ уындæй æгъуыссæггаг у, цæсты рухс æмæ зæрдæйы цин. Ома саджы нывтыл амад у, йæ фисынтыл карст, уымæ гæсгæ конд, йæ халæмдих йæ уæнгты æвæрд, йæ азмæлдæй.

## НАРЫ КАРТОФ АФТÆ ХОНЫНЦ...

Хетæгкаты Нафирæт мын дзырдта:
— Уæд нæм диссаджы задæй æрзад къуыртбын хор...
— Цы, цы? Цы уæм æрзад?
— Къуыртбын хор! Нарыхъæуы картоф афтæ хонынц.
Хорз æй хонынц, ацы нарон тæ чи сты, уыдон: къуыртбын хор!

*ХЪАЛÆГАТЫ Дзанæг*

## ЦÆЙ ДЕМОКРАТ ИС МÆНÆЙ...

Æз Ельцины бафарстон: »Ды демократ дæ?» Уый мын афтæ: «Нæ, цæй демократ ис мæнæй? Куы йæ зоныс, цы хуызæн бæстæйы райгуырдтæн æз, цы хуызæн партийы уæнг уыдтæн цæргæ-цæрæнбонты, уый. Чи зоны, æмæ искуы суон, демократондæр чи у, ахæм адæмимæ куы 'мбæлон, уæд...» *(Владимир Познер, «Общая газета», № 21, 2001).*

Не сси, нæ, Б. Н. Ельцин демократ, æмæ, нæ бæстæ дæр циу, уый бæрæг нæма ис.

# БЕЛИТЫ БЕРДА

## *Литературон памфлет*

***Компиляция** – (лат.) ограбление; составление сочинений на основе чужих исследований, чужих произведений, без самостоятельной обработки источников.*

***Плагиат** – (лат.) похищенный; присвоение чужого авторства, выдача чужого произведения или изобретения за собственное.*

*Чи у махæн Брытъиаты Елбыздыхъо?*

*Уый хорз зонынц йе сфæлдисæг куырыхон дзыллæ æмæ бæркадджын зæхх. (Чиныг «Брытъиаты Елбыздыхъо. Фотоальбом.» Дзæуджыхъæу, «ИР»,2001.)*

Чи у махæн, сымахæн, уыдонæн æмæ не 'ппæтæн дæр Белиты Берда? Уый йе сфæлдисæг уæрæседзау дзыллæ æмæ гæмæх зæхх дæр бæлвырд нæ зонынц, уыййеддæмæ нæдæр декан уаид, нæдæр датский критик. Ома фысджыты алы датæ-юбилейтæм æппæлæн уацтæ тъæпп-лæпгæнæг.

Кадад æмæ йын фæлдзусады намысад та ис: йæ гæххæттытæ йын балæвæрдтой Акменеологон Наукæты Академийы академичы ном райсынмæ тынгады сæраппондады сæрвæлтаудзинады куырыхон дзыллæты æххуысдзинадæй. Æмæ уæд уæлтæмæнады рухс историйы субъективондзауы айдæнæй акæсдзæн ахуыргонддзаутæй бæркадджын зæхмæ хæхты милуангай азты ауунæй.

Ацы абзацы та уын, куырыхон дзыллæтæ, нæ ирон ахуыргонды уацты æвзаг афæзмыдтон. Цас раст дæн, уый уæ кæд искæй базонын фæнды, уæд уалæ эпиграфы амынд чиныг ссарæд («Рæстдзинады» редакцийы ис — сæ кусæг Арсæгты Ю. дзы тынг æппæлы æмæ арфæ кæны ирон намысады дзыллæйæн цыллæ æвзагæй. ) О, ссарут уыцы фотоальбом æмæ йын йæ «биноныг разныхас» (Арсæгты Ю.) лæмбынæг бакæсут æмæ йæ уæхæдæг фендзыстут, белиберда циу, уый. Кæд уæм уый фаг нæ фæкæса, уæд та чиныджы 149 — 150 фæрстыл амынд сты разныхас сфæлдисæджы æхсæз уацы. Кæсут сæ, худут æмæ кæут, æцæг уыл йæ графоманады низад ма бахæцыдад скæнæдад, мæнæ мæныл куыд ныйичъиад, афтæ.

Йæ курдиат лæгæрдаджы курдиат у Белиты хорз Бердайæн:

кæмдæриддæр æй бафæнда, уым ын ныммыхуыр кæндзысты йæ уацмыстæ уырыссагау дæр æмæ иронау дæр — уырыссагау ма ноджы тыхджындæр графоман у. Иунæг «Мах дуг» æй нæ уадзы йе 'мгæрæтты дæр, уымæн æмæ æдзæстуарзон сты йæ редактортæ, фаг куырыхон не сты фæткæвæрдадæй. Стæй сæм рæдыдтæ дæр дзæвгар нæ, фæлæ нымадæй аирвæзы, Белиты Берда та уымæ тырны, цæмæй йæ фыстытæ рæдыдтæй бæз-бæз куыд кæной, афтæ. Уæддæр ын йæ сæкæрджын æмæ суйтæ-муйтæ, хылы-мылы æвзаг бирæ уарзынц, кæуылдæриддæр фыссы, уыдон. Æрмæст мæн цæмæндæр нæ уырны, Брытъиаты Елбыздыхъо дæр дзы разы уыдаид, уый: иронау дæр æмæ уырыссагау дæр иттæг хорз зыдта, абоны куырыхонтæй хъауджыдæр. Уыцы куырыхонтæ схонынц Бердайы кæркæ-мæркæ æмæ дзæгъ-дзæгъгæнаг фыстытæ мыхуыры аккаг æмæ йын сæ джиппы чингуыты стыр номимæ рауадзынц, фиуытыхт сæ бакæнынц, афтæмæй.

Мæнмæ дæр бирæ хъарутæ нæй æмæ Белиты Бердайы фыст разныхасæн æрмæстдæр йæ иу фарсæй — фыццаг фарсæй — æрхæсдзынæн дæнцæгтæ-цæвиттонтæ. Дæс æмæ йын дзы ссæдз рæнхъы ис, æмæ дзы иунæг дæр нывыл нæу! (Эпигрæфы цитатæ дæр сæм хауы.)

Чи уæ кæд федта, æмæ аивадон уацмыстæ «царды судзаг фарстытæн дзуапп агурыны фæндагыл» лæууой? Белиты Берда Елбыздыхъойы уацмысты иууылдæр ахæмтæ хоны. «Йæ генион сфæлдыстады рæвдауæг уддзæфæй адæймаджы зæрдæ байдзаг вæййы хæххон царды нывтæй, рæстæджы сагъæстæй æмæ национ сæрыстырдзинадæй». Ахæм кæркæ-мæркæ ныхæсты дзæгъ-дзæгъ хъусынхъом чи у, уый дарддæр хъусæд: «Елбыздыхъо йæ хъайтарты сыгъдæг æнкъарæнтæ цы уæлтæмæнады поэтикон тыхимæ æвдисы, уымæн, фыццаг бакæсгæйæ куыд хуымæтæг зыны, афтæ æнцонæй бамбарæн нæ вæййы». Æмæ, дам, «махмæ гæсгæ, ам сбæрæг вæййы, драматургæн йæ аивадон райдиан — философон райдианимæ иу хаххыл кæй лæууы, уый». Уый дзы Белиты Берда у, уый! Иу хаххыл лæууы Гали Матьяимæ! Æмæ йæм уыцы хаххæй мæнæ цы диссæгтæ зыны: «Брытъиаты Елбыздыхъо уыд æмæ баззайдзæн ирон драматургийы бындур æвæрæг æмæ профессион театры дуаргомгæнæгæй...» Цæвиттон, Берда-иу профессион театрмæ куы фæцæйцæуа, уæд ын-иу Елбыздыхъо, йæ сæрæй ныллæг акувгæйæ, дуар уæрæх байтындздзæн. Цымæ уыцы театры рудзынггомгæнæг нæ хъæуы — Белиты Берда кæуылты алиуыра...

Елбыздыхъойы драмæты фарн, дам, никуы фесæфдзæн, уымæн æмæ, дам, абоны бон уый махæн «дуаргомгæнæгæй» æмæ «драматургæй фылдæр у».

Евг.Евтушенко! Саламтæ дæм ирон Белиты Бердайæ — дæ рæнхъ дын фæиннæрдæм кодта, ома «Поэт в России больше, чем поэт».

«Зындгонд советон фыссæг А.А.Фадеев, драматурджы уацмыстæ æмæ æхсæнадон архайдмæ историон рæстдзинады айдæнæй диалектИВОН хуызы æмæ объективон æгъдауæй кæй кæсын кодта, уымæй уыд иттæг раст». Æниу, хæрыны размæ къухтæ æхсын хъæуы, зæгъгæ, куы загътаид А.А.Фадеев, уæд тынг фæрæдыдаид? Фæлæ, кæд цыфæнды зындгонд æмæ цыфæнды советон фыссæг у, уæддæр истæмæ айдæнæй куыд кæсын кодта? Арвы айдæн ын ма уæд?.. О, æмæ диалективон та циу? Диалект — диалектон, диалектикæ — диалектикон! Диалективон дзы нæхи Берда куынæ æрхъуыды кæна, уæд ничи — мæнæ иухатт дзырд ТЫНГАД куыд æрхъуыды кодта, ацы разныхасы та СКЪÆФÆГДЗАУТÆ, афтæ. Уæдæ нын цухты-мухты суыдзæн Акменеологон Наукæты Академийы академик! Акменеологи та у уæлдæр Нæуæг дзырдтæ фæлдисынад — неологизмтæдзау!

Хъыгагæн, Евтушенко ницы ныффыста Елбыздыхъойы тыххæй, фæлæ Белиты Бердайæн Джыккайты Шамил та кæдæм ирвæзы, йæ уæлдæр скъолайы ахуыргæнæг — уымæй зонгæзоныны мырхакъуæ кæндзæн! Уый йæм нæ фæхæрам уыдзæн, ницы йын бадардзæн йæ цæстмæ.

Шамил фыссы: «Абырæгдзинад — уый дæр æхсæнадон фæзынд уыди. Уый æвзæрд хицауады æвирхъау митæй æмæ уыди уыдоны ныхмæ тохы формæ. Каст æм цыд дыууæ хуызы. Официалон хъуыдымæ гæсгæ абырæгдзинад уыд кавказæгты æрдзон æууæл. Иннæ цæстæнгасæй та абырæг нывгонд цыди романтикон рæсугъд дарæсы, уæздан æмæ сæрыстыр мастисæгæй» *(Чиныг «Брытъиаты Елбыздыхъо. Уацмыстæ. Чиныгуадзæн «Ир». 1981. 1-аг том, 12 ф.)*

Б. Б. мырхы: «Абырæгдзинад», куыд æхсæнадон фæзынд, æвзæрд хицауады æвирхъау митæй æмæ уыди уыдон ныхмæ тохы хуыз. Официалон хъуыдымæ гæсгæ — «абырæгдзинад» уыд кавказæгты æрдзон æууæл, дзыллæйы цæстæнгасæй та — абырæг нывгонд цыд романтикон хуызы, уæздан æмæ сæрыстыр мастисæгæй». *(Амынд Разныхас, 11 ф.)*

Шамил нывæнды: «Уыны *(ома Хъырым — Г. Б.)* æрдзы рæсугъддзинад, фæлæ йын фадат нæй цин кæнынæн. Йæ сæры ферттивынц цыдæр рухс мысинæгтæ, фæлæ сыл уайтагъд абады сагъæс æмæ катайы мигъ. Акæсы йæ цардвæндагмæ.... (Уый дæр уым.)

Шамил зæгъы: «Фæлæ фыссæг-реалист уымæй дарддæр цæуы. Уый адæймаджы психологи æмæ удыхъæд æвзары материалистон хуызы. «Уæрæседзау»-ы феодалон-буржуазон æхсæнады уавæртæ фехæлдтой адæймаджы хæрзæгъдау, ам та адæймаджы удыхъæд аивтой абырæджы царды уавæртæ» *(Уый дæр уым, 13 ф.)*

Шамил амоны: « Ацы пьесæты бæлвырдæй зыны Елбыздыхъойы гуманизм. Уый стыр аргъ кæны фæллойгæнæг адæмæн, кад æмæ намысы аккаг кæны хуымæтæг адæймаджы. Хъырым бамбæрста, йæ цард æнæ нысан кæй уыд. Мæлгæ-мæлын дзуры: «Гъе, æллæх! Цæй тыхджын хоныс дæхи, лæг! Цæй æдых... дæ!..» Уый нысан кæны канд йæ царды кæрон нæ, фæлæ йæ идеалты мæлæт дæр» *(Уый дæр уым, 14 ф.)*

Б. Б. хъавгæ лухы: «Хъырым кæсы æрдзы рæсугъддзинадмæ æмæ, йæ уд, йæ сæр йæхи бар кæй сты, ууыл цин кæны... Фæлæ йын фадат нæй йæ сæрибардзинадæй фаг рæвдыд райсынæн, кæд йæ сæры рухс мысинæгтæ ферттивы, уæддæр. Акæсы фынддæс азы аууонæй йæ цардвæндагмæ... (Уый дæр уым.)

Б. Б. сæм дидитæ-бибитæ ʻфтауы: «Фæлæ Елбыздыхъо уымæй дарддæр цæуы, уый адæймаджы психологи æмæ удыконд ныв кæны æрдзон хуызы, ома, кæд «Уæрæседзау»-ы буржуазон æхсæнады уавæртæ фехæлдтой адæймаджы фæткæвæрд æмæ хæрзæгъдаудзинад, уæд «Ирон хабар»-ы (афтæ схуыдта драматург йæ дыккаг уацмыс) та адæймаджы сæрыстыр æмæ сæрибаруарзаг удыхъæд аивтой абырæджы тæссаг царды зынвадæттæй». *(Уый дæр уым.)*

Б. Б. ссивы: «Махмæ гæсгæ, ацы ран уæлдай ирдæй разынд Елбыздыхъойы цардхъомыс гуманизм. Уый кад æмæ намысы аккаг кæны хуымæтæг фæллойгæнæг адæймаджы, йæ ныхмæлæууæг та бамбары, йæ цард æнæнысан кæй уыд, уый æмæ ма мæлгæ-мæлын йæхи растгæнæгау дзуры: «Гъе, æллæх! Цæй тыхджын хоныс дæхи, лæг! Цæй æдых... дæ...» Уый нысан кæны канд йæ царды кæрон нæ, фæлæ йæ идеалты мæлæт дæр» *(Уый дæр Разныхасы, 12 ф.)*

Ӕфстау зондæй дæр æмæ комкоммæ давæггаг зондæй дæр цытæ фæфыста æмæ куыдтæтæ фæфыста Б.Б., уыдæттыл сæрæй къæдзилмæ дзурыныл æз не схæцдзынæн, фæлæ йæ ахуыргæнæджы пафосон ныхæстæ куыд фæцъæлхъæрджындæр кæны ноджыдæр ма цыдæр «фæткæвæрд», «хæрзæгъдаудзинад» æмæ «удыхъæд аивтой зынвадæттæй»-ты руаджы, уый йæхæдæг дæр фаг у. Стæй драматург йæ дыккаг уацмыс схуыдта «Худинаджы бæсты — мæлæт»! Ирон хабар та йæ жанр у! Стæй Горькийæн та уый цавæр «уадхæссæг» у?! Стæй... Ацы разныхасы диссæгтæн банымайæн нæй — алы хъуыдыйад дæр дзы графоманийы шедевр у. Ноджы ма Б.Б авды онг дæр нæ зоны нымайын: «Елбыздыхъо æмæ йе ʻмбæлтты аххосджын кодтой Паддзахады Уголовон закъоны авд статьяйæ — 131, 416 — 421, 430 — 431». Кæд мæ мæ цæстытæ нæ сайынц, уæд авд не сты. Фæлæ Паддзахадон Уголовон Закъон, кæд цыфæнды æвзæр уыд царизм, уæддæр уым дæр нæ уыд. Стæй статья дæр 131 нæу, фæлæ у афтæ: «... Михаил (Ельбыздыко) Романович Бритаев обвиняется в преступлении, предусмотренном 1 ч. 131 ст. Угол/овного/ ул/ожения». Иннæ статьятæм гæсгæ та йæ зылынджын нæ кæнынц, фæлæ йæ уыдонмæ гæсгæ хицæн, хибар агъуысты бадын кæнынц ахстæй! Стæй йын æмбæлттæ нæй, фæлæ æмбал — Байаты Роман (Чермен).

Курдиат, дам, алцыдæр курдиатджынæй кæны. Уæдæ графоман та цæмæдæриддæр бавналы, уыдон иууылдæр кæй ныззыгъуыммæтæ кæны, уый дæр бæлвырд у! Мæнæ Белиты Берда фадыгвæлдæхтæй историйæ самандуртæ змæнты: «Уæрæсейы фыццаг буржуазон-демократон революцийы агъоммæ Елбыздыхъо бацыд йæ лæджы кары. (Ӕрмæстдæр ыл 23 азы сæххæст 1904 азы — Г. Б.) Йæхи загъдау, йæ «уæнгтæ тохагур змæлыдысты». Ӕмæ, Горькийы уадхæссæгау (Уæ цæстытыл ма ауайæд, уыцы маргъ уæддæр уад цы хуызы фæхæссы, уый! — Г. Б.) сидти йæ райгуырæн зæхмæ: «Ӕгъдау дæ æрцахста , Ирыстон, фæлæ ма фæтæрс, ма фæджих у!». Ирыстон дæр нæ фæджих, Б. Б-йы редактортæ дæр нæ фæджих сты, фæлæ дзы æз ахæм джих фæдæн, ахæм æмæ... æмæ... Ӕмæ æз дæр куы ныффæдис кæнин уыцы Ирыстонмæ: «Горæты алы трамвайы дæр иу æртæ ирон академичы куы цæуы æппынкъаддæр, уæд дыл, Аланыстон, ахуыргæндты азар скодта?! Белиты Бердайы фыстытæм куыд æрхаудтай, куыд?! Ахæм фыдвæды ахуыргæндты бæсты фæлтау — æвæд!»

Елбыздыхъойы «уæнгтæ тохагур» куы змæлыдысты æмæ «уад-

хæссæгау» куы сидти, уый уыдис «революцийы агъоммæ» — 1904 азы цыдæр. Йæ ныфсæвæрæн сидт та ныффыста 1912 азы! Уыцы сидты хæддæле Б.Б. фыссы: «Ацы ныхæстимæ разы чи уыд (ома, уæд, «революцийы агъоммæ» —Г.Б.), уыцы æмбæлттæ (фараст лæджы нымайы Б.Б.) — зылдысты Ирыстоны алы къуымты...» Чи зоны, æмæ иннæтæ зылдысты, æрмæст Дзасохты Гиго нæ зылд, уымæн æмæ уæд Хъазаны уыд! Стæй уыцы къуымзилты тыххæй дæр Б.Б. Коцойты Арсены ныхæстæ сысчъилтæ кодта — кæсут сæ амынд Уацмысты 2-аг томы 188 — 189 фæрстыл. Æцæг ам Байаты Ч., Къесаты Г. æмæ Дзасохты Г. кой æппындæр нæй.

Иу хъуыддаг ма мæ уæддæр дисы ‘фтауы: ацы Разныхасыл фыццаг рауагъды фæстæ стыр фыдæбæттæ фæкодта чиныгуадзæны сæйраг редактор йæхæдæг æмæ йын уæддæр куы ницы бантыст йе снывыл кæнынæн, уæд ма уагæр раздæр цæйтимæ рацыдаид?!

Уæвгæ та, кæд мæхæдæг дæр æцæг æдылы нæ дæн, уæд цытæ домын Белиты Бердайæ: историйы логикæтæ-йедты мæтæй дын мæлы, уый дарддæр ссивын хъæуы — уæдæ кæд искæмæй ссæдз азы дæргъы ферох сты йæ ахуыргæнæджы ныхæстæ, уæд та! Йæ бирæ фыдæбæттæ йын истæмæйты фидын хъæуы! Стæй, дам, ахæм стыр ахуыргæндтæм халæтты миниуæг ис: иу сæ иннæйы цæст нæ къахы... Уыйæндæра Дж.Ш. ныронг ницы загътаид йæ къæрных ахуырдзауæн — фотоальбомы фыццаг рауагъдыл цалдæр азы куы рауад! (Æз та йæ нырма хæрзæрæджы бакастæн — нæ мæм æрбахауд, стæй йæ агургæ дæр зæрдиагæй нæ кодтон, йæ разныхас кæй фыст у, уый куы базыдтон, уæд...)

Б. Б. цы цитатæтæ хæссы Елбыздыхъойы уацмыстæй, уыдон, иуæй-иутæй фæстæмæ, се ‘дзаг сты рæдыдтæй — кæм дзы хъуыдыйад фæуадзы, фæлæ йæ бæсты стъæлфытæ нæ сæвæры; кæм дзырд; кæм сæ ныззыгъуыммæтæ кæны; кæм та сын бынтон æнæджелбетт комментаритæ кæны — зæгъæм, ныхас Елбыздыхъомæ ирон сылгоймаджы æфсармыл цæуы, Б.Б. та уый фæстæзад æгъдауыл нымайы; кæм та йæм æрхæцæн нысæнттæ не сты нымады. Æмæ уæд Брытъиайы-фырты бæсты фæдзуры Белиты Берда! Мæнæ фыссæджы текст: «Зæрдæ? Зæрдæйы уадз, фыды мур йеддæмæ ма исты у?» *(Уацмыстæ, 1-аг том, 128 ф.)* Б.Б. фыццаг фарстон нысан йæ домбай къухтæй иуварс фехста, æмæ мæнæ цы рауад йæ генион сфæлдыстадæй: «Зæрдæ, зæрдæйы уадз, фыды мур йеддæмæ ма исты у?»

Кæд Елбыздыхъойæн йæ ном Шамилы зæрдæмæ æппындæр нæ цæуы, уæддæр сын ахуыргæнæгæй дæр æмæ йæ ахуырдзауæй

дæр уагæр ахæмæй цы ракодта, æмæ йæ зондæй æгуыдзæг хонойʔ! Белиты Берда йыл ахæм дау кæны, зæгъгæ, дам, æхсæнадон хъуыддæгтæ социалон дунейы бамбарын фæлвæрдта, фæлæ никуы æмæ ницы, Дж. Ш. та йæ политикон азымы дары: «Вазыгджын заманы Елбыздыхъо æнæ рæдигæ дæр нæ уыд йæ политикон куысты. Кæмдæрты æуучæндыд Рæстæгмæ хицауадыл, хæххон адæмты Цæдисы хицауадыл, фæлæ йын уыдонимæ иумæйагæй ницы уыд» *(Уацмыстæ. 2-аг том, 225 ф.)* 1937 азы ма Елбыздыхъо æгас куы уыдаид, æмæ йæ афтæ куы зылын кодтаид æндæр Дж. Ш., уæд æй кæстæртæ федтаиккой, советон ахæстоны цемент пъолыл (æви дурджын у, Б.Б.?) цы уацмыстæ фыстаид ирон театры «дуаргомгæнæг», уый! Фæлæ йæ Б.Б-йы ахуыргæнæг ууыл дæр нæ уадзы: « ...Елбыздыхъо раст не 'мбæрста Ирыстоны æхсæнадон рæзт, нæ дзы уыдта къласон дихдзинад, — ууыл (?!) баст сты йæ хицæн политикон къуыхцытæ, уымæй гуыры авторы пессимистон ахаст ирон литературæйы рæзтмæ» *(Уацмыстæ, 2-аг том, 238 ф.)* Рагæй-æрæгмæ дæр Шамилы тæрхоныл апелляцитæ дæттæн нæй, уый йæ вердикт хъайваны зæгæлтæй ныххойы: «Царды цæхгæр фæзилæнты Елбыздыхъо хатгай нæ арæхст рæствæндаг æвзарынмæ, йæ бон нæ уыд историон рæзты перспективæ уынын» *(Уацмыстæ, 1-аг том, 4 ф.)* Уæдæ, Елбыздыхъо Шамилау марксистон-ленинон-сталинон ахуырады бæрзæндыл нæ лæууыд æмæ нæ уыдта «историон рæзты перспективæ» — сияющие вершины коммунизма!

Иннæ адæмтæ сæ гениты алы рæнхъæн дæр табу кæнынц, стыр цинимæ сæ рауадзынц мыхуыры, мах та... Брытъиайы-фырты бирæ уацмыстæн, дам, Дж.Ш. хъуыдымæ гæсгæ, «Абон нал ис литературон æмæ зонадон ахадындзинад» *(Уыцы том, 227 ф.)*

Гъемæ иугæр йæ ахуыргонд ахуыргæнæг ахæм карз æмæ ныфсхаст кæм у, уым Б.Б. дæр цæуыннæ хъуамæ уæнда графоманы сæнттæ цæгъдынʔ! Куы йæ бафæнда, уæд та йын сæ æртыккаг хатт дæр сфидар кæндзысты Елбыздыхъойы иннæ юбилеймæ æмæ ма йын сæ суанг пергаментыл мыхуыргондæй дæр рауадзын кæндзысты куырыхон редактортæн. Гуытъиаты Хъазыбег цы чиныг бацæттæ кодта Елбыздыхъойы уацмыстæ æххæст æмбырдгондæй, уый та уал алæудзæн...

Фæлæ ма, йарæби, Елбыздыхъойæн дæр фæстаг дзырды бар уæддæр радтæм, нæ уарзон Сталины Особое Совещание куы не стæм (æви стæмʔ)!

Мæнæ Елбыздыхъойы ныхæстæ къласон дихдзинады тыххæй дæр æмæ «социалон дунейы» тыххæй дæр: «Каждый писатель

должен быть идеологом какого-либо класса. Вот этот критерий и дает нам возможность выяснить: почему же у нас нет писателей. Нет деления на классы. Вообще же говоря, выделить особо какой-либо класс из среды осетин невозможно. На стадии родового быта застает Осетию русский капитализм, и та ломка, которую он в них производит, порождает такой хаос в хозяйственной жизни народа, что разобраться в том, о чем думает и чем живет осетин, нет возможности. Поэтому нет феодалов, нет данников. Только в недавнее время мало-помалу обрисовывается контур капиталиста и, как его атрибут, пролетария. Среди образованных есть люди, принадлежащие к определенному классу, интеллигенции, но эта интеллигенция чужда по своим запросам чего-либо чисто осетинского» *(Уацмыстæ, 2-аг том, 240 ф.)*

**Уæлæмхасæны бæсты.** *Не сгуыхт литературæиртасæгæн та ацы аз 26 июны газет «Рæстдзинад»-ы рацыд йæ диссæгты диссагдæр уац. Ирон æвзаг æмбарынхъом ма чи у, уый йыл йæхи худæгæй схæсдзæн, раздæр кæд кæуынмæ нæ фæуа, мæнæ ныл цы мæгуыры бон скодта ацы «Уæрæсейы Федерацийы культурæйы сгуыхт кусæгимæ», зæгъгæ, уæд. Айдагъ цалдæр хъуыдыйады дзы хæссын цæвиттонæн. Æппæты сæрæй йæм суадонæй сондон рауад: «Елбыздыхъо у куырыхон дунейы суадон, йæ алæмæт сатæг сысгæ кæмæн нæ кæны, ахæм сондоны ратæдзæн»... «Йæ курдиатджын сфæлдыстад, йæ куырыхон дунейы суадон дæр дзаг кодта...» «Нæ цытджын драматург хъысмæты зын сахат хæрхæмбæлд фæци йæ адæмы драмæимæ, æмæ уый адыл райгуырдысты адæмон драмæтæ...» «Æмæ нæм, чи зоны, уымæн сиды йæ куырыхон суадоны былгæронæй...» «Нæ разагъды лæгты стырдæр фæдзæхст уыд — стыр фæткæвæрдадон ныстуан». Ноджыдæр ма дзы ис къорд дзырдбасты «куырыхон хъуыдытæ», «куырыхон дуне», «куырыхон дунейы суадон», акменеологизмтæ «хæххондзинад», «уазнысангонд», «драмæйы фыд», стæй кæй бахъæуа, уыдонæн «...Аивады бардуаг алкæмæндæр ратдзæн доны къус Елбыздыхъойы куырыхон дунейы суадонæй». «Цы нын дзуры уыдоны фæлдзусад?» — фæрсы нæ Б. Б.*

*— Дæ ирон æвзаг Елхотæй дæлæмæ нæ, фæлæ Æрджынарæгæй уæлæмæ та æппындæр нæ хъæуы, — зæгъæм ын мах дæр.*

*Фæстагмæ ма Б. Б. иу ахъаззаджы перл «Рæстдзинадæй»:*

*«Арф ныуулæфæм, æмæ нæм дзуапп йæхæдæг æрбасæппсæпп кæны байрагау».*

***ГУСАЛТЫ Барис***

*Цъары фыццаг ӕмӕ цыппӕрӕм фарсыл:*
*Ирыстоны хӕхты нывтӕ.*

*Цъары дыккаг фарсыл:*

*Разӕй бадынц: Мыртазты Барис, Кочысаты Мухарбег, Бекмӕрзты Афон.*
*Дыккаг рӕнхъы: Хуыриаты Отӕрбег, Баситы Хъамболат, Чехойты Сӕрӕби, Хацырты Сергей, Акъоты Виктор, Наниты Васо.*
*Лӕууынц: Баситы Дзаххотт, Цӕгӕраты Максим, Гусаты Аслан, цыппӕрӕм чи у, уый бӕрӕг нӕу, Къибирты Тазӕрет, Хуыдӕлты Ӕхсарбег.*
*Къам ист у, ӕвӕццӕгӕн, 1940 азы. Редакцимӕ йӕ ӕрбахаста Сӕрӕбийы хистӕр ӕфсымӕр Алыбеджы фырт Солтан.*

*Цъары ӕртыккаг фарсыл:*
*Хъайсын Кулиев ӕмӕ Епхиты Тӕтӕри.*

* * *


| | |
|---|---|
| Технический редактор | Раиса КУДЗИЕВА |
| Корректор | Заира КАРАЦЕВА |
| Компьютерный набор | Соня ДЕГОЕВА |
| Компьютерная верстка | Ирида КОДЗАТИ |
| Дизайн | Залина ГУРИЕВА |

*Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А.*
*Регистрационный номер Ш-0132*

*Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна, уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дугӕй» ист кӕй у, уый.*

*Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, коллектив редакции*

*Подписано к печати 11.07.01.. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л.9,77. Учетно-изд. л. 8,21. Тираж 1400 экз. Заказ № 389.*

*Адрес редакции: 362040, г. Владикавказ, пр. Мира, 25.*
*Телефоны: 33-69-66; 33-31-58; 33-69-62; 33-31-24.*

*Журнал отпечатан на Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева 362011, г.Владикавказ, ул. Тельмана, 16.*



Индекс 73247



